PBB	Hurongwa hweKushandiswa kweMari Zvichienderana neZvirikuda Kuitwa
PFMS	Hutungamiri hweKushandisa Mari yeRuzhinji
PGMs	Zvigadzirwa Zvinobva muChicherwa che <i>Platinum</i>
PPG	Zvigadzirwa zveruzhinji zvinotsigirwa paruzhinji
PPPs	Kudyidzana Pakati Pemapazi eHurumende neChikamu Chakazvimirira
PPS	Nzira yeKuzvipima Mashandiro Ako
PRAZ	Chikamu Chinoongorora Matengerwo eZvinhu
PSR	Kuvandudzwa kweZvikamu zveHurumende
RAM	Misika Inoiswa kuMaruwa
RBZ	Bhanga Guru reNyika



RISDP	Hurongwa Hwakakosha hweBudiriro yeMatunhu
ROOT	Hurongwa hweKugadzirisa, Kuita Zvako, Kushandisa neKupfuudza
SACCOS	Mishandirapawe yeKuzvichengetera neKukweretesa Mari
SADC	Sangano reNyika dzeKuchamhembe
SDF	Homwe yeNyika yeKuvandudza zveKuenzaniswa Kwezvinhu neMabasa
SDGs	Zvinangwa zveBudiriro Zvinoramba Zviriko
SEPs	Mabhizimusi eHurumende
SGR	Hurongwa Hwakakosha hweKuchengetedza Mbesa
SKD	Midziyo Inopinza muNyika Yakapatsanurwa Zvishoma wozo Batanidza kuti uShandisike
SLA	Zvibvumirano Pakati peMutengi nezveMutengesi
SMEDCO	Kambani yeHurumende Inodzidzisa neKutungamirira Mabasa aMaoko
SMEs	Mabhizimusi Madiki
SMP	Chibvumirano Chisina kuNyorwa Pasi Pakati peVamiriri veHurumende neVanopa Rubatsiro
SOEs	Makambani eHurumende
STEAM	Sainzi, Tekinoroji, Injiniyarini, Zviitwa ZvemaArts neMasvomhu
STEM	Sainzi, Tekinoroji, Injiniyarini neMasvomhu
STERP	Hurongwa hweChimbi Chimbi neMasvomhu hweKuda Kugadzikana kweZvinhu
SWGs	Zvikamu Zvaane huNyanzvi Zvaanoshandisa Pamwe
TBs	Nzira Dzinoshandiswa neHurumende kuti Ikwanise Kuwana Zvikwereti
ThWGs	Mapato ane Dingindira Rimwe chete achishandira pamwe
TNDP	Hurongwa hweNyika hweKuvandudza Budiriro



TNF	Dare reNhaurirano reHurumende vemaBhizimisi neVashandi
TSA	Nzira yeKupima Upfumi Hunounzwa neBazi reKushanya Muupfumi hweNyika
TSP	Chirongwa chekutsigisa upfumi hwenyika munguva yeshanduko
TVET	Dzidzo inovandudza unyanzvi mumabasa emaoko
U5MR	Huwandu hwekufa kwevana vari pasi pemakore mashanu panguva yakatarwa
UPR	Ongororo yeKodzera dzeVanhu Inoitwa Nguva neNguva Munyika Dziri muMubatanidzwa wePasi Rose
WASH	Mvura, Hutsanana hweNharaunda neHutsanana weMuviri
WoGPMS	Chirongwa Chinoongorora nezveMashandiro eHurumende Yese
ZAMCO	Kambani Inoona nezveMashandisirwo neMabatirwo eZvinhu Zvinokosha zveZimbabwe
ZCHPC	Zimbabwe Nzvimbo Inoita nezveKushandiswa kweMakombiyuta kwePamsoro
ZEDF	Homwe Inoona nezve Budiriro yeDzidzo
ZETDC	Kambani Inoona nezve Kufambiswa neKugoverwa kweMagetsi muNyika
ZHRC	Komisheni Inoona nezveKufambiswa kweKodzera Dzavanhu muZimbabwe
ZIDA	Boka Rinoona nezveKuisa Mari muMabhizimusi neBudiriro
ZEDS	Zano reKuunza Budiriro mune zveHupfumi muZimbabwe
ZIMCHE	Dare Rinoona nezve Dzidzo yePamusoro mu Zimbabwe
ZIMDEF	Homwe Inoona nezveKuti Pave neVashandi veNyika Vanokwanisa
ZIMPREST	Chirongwa cheKushandura zveHupfumi neMagariro eVanhu



ZIMRA Boka Rinounganidza Mari yeHurumende
ZIMASSET Hurongwa hweZimbabwe hweKuunza Shanduko mune
ZveHupfumi neMagariro eVanhu
ZIMSEC Kanzuru Inofambisa Bvunzo dzeMuZimbabwe
ZINGSA Chikamu Chinoona nezveKushandiswa kweNzvimbo dzaPasi
nedzeMuchadenga (dzemunyika) neZvinowanikwa
Mazviri muZimbabwe
ZINSA Mubatanidzwa weMakambani emuZimbabwe Anoita Mabasa
eKuchengetedza Nzvimbo
ZINWA Boka Rinoona nezveKuwanikwa kweMvura muZimbabwe
ZISCO Kambani Inogadzira Simbi neKudzipfura muZimbabwe



KURONGWA KWEMIFANANIDZO

Mufananidzo 1: Hurongwa hweZvekufambiswa kweupfumi nyenika zvine chekuita nezvigadzirwa panguva yakapihwa: 1980-2020	1
Mufananidzo 2: Hwaro yeBudiriro yeNyika Takanangana neMuono wa2030	2
Mufananidzo 3: Nzira Dzinounza Shanduko Takanangana neMuono wa2030	6
Mufananidzo 4: Gwara rinoita kuti zvizhuwo zveMuono wa 2030 zvizbudirire	9
Mufananidzo 5: Mari Inowanikwa Kubva Mune Zvese Zvinounza Mari Munyika Panguva Yakatarwa	25
Mufananidzo 6: Kukura kweKushanyirwa kweNyika Munguva 2015-2018	32
Mufananidzo 7: Hwaro hweUrungwa Hwakakosha hweBhanga Guru reNyika	38
Mufananidzo 8: Mamiriro eZvemari Kubva Gore: 2012-2020	45
Mufananidzo 9: Mamiriro eKushaikwa kweChikafu Munyika	59
Mufananidzo 10: Kurimwa kweMbeu dzeChikafu neMamiriro eZvinodiwa	60
Mufananidzo 11: Mamiriro eUpfumi kubva: 1980-2020	78
Mufananidzo 12: Zvinokonzerwa neCOVID-19	79
Mufananidzo 13: Mubatanidzwa wezvinotengeswa Kunze kweNyika Mugore ra2020	80
Mufananidzo 14: Matanho eKuwedzera Hukoshi chikamu chePGM	99
Mufananidzo 15: Matanho eHukoshi hweZvicherwa Zvisinganyanyi Kuwanikwa ...	103
Mufananidzo16: Govero yeMari Inobatsira Chengetedzo yeUtano muZimbabwe Kubva, 2014-2019	164
Mufananidzo 17: Huwandu hweVanhu Mumapoka Akasiyana-siyana muZimbabwe	187
Mufananidzo18: Mupanda Wakaiswa Zimbabwe Maringe neMaitiro Ainoita Mabasa Ayo	221
Mufananidzo 19: Kuitwa kweNDS 1, Kuteverera Kuchionekwa Maitiro Uye Umhizha hweOngororo yeMaitirwo eZvinhu	234

HURONGWA HWEZVITARWA

Chitarwa 1: Hukama Huripo Pakati peMuono wa2030,SDGs Uye Zvakakosha Zvenyika	7
Chitarwa 2: Chimiro cheUpfumi hweNyika (2021-2025)	17
Chitarwa 3: Mawandiro eMari Iri kubva Muzvikamu zveUpfumi Muzana (%) (2019-2025)	27



CHIKAMU 1

HWARO HWECHIRONGA CHEKUTANGA CHEBUDIRIRO YENYIKA (2021-2025)

Nhanganyaya

40. Kubva zvayakawana rusununguko muna 1980, Zimbabwe yakatevedzera zvinoenderana nemagwaro akawanda-wanda akanangana nebudiriro mune zveupfumi zvisingagumi, nekuderedza hurombo. Kubudikidza nekupinda muhurongwa hwezvemafambisirwo ehupfumi Zimbabwe yakawanisa kuzvishandura pane zvebudiriro kusvika pairi nhasi.
41. Zvichakadaro, zvibereko zvebudiriro hazvina kunyatsosimba zvekusimudzira hupfumi hwenyika kusvika padanho rinotarisirwa pabudiriro yezveupfumi nekuda kwezvikonzero zvinobva munyika nekunze.
42. Mufananidzo 1 uri pasi unotaridza zvirongwa zveupfumi neshanduko mune zveupfumi kubva 1980 kusvika 2020.

Mufananidzo 1: Zvirongwa zveupfumi nebudiriro mune zvinounza mari kubva 1980 kusvika 2020




Jerero: Bazi reZvemari neBudiriro yeZveupfumi, 2020



Donzvo reHurongwa hweRipabhuriki yeChipiri

43. Kuuya kwakaita hutongi hutsva muna Mbudzi mugore ra2017 kwakaita kuti paparurwe hurongwa hwemuono wa2030 nekuparura gwara itsva. Gwara iri rinotaridza zvishuviro nekuzvipira kwemhuri yeZimbabwe kuzvisimudzira mune zveupfumi kusvika pakati nepakati panosvika gore ra2030.
44. Sematasanangurirwo azvakaitwa mumuono wa2030, kuzvisimudzira kusvika pakati nepakati mune zveupfumi kune chekuita nekuvepo nekufambiswa mberi kwezvirongwa nezvimwewo zvingabatsira uye zvichaitwa nehurumende kubudikidza nezvirongwa zvenguva pfupi. Chitaro 2 chiri pasi chinotaridza gwara rinobetseredza kuti zvishuviro zvemuono wa2030 zvibudirire.

Mufananidzo 2: Hwaro hwebudiriro wemuono wa2030



Jerero: Bazi rezvemari neBudiriro yezveupfumi, 2020

Chirongwa cheKutsigisa Hupfumi (TSP)

45. Hurongwa hwekutsigisa hupfumi (Gumiguru 2018-Zvita 2020) hwakaparurwa sedanho rekutanga rematanho matatu ekuunza zvibereko.



46. Chirongwa chekuunza kugadzikana mune zveupfumi changa chakananga nekusimbaradza zvinokosha zvinova hwaro hwekufambisa mberi zvirongwa zvenguva pfupi. TSP yakanga yakanangana nekuunza kugadzikana mune zvemari, kuunza hurongwa hwakakosha mune zvemari nekuunza shanduko mune zvemari zviine chinangwa chekushandura zveupfumi kuitira kuti zveupfumi zvinge zvichitungamirwa nevakazvimirira vega uye kuparura zvirongwa zvinounza kusanduka mune zveupfumi nechimbichimbi.
47. Zvichakadaro, chirongwa che *TSP* chakaumbwa kuti chibatsire pakugadzirisa huipi nematambudziko anokanganisa budiro mune zveupfumi munguva refu inotevera. Izvi zvinosanganisira kushomeka kwemari inodiwa kunoramba kuripo kunova kusingagoni kuramba kwakadaro, matambudziko anounzwa nekushaya simba kwemari nekukweretwa kwemari kusina zviga munyika uye mamiro ezvikwereti vininge zvisingabhadhariki nekukura kwazvo.
48. Huipi pane mamiro ezveupfumi nematambudziko anowanikwa mune zvemari zvakadzivisa hurumende kuti ive nehurongwa hwemari hwenguva refu sezvo kugadzikana kwezveupfumi kuchikosha kuhurongwa hwehumurumende hwekuendesha mberi hurongwa hwebudiro.
49. Kufamba zvakanaka mukuendesha mberi hurongwa hwe *TSP* kwakaonekwa mumbambo dzezveupfumi dzinoti; kuunganidzwa kwemari yose inowanikwa munyika, kudzoswa kwehurongwa hwemari, kugadzikana kwesimba panochinjaniwa mari mumisika yemari, kuita mabasa ekuunza shanduko mumatongerwo nemapazi akatsaukana tsaukana, nhaurirano dzakanangana nekuunza kuwirana mune zveupfumi uye kuumbiridza hukama nyika dzekunze uye kuita mabasa akanangana nekuisa mari mumabhizimusi anounz budiro.
50. Kuunganidzwa kwemari kubva mune zvole zvinounza mari munyika munguva yekushanda kwehurongwa hwe *TSP* kwakaunzwa nekushandisa mari zvine mwero dzakaita sekuona kuti mari yabatwa zvakanaka nebhanganga guru renyika. Munguva ye *TSP*, nzira dzinoshandiswa nehurumende kubhadhara zvingada kubhadharwa zvakaitwa zvichienderana nehomwe.
51. Hurumende yakagona kudzikamisa mari yekubhadhara vashandi kubva muhomwe kusvika pamakumi mashanu kubva muzana.



52. Nyika yeZimbabwe yakakwanisavo kudzosa mari yemunyika. Kugadzikana kwehuremu hwemari hunoshandiswa pakutengeserana mari kwakaunzwa kubudikidza nemusika wezvemari webhanga renyika.
53. Pakava nebudiriro yakati kuti maringe nekusandura chimiro chematongerwo mukuedza kuti mapazi nemaitirwo ebasa muhurumende zvfambirane nezvatarwa mubumbiro remutemo. Mukuedza kusimbaradza zvatarwa mubumbiro remutemo maringe nekodzero, rusununguko rweveruzhinji uye zvinotarisirwa kuti munhu kana vanhu vaite, hurumende yakaita kuti zvikamu zvinomwe nezvishanu kubva muzana zvemitemo zvfambirane nebumbiro remutemo renyika. Izvi zvakafambiranzve nekufambisirwa mberi kweshanduko mumapazi ehurumende kuitira kusimbaradza kuitwa kwemabasa mumapazi akasiyana uye neveruzhinji zvinova zvakanangana nekupa mabasa ebetsero akaitwa zvine mwero.
54. Muchikamu cheZvivakwa neZvibetsero zvavanhu pane migwagwa yakati kuti nezvimwe zvivakwa zvakavakwa munyika. Kunze kwemigwagwa zvimwe zvinokoshaa zvingada kuzikamwa zvinowanikwa kune chikamu chezvitima. Mvura neutsanana hwenharaunda, kufambiswa kwemashoko, zvemuchadenga, simba rinopa moto nekufambisa michina, zveadiriidziro uye kuwakwa kwedzimba nemahofisi.
55. Muchikamu chedzidzo zvikoro zana nemakumi mashanu nezvitatatu zvakanyoreswa munguva ye *TSP*. Kubudikidza nemibatanidzwa yehurumende nevemakambani akazvimiririra hurumende yakapedza kuvaka zvivakwa zvitsva mumayunivhesiti masere, maporitekiniki masere nezvikoro zvinodidzisa vararidzi zvina.
56. Zvisinei nebudiriro iyi, hurongwa hwe *TSP* hwakasangana nezvimhingamupinyi mukufambira mberi kwechirongwa ichi. Izvi zvinosanganisira matambudziko ane chekuita nekushaiwa simba kwemari, zvirango zveupfumi zvisiri pamutemo zvakatemerwa nyika uye zviravanhu zvakaita sekushaikwa kwemvura, dutamupengo reIdai, uye chirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona. Zviwiravanhu izvi zvakakanganisa zveupfumi kunyanya kune zvekurima, kugadzira magetsi uye mamwewo mapazi eveupfumi.
57. Naizvozvo, chimiro chehupfumi hwenyika chakasara chakaminama munguva ye *TSP* yakati rebei zvinova zvakakanganisa kusvika pakatarisirwa mubudiriro



enyika.


Donzvo reChirongwa cheBudiro yeNyika: 2021-2025

58. Chirongwa chekutanga chebudiro yenyika: 2021-2025 (*NDSI*) chinouya mushure me *TSP* uye ndicho chirongwa chemakore mashanu chakanangana nemuono wenyika wa2030. Chirongwa ichi chinoubwa kubva pabudiro ye *TSP* uye kugadzirisa matambudziko akaita sezvirongwa zvekagumira munzira.
59. *NDSI* inotaridza mazano, hurongwa, kusandurwa kwemitemo nezvemapazi akatsaukanatsaukana uye mabasa epundutso achazofambiswa mberi mumakore mashanu anotevera kubva mugore ra2021 kusvika 2025 nechinangwa chekufambisa mberi nechimbichimbi budiro mune zveupfumi.
60. Kubudikidza nehurongwa hwenhaurirano pakati pevane chekuita nezveupfumi zvinotevera zvakaonekwa zvirizvo zvinonyanyokosheswa munyika:
- Kuchengetedzeka mune zvekudya nekudya kwakanaka
 - Zveutongi
 - Kusimudzira hukoshi hwezvinogadzirwa kubva padanho repasi nekusandura mamiro emabasa ezveupfumi
 - Kupa vanhu zvikwanisiro zvinovaita kuti vaone kuita mabasa anounza pundutso
 - Kuchengetedzwa kwenharaunda, Kutirira mumamiro ekunze nekuchengetedzwa kwezviwanikwa
 - Kuwaniswa kwedzimba
 - nyaya dzeupfumi hwenyika tichishandisa makombiyuta
 - Utano nekusimba kwemuviri
 - Zvivakwa neZvinobetsera vanhu mukurarama;
 - Kugadzira chimiro chenyika, Yanano pakati penyika dzepasi rese uye Kumutsidzira ukama pakati penyika



- Kuchengetedzwa kwenharaunda
 - Vechidiki, Mitambo netsika; uye
 - Kugurwa kwematunhu nekumapa simba rekuvimirira
61. Zvinokoshera nyika izvi zvakagadzirwa pachitariswa ongororo yakaitwa paTSP, muono wa2030, zvinangwa zvebudiro yenyika, *African Agenda 2063, SADC Regional Indicative strategic Development Plan (RISDP)* pamwe nemapurovhinzi nemadhisitiriki.
 62. Kufambiswa mberi kwezvirongwa pamwe nezvinokosha zvinoshandura hupfumi hwenyika kubva pakusimbaradzwa nezviwanikwa kuva nehupfumi hunosimbaradza neruzivo. Izvi zvinosimudzira upfumi hwenyika kuenda padanho repakati nepakati
 63. Mufananidzo 3 uri pasi unotaridza nzira dzeNDS1 dzekuunza shanduko kubudikidza nemuono wa2030.

Mufananidzo 3: Nzira dziri muNDS 1 dzekutsvaka shanduko mumuono wa2030



Jerero: Bazi reZvemari neBudiro yeUpfumi, 2020



64. Mukusimbaradza hutungamiri nekufambiswa mberi kwezvirongwa nevavavario yekuti zvinangwa zveNDS1 zvibude, kuteverera nokuongororwa kwechirongwa ichi kuchabudikidza nemapato anoshanda nedingindira rimwechete.
65. Chitarwa 1 chiri pazasi chinotaridza ukama pakati pezvinokoshera nyika, muono wa2030 nezvinangwa zvebudiro isingagumi. Zvinangwa zvebudiro isingagumi nemuono weAgenda 2063 zvinodyidzana kusvika pazviuru makumi manomwe kubva muzana nekudaro zvinangwa zveAgenda 2063 zvinokwana makumi manomwe kubva muzana zvinopinda muNDS1.

Chitarwa 1: Hukama pakati pemuono wa2030, zvinangwa zvebudiro isingagumi nezvinonyanyokosheswa munyika

Hwaro hweMuono wa2030	SDG	Zvinokosheswa muNyika
Kusimukira muZvese	SDG 2,13 SDG 6, 7, 9, 11 SDG 8, 9, 12	Kuwaniswa kweKudya neHutano Zvakakwana zviVakwa neZvinobetsera veRuzhinji Kusimudzira zveHupfumi muNhanho dzeHukoshi neShanduko
Hutongi	SDG 10, 16 SDG 11, 12, 13, 14, 15	Hutongi Kuchengetedzwa kweNharaunda, Kutirira mune zveMamiriro eKunzeneKuchengetedzwa kweZviwanikwa
Zvivakwa neBetsero	SDG 9, 11	Kuwaniswa kweDzimba
Kusimudzira Magariro	SDG 3, 5, 6 SDG 4, 8, 17 SDG 1,2, 10, 11 SDG 8, 10	Hutano neRaramo yaKana Kuvandudzwa kweZivo neHunyanzvi Kuchengetedzwa kweRuzhinji Kudziswa kweSimba kuMatunhu
Kudzikama kemari neKutaurirana mune zveMari munyika	SDG 10, 17 SDG 8, 10, 17	Kuumbiridza Chimiro neKutaurirana neVekunze Kusimukira neKudziikama kweHupfumi
Zvinowanikwa Pese	SDG 11	veChidiki, Mitambo neTsika

Jerero: Bazi rezveMari neBudiro yeZveupfumi hweNyika, 2020




Maitiro anounza Zvibereko Zvebudiriro Pasi PeNDS1

66. Kubudirira kwezvinangwa zvemuono wa2030 kubva padanho pariri nhasi zvinoda kuti nyika isimudzire zvakare matanho ekutsvaka zvibereko zvebudiriro (*MfDR*). Nokudaro, hwaro hwe*NDS1* huri mumaitiro anobudisa zvinobatika zvakabatanidzwa (*IRBM*). *IRBM* inonyanyosimbaradza kubata mabasa zvemhando yepamusoro, kupiwa kwezvibetsero kwakanaka, kuyera, kujeka kwezvinangwa, kuvandudza mabasa kunoramba kuchienderera mberi uye kuita zvinhu pajekerere mumapazi ehurumende.
67. Kekutanga munhorondo yenyika pakugadzira magwaro akanangana nebudiriro mune zveupfumi, hurumende yakagadzira magwaro akanangana nenyika yose uye zvikamu zvakatsaukana kuitira kuti pave nekurongeka nekuva nezviga zvinobatsira pakuparura nekufambisa chironzwa che*NDS1*. Zvirongwa izvi zvakatendera hurumende kuona zvakanyanyokoshera nyika, zvinotsanangura mabasa, zvibereko uye zviratidzo zvemashandiro nezvinoshuvirwa nezvimwewo Chironzwa ichi chakashandiswawe kudanho remapazi akatsaukana-tsaukana kuitira kusimbaradza hukama pakati pemapazi ehurumende, zvikamu nemapoka akamiririra vakasiyana pakufambiswa kwezvirongwa.
68. Zvirongwa zvebudiriro nezvimwe zvinobatsira zvingaitwa zvinova izvo zvinokosha muzano rends sematsanungurirwo azvakaitwa muzvitsauko zvechironzwa ichi zvinotsigirwa nehurongwa hwemari yenyika kubudikidza nehurongwa hwemari maringe nemabasa anenge achida kuitwa. Izvi zvinobatsira pakuti hurongwa hwezvirongwa zvenyika nekurongwa kwemashandisirwo emari zvifambirane nemuono wa2030 sezvataridzwa pazasi.



Mufananidzo 4: Gwara rekuti shuviro dzemuono wa2030 dzibudirire



Jerero: Bazi reZvemari neBudiriro yeNyika pane Zveupfumi, 2020

69. Zvirongwa zvenyika nemapazi ezveupfumi zvinotendera kuwedzera kukura nekuwanda kwekudyidzana izvo zvinobatsira pakuvandudza kufambiswa zvakanaka kwehurongwa. Takatarisa nepakuru, zvinonyanyokoshera nyika Zvine chinangwa chekubetseredza kuvandudzika mune zveupfumi nebudiriro, kuderedza hurombo, kusaenzana uye kushandura mapazi ane chekuita nezveupfumi kuitira kubvisa zvimhingamupinyi mumabasa everuzhinji.
70. Pakufambisa mberi chironywa chemaitiro anobudisa zvinobatika zvakabatanidzwa hurumende yakanangana nekumutsiridza nekumisikidza mafambisirwo emabasa kuitira kuti mashandiro ave padanho riri nani. Izvi zvinobudirira kubudikidza nekudyidzana pakati pekuruka mazano, hurongwa hwemashandisirwo emari, kufambiswa mberi kwezvirongwa uye kuteverera nekuongorora. Muono wakanangana nezvibereko zvefafambisirwo ebaso hunobatsira pakusimbisa hurongwa hunoongorora nezvemashandiro ehurumende uhwo hunosimbirira kubatana pakuitwa



kwemabasa.

71. Panyaya iyi hurumende yakaita hurongwa hwekuteverera nekuongorora kufambiswa kwemabasa zvinosimbisa *NDS1*. Pasi pechirongwa chekuitwa kwemabasa kuchishandiswa michina yechizvinozvino (*SMARTZIMBABWE 2030*), rinova zano rinobata pakasiyana rinosanganisira zvirongwa zvehurumende zviru pamadandemutande, hurongwa hunoongorora nezvemashandiro ehurumende yese (*WoGPMS*) zvichashandiswa kuongorora zvirongwa zvose zve*NDS1*. Muono Hurongwa uhwu hunoda kuti pavandudzwe kufambiswa kwemashoko kuchishandiswa michina yechizvinozvino muhurumende nemuchikamu chevakazvimirira.
72. Matanho ekusandura mapazi ane chekuita nezveupfumi, nemaitirwo ezvinhu zvichafambirana nekusimbaradza kupima mashandiro evashandi (*PPS*) kuitira kusandura miono yevanoshandira veruzhinji kuitira kuti vatore tsika yekushanda nemoyo wose, kuda nyika nekuishandira uye kutevedzera gwara rakatarwa. Nokudaro, hurumende ichatara zvinhu zvichashandiswa kuongorora mashandiro kusanganisira kuunzwa kwezvibvumirano zvekushandidzana zvevatungamiri vemapazi ehurumende, vatungamiri vemabhizimisi ehurumende, mapazi ari pasi pehurumende uye vatungamiri vemakanzuru.
73. Vanoshanda mune zveveruzhinji vakasungirwa kugadzira mazano avo ekuita mabasa avo zvichifambirana neIRBM uye kutevedza gwara re*NDS1*.
74. Kufambiswa mberi kwe*NDS1* kunoda kuti pave nekushandurwa kwepfungwa uye mafungiro matsva nemaitirwo ebaso. Kushandurwa kwepfungwa uku kunoda kuti vanoshanda mumabasa everuzhinji uye mumapazi akazvimirira oga vafunge, kuita nekubudisa zvinodiwa nenguva yakatarwa.
75. Hurongwa hwekusandura mashandiro mumabasa uye hurongwa hunoongorora nezvemashandiro ehurumende, mumahofisi emutungamiri wenyika (*OPC*), bazi revashandi vehurumende nebazi rezvemari nebudiriro yeupfumi ndizvo zvikamu zvichaona nezvekufambiswa kwe*NDS1*.

Zvinoita kuti *NDS1* iBudirire

76. Kubudirira kwekufambira mberi kwemafambisirwo ezvinangwa zve*NDS 1*



kunobva mune zvakati kuti zvingaita kuti zvibudirire. *Izvi zvinosanganisira nyaya yekuvandudzika zvishomashoma mune zveupfumi pasi rese zviri kukonzerwane chirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona.*

77. Kusimbaradza nekupfuudzira mberi kugadzikana mune zveupfumi kwakakosha pakuumba chivimbo uye zvinangwa zvakajeka mune zveupfumi muhurongwa hweNDS1 kubusadharara pakuona kuti chipimo chekutengeserana kwemari hwagadziriswa. Munguva yeNDS1 hurumende ichakosha kusimbaradza kushandira pamwechete mune zvemari mumapazi akatsaukana-tsaukana, zvese zvine chekuita nemabhanga nemakambani achishanda nehurumende mukushandisa mari, kushandiswa kwemari sezvakatarwa muhurongwa hwemari, uye kusimbisa kutengeserana mari zvichifambiswa mberi nezvekutengeserana.
78. Budiro munezvekufambiswa kwezvirongwa zvinokosha muNDS1 zvinofambirana nekuva nechivimbo chemabudiro ezvinhu sematarisirwo anenge akaitwa.
79. Mari pasina vashandi vakakwana vanofarira basa ravo, vachigona basa racho vaine humhizha hwakakwana haigoni kuunza zvibereko zvatarisirwa muNDS1. Nokudaro, muNDS1, hukoshi huchapiwa mukupa vanhu vane humhizha nekuona kuti boka rine chekuita nevashandi vehurumende raongororwa nguva nenguva.
80. Kuvandudzwa kwebudiro nedonzvo rekusimudzirwa kwezveupfumi pamatanho ehukoshi hwezigadzirwa zveupfumi neshanduko mune zveupfumi kune hwaro hwakamisikidzwa musimba rinofambisa michina, zvinotakura vanhu nezvinhu uye mvura. Kusimudzira zveupfumi pamatanho ehukoshi uye kuona kuti matanho aya ashanda matanho aya sezvinodiwa munyika zvinoenderana nezvichabva kunezvekurima, nebai rezvicherwa. Pasi pehurongwa hweNDS 1 chakanyanyokosha kuwedzerwa zvivakwa zvinobetsera mune zveupfumi uye kumutsiridza nekusimudzira zvivakwa zviripo. Chimwe chinangwa cheNDS 1 ngechekuwedzera kugadzirwa kwezvinhu uye kugadzirisa zvine chekuita zvimhingamupinyi munezvekurima, mutemo isina kunyatsokwana ine chekuita nezvicherwaye kuti pfungwa yekuti kuve neboka rezvekugadzirwa kwezvinhu (*Productivity Centre*) rishande.
81. Kufambiswa mberi kwemabasa kunofambirana nemamiriro ezvinhu



munzvimbo iri kuitirwa bhizimusi. Kuunza shanduko mukuitwa kwemabhizimusi zviru nyore nekuchimbidza, kusimbaradza kodzero kumidziyo, kutevedzera mutemo uye kutarisana nehuori ndizvo zvakakosha mu*NDS1*.

82. Kubudirira hwekufambiswa kwehurongwa hwe*NDS1* kunoda shanduko yehurumende inobatabata zvinhu zvakaita seumbimbindoga uye kushaikwa kwemuono mumwe pamabasa. Nokudaro hurumende ichasimudzira zano rekunzwisisa shanduko uye kushanda zvizere hurongwa hwekuongorora nezvevashandi vehurumende.

Zviga Zvinobata kwese mu*NDS1*

83. Mukufambisa mberi hurongwa hwe*NDS1* zviga zvinobata kwese zvinosanganisira zvine chekuita nevanhurume nevanhukadzi, vechidiki, mabasa, vakaremarara, zvinofambisa mashoko maererano ne zvenharaunda zvichkosheswa mumapoka ane dingindira rimwe kuitira kuti zvizhuviro zvemapoka aya zvizubudiro tiri muhurongwa *NDS1*.



CHIKAMU 2

HWARO HWECHIRONGWA CHE *NDS* 1

Zviitiko mune zveUpfumi muNguva Shoma Yadarika

84. Mumakore apfuura, hupfumi hwenyika yeZimbabwe hwakaramba huchidzikira, izvo zvakaradidzwa nekuderera kwehupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa (*GDP*). Mugore ra2019, hupfumi uhwu hwakadzika nezvikamu -6% uyewo nezvikamu -4.1% mugore ra2020. Ongororo yakabuda yakaratidza kuti kudzikira uku kwakange kwakawandira kumapazi ane chekuita nezvekurima, kuzvicherwa, kuzvigadzirwa, kune zvekushanya nekugadzirwa kwemagetsi nezvese zvinopa simba rinovandudza ma*indasitiri*. Honzeri yedzikiro mune zveupfumi iyi inoratidza kuti ine chekuita nenzara, dutumupengo reIdai nechirwere chinokonzerwa nehutachiona hwekorona chakatanga munaKurume wa2019.
85. Kusagadzikana kweupfumi hwenyika kwakakonzerwawo nekuderera kwebata bata mune zveupfumi hwenyika izvo zvakakonzeresa kukwira kwemitengo nekusakwikwidzawo kwemari yemunyika. Kushomeka kwemari yekunze nemagetsi ndezvimwewo zvakawedzeredza kusafamba zvakanaka kwezviku zvinopa budiro munyika. Chiyero chezvinoratidza kukwira kwemitengo yezvinhu chakasimuka zvakananyisa kusvika pa837.52% munaChikunguru, asi chakazodzikira kusvika pa471.25% muna Gumiguru wa2020.
86. Zvisinei nezvimhingamupinyi zvadomwa, pane shanduko yakaitika mune zvemari nemapazi ari kunze kwehurumende munguva iri pakati pa2018 na2019. Kushomeka kwemari kwakaderera zvekusvika muchidimbu chimwechete kubva muzana takanangana neupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa. Izvi zvakabva zvaita kuti hurumende ive nemari inoraudzira kudarika yehurongwa hwezvemari. Mari inoraudzira iyi yakavepo kuburikidza nekuunza pamwe chete zvemari nezveupfumi munyika.



87. Mari inoraudzira nezvikamu zvitanzhatu kubva muzana yakawanikwa mugore ra2019 na2020, izvo zvakasakisa kuve nekudzikiswa kwekurarama nezvinobva kune dzimwe nyika, mitengo yemafuta emotokari yakaderera, kushaikwa kwezvemari yekunze, urongwa hwemabasa echirwere cheKorona uyewo kushomeka kwemari inoshandiswa pane zvose. Zviga zvekutenga nekutengeserana zvakashandukawo panguva iyi zvichikonzerwa nekudzikira kwemitengo.
88. Sedanho rekudzora mukaha wesimba remari unowanikwa pakati pemabhanga nemusika mutema, uyewo kugadzikana mune zvemari, bhanga guru renyika rakaunza danho remusika wemari pasvondo yega yega.
89. Hurumende yakagadzirisawo kusagadzikana kwainge kwavapo zvichikonzerwa nemari dzinofambiswa mudzinhare. Danho iri rakasimbaradzawo nekumbomiswa kwekuchinjaniswa mari pamusika we*Zimbabwe Stock Exchange*. Izvi zvose zvakaunza ukoshi nekugadzikana pamusika wekuchinjanisa mari izvo zvaita kuti dhora rimwe chete rekuAmerica ringe richibudisa madhora 81 emuZimbabwe.
90. Nekudaro, kuwanikwa kwemari yekunze kuburikidza nemumabhanga kwakarerutsira vemaindasitiri uyewo budiro yeupfumi. Chirongwa chekutsigisa simba remari yemunyika chakavanmbwa nebanga guru renyika chakaunza kugatsikana kwemitengo munyika.
91. Zvikamu zvinosvika 300% muhomwe yeparutivi kwakakonzerwa kukwira kwemitengo yezvinhu nekupera simba kwemari. Zvichitevera kufambiswa kwakanaka kwehurongwa hwezvemari, simba rehomwe yeparutivi ririkudzikira kubva kuzvikamu zvinosvika 300% uye inotarisirwa kuti inge yave pazvikamu zana; izvo zvinozoita kuti inyatsoderera kusvika kuzvikamu zviri pasi pegumi kubva muzana.
92. Zvikwereti zvekunze, zvimomirirwa nemakambani anoshandiswa sezvibatiso, yakakwira zvekusadzoreka kusvika kumabhiri yoni 8.1 eku*America* (84% yeupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa). Zvikamu zvinosvika 74%, zvikwereti zvine chekuita nemakambani ekunze, uye zvatora makore kuti zvivepo. Izvi zvakonzera kuvharwa kweimwe mikana yekukwereta mari inounza budiro munyika sezvo Zimbabwe yakaiswa mumupanda wenyika dzine njodzi munyaya



dzekuisa mari mumabhizimusi ebudiro. Chimiro ichi chinomanikidza kuti Zimbabwe ive nehurongwa hwechimbimbi chimbi hwekutarirana nekuyanana nedzimwe nyika, izvo zvinozounzawo kugadziriswa kwezvikereti nyika dzekunze.

Mamiro eZveupfumi Munyika

93. Hwaro hwechirongwa chezemamiro ezveupfumi munyika chiri pakukurumidzwa kufambiswa kwehurongwa nemazano ebudiro akanangana nekuunza shanduko mune zveupfumi. Izvi zvichagoneka kuburikidza nekuva nebandiko rezveupfumi rakazvimirira rinokwikwidza, kufambiswa kwehwaro hune hupfumi hune mutsindo uyewo hwakatsamira pakuzvibata munyaya dzekushandisa mari senyika, kugadzikana mune zvemari uko kunozounzawo mikana kune vekunze nemunyika kuti vaise mari mumabhizimusi zvichizounza budiro.
94. Mbambo dzechirongwa che*NDS 1*, dzakanangana nemuono wa2030, uye dzichange dziri kudzororerdza nekutsigisa mamiro ezveupfumi munyika, kupedza huori, kuderedza zvinechekuita nenzara, kuderedza zvikereti, nekuyanana pamwe nekutarirana nyika dzekunze.

Zvinangwa Zvehurongwa Hwemamiro eHupfumi Hwenyika

95. Zvinangwa Zvehurongwa Hwemamiro eHupfumi Hwenyika ndezvinoti;
- Kusvitsa chipimo cheupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa netarisiro yechipimo chine zvikamu zvisiri pasi pezvishanu kubva muzana;
 - Musiyano uripo pamari inowanikwa munyika ne upfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa hunotarirwa kusadarika zvikamu zvitatu kubva muzana kana kuita sezvinotarirwa nyika dziri musangno renyika dzekuchamhembe kweAfrica;
 - Kuve nechipimo chezvikereti kwemitengo ezvinhu isingapfuuri zvikamu gumi kubva muzana;



- Kuwedzera homwe kana dura renyika reparutivi kwenguva isiri pasi pemwedzi mitanhatu takanangana negore ra2025;
 - Kuumba musika wekuchinja mari une chipimo chinosimbiswa nebata bata inoitika munezveupfumi;
 - Kuchenetedza kana kuderedza zvikwereti zvinomiririrwa nemakambani anoshandiswa sezvibatiso kuti zvisadarika 70% yeupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa;
 - Kuchenetedza homwe yemari kuti isaperevedza kusvika ku -3% yeupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa;
 - Kuunza mabasa anemutsigo anosvika huwandu hwe760 000 pamakore mashanu ehurongwa hwe*NDS1*;
 - Kuvandudza budiriro yezvivakwa nekuisa mari mubudiriro yakanangana nezvesimba remagetsi nemafuta, mvura, utsanana nepekugara;
 - Kuchimbidza kuvandudza ukoshi hwezvirimwa nezvicherwa.
96. Hwaro hwechirongwa chehupfumi che*NDS1* hune chekuita nekuzama kudzoreredza hupfumi kubva kudenda rechirwere chinokonzerwa neutachiona hwekorona chinova chakanganisa upfumi hwenyika dzepasi rose izvo zvakadzikisa kutengeserana nekuisa mari mune zvebudiriro munyika. Upfumi hwenyika huchamisikidzwa nekugadzikana kuchange kurimo munyika uyewo tarisiro yehurongwa hwekukwezva vemabhizimusi anonangana nebudiriro.
97. Mukuunza budiriro ine udzamu yakanangana nehurongwa hwe*NDS1*, hurumende ichakoshesa kufambiswa kwehurongwa hwekuita mabhizimisi pasina zvimhingamupinyi, kuremekedzwa kwekodzero kumidziyo, kutevedzera zviga zvehutongi hwakanaka, kupedza huori nekukoshesheswa kwekuisa mari mumabhizimusi uyewo kugadziriswa kwemabazi anoshanda neruzhinji anosanganisira hutano nedzidzo.
98. Chitarwa chechipiri chinopa nepapfupi zviratidzi nezvitarisirwo muurongwa hwe*NDS1*



Chitarwa 2: Hwaro Hwechirongwa Cheupfumi hweNyika cheNDS 1 (2021 - 2025)

	2020	2021	2022	2023	2024	2025
National Accounts (Real Sector)						
GNI Per Capita Income (US\$)	1159.8	1842.2	2137.1	2712.7	2960.7	3207.3
Nominal GDP at market prices (Million ZWL\$)	1070640.3	2399087.7	3045740.0	3560346.7	4002506.7	4465893.3
Real GDP Growth (%)	-4.1	7.4	5.5	5.2	5.2	5.0
Inflation (Annual Average) %	654.9	134.8	23.7	10.5	7.5	5.8
Formal employments (000)	812.1	963.2	1094.7	1236.6	1398.4	1572.8
% of People in Extreme Poverty	38.9	24.5	19.2	15.4	12.3	10.1
Government Accounts						
Revenues (excluding Retained Revenue)	173496.3	390803.5	512434.2	632639.5	742112.9	861930.8
% of GDP	16.2	16.3	16.8	17.8	18.5	19.3
Expenditures & Net Lending (Million ZWL\$)	178496.0	421645.4	559598.2	693063.1	779387.6	894137.0
% of GDP	16.7	17.6	18.4	19.5	19.5	20.0
Recurrent Expenditures	120754.0	290049.1	387451.8	485763.5	541132.8	627371.7
% of GDP	11.3	12.1	12.7	13.6	13.5	14.0
Employment Costs including Pension	70499.0	172635.0	220360.0	255107.0	298456.0	345728.0
% of GDP	6.6	7.2	7.2	7.2	7.5	7.7
% Total Expenditure	39.5	40.9	39.4	36.8	38.3	38.7
% of Revenue	40.6	44.2	42.9	40.3	40.3	40.2
Capital Expenditure & Net lending	57742.0	131596.3	172146.5	207299.6	238254.8	266765.2
% of GDP	5.4	5.5	5.7	5.8	6.0	6.0
Overall Balance	-4999.6	-30693.5	-46500.8	-60786.7	-37970.2	-33223.9
% of GDP	-0.5	-1.3	-1.5	-1.7	-0.9	-0.7
Public Debt	1547076.0	1972146.6	2297004.2	2544945.1	2744448.7	2893157.7
% of GDP	78.4	64.5	64.8	64.5	63.6	61.5
Balance of Payments Accounts						
Current Account Balance (million ZWL\$)	67560.8	73837.3	41646.7	14697.1	-26654.0	-43123.2
% of GDP	6.3	3.1	1.4	0.4	-0.7	-1.0
International Reserves (Months of Import Cover)	1.0	2.0	3.5	4.5	5.0	6.0
Deposit Corporations Survey						
Broad Money (Million ZWL\$)	140072.7	201704.7	231960.4	259795.7	277981.4	291880.4
Growth %	300.0	44.0	15.0	12.0	7.0	5.0

Jerero: Bazi reZvemari neBudiro yeZveupfumi hweNyika

Mbambo dzehurongwa hweNDS1

99. Hurongwa hweNDS1 hwakarongedzwa pambambo dzinodyidzana dzakanangana nekuunza budiro isingagumi inosanganisira kutsigisa hupfumi nekunzwana munyaya dzezvemari, budiro inosanganisira ruzhinji, zvehutongi, zvivakwa nezvinopa betsero kuruzhinji, budiro yakananga nekugarisana inozadzisa muono wa2030.



Nhaurwa yezvinokosheswa neNDS1 nePapfupi

Budiriro neKugadzikana mune zveUpfumi

100. Chinangwa chehwaro hweNDS1 kuvandudza budiriro mune zveupfumi hwenyika nezvikamu zviripamusoro pezviamu zvisihanu kubva muzana zvichibetseredzwa nezvikamu zvinoita zvekurima, zvicherwa, zve magetsi nezvigadzirwa. Izvi zvichaendeka kuburikidza nekubvisa zvimhingamupinyi pamwe chete nekuvandudza nzira dzinoita kuti upfumi hwenyika huendeke.

Kuchengetedzeka kwezvechikafu neZvekuvakwa Kwemuviri

101. Hurongwa hweNDS 1 hwakanangana nekuvandudza kuzviriritira panyaya dzezvikafu nekuona kuti Zimbabwe yatora chinzvimbo chayaimbove nacho chekuva shasha mune zvekurima munyika dzekuchamhembe. Chinangwa chikuru kuvandudza kukwanisa kuzviriritira mune zvechikafu kubva pa 45% kusvika 100% uyewo kuderedza kusunza uko kunove pa59% muna2020 dzamara hwazvika pasi pezviamu zvisihanu kubva muzana.

102. Mune zvekurima budiriro inotarirwa kana tsamba dzeivhu dzagadziriswa uyewo kurima pachishandiswa nzira dzechizvino zvino. Hurongwa hweNDS1 huchabatsiridza kuwanikwa kwemari inobatsira mune zvekurima kuburikidza nenziira dzinosanganisira, kumisikidza *Land Bank*, kusimbisa kudyidzana pakati pemapazi ehurumende nechikamu chakazvimirira, kuongorora mashandisiro ezvitenderano zvekurima nezvipfuyo uyewo hwaro hwemisika yezvekurima.

Kusimudzira Ukoshi Hwezvinogadzirwa kubva paDanho rePasi neKusandura maMiriro eZvemabasa eHupfumi

103. Shanduko yakanangana nezveupfumi iripo pakuvandudza zvibereko mumapazi akasiyana-siyana. Panguva ya2021 - 2025, chinangwa chikuru cheNDS1 kumisikidza hupfumi hwenyika kuburikidza ne:-

- Kuvandudza padiki nepadiki, betsero yezvikamu zvedanho repamusoro kuhurongwa hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa nezvikamu 11.7% kusvika 15% mugore ra2025.
- Kuwedzera ukoshi mune zvitengeswa zvekunze kubva mu9% kusvika



mu20%.

104. Mukusandura mamiriro ezvemabasa eupfumi, chakakosha kuwedzera ukoshi mune zvekurima nezvicherwa. Chichanyanyokosheswa kusimudzira budiriro nekusimbaradza ukoshi hwezvigadzirwa kuendesa ma*indasitiri* kumatunhu uyewo nekuumba nharaunda yakagadzikana maringe nezvemabhizimusi.

Zvivakwa neZvishandiswa

105. Panguva yehurongwa hwe*NDS 1* kuvepo kwezvivakwa zvinoshanda nemazvo huchakosheswa sezvo huchiunza shanduko mune zveupfumi nebudiriro. Izvi zvichasanganisira kudzoreredzwa kwezvishandiswa zveveruzhinji zvinosanganisira kune zvesimba remagetsi nerimwewo rinofambisa hurongwa hwemunyika, mvura neutsanana, pekugara, hutano, dzidzo nekufambiswa kwemashoko.

Budiriro yeUpfumi pachishandiswa maKombiyuta

106. Kufambiswa kwemashoko kuburikidza nemidziyo yechizvino zvino kwakakosha mubudiriro yeupfumi hwenyika nekudaro kusvika gore ra2030, nyika yose inotarisirwa kunge yawaniswa mikana iyi. Hurumende inotarisira kusimudzira kuwanikwa kwemasai sai eindaneti kuvanhu vese kubva padanho re59.1% kusvika ku75.4% mugore ra2025. Pamusoro paizvozvo, inotarisarawo kusimudzira kushandiswa kwenharembosha kubva pa 94.2% kusvika pa100% mugore ra2025.

Kuwaniswa pekugara

107. Zvichitevera kusawanikwa kwepekugara pakakwana, muhwaro hwayo hwe*NDS 1* hurumende inokoshesa kuti zvizvarwa nevagari vemunyika ino vange vane ugaro hwakanaka kumaruwa kana mumadhorobha. Mukuwanisa pekugara pakanaka uye pakachipa hurumende ichange ichishanda pamwe nemasangano akazvimiririra anoita zvebudiriro uyewo ichagadzira mamiriro akanaka anoita kuti hurongwa uhwu hushandike zvakanaka.



Zveutongi

108. Chinangwa chehurumende pahurongwa hwebudiriro kuvandudza betsero yeveruzhinji, zvemumatare, hutongi hwahanaka, kubatana munyika, runyararo neruregerero senheyo dzichaunza budiriro. Hurongwa hweNDS1 huchavavarirawo kuita zvinhu negwara rejekerere, kuvandudza kwehurongwa hwekuderedza njodzi, kubvisa zvimhingamupinyi mukuitwa kwemabhizimusi uyewo kuderedza huori nezvimwewo.

Kuchengetedzwa kweVanhu

109. Panguva yehurongwa hweNDS1, hurumende ichaona kuti vanhu vese vanoda rubatsiro varuwana. Izvi zinoreva kuti hurumende ichatora matanho achavandudza kuwanikwa kwebetseredzo. Chinagwa cheNDS 1 kuedza kuderedza hurombo nemukaha uripo pakati pevanowana nevanoshaya.

110. Mapoka evanhu vanoda rubatsiro anosanganisira vanhu vanorarama neurema, vana nevachembera. Vanhu ava vanoda rubetsero kuburikidza nekuvandudzwa kwenzira dziri muhurongwa hweNDS1

Kuumba Chimiro, Ukama neKudyidzana neNyika dzePasi rese

111. Ripabhuriki yechipiri inokoshesa mukana wekugadzirisa chimiro chenyika uyewo kudyidzana nenyika dzepasi rese. Kuonekera uku kunounza hukama hwakanaka nenyika dzepasi rese izvo zvinovandudza kukwikwidza kweZimbabwe mune zveupfumi nebudiriro yeupfumi hwenyika pasi rose.

112. Kufambiswa kwemashoko kuchabatsiridzawo kuvandudzwa kwechimiro chenyika uyewo kufambiswawo kwezvirongwa zvekuyanana kwakanangana nezveupfumi nenyika dzepasi rose zvakanangana nemuono wa2030.

Kuchengetedzwa kweZviwanikwa, Kutirira kwezveMamiriro neKuchengetedzwa kwezviri mumasango

113. NDS1 ichange yakanangana nekuchengetedzwa kwezviwanikwa nezviri



mumasango, kutirira kwezvemamiriro ekunze nekuchengetedzwa kwezviri mumasango kunyanya mapani nenzvimbo dzinoitwa zvemigodhi.

Vechidiki zveMitambo neTsika neMagariro

114. Vechidiki vanhu vane mukana wekuvandudza unhu hwavo nekudaro NDS1 ichanangana nekuvandudza nekuona kuti nyika yashandisa mukana wakadengezerwa nevechidiki.
115. *NDS 1* inokoshesawo zveMITAMBO netsika sezvo zvichibetsera kuunza runyararo nekuregererana munyika. Mitambo nezvetsika zvinovandudzawo raramiro yevanhu nekuunza chikamu chemafaro mubudiriro yenyika chinounza mabasa munyika.

Utano neKusimba muviri

116. Utano nekusimba kwemiviri kwakakosha sezvo kuchiunza budiriro munyika nekuti vanhu vanorarama kwenguva refu izvo zvinovapa mukana wekuunganidza mari neupfumi.

Kuvandudza Zivo neUnyanzvi muVashandi

117. Umhizha pamwechete nekuvandudza zivo neunyanzvi muhurongwa hweNDS1 hunobetseredza muono wa2030. Izvi zvinopa upfumi hwenyika hune budiriro isingaperi uye inounza maindasitiri pamwe chete nechizvino zvino.

Zvematunhu

118. Panguva yechirongwa cheNDS1, hurumende inotarisira kuramba ichiwanisa zvikamu zvisiri pasi pezvishanu kubva muzana yakanangana nemapazi ari muhurumende nemamwe madiki uyewo ari pasi pawo kuti hurongwa hufambiswe nenzira dzinotevera:



- Kuvamba nekufambisa zveitemo;
- Kuvandudza maitirwo ezvemabhizimusi kumatunhu; ne
- Kusimudzira zvemabhizimusi pamwechete nekukwezva mabhizimusi ekunze anounza mari.

Fisikari, zveMari nezveUpfumi hweKunze

Chikamu cheFisikari

119. Mune zvemari, hurumende inovavarira kuderedza zvikwereti nezvikamu zvinomwe kubva muzana zveupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezveupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa. Zano iri richange rakatsamira pakutora mari yemitero nekurerutsira vanobhadhara mitero, kuitwa kwemabasa emaoko kuitwe zviri pamutemo, kusimudzira nzira dzekutora mitero pamwe chete nekubatanidza *ZIMRA* nemamwe mapoka.
120. Mune zvekushandiswa kwemari, zano guru richange riri rekushandisa mari yakarongwa uyewo kusakwereta, kuchimbidza kusandura mashandiro emakambani ehurumende uyewo kunyatsoshandisa hurongwa hwekufambisa mabasa emari muhurumende.
121. Mukuderedza zvikwereti, zano rekuderedza nderekudzikisa kukwereta uyewo kubhadharwa kwezvikwereti zvenyika dzepasi rese uyewo kutaurirana munyayadzezveupfumi

Mari neChikamu chezvemari

122. Hurumende ine vavairo yekuunza kugadzikana mune zveupfumi nekudzikisa chipimo chekukwira kwemitengo yezvinhu padiki nepadiki kuti chive pasi pezvikamu gumi kubva muzana. Izvi zvichaendeka sezvo zviatiso zvekutsigiswa nekusimbisa mune zveupfumi zviri kubazi rezvemari nebudiriro yezveupfumi.
123. Kubazi rezvemari, tsigiso ichasimbiswa kuburikidza nehwaro hunotaura kushandiswa kwemari kwakanaka. Pamusoro peizvi, hurumende ichaunza budiriro muchikamu chezvemari izvo zvichazovandudza hurongwa



hwehurumende hweNDS 1.

Zvikamu Zvekunze mune Zveupfumi

124. Muzvikamu zvekunze mune zveupfumi, hurumende ine donzvo rekutsimbirira homwe dzemari yebudiriro kuti chisadarika chipimo cheupfumi hwenyika hune chekuita nemari nezvigadzirwa panguva yakatarwa ne -3%.
125. Izvi zvichaendeka kuburikidza nekusiyanisa zvigadzirwa zvinoendeswa kunze kwenyika pamwe chete nekubvisa zvimhingamupinyi zvekutengesera kunze nekuunza zvitengwa munyikwa.



CHIKAMU 3

BUDIRIRO NEKUGADZIKANA MUNE ZVEUPFUMI

Nhanganyaya

126 Budiriro nekugadzikana mune zveupfumi zvakakosha zvikuru mukuunza budiriro munyika zvinova zvinosandura upenyu hwevanhu vose. Kugadzikana mune zveupfumi hwenyika kunoumba hwaro hwakanaka nechivimbo chekuti zvakarongwa zvinobuda semarongerwo azvo. Nokudaro, kubudirira kwehurongwa hweNDS 1 kunobva pakuwana budiriro nekugadzikana mune zveupfumi. Zvinonyanyokosheswa muchikamu chebudiriro yezveupfumi zvinosanganisira budiriro isingaperi, kugadzikana mune zveupfumi uye budiriro mune zveupfumi inobata vanhu vose.


Budiriro mune zveUpfumi Isingagumi

Ongororo yemamiriro ezvinhu

127. Nyika ine zviwanikwa nevanhu vanoita mabasa zvinova zvakakosha mukufambisa budiriro nekugadzikana munyika. Zvichakadaro, kwenguva yakareba nyika yaiwanikwa iine kukura mune zveupfumi kusina kugadzikana. Zvemamiriro ehupfumi zvakasangana nekudonha kweuremu hwemari apo mari inowanikwa munyika kubva kune vese vanoita zveupfumi (GDP) yakaunyana ne -6.0% muna2019 ne -4.1% muna2020. Zvikonzero zvekuunyana kwebudiriro mune zveupfumi kwakakonzerwa nekusagadzikama mumabasa ekurima nekugadzirwa kwezvinhu. Mufananidzo 5 uri pazasi unotaridza mamiriro epundutso mune zveupfumi pamakore gumi adarika.



Mufananidzo 5: Budiriro mune zveupfumi (GDP)



Jerero: Bazi reZvemari neBudiriro yeZveupfumi, 2020

- 128 Kusagadzikana mune zveupfumi kwakakonzerwa nematambudziko akarerekera kune kusagadzikana mune zveupfumi uye kurambirira pane zvinhu zvimwechetezvo, huori, kushomeka kwezvivakwa mumabasa ezvemari, kushomeka kwezvifambiso, hutano, mvura uye utsanana munharaunda. Kusagadzikana uku kwakazonnyanya nekuda kwekushandurwa kwezvirongwa uye kushandurwa kwegwara rebudiriro nekunoka kufambiswa kwezvirongwa.
- 129 Paiwawo nezvimwe zvimhingamupinyi zvakaita sezviviravanhu zvinosanganisira kushomeka kwemvura kwakanyanya, dutumupengo reIdai uye kuuya kwechirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona.
- 130 Zvichakadarwo, kubudikidza ne *TSP* hurumende yakaita zvainogona kuti hurongwa hwebudiriro husashandurwa-shandurwa, kusimbaradza mapazi ezveupfumi, kuvandudza kutirira kubva kumatambudziko kuitira kuti hurongwa hwekuunza shanduko hubudirire zvinova zvicharamba zvichikosheswa munguva ye *NDS1*.



Zvibereko zveBudiriro mune zveUpfumi Zvinogara Zviripo

131 Munguva ye*NDS1* zvishuviro zvehurumende zviri pakuwedzera kukura kwemari inowanikwa pamunhu kubva pamari yenyika kusvika paUS\$3 200 panosvika 2025. Izvi zvichatsigirwa nekuvandudzika mune zveupfumi uye kuunzwa kwemari munyika. Izvi zvinofambirana nechinangwa chemuono wa2030 wekuva nyika ine hupfumi kuri pakati nepakati panosvika 2030. *NDS1* ichasimbirira kuvandudza hupfumi hwenyika nezvikamu zvishanu kubva muzana (5%) pagore kubva 2021 kusvika 2025 kuitira kuti nyika irambe iri mugwara ra2030.

Mazano Makuru eKuvandudza Hupfumi Husingaperi

132 Zvinobuda kubva mubudiriro yezveupfumi isingagumi zvichatungamirwa nevemabhisimusi asiri pasi pehurumende ukuwo hurumende ichaona kuti gwara renyika rezveupfumi rafambiswa zvakanaka, kushandurwa kwemitemo uye mafambisirwo ebasa mumapazi ezveupfumi kuitira kusimbisa uye kuvandudza zvine chekuita nemabhisimusi.

133 Izvi zvichafambirana nemabhindauko ekuwedzera zvibereko mumapazi ese kusanganisira mazano ekuderedza kutenga zvinhu kubva kunze kuitira kuti hukoshi hwezvinhu huve hunopiwa munyika zvinova zvinobatsira pakuendeswa nyika mberi maringe nekuti upfumi hwayo hunge hwakamisikidzwa mukutengesa kunze munguva iri pakati nepakati nenguva refu.

134 Takatarisa zvakanangana nekusunungura mamiriro ezvinhu maringe nekuiswa kwemari mune zvamabhisimusi, hurumende ichakoshesa kushandurwa kwemamiriro ezvinhu zvinoita kuti mabhisimusi aitwe zviri nyore, kuremekedza kodzero dzavanhu pamidziyo, kutevedzera mutemo, kudzivirira huori uye kukoshesa kuiswa kwemari mune zvinofambisa zveupfumi.

Zvirongwa Zvikuru Zvinovandudza Hupfumi

135 Pundutso mune zvekurima, zvicherwa, kugadzirwa kwezvinhu uye



kushanyira nekushanyirwa ndizvo zvinonyanyokosha pakuwana budiriro mune zveupfumi isingagumi.

136 Budiriro yakasimba mumapazi maringe nehupfumi zvinotarisirwa munguva ye*NDS1* sezvinotaridzwa pazasi. Pundutso iyi ichange yakanangana nekudzoreredza hupfumi padanho rakanaka, kuumba nharaunda yekuitira mabhizimusi yakadzikama, kusununguka zvishoma nezvishoma kubva mumatambudziko akakonzereswa nechirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona uye kuwaniswa kwerutsigiro rwevanoita zvatongerwo enyika zvinobatsira kufambisa mberi mabasa.

Chitarwa 3: Budiriro mune zveupfumi zvichienderana nebazi (%) (2019-2025)

	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Overall GDP	-6.0	-4.1	7.4	5.5	5.2	5.2	5.0
Agriculture and forestry	-17.8	-0.2	11.3	8.9	7.6	9.5	10.4
Mining and quarrying	-12.4	-4.7	11.0	7.4	8.8	9.2	8.0
Manufacturing	-8.7	-9.6	6.5	6.5	7.7	6.1	5.9
Electricity and water	-19.2	-7.9	18.8	14.4	5.9	4.5	4.8
Construction	-13.9	-11.4	7.2	5.0	4.0	5.0	4.0
Distribution	-8.2	-6.8	5.7	5.5	5.0	4.5	4.1
Transport and Communication	12.9	3.4	7.1	4.5	4.3	4.8	4.4
Finance and Insurance	-6.1	-6.5	7.2	3.3	5.2	6.1	5.0
Government Services	1.4	-2.1	6.2	2.9	2.5	2.3	2.0
Other Services	-3.7	-2.0	4.4	2.7	2.6	2.5	2.5

Jerero: Bazi rezveufumi nebudiriro yezveupfumi nebhanganga guru renyika RBZ, 2020

Mazano Makuru eZvikamu Zvinounza Budiriro

137 Mazano ekuvandudza hupfumi hwemapazi akasiyana mune zveupfumi mu*NDS1* anenge akasimbirira pakurima, kucherwa kwezvicherwa, kushanya nekushandirwa uye kubikwa kwemagetsi. Bazi rekugadzirwa kwezvinhu richabatsirwa nekumutsiridza nekusimbaradza matanho ehuremu hweupfumi uye kuwana mari kubva mukuwedzera kukosha kwezvicherwa.

138 Kuwanikwa kwezvibereko kubva mumapazi akasiyana kunosundira budiriro



yemapazi ezvehupfumi mberi. Nekudaro, sangano reZimbabwe *National Productivity Institute* richaparurwa kuitira kusimudzira pfungwa yekubuditsa zvibereko mumabasa mumapazi ese ezveupfumi.

- 139 Nzira yekuvandudza zveupfumi ichange yakanangana nekufambisa mberi mazano akanangana nemapazi akasiyana siyana:

Mazano eKuvandudza zveKurima

- 140 Bazi rezvekurima rinogona kufambisa mberi zvirongwa zvebudiriro yezveupfumi yakanangana nevarombo uye budiriro isingagumi. Zvakakosha pakufambira mberi kwenyaya iyi kugadzirisa nyaya yezvibatiso kuitira kukwezva kuiswa kwemari mumabhizimusi. Pane matanho achaiswa ekugadzira kuvimba nezvekurima pakusimudzira hupfumi. Chimwe chakakosha ngechekushandura bhanga rezvekurima (*Agribank*) kuti rivandudzike kuva bhanga rakavandudzika rino chinangwa chekusundira mberi zvirongwa vebudiriro isingagumi. Zvimwevo zvakakosha ngezvekuti bhanga ii rivandudze hurongwa hwekurima nekubvumirana kuti hubatewo dzimwe mbesa nemhuka uye kusimbisa hurongwa hwekurima pasi pezvibvumirano. Hurumende ichawana nzira dzekukwezva nadzo vemabhanga kuti vatsigire hurongwa hwekurima nezvikwereti vosiyana nemaitiro aripo parizvino apo mabhanga mazhinji ari kuisa mari muzvirongwa zvisina zvbereko uye zviri zvenguva pfupi.

- 141 Takanangana nekusimbaradza zvekurima kubva mune kushomeka kwemvura uye kusimudzira nekuvandudza zvevadiridziro, mune zvekurima muchakosheswa

nzira dzekurima dzakaita sePfumvudza/Intwasa, tsvakurudzo uye kushandisa tsvakurudzo yakanangana nekusimudzira kuvepo kwembeu dzekurima dzakasiyana uye mhando dzemhuka dzakasiyana-siyana.

- 142 Takanangana nekusimbaradza kunzwisisa zviri mberi maringe nekutenga nekutengeserana zvinobva muzvirimwa mukushanda kwehurongwa hweNDS1 muchaonekwa kuti zvbereko zvekurima zvichatengeseranwa zvakatsigirwa nehurongwa hwekuti varimi vanounza goho ravo kumatura enzvimbo yavari vopuwa tsamba inotaridza huwandu nehukoshi hwezvauya



nazvo

Mazano mune zveKuchera Zvicherwa

- 143 Nyika ine zvicherwa zvinodarika makumi mana (*Platinum Group Metals (PGMs), diamonds, coal, gemstones, granite, manganese, chrome, lithium, asbestos, iron ore, copper, nickel, cobalt, limestone, coal-bed methane (CBM)*) nezvimwe zvicherwa zvinokosha zvakasiya siyana.
- 144 Chimhingamupinyi chikuru muchikamu ichi hutongi husina kunyatsosimba. Kuitira kuti pave nekuvandudzika pane zveupfumi kwenguva yakareba mubazi rezvicherwa, zvinokosha ngezvekuvandudza kuitwa kwemabhizimusi zviru nyore munguva yekushanda kwehurongwa hweNDS1. Izvi zvinobudirira nekupedza uye kufambisa mberi hurongwa hwakanagana nechicherwa chimwe nechimwe uye ongoro yekuvandudza *Gold Trade Act, Precious Stones Trade Act and amendment of the Mines and Minerals Act*.
- 145 Zimbabwe ine zvicherwa zvinokosha zvisinganyanyowanikwi gumi nepfumbabwe. Munguva yeNDS1, hurumende ichachimbidza kugadzira hurongwa hwakanagana nezvicherwa (*Rare Earth Minerals Policy*) kuti zvikosha izvi zvionekwe nekukosha kwazvo.
- 146 Zvisinei kuti Zimbabwe ine zvicherwa zvakasiyana, kucherwa kwezvicherwa kuchiri padanho repasi. Nekudaro, nyika yaarira mumashere maringe nekuwana pane zvicherwa patsva kuna kukwezva vanioisa mari mumabhizimusi ezvekucherwa kwezvicherwa. Hurumende haisi kupa mvumo (*Exclusive Prospecting Orders*) zvisinei nekuti kucherwa kwezvicherwa kwakakoshera kuziva huwandu hwezvicherwa. Munguva yeNDS1 hurumende ichakkosha kupa mvumo kunyaya dzekusora zvicherwa.
- 147 Kucherwa kwezhicherwa zviru pamutemo uye kupa zvikwanisiro kune vanochera zvicherwa vedanho repasi kubididza nehomwe inokweretesa vanoita basa rezvekuchera zvicherwa (*Mining Industry Loan Fund*) zvichakosheswa. Hurumende ichasimbaradza kushanda kwemuono wekuti vanhu vashandise zvavanenge vanazvo vakarega vanozvitorerwa (*Use it or Lose it*) kuitira kudzivirira kukumbwa kwamakiremu nekuda kwekufungidzira



zingagoitika.

- 148 Munguva ye*NDS1* kushanda kwehurongwa hwe*Mining Cadastre Information Management System* kuchachimbida kuitira kuwedzera mashandiro nekuita zvinhu pajekerere mukufambisa zvine chekuita nekucherwa kwezvicherwa nevanobva kunze.
- 149 Munguva ye*NDS1* zvirongwa zvichaitwa kuitira kusimbaradza mabasa ekutsvaka pane zvicherwa. Zvinokwezva zvakaita se 'Finders Keep it Principle' zvichatevedzerwa kuitira kukurudzira kutsvakwa kwezvicherwa. Zvisinei nguva yekushandisa zvichabuda uyezve mushure mezvo muchatevera hurongwa hwe "*Use it or Lose Principle.*"
- 150 Nyika haina kunyatsowana zvakanakwana kubva muzvicherwa nekuda kwekubuda kwezvicherwa kuendeswa kunyika dzekunze zvisiri pamutemo..
- 151 Kusanyatsoongororwa kwezvibvumirano nevanoisa mari mune zvemabhizimisi uye zvikoneso zvemafambiro zvakanaka mune zveupfumi zvinowedzera padambudziko rekusavandudzika kwekutsvaka zvicherwa. *NDS1* ichakoshesa kuumbwa kwekomiti inoona nezvekuiswa kwemari mumabhizimusi rinosanganisira mahofisi emutungamiri wenyika, bazi rezvemari uye chikamu chinochengeta mari yehurumende zvichitungamirwa neboka rinofambisa hurongwa kwekutangisa mabhizimusi (*ZIDA*) mukuwana vanoisa mari mumabhizimusi uye kuona nezvezvibvumirano zvine chekuita nezvekuiswa kwemari kuitira kuunza jekerere mune zvinokodzera kuwanikwa nehurumende.
- 152 Munguva ye*NDS1* hurumende ichakoshesa kuvhara nzira dzinoshandiswa kubudisa zvicherwa munyika. Hurumende ichasimudzira *Metallurgical Laboratory* kuti ivandudze danho rayo kuti risvike panodiwa pasi rese mune zvechiyero kuiitira kufambira mberi kwebasa nekuona kuti zvicherwa zvasvika padanho rinotaririrwa pasi rese. Izvi zvichafambiranazve nekuiswa kwezvikerero zvezvifambiso zvichionekwa huremu hwezvadvakatakura munzira dzekubuda nadzo munyika.
- 153 Hurumende ichasimbaradza kuongorora mafambisirwo ezvesimbi kubudikidza nekupa zvikwanisiro zvakanakwana pakuongororwa kwemabasa pasi pe*Minerals Marketing Corporation of Zimbabwe (MMCZ)* ne*Minerals Fauna and Flora Unit*. Kupa *ZIMRA* zvikwanisiro zvekuita mabasa ekusamira



zvakanaka mukutengeswa kwezvicherwa.

- 154 Kusunungurwa kwezveupfumi kunoda kuti pave nemari inoshandiswa kwenguva yakareba. Munguva yeNDSI kuchaparurwa homwe kuitira kuunganidza mari. Izvi zvichafambidzana nekutengeswa kwezvicherwa kusiya kwegoridhe.
- 155 Kusimukira mune zvekucherwa kwezvichera kuchamisikidzwa mukuvhura migodhi mitsva, uye kumutsiridza migodhi yakavharwa, kuvandudza zvirongwa, kushandisa mukana wekuva nezvikwanisiro uye kuwedzera ukoshi.

Mazano aKanangana neKugadzirwa kweZvinhu

- 156 Kubudirira kwehurongwa hwekusimudzira zveupfumi kunoda kuti zveupfumi zvisimbaradze kuwedzera hukoshi muzvigadzirwa uye kugadzirwa kwezvinhu zvemhando yepamusoro. Zvinokosha zvingaitwa zvinosanganisira kunanga nekusimbisa zviripo maringe nematanho ehukoshi hwehupfumi uye kuwedzera hukoshi hwezvicherwa.
- 157 Matanho ehukoshi achakosheswa ndeane chekuita nekukwenenzverwa kwezvirimwa. Izvi zvinosanganisira nyemba, donje, matehwe nemafetereza. Zvisiri mukukwenenzverwa zvinosanganisira kumutsiridza zvekugadzirwa kwemishonga yekurapa uye zvine chekuita nezvekuumbwa kwedzimota dzinotakura zvinhu.
- 158 Mune zvezvicherwa muhurongwa hweNDSI muchakosheswa kuchenesa goridhe, kucheka nekukwenenzvera ngoda, kuchenesa puratinamu uye kuchenesa ferokiromu.
- 159 Kumutsiridzwa kwematanho ehukoshi hwezvinotengeswa zvichatsigirwa nokusimudzira zvivakwa zvinobetsera zveumhizha uye nzvimbo dzinogadzirwa zvinhu.


Mazano eKuvandudza zveKushanyirwa kweNyika

- 160 Zvekushanyirwa kwenyika zvine hwaro hunobva muzviwanikwa zvakaita semhuka dzemusango, zvinoyevedza zvinova zvinovandudza



zvekushanyirwa. Zvekushanya nekushanyirana zvakavandudzika ne6% kubva muna2015 kusvika 2018. Kuvandudzika uku kwakakonzerwa nekuwedzera kwevashanyi kubva kunzvimbo dzinowanzobva vashanyi veZimbabwe zvinova zvikataridzwa muMufananidzo 6 uri pazasi.

Mufananidzo 6: Kuvandudzika kwezvekushanya, 2015-2018



Jerero: ZTA 2020

- 161 Zvisinei, gore ra2019 rakanga rakaoma zvikuru kunyaya dzekushanya nekushanyirwa nekuti zvekushanyirwa zvakadonha nezvikamu gumi nerimwe kubva muzana. Izvi zvakakonzerwa nekusagadzikana munharaunda yezvekushanyirwa umo maiwa nekushaikwa kwemari inobatika, kukwira kwemitengo, mitengo isingaenderani nezviri kutengeswa, kushaikwa kwemafuta edzimota nemagetsi uye muono usina kunaka pamusoro penyika.
- 162 Zvekushanya nekushanyirwa ndiro rimwe remapazi akakanganiswa nechirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona apo tinoona vezvemahotera vava kuwana vashanyi vashoma nekuda kwekukanganisika kwezvekufamba uye zviga zvakapiwa pakufamba munguva yekuvharwa kwemabasa nekufamba kwevanhu.
- 163 Munguva yeNDS1, zvekushanyirwa zvinotarisirwa kushanduka kubudikidza nekutirira uye kudiwa kwemari shoma inodiwa muchikamu ichi pamwe nekuti chikamu ichi chinounza mari yakawanda munyika. Kuvandudzika kwenharaunda yekuita mabasa kubidikidza nekugadzikana mune zveupfumi uye zvivakwa zvinodiwa pakuita mabasa ezvekushanyirwa zvakaita



semugwagwa weBeitbridge-Harare kusvika Chirundu neKarooi kusvika Binga nemimwewo zvichavandudza mikana mune zvekushanyirwa.

- 164 Nyika iri kugara ichisangana nedambudziko remashoko akaipa pamusoro payo kubva kune dzimwe nyika dzine vanhu vanoshanya muno zvinova zvakaderedza huwandu hwevanhu vanoshanya. Izvi zvinotaridza kukosha kwekugadzirisa mashoko ari maringe nechimiro cheniyika uye kushambadza nyika nezvimwevo zvingaitwa. Kufambiswa mberi kwehurongwa hweNDS1 kuchatenderera pakuwedzera zvinobva mune zvekushanya kuupfumi hwenyika (GDP) kubva pa1.1% muna2020 kusvika 5% panosvika 2025.

Kuvandudza Budiriro mune zveKushanya

- 165 Budiriro mubazi rezvekushanya ichange ichitenderera pane kuvandudzwa kwekuiswa kwemari mumabhizimusi anoita mabasa ezvekushanyirwa anosanganisira kushanya mune zvenhaka, zveutano, zvenharaunda, nezvimwevo. Zvinokosha munyaya iyi zvinosanganisira nzvimbo itsva dzine chekuita nekushanya dzakaita senzvimbo dzinoyevedza dziri kuKanyemba, Tugwi Mukorsi, Kariba uyezve nharaunda inowanisa upfumi inonzi *Victoria Falls Special Economic Zone*, kunyanya Masuwe, Batoka, dhamu reGwayi Shangani, Binga and Sijarira.
- 166 Izvi zvichafambirana nehurongwa hwekutsigira zvekushanya nekushanyirwa nekusimukira kwebazi rezvekushanya nekuwaniswa kwezvinokwezva vashanyi vemuno nevekunze kunyanya munzvimbo dzinoda kuvandudzirwa pane zvekushanya.
- 167 Kushambadza nzvimbo dzinoshanyirwa kuchakosheswavo kubudikidza nezvirongwa zvekushambadza zvakavandudzwa zvekukwezva vashanyi kubva kunzvimbo dzinowanobva vashanyi nedzimwevo itsva dzakaita seMiddle East, Asia, neEastern Europe.
- 168 Izvi zvichatenderera pahurongwa hwekushanya hunoitwa navanhu vakawanda inogadzirirwa zuva racho risati rasvika (*MICE*). Zvichakadaro, kusimudzirwa kwekushanyirwa kwenzvimbo nevanhu vemunyika kubudikidza nekugadzira zvinodiwa pakushanyirwa zvinokwezva uye zvirongwa zvichaparurwa. Izvi zvichasanganisira Diaspora Tourism Promotion.



- 169 Zvinokosha mubazi iri zvinosanganisira kusimudzira hurongwa hwekufambisa mberi hurongwa hwekumutsiridza nekusimudzira zvekushanyirwa munyika. Zvichaitwa zvinosanganisira kufambiswa mberi zvinosanganisira kufambira mberi kweNational (*Tourism Recovery and Growth Strategy*), zvine chekuita neNational Tourism Master Plan, ongororo yeTourism Policy and Legislation uye kuita kuti pave nenharaunda inotendera kuitwa kwemabhizimusi zviri nyore uye kushandiswa kwemishina yekufambisa mashoko yechizvino zvino.
- 170 Munguva yehurongwa hweNDS1 muchavandudzwa kusvikika kwenzvimbo dzinoshanyirwa kubudikidza nekukwezva makambani matsva ane chekuita nendege, kusimbaradza kambani yemuno yendege uye kuvhurira makambani emuno kuti aite mabhizimusi mune zvendege. Hurumende ichasimudzira nekuvandudzwa migwagwa kuti ive yechizvinozvino kuitira kusimudzira zvekushanya, kuwedzerwa kwemifananidzo mumigwagwa uye kuongorora nekuunza shanduko mune zvekupinda nekubuda kwezvinhu munyika kuitira kuti Zimbabwe ikwikwidze mune zvekushanya.
- 171 Hurumende ichasimudzira kushanyirwa kwenzvimbo uye kupinda kwevanhu mune zvekushanyirwa kwenyika kuitira kuchengetedza bazi iri kubva kune zvimhingamupinyi zvinobata bazi iri.
- 172 Hurumende ichapedzisa hurongwa hwenzira yekupima nayo hupfumi hunounzwa nebazi rekushanya muupfumi hwenyika (*Tourism Satellite Account*) kuitira kuvandudzwa maitirwo ebasa mune zvekushanya nekushanyirwa.

Zvirongwa

- 173 Zvirongwa zvinotevera ndizvo zvichafambiswa mberi munguva yekushanda kweNDS 1 kuitira kuwana kusimudzirwa mune zveupfumi:
- Kuvandudzwa kwezigadzirwa nekusiyanisa;
 - Kuparurwa nekuvandudzwa uye kusiyaniswa kwemisika;
 - Kusvikika kwenzvimbo dzekushanya;
 - kuiswa kwemari mune zvekushanya nekushanyirwa; uye



- Hurongwa hwezvekushanya nekushnyirwa neongororo yemitemo

Mazano ekuvandudza kuwanikwa kwemagetsi

- 174 Chinonyanyokosha pakufambisa chinangwa chekusimudzira hupfumi hwenyika kuwanikwa kwemagetsi nguva dzose. Vavairo yekuwanikwa kwemagetsi ayo anokosha mubudiriro yezveupfumi munguva yeNDSI ichabudirira kubudikidza nekusimudzira nekugadzirisa kuwaniswa kwesimba remagetsi.
- 175 Chimwe chinokosha kubikwa kwemagetsi kuitira kuwedzera agara aripo kubudikidza nekuchimbidza kufambisa zvirongwa nekuparura zvimwe zvirongwa zvitsva zvinofambirana nekusiyana kwemhando dzemoto.
- 176 Munguva yeNDSI, hurumende ichatendera avo vanokwanisa kubika magetsi kuti vaite mabasa aya vachiendesa magetsi kune vavanotengesera magetsi aya.
- 177 Munguva yekushanda kwehurongwa hweNDSI hurumende ichafambisa mberi nechimbi chimbi hurongwa hwekuvapo kwekubatanidzwa kwemabasa anoita zvekubika nekuendesa magetsi kuvanhu zvinova zvichasanganisa vakazvimirira voga vanoda kubika magetsi kuitira kuti vakwanisewo kuita mabasa aya. Hurongwa uhwu huchabata kushandiswa kwezvivakwa pamwechete, kupiwa kwemarezinesi, kuchengetedzwa kwevatengi vemagetsi nezvimwevo zvichafambirana nevakatarwa pakubikwa nekuendesa magetsi kuvanhu.

Zvirongwa zvinokosha pabudiriro yehupfumi

- 178 Zvirongwa zvichakosheswa pakubudirira kwechinangwa chebudiriro yakakura mune zveupfumi pasi peNDSI zvinosanganisira:
- Kuunza kugadzikana mune zveupfumi;
 - Kusimudzira kugadzirwa nekukwanisa kugadzirwa kwezvinhu; uye
 - Kuvandudzwa kwekuiswa kwemari mumbabhizimusi



Kutsiga kwehupfumi hwenyika

179 Kugadzikana mune zveupfumi kwakakosha zvikuru kubudiriro isingagumi uye inobata munhu wese. Izvi zvinobatsira pakuchengetedza mari kubva kune zvinogona kushanduka mune zveupfumi uye zvikwereti zvakakaura. Kugadzikana kwakauya mushure menguva yakareba yekusamira zvakana muchipimo chekutengeserana mari uye kushaya simba kwemarizvakakonzerwa hurongwa hwehupfumi hwanga husina kumira zvakana mukuti nyika ive nemari yayo uye kushomeka kwemari muhomwe yenyika.

Hurongwa hweMari

Ongororo yemamiriro ezvinhu

180 Kudzoswa kwehurongwa hwemari yenyika kubudikidza nekubvisa kushandiswa kwemari yekuAmerica kwakatorera hurumende mari yakati kuti. Izvi zvakawedzerwa nekunonoka kwakaitwa pakufambisa mberi hurongwa hwezvemari, kupikisana nehurongwa hwemari hwakatarwa, kukura kwehomwe yemari yenyika uye kusatevedzera mitemo mukutenga nekutengeserana.

181 Kushaya simba kwemari yemunyika kwakawedzera kubva panhamba imwe kubva muzana kusvika pa837.5 kubva muzana muna Chikunguru wa2020 ukuwo mari yemunyika yakadonha kubva pakuva yakaenzana uremu (US\$1:ZWL\$1) muna 2018 kusvika pa(US\$1:ZWL81) muna Gunyana 2020. Homwe yaparutivi yakakura kubva pamadhora3.25 bhiriya yemari yemunyika muna Zvita 2018 kusvika pamadhora16.66 bhiriya pakupera kwaChikunguru wegore ra2020 isati yadzika kuenda pamadhora14 bhiriya pakupera kwaChikunguru wa2020.

182 Zvisinei, pava nehumbowo hwehuchenjeri mukuteedza gwara rakatarwa reupfumi uye kugadzikana mune zveupfumi zvichitevera kufambiswa mberi kwematanho emashandisirwo ehomwe yaparutivi uye kuunza kugadzikana mune chipimo chekutengeserana mari.

183 Nokudaro chipimo chekutengeserana mari pamusika mutema chadzika kubva pa300% kuenda pasi pe10% muna Gumiguru uye kushaya simba



kwemari kwepamwedzi kwe1.3% ne4.3% munaGumiguru wa2020.

Zvinobuda muHurongwa hweMari yeNyika


184 Chirongwa che*NDS1* chine chinangwa chekubatanidza zvakawanikwa mukudzosa panzvimbo hurongwa hwehupfumi hwenyika nezvinobuda pamari yakavandudzwa uye kuvapo kwemitengo yakadzikama. Izvi zvichabudirira kubudikidza nezvinangwa zvinotevera:

- Kuvandudza simba remari kusvika padanho redhijiti rimwe (kubva 3% kusvika 7%) panosvika 2025 zvichienderana nezvinangwa zveSADC pane zvemari;
- Kuunganidza mari inoita kuti nyika igone kuramama nezvinhu zvemunyika kubva pasina kutenga kunze;
- Kudzikama kwehuremu pakutengeswa kwemari;
- Kufambirana kuvandudzika mune zvemari kusvika padanho rinofambirana nekudzikama kwesimba remari;
- Kushandiswa kwakawedzerwa kwemari yemunyika semari inoshanda munyika panosvika 2025;
- Kudzikama mune zvemari.

185 Mufananidzo 7 uri pazasi unotaura napapfupi mapazi matatu ari muhurongwa hwe*NDS1*.



Mufanidzo 7: Chimiro chehurongwa hwakakosha hweRBZ



Mazano eHurongwa hweKufambiswa kweMari

186 Munguva yekushanda kweNDS1, RBZ ichanangana nekuona kuti mitengo nezvemari zvagadzikana izvo zvakakoshera kuronga kune pundutso nekuchengetedza simba remari yenyika. Kugadzikana kwemitengo kune chekuita nezvekushaya simba kwemari yemuno uye chipimo chekuyera mukutengeserana mari. Bhanga guru renyika richashandisa zano rine mapazi matatu anosanganisa kuunza kugadzikana mune zvemari, kutungamira hurongwa hwekuwaniswa kwemari uye kuunza kugadzikana mubazi remari. Zano iri richabatsira kuti pave nekugadzikana kwemitengo chinova chinangwa chikuru chehurongwa hwezvemari yenyika.

Kugadzikana kweChipimo cheKuchinjaniswa kwemari

187 Bhanga guru renyika richavandudza nekusimbaradza kushanda kwakanaka kwehurongwa hweRBZ hwekupa chipimo chemari munyika (*foreign exchange auction system*) hwakaparurwa munaChikumi wegore ra2020 zvichibva pane zvakanaka zvaonekwa pahurongwa uhwu. Hurongwa uhwu hwakavandudza jekerere mukutungamira mabasa ezvekutengeserana mari kuitira kuti chipimo chekutengeserana nacho mari yemuno nedzimwe ive

nehwaro hunosundirwa mberi nezvinoitik amumisika yekutengeserana. RBz ichakoshesa kuumba homwe inoubwa kubva mumabhizimusi ari kunze kuitira raramo yehurongwa uhwu.

Hutungamiri Mukuwaniswa kweMari

- 188 Munguva yekushanda kwe*NDS1* bhanga guru renyika richanangana nekuona kuti zvipimo zvekuvandudzika kwekuwaniswa kwemari kunofambirana nezvakatarwa neboka renyika dzechamhembe kweAfrica (*SADC*) mukuwaniswa kwemari zvekuti zvine kubva 3% kusvika 7%. Izvi zvichabudirira nekufambira mberi kwehurongwa hwemari sezvakatarwa, izvo zvabatsira pakumisikidza chipimo chekutengeserana mari uye zvine chekuita nezvinotarisirwa munyaya dzesimba remari.

Kufambisa Hurongwa Hwemari neZvese Zvinounza Mari

- 189 Bazi rezvemari nebudiriro yeupfumi hwenyika pamwe neRBZ zvichaumba boka richapa mazano ane chekuita nekuwaniswa kwemari inobhadhariswa zvatengwa uye kuiswa muzvirongwa zvinounza budiriro kuitira kusimbaradza kufamba zvakanaka kwegwara rezvemari rakatarwa.
- 190 *NDS1* ichakoshesa kusandurwa kwemutemo we*Reserve Bank Act* kuitira kudzikisa huwandu hwemari inogona kukweretwa nehurumende kubva kuRBZ.
191. Kuvandudzwa kwemisika yemari kubudikidza nekuzvombo zvakasiyanaiyana zvinobudisa pundutso pakasiyana kuitira kuunza kusununguka kwevanoisa mari mumabhizimusi uye kusimudzira kutengeserana pakati pemabhanga uye nzira dzekuona kuti zvikwereti zvakabhadharwa.
192. kudyidzanisa matanho pakati peRBZ neTreasury zvichabatsira kugadzirisa kusagadzikana kunoitwa nevamwe munezvemari uye hunhubu muhurongwa hwekubhadara hunosanganisa kutumirwa kwemari nemasasai edzifoni izvo zvakashandiswa senzira dzekufambisa mari zvisiri pamutemo.



Zvirongwa zveGwara rezveMashandisirwo eMari

193. Zvirongwa zvinonyanyokosha mugwara remashandisirwo emari munguva ye*NDS1* zvinosanganisira;

- Kudzikama kwezvemari uye zveMITENGO;
- Hutungamiri mune zvechipimo chezvekutengeserana mari;
- Hutungamiri mune zvekuwaniswa kwemari yekubhadharisa zvatengwa uye kushandisa mari mune zvirongwa;
- Kukura kwehomwe yemari inobhengiwa kunze ; uye
- Kuongororwa kwehwaro hweupfumi takatarisana nezvemitemo uye hutungamiri mune zvemari.

Kudzikama mune zveMari

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

194. Mafambisirwo emabasa mune zveMabhanga nezvemari yakaonekwa iri pakati nepakati kusvika musi wa 30 Chikumi 2020. Kusvika musi wa30 Chikumi 2020 mamiriro ehupfumi zvichienderana nemapazi hwaiva pa\$ZWL\$20.99 bhiri yoni zvichireva kuti kwakavandudzika ne180.99% kubva pa\$ZWL\$7.47 billion kusvika pana 31 Zvita 2019.

195. Bazi rezvemabhanga nemari rinoumbwa nemabhanga gumi nepfumbamwe uye makumi matanhatu kubva muzana ari mabhanga madiki ane mari shoma isingagoni kuvandudzu mapurojekiti makuru.

196. Chibereko chikuru kubva mubazi rezvemari munguva ye*NDS1* kuvandudza kugadzikana mune zvemari. Izvi zvinobudirira nezvinotevera:

- Kuwedzera mari yekufambisa basa remuabhanga kusvika paUS\$30 million;
- Kuderedza njodzi maringe nekutadza kuzadzikisa zvinangwa zvebhizimusi muchikamu cheMicrofinance kubva pa12,7% muna 2020 kusvika 5% panosvika 2025;ne



- Kuti zvikwereti zvisina zvazvinonyanyounza munyika zvirambe zviri pasi pe5%.

Mazano ekuunza kugadzikana mune zvemari

197. Bazi rezvemari rinokosha zvikuru mukusimudzira zveupfui zvisingagumi kubudikidza nekuunganidza mari, kuiswa kwemari mumapazi akanangana nekuunza budiro munyika, kudzivirira njodzi mune zvemari, kuwaniswa kwezvinodiwa pamabasa (*resources*) uye kutakurwa kwezvibereko zvemumabasa. Kuiswa kwemari muchirongwa cheNDS1 kune chinangwa chekuvandudza kushanda nemazvo kwechikamu chezvemari.
198. NDS 1 ichawana mazano akangwara okuongorora mafambiro ebasa uyewo kufambisa mberi basa kwekuti kuve nekutevedzera zvinodiwa mune zvemari, kuona kuti mari inodiwa yavika padanho rinodiwa, kushanda kwe*Basel 111 Accord* nekushanda kwe *Collateral Registry* munyika kuitira kuvandudzwa kugadzikana mune zvemari.
199. Pachaavazve nekuongororwa kwehurongwa hwemaitirwo emabasa kuitira kugadzirisa zvine chekuita nekugadzirisa uye kuranga, kusununguka mukuita zvemabhizimusi, kushandurwa kweumuridzi uye kutengwa kwezvinhu zvikuru.
200. Hurongwa hweNDS1 huchakoshesa kuumbwa kwehwaro hwe*National Switch* kuitira kuti pave nehurongwa hwekubhadhara hunotendera kudyidzana munyika uye husinganetsi.
201. Chimwe chichasimbirirwa kusimudzira nekufambisa mberi hurongwa hune chekuita nemari uhwo hwakanangana nekuvandudza, kudyidzana mune zvemari uye kutsigira budiro yakavandudzika kuitira kuunza gwara rakajeka mune zvemari.

Zvirongwa zveKutsigisa Kugadzikana muBazi rezveMari

- 202 Zvirongwa zvichakosheswa mukuvandudza kugadzikana mune zveupfumi pasi pe *NDS 1* hunosanganuisira;



- kuongorora hwaro hwezvemitemo nekuona kuti mabasa ezvemari aitwa zviri pamutemo nguva nenguva;
- Kuteverera mune zvinoitika mubazi remari
- kuvandudzwa kwebazi rezvemari.

Zvikamu zveKunze

203. Pane kuwedzera kwezvinotengeswa kunze kubva muna 2018. Zvinotengeswa kunze zvakawedzera kubva pa20.3% yeGDP muna 2017 zvisati zvadzika kusvika pa27.2% muna 2020. Kuwedzera uko kunokonzerwa nekuti nyika inotengeswa zvinhu zvakaita sefodya negoridhe zvinova zvinokanganiswa nemitengo pepasi rese inongoshanduka.

204 Zvinotengwa kubva kunze zvakaderera zvikuru muna 2019 na2020 ne-32.1% ne-10.5% saizvozvo nekuda kwekuderera kwekudiwa kwezvinhuizvi uye kushanda kwemitemo munyaya idzi. Kuderera kwekudiwa kwezvinhu izvi kwakakonzerwa nekuderera kwekudiwa kwezvekudya zvinobva kunze.

205 Nokudaro homwe yemari yenyika iri kuita zviri nani kutosvika pakuva nemari yakasara mukutanga kwa2019.

206 Kuwana mari yekunze kuri kuramba kwakatsikirirwa nemuono wekuti nyika ine matambudziko makuru uye nharaunda isina kunakira vanoda kuunza mari dzavo kubva kunze vachiita zvamabhizimusi. Nyika iri kurarama nezvikwereti zvinodhura uye kushandisa zvicherwa kana zvimwevo sezvibatiso. Mari iri kunze kwenyika ishoma zvikuru.

Zvibereko zveMapazi eKunze

207 Munguva ye*NDSI* chinangwa chinenge chiri chekuona kuti mari inenge iripo inochengetedza zveupfumi kubva kune zvinogona kukanganisa kufamba zvakanaka kwezveupfumi. Zvinangwa zvinosanganisira:-

- Kugara nekarendi akaundi bharanzi isingadariki -3% ye*GDP* zvinova zvinofambirana nezvakatarwa ne*SADC*; uye



- Kuwedzera mari yekunze kusvika pakugona kudzizivirira vanhu kubva mukutenga zvinhu kunze kwenguva inodarika mwedzi mitanhatu

Mazano eKudzikamisa zvine chekuita neTsigiso yeZvikamu zveKunze

208. Mazano akasiyana-siyana ekusimbisa zvemari kunze uye kuvandudza mazano ekubvisa zvekurarama nekutenga zvinhu kunze achakosheswa kunyanya apo nyika iine zvikwanisiro zvisina dzimwe nyika kuitira kusimbaradza kugadzikana mune zveupfumi.
209. *NDSI* ichananganawo nekusimudzira zvigadzirwa zvingatengeswa kunze uye kuvandudza misika inotengeserwa zvinhu. Izvi zvichafambirana nekusimbaradza kushambadzirwa kwezvinotengeswa, nharaurirano dzakanangana nekuwana mikana yekukwanisa kutengeswa zviro mumisika nekuvandudza kuwaniswa kwezvikwanisiro kumasangano akaita se*ZimTrade, Zimbabwe Tourism Authority, Competition and Tariffs Commission*, masangano ane chekuita nezviga zvitardza zvinotarisirwa uye *Zimbabwe International Trade Fair Company*.
210. Kune zvizetsero zvinoita kuti nyika ive nemikana yakakura munezvekutengeserana munguva ye*NDSI*. Munguva yechirongwa ichi hurumende ichasimudzira nekuvandudza kuvapo kwenharaunda yakanakira kuitwa kwemabhizimusi kuitira kuvandudzika mune zveabhizimusi.
211. Takatarisa kuwanda kwezvinotengeseka kunze zvakananda wanda, *NDSI* ichasimbaradza kuvandudzwa kwehukoshi uye kuwedzerwa kwehukoshi hwezvinotengeswa. Izvi zvinobudirira nekusimbisa matanho ehukoshi hwezvicherwa uye zvekurima, kuongorora mitemo iri munzvimbo uye kuwanisa zvinoita kuti hurongwa hwe*NDSI* hubudirire.
212. Takanangana nekudzivirira kukura kwekutenga zvinhu kunze uye kuti mari yekunze inowanikwa yachengetedzwa, nyika ichakoshesa kubviswa kwezvinotengwa kubva kunze kubudikidza nekuva nematanho ehukoshi munyika uye kusandurwa kwezviga maringe nemari inobhadharwa panobudiswa kana kupinzwa zvinhu munyika kuitira kupinza zvinhu zvinokosha munyika. Zvimwevo zvakanakosha kusimudzirwa kwechirongwa che*Buy Zimbabwe* uye kuvandudza kurimwa kwezvinhu zvakaaita



sechibage, gorosi uye nyemba dzeSoya.

213. Kufambiswa mberi kwezvekutengeserana ndechimwe chezvinokoshera nyika pahurongwa hwayo hwekutenga nekutengeserana. Munaizvozvi hurumende ichafambisa mberi kuunzwa kweshanduko yekufambisa zviri nyore mabasa ekutenga nekutengeserana, kubvisa kunonotswa nekusimudzira mabasa ane chekuita nemari inowanikwa kuburikidza nekupinzwa kwezvinhu munyika.

Zvirongwa Zvakanangana neZvikamu zveKunze kweNyika

214. Zvirongwa zvinokosha kuitira kuongorora zviri maringe nekubhadharana pakati penyika dzakasiyana zvinosanganisira;

- Kuvandudza zvekutengesera nyika dzekunze ;
- Kurega zvekutenga kunze nyika ichivandudza zvekuzvigadzirira zvinhu zvayo;
- Kuvandudza zvekuisa mari mumabhizimusi; ne
- Kukurudzira zvekutengeserana.

Hurongwa hwezveMari

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

215. Muna 2018, nyika yakaparura zviga zvekuti vemabhizimusi vatevedzere izvo zvakaita kuti mari yakashandiswa idonhe kusvika pa13.9% yeGDP muna2019 kubva pa30.8% yeGDP muna 2017 uye kusara kwakaita mari apo Zimbabwe yakava nemari yakasara muhomwe mayo (*surplus*).


216. Dambudziko rekuunzwa pamwechete kunosanganisira kudzika kwemari yemuhoro izvo zvakaita kuti mari dzevashandi dzichiderera simba kubva pa14% yeGDP muna 2017 kusvika 3.8% yeGDP.



Mamiriro eZvinhu maringe neMari

217. Kugadzikana mune zveupfumi kuri kusangana nezvimhingamupinyi zvinosanganisira kushomeka kwemari inounganidzika kubva pa18% yeGDP muna2015 kusvika pa14.2% muna2019. Izvi zvinokonzerwa nekuvandudzika mune zvemabasa ari kunze kwezvatarwa nehurumende, kukura nehukoshi hwezvinokwezva vanhu mune zvemari, kutemwa kwemari iri pasi peinofanira kutemwa uye kurasikirwa nezvinokosha kubidididza nekuburitswa kwezvicherwa zvisiri pamutemo, kureva nhema pamusoro pemari inenge yaunganidzwa kunyanya zviru maringe nemari yekuAmerica uye huori. Mufananidzo 8 uri pazasi unoratidza chimiro chezveupfumi kubva 2015 kusvika 2020.

Mufanidzo 8: Mamiriro maringe nezveupfumi: 2012-2020



Jerero: Bazi reZvemari neBudiro yeZveupfumi 2020

218. Zvimwe zvinodzokisira pasi kugadzikana mune zveupfumi zvinosanganisira kukura kwehuwandu hwemari inodiwa zvichitevera kuparara kwemihoro chaiyo. Kukanganisika kwemihoro yavanhu takatarisa magiredhi nezvikamu zvevashandi ndizvo zvimwe zvinokanganisa kugadzikana mune zvemari.

219. Chimiro chehurongwa hwemari yenyika hwainge hwakanangana nekudya kwete kuvandudza hupfumi kuti husimukire. Izvi zvakawedzerwazve nechirwere chinokonzerwa neorona icho chakakanganisa kufambira mberi nekukasika kwezvimwe zvirongwa. Kushaiwa simba kwemari yemuno

nekukwira kwemhimo yekutengeserana mari yemunyika nedzimwe kwakakonzera kushandura shandura zvibvumirano. Zvimwe zvakakonzeresa kutadza kupedza zvirongwa ngechekuti hurumende yaiva nezvikwereti.

220. Zvimwe zvimhingamupinyi zvekudzikama kwezvemari zvinokonzerwa nekuti mamwe mapazi ehurumende anonunurwa nemari inobva kuhurumende apo mazhinji acho achiitirwa izvi ari kunze kwebhajeti. Hurongwa husina kurongerwa uhwu hwawedzera chikwereti chehurumende ne11.5% yeGDP muna2019.

221. Matambudziko anokanganisa zvemari anosanganisira kushomeka kwemvura uye madutumupengo izvi zviru kuwedzera.

Zvibereko zveHurongwa hweMari

222. Kubudikidza nematambudziko akaita semadutamupengo, chirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona nekushomeka kwemvura, chinangwa muNDS1 chichange chiri chekuunza kugadzikana muhupfumi nekuona kuti homwe yenyika yanangana nehurongwa hwebudiriro. NDS1 ine muono wekungwarira mune zvemari uye yakamisikidzwa mune zvinotevera:-

- Kugara nehomwe yemari iri pamusoro pe3% yeGDP zvinova zvinofambirana nezvinodiwa neboka neSADC;
- Kuwedzera zvisoma kwe hurongwa hwemari hune chekuita nebudiriro kubva pa3.8% kusvika 6% yeGDP panosvika 2025;
- Kuderedza homwe yemari yakanangana nekubhadhara vashandi kubva pa47% muna 2020 kusvika 40% muna2025; ne
- Kurega kuunganidza zvikweti zvekunze.

Mazano eHurongwa hwezveMari

223. Kugadzikana kune zveitemo yemari kwakakosha pakuunza kugadzikana mune zvemari zvemunyika yose. MuNDS1 zano guru rezveitemo ine



chekuita nehupfumi nezvese zvine chekuita nemari kuona kuti paita kugadzikana mune zvemari uye kuona kuti pane nharaunda yakafaranuka yekuita mabhizimusi zvinova zvinovandudza upfumi. Zvichaitwa zvinosanganisira:-

Mazano eKuunganidza Mari

224. Takanangana nekuvandudza kuunganidzwa kwemari, zvinotevera zvichatevedzwa:-

Kuongororwa kwemitero uye zvine chekuita nezvemitero zvekukwezva vanhu zvakanangana nemapazi akasiyana siyana.

225. Hurumende ichaenderera mberi nekuita ongororo pakati pemitengo yekuita zvinhu nezvibereko zvinobudamo (*cost benefit analysis*) kuitira kubatsira kunzwisisa nekuziva zvingaitwa.

Kuvandudza munowanikwa mitero

226. Mabhizimisi madoko uye vanoita mabhizimusi vasingatevedzeri zvakatarwa nehurumende nderimwe bazi rinogona kuwanikwa mitero.

227. Mukuzama kuwana mari iyi *ZIMRA* ichaumba bazi rakanangana nekuona kuti mitero inobhadharwa nevari mumabhizimusi aya inofambirana nemabasa avo. Izvi zvichabudikidza nekudzidziswa kwevanobhadhara mitero iyi.

228. Bazi rehurumende rinoona nezve kutongwa kwematunhu richashandnda nebazi rinoona nezve madzimai kuitira kuti vaone nzvimbo dzichashandirwa uye kuti nzvimbo idzodzo dzigosimudzirwa.

Kusimudzirwa kweOngororo yeVanobhadhara Mitero Mikuru



229. Kunze kwemitero inobva kumabhizimusi madiki, *ZIMRA* ichasimbaradza kutevererwa kwemitero kune vanobhadhara mitero mikuru. Takanangana naizvozvo kuchakosheswa kuti nzira dze*ZIMRA* dzekuwana mitero dzipinzwe mumashandiro emabasa muzvikamu zvakaita sekutongwa kwematunhu, mahofisi ezvitupa makambabi ezvemari, *National Payment System, NSSA, ZIMDEF, SDF, Deeds Office uye Registrar* wemakambani. Pamusoro pezvo Hurumende ichakoshesa kusimbaradzwa kwezvirongwa zvekuunganidza mari kuburikidza nokusimudzira basa iri kuchishandiswa michina kuitira kuderedza kurasika kwemari inounganidzwa.

Kuwaniswa kweZvikwanisiro zveZvirongwa zveMitero neHutungamiri mukubatwa kweMitero

230 Zvinowaniswa nehurumende zviri pasi pemari yakashandiswa pakuzvigadzira hazvighoni kuenderera mberi. Nokudaro mitero inotarwa nehurumende ichatarwa paine nguva uye ichaongororwa kuitira kusimbaradza kufambiswa kwebasa zvinofambirana nemari yashandiswa.

Kuongororwa neKuvandudzwa kweMari dzinobhadharwa kuHurumende kuitira Kudzosera Mari Yakashandiswa

231 Hurumende yakavandudza hurongwa hwekutsigira zvirongwa zvekurima, kutakurwa kwezvinhu, zvekudya, kuchengeta varombo munharaunda zvicharangarirwa pakuparura hurongwa.

Mazano anokosha Mukutungamira Kushandiswa kweMari

232 Mazano anotevera anokosha muku tungamirirwa kwemashandisirwo emari kune huchenjeri.

Kuongororwa kwekushandiswa kwemari neveruzhinji

233 Mashandisirwo emari neveruzhinji pamakore mazhinji apfuura anga



akarerekera mumashandisirwo emari anongodzokorora p a s i n a kunyanya kunangana mune izvo zvinokanganisa budiro mune zveupfumi. Munguva yeNDSI mari ichashandiswa yakanangana yakanangana nebudiroro kuitira kukwezva kukwezva zvikamu zvakazvimirira kusimudzira budiro mune zveupfumi. (Zviga zvePIMG zvichafambiswa) Chikamu che 4% (GDP) chichasimudzira zvebudiro. Pakusimbaradza kushanda kwakanaka mumabasa ebudiro, zviga zve Public Investment Management Guidelines (PIMG) zvichatevedzwa.

Ongororo yeHurongwa hwekuiswa kweChikamu cheMari muHurongwa hweMari hune Mutsigo uye hwakanangana neZvikamu Zvakatarwa

- 234 Hurumende yakavandudza hurongwa hwekutsigisa zvekurima uye kuchengetedza varombo munharaunda, kuvandudza gadziriro yenyika kuzviwiravanhu.

Gadziriro pane zvingangoitika

- 235 Zviwiravanhu zvakaita kuti pave nekushandiswa kwemari isina kurongerwa izvozvo yakanyanya zvinova zvakananganisa kugadzikana mune zvevari. NDSI ichakoshesa kuiswa kwemari munyaya dzekugadzirira matambudziko anowira vanhu (*Disaster Risk Management*) akasiyana-siyana kuitira kuvandudza kugadzirira kwenyika kuzviwiravanhu.

Kutevedzera zvakatarwa muhurongwa hwemari

- 236 Kutungamirwa kwekushandiswa kwemari yeveruzhinji kunoda kuti pave nezvirango zvinoita kuti pave nekutevedza zvakatarwa muhurongwa hwemari. Zvichakadarwo, zviga zvinoita kuti hukoshi hwemari huchengetedzwe zvinosanganisira, kutevedzwa kwezvakatarwa mumutemo wekushandiswa kwemari yeruzhinji (PFM) *nePublic Procurement and Disposal of Public Assets Act* zvichasimbaradzwa. Kusiyana kwemitengo hakufaniri kudarika 5%.

Kuongorora nekushandura zvebihoro yavanhu



237 Kubudirira kwe*NDS1* kunofambirana nekuvepo kwevashandi vanoshanda vachifara vachida kuita mabasa avo mune vanoita mabasa everuzhinji. Kuongororwa nekusandurwa kwemihoro kuchakosheswa zvikuru kuitira kuti mari dzinotambirwa neveruzhinji dzisvike padanho rakanaka. Hurongwa hwemihoro huchaparurwa. Kuvepo kwezvibereko mumabasa everuzhinji kuchasimbaradzwa nekushandiswa kwepfungwa yekuongorora mashandiro avanhu.

Kuongororwa kwemashandiro evashandi kuzere

238 Kushandisa mari inoenderana neiripo kunokosha pakutungamira zvirongwa zvekushandiswa kwemari. Zvisinei, mamwe mapazi ari ehurumende anoshandisa mari zviru kunze kwezvatarwa. Munguva yehurongwa hwe*NDS1*, hurumende ichafambisa mberi hurongwa hwekushandiswa zvizere mumapurovhinzi namatunhu ese. Kutaurirana pakati pema*PFMS* ne*RBZ* kuchavandudzwa nechimbichimbi.

239 Hurumende ichaona kuti kutungamirwa kwemari dzeveruzhinji (*PFMS*) kwashandiswa kupa zvirango kune avo vanozama kunzvenga.

Kukurumidza Kuvandudza Makambani neMapazi anoshanda akazvimirira asi ari Pasi peHurumende

240 Mumakore apfuura makambani ehurumende akakanganisa kufamba zvakanaka kwezeupfumi. Mitengo yezvinhu zvinogadzirwa nemakambani aya iri pasi pemitengo inenge iri mumisika yezvinhu zvinova zvinoita kuti makambani aya asashanda zvakanaka. Hurumende hainawo kunyatsotora chidanho chayo chekuva nemasheya mumakambani aya.

241 Munguva ye*NDS1* hurumende ichaita tsvakurudzo nechinangwa chekubuda nemodhero inobatsira pakuvepo kwekujeka pakuva nemasheya, kuita zvinhu nemazvo uye pajekerere, nemitengo inokwikwidza nezvimwevo.

242 Hurumende ichakurumidza kufambisa mberi hurongwa hwekusandura makambani ehurumende takatarisa zvekutonga, kuparadza kana kutengesa, mitengo yakanaka, kuti makambani aya azvimirire, kupatsanura,



kutengesa kana kubatanidza makambani aya nemapazi ehurumende agara aripo.

Kufambiswa hurongwa hwekushandura zvemapenjeni

- 243 Parizvino hurumende iri kufambisa mberi chironywa chekuti munhu anobhadhara mutero kwenguva yaanenge ari pabasa chinova chine matambudziko acho. Kuitira matambudziko ari muchironywa ichochi urumende ichafambisa mberi nyaya yekubva pachironywa che *Pay as you go* kuenda kune chinenge chichitsigirwa nemari.

Kuvandudzwa kwejekerere mune zvemari

- 244 Jekerere mune zvemari kunopa mashoko pakati pevatungamiri, paramendi nevanhu zvinova zvinovandudza chivimbo. Tisina kungonangana chete nezvataurwa pamusoro hurumende inoona kuti zveupfumi zvinogona kuvandudzika.
- 245 Panyaya iyi hurumende ichakoshesa kuvapo kwehurongwa, kushambadzwa kwemashoko anoita nezvehupfumi hwemari uye kunyorwa pasi kwehurongwa hwezviitiko mukshandisa mari.
- 246 Munguva ye *NDSI* hurumende ichasimbaradza nyaya yekushambadza mashoko ane chekuita nezveupfumi uye kutevedza zvatarwa nebumbiro remitemo zvinoenderana nekushandiswa kwemari yeruzhinji, kudyidzana pakati pemapazi ehurumende uye kupa zvirango kune vanotadza kupa mashoko ezvemashandisiro avanenge vaita mari.
- 247 Zvimwe zvichakosheswa kupa mazuva anofanira kuturwa mashoko ezvemari uye kutsikisa mashoko ezvemari.

Hurongwa hwekuderredza Zvikwereti Zvehurumende

248. Chikwereti chenyika pakupera kwa2019 chaiwa paZWL\$143 billion inova 80.8% yeGDP zvinova zvisingafambirani nemutemo wezvezvikwereti



zvenyika uyo wakatarwa pa70%. Pachikwereti ichi chikwereti chemunyika kusanganisira ZAMCO chaisvika paZW\$ 11 bhiriyoni. Chikwereti chekunze (PPG) chaiva paUS\$8.09 bhiriyoni uye makumi manomwe kubva muzana musariridzwa wechikereti

249. Chinonyanyoshatisa chikwereti ichi kuungana kwemisariridzwa iri kunze. Kune dambudziko rekuti makambani mazvinji ari pasi peHurumende ari kukumbira zvikwereti.

Zvinobuda mukugadzirisa nyaya yezvikwereti zvehurumende

250. Kugadzirisa zvikwereti zvehurumende chinhu chakakosha zvikuru kuitira kuunganidza mari inodiwa uye kuona kuti mari inounganidzwa inobatsira kwenguva yakareba. Mu*NDS1* PDM ichasimbirira zvinotevera:-
- Kuchengetedza chikwereti kuti chive pasi peGDP (pasi pe70% panosvika 2025);ne
 - Kurega zvekukwereta mari kubva kuRBZ

Nzira dzekugadzirisa zvikwereti

251. Zimbabwe iri muchikwereti chakakura uye zvikwereti zviripo hazvigoni kuramba zvakadaro. Kugadzirisa nyaya yezvikwereti nevanokweretesa kwakakosha pakuparura dzimwe nzira dzekukwereta izvo zvakakosha mumuono weVision 2030. Kubhadharwa kwezvikwereti zvekunze kuchaitwa zvichienderana nekutaurirana nyika dzekunze kuti pave neukama hwakanaka.
- 252 Kugadzirisa zvikwereti zvitsva kunoda muono mumwechete unofambirana nemutemo *wePublic Debt Management Act* uyo unoti chikwereti hachigoni kudarika 70 % yeGDP. Mu*NDS1* kugadzirisa kwechikwereti kuchafambirana ne*Medium Term Debt Strategy2* and *Debt Sustainability Analysis indicators.3* Hurongwa hwekugadzirisa chikwereti huchaona kuti pane kuzvipira kwenguva refu uye kunangana nekubhadhara zvikwereti pamwe nekuderredza mari inoshandiswa.



- Chinangwa *cheMedium Term Debt Strategy* kuumba nekusimbaradza zvikwanisiro zvekuita hurongwa hwekubhadhra zvikwereti
- Debt Sustainability Analysis-kuona kuti nyika dzine zvikwereti dzinoramba dzihitevedza gwara rebudiriro.

Zano rekubhadhara chikwereti ichi richatenderavo kuti vane makambani akazvimiririra vagoisa mari munyaya iyi uye kuti hurongwa ihwohwo hugare kwenguva yakareba.

Kuti pave nejekerere chirongwa ichi chichasungira kuti pave nemashoko anopiwa maringe nezvikwereti izvi kubudikidza nezvinyorwa.

254 Kuenderera mberi kwemusika wemari munyika (*Auction Based Treasury Bill*) kunoenderana nezviratidzo zvemari kunyanya kuderera kwesimba remari uye musika uyu uchange wakazembera pahurongwa hwegore. Hurumende iri kukwereta zvenguva pfupi zvinova zvinodhura.

255 *NDS1* ichanangana nekupa chengetedzo yenguva iri pakati nepakati kusvika yakareba uye kupinda mumusika *weBonds on the Securities Market*.

256 Izvi zvinoderedza mari ingabuda pakutora chikwereti nekugadzira mikana kune zvmagariro nezvimwe mune zvemari nezvese zvinounza mari. Hurumende inoramba yakazvipira kutaurirana nevanoita zvemari (IFIs).

Kutungamira zviru maringe neRubatsiro rwakanangana neBudiriro

257 Vanoita mabasa ebudiriro vanobatsirana nehurumende mubasa rebudiriro zvinova zvinokosha zvikuru. Munguva yadarika rubetsero urwu rwanga rwuchipiwa pasina kunyatsorongeka nekuda k w e k u s h a i k w a kwematanho muHurumende.

Zvinobuda mukufambisa Hurongwa hweBudiriro

258 Kuburikidza ne*NDS1* hurumende ichaona kuti pane zvakanaka kufambiswa kwebasa rebudiriro. Zvinotarisirwa kuti rubatsiro mune zvebudiriro



ruchawedzera kubva pamadhora ekuAmerica 500 miriyoni kusvika 1 bhiriyani yekuAmerica panosvika 2025.

Mazano eKuvandudza Kufambiswa kweBasa reBudiriro

- 259 Hurumende ichafambisa mberi kurongwa kwekufambiswa zvakanaka kwemabasa ezvebudiriro pachitevedzwa *Development Cooperation Policy and Procedures Manual*. *Development Cooperation Policy and Procedures Manual* inoita nezvekuunganidza, kufambisa hurongwa, kuteverera nekuongorora kuitira kufambisa hurongwa *hweDevelopment Cooperation Policy*.
- 260 Hurumende ichafambisa mberi hurongwa hwekuti vane unyanzvi mumapazi ezveupfumi akasiyana-siyana vataurirane nevanopa mari mumabasa aya.
- 261 Chimwe chichakosheswa kugadzira inonzi *Aid Information Management System* ichabetsera kuti zvichaitwa mune zvekupiwa rubatsiro zvive zvinoitwa pajekerere uye kushandiswa nemazvo.

Budiriro inobata vakasiyana-siyana

- 262 Nyangwe zvazvo nyika yakawana kuvandudzika mune zveupfumi, izvi hazvisati zvaunza zvbereko maringe nekuwanikwa kwemabasa. Izvi zvinobatsira kuti pasave neanosara zvinova zvinofambirana nemuono wa2030.

Basa rine mutsigo

Ongororo yemamiriro ezvinhu

- 263 Hwaro hwenyika hwekuwanisa mabasa ane mutsigo huri kudzikira. Kubva gore ra2013 kugadzirwa kwemabasa munyika hakuna kumira zvakanaka.
- 264 Pavanhu 2.9 miriyoni vaishanda muna 2019, 930 000 vaishanda zvakatarwa nehurumende, 975 000 vaiita mabasa asiri pamutemo ukuwo 990 000



vaishandira misha. Kubva pane vanhu vainge vari pabasa , 552 000 (19%) vaive nedambudziko guru uye vazhinji vaiva pakati pemakore makumi maviri nemakumi mana. Izvi zvinotaridza kusamira zvakanaka munyaya dzemabasa

265 Nyaya dzemabasa dzakakanganiswa zvikuru nechirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona. Matanho ekudzivirira kupararira kwechirwere ichi kwakakonzerwa kushaikwa kwemabasa nekuderera kwevanhu vaikwanisa kuenda kumabasa uye 92% yemakambani akaderedza maawa aishandwa pavhiki tichienzanisa nenga aripo apo chirwere chakanga chisati chauya, ukuwo 22% yakaderedza vashandi vasiri vemaricho.

Zvinobuda muMabasa ane Mutsigo

266 *ILO* inotsanangura basa rine mutsigo sebasa rine pundutso revarume nevakadzi munharaunda dzine rusununguko, mikana yakaenzana, kuchengetedzeka uye kuremekedzekkaa. Iri ibasa rinopa mikana yemushando inounza pundutso uye muhoro wakanaka. *NDSI* yakanangana nezvinotevera:

- Kuwedzera vashandi vari pamutemo (*formal employment*) kubva pa24% muna 2020 kusvika 30% muna2025;
- Kuderedza chipimo chekushanda kubva pa19% kuenda pa14% panosvika 2025; ne
- Kuwedzera chikamu chevashandi vari mumabasa emaoko vanenge vari pasi pe*Occupational Safety and Health Services* kubva pa 0% kuenda pa20% panosvika gore ra2025.

Mazano ekusimudzira Mabasa ane Mutsigo

267 Kuwanikwa kwemabasa anoremekedzeka kuchamisikidzwa nekusimbaradza mbambo ina dzebasa iri pasi pe*Decent Work Country Programme*;

- Kusimudzira mabasa nekuwanikwa kwemikana yekuita mari
- Kuchengetedzeka;



- Kutaurirana; ne
 - Zvinotarisirwa.
- 268 Hurumende ichakoshesa kuumbwa nekushandiswa kwechirongwa chekusandura mabasa kubva kune zviru kuitwa kunze kwemutemo kunoita zviru pamutemo.
269. Kutaurirana kunofambisa mberu kubatana uye kuva nemuono mumwe senyika. Nekudaro, hurumende ichakoshesa kusimbisa mapazi ane chekuita nekugarisana kwevanhu kuitira kugadzirisa chimiro chenyika kubva pakuba nyika ine huori nekusavimbika . Hurumende ichaona k u t i *Tripartite Negotiating Forum* yashanda zvakanwana.
270. Kufambiswa kwebasa takanangana nekuenda kwevashandi kune dzimwe nyika kana nzvimbo kwakakoshera kusimudzirwa kwekuvapo kwevashandi vanogona kuita mabasa. Izvi zvinoreva kuti avo vanosarudza kunoshandira kunze vanoenda vachigona kunoshanda zvakanaka. Munguva ye*NDS1* kuchagadzirwa zviga zvino batabata kuenda kwevashandi kunze kwenyika. Zvibvumirano pakati penyika ino nedzimwe zvichanyoreranwa pasi kuitira kuti vashande zviru pamutemo mune dzimwe nyika. Zvichakadaro mazano ekuchengetedza vashandi achavandudzwa uye kuripwa kwevanhu vakamboshandira Wenera kuchaita semuenzaniso.
271. Mukuedza kufambirana nematanho ekufambirana kwemaitirwo ebasa munyika panyaya yevashandi, kuchava nechirongwa che*electronic case management* kuitira kuti zvifambirane nezviru kuitika pasi rese.
272. Sangano rinoona nezvekufambirana nezvipimo zvebasu (*Labour Inspectorate System*) richasimbiswa kuitira kusimudzira kuchengetedzwa kwekodzero uye kusimudzirwa kwenharaunda dzekushandira dzakanaka. Mitemo yezvemashandiro ichaongororwa nekusandurwa zvichifambirana neshanduko mune zvekushanda nekushandirwa.
273. Munguva ye*NDS1* zvekuchengetedzeka nehutano uye kudzidziswa kwakanangana nebasu rinoitwa kuchavandudzwa kusvika kune vanoita mabasa emaoko nevanoshandira hurumende.
274. Takanangana nekusimbaradza mikana mune zvemabasa, munguva ye*NDS1* hurongwa hwemabasa huchavandudzwa kunyanyatakatarisa zvakanabuda



mu*Employment Diagnostics Survey*.

275. Takanangana nekusandura zvinhu mune zvemari uye kutendera kuti mabhizimusi akazvimirira asimuke, kuchavakwa nzvimbo dzinorukwa mazano ezvemabhizimusi nekugadzirwa kwezvinhu, mabasa eruzhinji uye kuvandudza humhizha uye kusimbaradza kufambisirwa pamwe zvemabasa akasiyanasiyana.
276. Kuchagadzirwazve *Labour Market Information System* kuitira kuti pane nekuchengetwa kwemashoko ane chekuita nemikana mumabasa.

Hurongwa hweBasa rine Mutsigo

277 Zvirongwa pasi pebasa rine mutsigo zvinosanganisira;

- Kusimudzira mabasa ane mutsigo;
- Kuti mabasa asiri pamutemo ave pamutemo;
- Kusimudzirwa kwemaruva; ne
- Hurongwa hwekufambisa zvinhu nenzira yakarurama



CHIKAMU 4

KUWANIKWA KWEZVOKUDYA ZVINOVAKA MUVIRI KWAKAKWANA

Nhanganyaya


278. Komiti inoona nezvekuwaniswa kwezvokudya kwakakwana kusangano repasi rose (*United Nations*) rinotsanangura kuwanikwa kwezvokudya zvakakwana sekuwanisa zvikafu zvinovaka muviri zvinofarirwa nevanhu, nguva dzose, izvo zvinoita kuti vagare vakasimba.
279. Kuwanikwa kwechikafu chine utano uye chinoumba muviri kwakakosha mukurarama nekugarisika kwevanhu. Kuva nechikafu chakakwana kunounza budiriro mune zveupfumi uye kugadzirwa kwemabasa.

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

280. Bandiko rine chekuita nezvekurima riri iro zvekare rine chekuita nekuunza chikafu kuvanhu vanosvika 67% kumaruwa, rakakosha munyaya dzekudzoreredza nekuvandudza upfumi hwenyika.
281. Kushaikwa kwezvokudya kwakakwana idambudziko raramba rasimbirira muZimbabwe muchinguva chidiki chadarika. Kubva munguva ya2015 kusvika 2020, kusaringana kwevanhu nechikafu kuri pakati pe30% ne59%. Kumataundi, mwero wekusaringana uyu huri pa30% kana kuti mamiriyoni 2.2.
282. Uwandu hwevanonyanyoshaiwa chikafu kumaruwa nekumaguta hwakawedzera kubva pa500 000 muna2015 kusvika pa17 miriyoni. Mupikicha uripasi unoratidza kusagadzikana mune zvechikafu munguva 2009 kusvika 2019 panguva yaNdira naKurume, inova onotsviriridza nzara



Chitarwa 9: Chimiro chezveKusagadzikana muKuwanikwa kweChikafu



Jerero: ZimVac

283. Honzeri dzekusagadzikana mune zvechikafu munyika dzinosanganisira, zvine chekuita nezvekunze, unyanzvi hwakaderera mune zvekurima, kumirira mvura yemudenga chete mukurima, kushaiswa mikana pamisika yekutenga nekutengeserana, kushomeka kwemikana yezvemari,

Kurimwa kweMbeu dzeChikafu


284. Kwemakore ane chitsama apfuura, goho rembeu dzechikafu nedzinounza mari mumapurazi akasiyana-siyana yakaderera. *Mametirikitanzi* anosvika 1.2 ndiwo aibuda pahekita panguva ya1990 kusvika 1995. Pakazobudawo mametirikitanzi 0.749 panguva yepakati pa2010 na2016.

285. Nekudaro hurongwa hwenyika hwekupa chikafu chizhinji chinokwanirana neuwandu hwevanhu hwakaderera. Mukaha uyu urikuzadziswa nechikafu chinotengwa chichibva kunyika dzekunze izvo zvakonzera kuti chikwama chenyika chakanangana nemari yekunze chiserere.

Chitarwa chiri pasi chinoratidza chimiro chegoho rembeu dzechikafu nezvinodiwa



Chitarwa 10: Chiratidzo chechimiro chegoho rembeu dzechikafu nezvinodiwa



Jerero : Second Round Crop and Livestock Reports (2000-2020) and ZIMVAC Reports (2002 to 2019)

Kuchengetwa kweZvipfuyo

286. Danga rezvipfuyo rakadzikira munyika, mombe dzenyama dzakadzikira nezvikamu 20%, dzemukaka dzakadzikira nezvikamu zvinokwana 83%, nguruve dzakadzikira ne26% uyewo zvipfuyo zvidiki zvinodzeya zvakadzikira ne25% panguva ya2009 kusvika 2020.

287. Kuchengetwa kwemombe kwaramba kwakadzikira zvekuti mhuru dzaizvarwa dzaisvika 65% dzikaderera kusvika 45%,uyewo hurongwa wekuyarutsa hwakasimukira ne6% kunyangwe hwaikurudzirwa kuve 20%.

288. Panguva ino, bazi rezvekurima rakanangana nematambudziko anotevera:-

- Kusawaniswa mari yakakwana;
- Kukweretesa nekuwaniswa mari yenguva pfupi (kuganurirwa pakati nepakati kusvika nguva refu);
- Kudhura kwezvishandiswa;



- Kudhura kwenzira dzekuita mabhizimusi;
- Kudhurirwa nekufambisa zvirongwa;
- Kuwedzeredzwa kwemitengo;
- Kutenga zvinoshandiswa zvisoma nekuda kwekukwira kwezvinhu;
- Kusanyatsonaya kwemvura;
- Kushaikwa kwehurongwa hunounza upfumi mune zvekurima;
- Kushomeka kwezvinodiwa pamadiridziro nenzvimbo dzemvura maringe nemadiridziro ne;
- Kurasikirwa negoho.

Kuwana Zvokudya

289. Huwandu hwevanhu vari mumaguta, mapoka evasina zvikwanisiro, kushaikwa kwezvokudya zvakakwana kumaruwa kunozoyamurwa nekambani yehurumende ine chekuita nekuchengeta nekutengesa mbesa dzechikafu (*GMB*).
290. Kambani yehurumende ine chekuita nekuchengeta nekutengesa mbesa dzechikafu, yakatsigirwa nemitemo yekutenga nekutengesa mbeu inosangana nemakwikwi kubva mune vezvikamu zvakazvimirira, sevagaisi. Izvi zvinokonzerwa nekusasimudzirwa kwezvivakwa nezvitsigiro zvinofambiswa kutengeserana kwakanaka, kunozoita kuti varimi vasawana mari yakanaka inoenderana nezvirimwa zvavo.

Zvinobuda muKuwana kweZvokudya

291. Hurongwa hweNDSI hunovavarira kuvandudza kuwanikwa kwezvekudya uyewo kuti nyika idzoreredze chinzvimbo chayo chekuriritira dunhu rekuchamhembe. Chinangwa chikuru kuvandudza chipimo chiripo kubva pa45% kusvika pa100%. Chipimo chekusunza uye kusava nekudya kwakakwana kunotarisirwa kudzika kubva ku59% mugore ra2020 kusvika



kwave pasi pe10% mugore ra2025.

292. Rimwe donzvo nderekuvandudza goho rechibage kubva pamatani 907 629 mugore ra2020 kusvika matani mamiriyoni matatu mugore ra2025. Kupfuyiwa kwenyama yemombe kunotarisirwa kusimuka kubva mumatani 49115 muna2020 kusvika matani 11 000 muna 2025.

293. Munguva yehurongwa hwe*NDS1* kuchengetedzwa kwechikafu chenyika kuchange kwakatsamira pazvibereko zvenyika zvinoti :-

- Kuwedzera kuzviriritira mune zvekudya;
- Kuderedza hutera hwechikafu senyika; ne
- Kuwedzera mari

Nzira huru dzeKuvandudza Kuwanikwa Kwechikafu

294. Kuti nyika ikwanise kusvika padanho rekuzviriritira munyaya dzechikafu, nzira dzinotevera dzinotarisirwa kubatsiridza:

Kusimudzira Kutirira mune zveKurima

295. Hurongwa hwekuvandudza goho mune zvekurima hwakatsamira pabudiriro dzekurima dzisingaperi. *NDS1* ichinyanyosimbirira pakuvandudza kutirira kwezvemagariro neupfumi, kunova kuchazotsigirwa nedzidzo pamwechete netsvakurudzo.

296. Mune zvekurima, dzidzo netsvakurudzo kuburikidza nemushandirapamwe zvakakosha takanangana nekutirira mune zvezvikafu. Zvirongwa zvinotevera zvichabetseredza kusimudzira kutirira mune zvekurima:-

Zvirimwa

- Kusimudzira nekufambisa madiridziro nekuvandudza kushandiswa kwemadhamu nenzvimbo dzose dzine mvura;



- Kurima nenzira dzechizvino zvino kuburikidza nehunyanzvi hwezviringwa zvepfumvudza;
- Kusimudzira kunyatsoshandiswa kwemvura pachishandiswa michina yechizvino zvino yakaita seye *Precision Agriculture*;
- Kuuchika mbesa dzinotirira uye dzinopa goho guru;
- Kusimudzira mbesa dzaimborimwa pasichigare munzvimbo dzisinganyatsonaya mvura znanakana;
- Kuvandudza zvekurima kunounza mari zvakatungamirirwa nemari uye hurumende ichipa zvibatiso;
- Kufambisa hurongwa hwekuwedzera;
- Kufambiswa kwechirongwa chemutungamiriri wenyika nechePfumvudza chekupa zvekurimisa uyewo kuchengetedza unyoro nekuchera makomba pamwe nekufukidzira mbesa kuti dzisatizwa neunyoro;
- Kuchengetedza kukorera kwevhu kuburikidza nekuisa *laimu* nemufudze;
- Kuvandudza nzira dzakasiyanasiyana dzinoita kuti goho riwedzere uyewo kurima dzimwewo mbesa dzakaita semagwiri;
- Kupa zvikwanisiro kumabasa ehudhumeni;
- Kuchimbizisa hurongwa hwekuunza midziyo ine chekuita nezvekurima kubva kune dzimwe nyika;
- Kuparura chikamu chakazvimirira uye zvirongwa zvekutengeserana hwakaita se *Hub and Spoke Model for small holder farmer*.

Zvezvipfuyo

297. Kupfuyiwa kwezvifuyo kune basa guru mune zvekugarisana, zvetsika nehupfumi muZimbabwe. *NDSI* ichakoshesawo hutano hwezvifuyo nekuvandudzawo uwandu hwazvo kuburikidza nekupa varimi ruzivo



nehunyanzvi mukuchengeta zvipfuyo. Izvi zvichaendeka kuburikidza nematanho anotevera:-

- Kukwidziridza mabasa ekuchekera zvipfuyo chikafu uyewo kuvandudza mafuro;
- Kukwidziridza hurongwa hwekupa zvipfuyo zvikafu mumatanga pachishandiswa mufarinya nenyemba;
- Kusimbiswa zvirongwa zvemadhibhi nekuzora zvipfuyo girizi rinodondenhedza zvidari nezvikwekwe nechinangwa chekuderedza zvirwere zvezvipfuyo;
- Kukoshesa tsvakurudzo nemalaboritari mukupa ruzivo rwezvirwere zvinobata zvipfuyo.
- Kusimbisa tsvakurudzo nekufambiswa kwezvirongwa zvinorwisa nhunzi ye *Tsetse Fly*;
- Kuparura musika wekutenga nekutengeserana zvipfuyo zvidiki (mbudzi, hwai nenguruve) pachishandiswa *Hub and Spoke Model*;
- Kusimbaradza chirongwa chemutambidzwana wemombe dzemukaka nezvipfuyo zvidiki;
- Kuwedzera nzvimbo dzinomwira zvipfuyo mvura;
- Kuparura chirongwa chemabhuru, hurongwa hwekuberekesa zvipfuyo hwechizvino zvino, nekumisikidza ma*laboritari* anovandudza mbeu dzemabhuru kuvarimi veminda midiki;
- Kufambisa zvirongwa zvinounza shanduko mune zvekurima kuburikidza nekumisa kurima nebatsiro yemabhanga akazvimirira;
- Kuchengeta nekutengesera zvipfuyo zvidiki zvinosanganisira hove, tsuro, nyuchi;
- Kuparura chirongwa chekuvandudza zivo yamadhumeni nembesa uyewo kuva nevarimi vakuru munyika pamwe nekutengesera kunze;
- Kubatanidza hurongwa hwekubhadharisa mari mune zvekuchengetwa kwezvipfuyo;



- Kumutsidziridza kambani yezvenyama yemombe;
- Kugadzira mishonga yezvipfuyo nezvese zvakakosha, munyika muno;
- Kuparura hurongwa hunoratidza mashoko akakosha uye kwatangira zvirwere zvezvipfuyo nekwasvabva; ne
- Kuvandudza zivo nekupa zvikwanisiro kumadhumeni.

Kurima Michero, Miriwo neMaruva

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

298. Chirongwa chechimbichimbi chekugarisa vanhu patsva chisati chatanga, kurimwa kwemichero, miriwo namaruva kwaitwa nevarimi vakuru, avo vaine vakazvipira zvikuru mukuisa hupfumi hwavo hunounza budiro neunyanzvi, zvishandiswa mumadiriidziro, kusimudzira zvekutengeserana nekutengesera kunze.
299. Chirongwa chechimbichimbi chekugarisa vanhu pasi chakapatsanura chikaderedza kurimwa kwemichero, miriwo namaruva. Izvi zvakakanganisa rubetsero rwezvemari, mabhanga, vatengi uyewo hunyanzvi hwevashandi hwakaderera. Misika yekuchengetera pamwe nekutengesera michero, miriwo namaruva mhiri kwemakungwa yakakanganisika.
- 300 Izvi zvakakanganisa goho rezvirimwa izvi sezvo zvirimwa zvaiendeswa kunze hwakadzikira kubva mu*mamiriyoni* 143 emari yekuAmerica kusvika pamamiriyoni makumi mana.

Mazano makuru eKuvandudza chikamu cheMichero, Miriwo neMaruva

301. Muhurongwa hwe*NDSI* hurumende ichanyanyokoshesa kufambiswa kwechikamu chekushandura mashandiro ezvekurima michero, miriwo namaruva (*HRGP*). Hurongwa uhu huchange hwakazambira pabandiko rakazvimirira rega mune zveupfumi uye chirongwa chemutungamiriri wenyika chine zvekuita nezvekurimwa kwamaruva
302. Munguva iyi, chinangwa chichange chiri pane zvekupinza mari munyika



uyewo budiriro munezvekurima. Kubatanidzwa kwegoho kubva kumatunhu akasiyana-siyana kuchatevedzwa uyewo pachava nekuvandudzwa kwema*indasitiri* pakananganwa nekuvandudza ukoshi hwezvirimwa nemichero.

303. Pamusoro peizvi, mazano anotevera achakosheswa muhurongwa hwe*NDSI* nechinangwa chekusimudzira kurimwa kwezvemichero, maruva nemiriwo:-

- Kuvandudza kuchengetedzwa kwezvekushandiswa kwevhu kwakanangana nekukwezva varimi vanounza budiriro munyika;
- Kuparura hwaro hwemitemo hwakanagana nekurimwa zvemichero, maruva nemiriwo;
- Kuvandudza maitiro akareruka ekufambisa mabhizimusi;
- Kusimudzira nekuchengetedza rupawo rweZimbabwe maringe nezvekurima michero, maruva nemiriwo;
- Kusimudzira ukoshi hwezvirimwa zvemichero, maruva nemiriwo zvinoendeswa kunze senzira yekuvandudza ukoshi hunounza mari yakawanda yekunze;
- Kusiyanisa zvirimwa uyewo kurimwa kwemichero inosanganisira *mabhuluberi, razibheri* nenzungu *dzekadamiya* idzo dzinonyanyodiwa kunze.
- Kuisa pamutemo musika wekutengesa zvirimwa zvemichero, maruva nemiriwo mumaguta makuru akaita seHarare neBulawayo, sematengeserwo anoitwa Joni.

Kuwedzera Mikana yeKuwaniswa Kwemari Yakaderera munezveKurima

304. Kuwaniswa mari ine chekuita nebudiriro munezvekurima pamwe nekusimbisa kuwanikwa kwechikafu kuburikidza nekusiyanisa mbesa dzezvirimwa nemhando dzezvipfuyo nekutengawo zvinoshandiswa pakurima kwakakosha mukuvandudza homwe dzemari yezvekurima inozobetsera pakukweretesa varimi vadiki.



305. Matanho anotevera achatorwa mukuedza kuwanisa mari yakachipa mune zvekurima:-

- Kuparura homwe yemari yevarimi inokweretesa mari kuvarimi;
- Kusimudzira zvekurima zvinoenderana nezvemamiriro ekunze uyewo mainishuwarenze evarimi vadiki;
- Kusimbisa hukama hwekushandidzana nehurumende nevakazvimirira;
- Kufambisa hurongwa hwemari hunobatsira veruzhinji;
- Ongororo yezvibvumirano zvekurima kuti zvikwanise kuenderana nezvisungo nekubhadharwa kwemari; ne
- Kuparura hurongwa hunosimbaradza nekusimudzira zvezvibvumirano zvinoona nezvezvirimwa nezvipfuyo.

Kumisikidzwa kweLand Bank

306. Hurumende yakatanga hurongwa hwekushandura bhanga re*Agribank* kuti rive rinova *Land Bank*. Hurumende yakapa zuva ra31 Kurume 2021 kuti hurongwa uhwu hunge hwaitika.

307. Bhanga re*Land Bank* richange richiona nezvemari kuvarimi vemhando dzose, A1 neA2. Izvi zvichasimudzira kudzoreredzwa kwegoho mune zvekurima.

308. Hurumende ichapa mari kubhanga re*Land Bank* kuti rikwanise kuunza budiro mune zvekurima. Bhanga iri richapa mari yenguva pfupi, pakati nepakati nenguva refu, yakanangana nebudiro yemadiridziro nezvivakwa zvinopa punduso mune zvekurima.

Kusimudzirwa kwezivo yezvekurima, michina yechizvino zvino neumhizha hwezvekurima

309. Zivo yezvekurima, michina yechizvino zvino neumhizha hwezvekurima hwakakwana, hwakakosha pakuvandudza zvine chekuita nekurima sezvo



mazuvano kune kushanduka kukuru pane zvemamiriro ekunze.

310. Hurongwa hwe *NDSI* huchaona kuti nzira dzinorerutsa kurima dzashandiswa. Kufambisa kwehurongwa hwezvibetsero zveumhizha hweturima (*AKIS*) huchasimbiswa kuburikidza nenzira dzinotevera:-

- Kudyidzanisa varimi, vetsvakurudzo nedzidzo yezvekurima;
- Kusimbisa tsvakurudzo mune zvekurima;
- Kudzidzisa varimi kuti vanyatsoshandisa michina yechizvino zvino noumhizha;
- Kupa zvikwanisiro kumadhumeni,
- Kusimudzira hurongwa mune zveupfumi zvichibatsiridzwa nemichina yechizvino zvino;
- Kupa dzidzo yemazuvano kuburikidzwa nekunzwa pamwe nekuita mumakoreji ezvekurima pamwe nemapoka anounza budiriro.
- kupa zvikwanisiro kuma *koreji* ezvekurima nemadhomeni nekushandiswa kwenzira dzechizvino zvino dzekurima.
- Kuuchika mbesa itsva, kugadzira midziyo yekurimisa nemichina yechizvino zvino;
- Tsvakurudzo yekutoredzera mbesa dzakavandudzwa;
- Tsvakurudzo yakanangana nebudiriro nekusiyanisa zvikafu zvinosanganisira mufarinya nembambaira;
- Kuvandudza tsvakurudzo, budiriro neumhizha hwekuwedzeredza mbesa;
- Kusimudzira udhumeni nenzira dzechizvino zvino pakananganwa nematunhu ose ane nzvimbo dzinorimika;
- Kuparura kufambiswa kwemashoko ezvekurima akanyanyonanganana nezvipfuyo, zvirimwa nezvinosahndiswa mumabasa ekurima.



Injiniyaringi neBudiriro yezvivakwa Mukurima

311. Hurongwa hweNDSI hunosimudzira zvekushandisa mune zvekurima, zvemapurazi, zvemadiridziro, zvemadhamu, kuti zviwedzeredze zvbereko kuburikidza nenzira dzinotevera:-

- Kusimbaradza kuvakwa kwemadiridziro asingaperi anozobatsira kuvandudza kushanda kwevarimi.
- Kusimudzira umhizha nekushandiswa kwechizvino zvino mune zvekurima, kushandiswa kwemichina yechizvino zvino mukupa mazano, kuvandudza zvemadiridziro, kusanganisa mafetiraiza mumadiridziro nekushandisa magirinihauzi, masaisai anomhan'ara zviri kuitika panguva yakapiwa huchavandudzwa.
- Kuparura hurongwa hwekudiridzira ivhu kuti zvizibetseredze kushandiswa kwemadhamu nenzvimbo dzese dzine ivhu rinodiridzirika; ne
- kusimudzira kugadzirwa kwezvekurimisa uyewo kuparura hurongwa hwekugadzirisa zvekurimisa zvinenge zvafa.

Kusimbisa Misika yeZvekurima uyewo Kusimudzira Zvitsva

312. Kuvandudza zvinotarisiwa kuti zviбудirire mune zvekutengesa nekutengeserana zvichasimbaradza misika yekutengeserana yagara iripo uyewo imwe mitsva. Izvi zvichatsigirwa nekuvamba hurongwa hwekupa varimi tsamba dzinoratidza goho ravo pamwechete nekuchinjaniwa kwezvirimwa mumatura enyika.

Kuwaniswa Ivhu nekuve neZvibatiso zveKurima

313. Kuve nezvibatiso zvepekurima uyewo hutungamiri mukurima zvakanakosha mukuvandudza chikamu chezvekurima. Izvi zvichaderedza kugara kusiri pamutemo, kutema masango, kukukurwa kwevhu, kupedza kunetsana panyaya dzemiganhu yemapurazi, kushandiswa kwevhu mune zvekurima, zvemasango, zveushanyi, kuvaka mumadhorobha.



314. Hurongwa hweNDSI hucharovedzera nzira dzinotevera:-

- Kusimudzira hurongwa hutsva hunoyananisa mitemo yagara iripo;
- Kushandura bhanga reAgribank kuti rive *Land Bank izvo zvinozoita* kuti pakwanise kubuda zviyatiso zvepekurima zvinova zvinobatsira kuvandudza ukoshi hwevhu;
- kugadzira hwaro hwemitemo inogadzirisa makakatanwa nekushandisa pamwe zvivakwa nezvishandiso panzvimbo.
- Kusimbaradza kushanda pamwe kwemapazi ehurumende muhurongwa hwekugariswa patsva uye kuona kuti hurefu hunotarisirwa pamapurazi hwatevedzwa.
- Kusimbisa hurongwa hune chekuita nekufambisa zviyetsero nemashoko; ne
- Kuongorora nekugadzira miganhu.

Chibvumirano cheKuripa Vakatorerwa Minda Munyika

315. Hurumende yakasaina chibvumirano chekuripa vakatorerwa minda munyika, kusimbisa hukama hwekutaurirana nedzimwe nyika uye kumutsiridza upfumi hwenyika. Izvi zvinoratidza kuzvipira kwehurumende mukuchengetedza kodzero dzemidziyo idzo dzinodomwa kubva muzvikamu 72 ne295 dzeBumbeiro renyika yeZimbabwe.
316. Chibvumirano ichi chinotendera kubhadharwa kwezvivakwa nezvigadzirwa zvakaitwa pamapurazi akatorwa nehurumende panguva yechirongwa chekugarisa vanhu patsva zvechimbichimbi. Iri idanho guru mukudzoreredza chivimbo nekushanda pamwe chete kwevaimbove vana muzvinapurazi nehurumende
317. Izvi zvinotarisirwa kusimudzira kufambidzana nedzimwe nyika uyewo kukwezva avo vanoisa mari yebudiriro munyika muzvikamu zvinoti; zvekurima, zvezvicherwa, zvekushanya uye zvikamu zvinoitwa zvezvivakwa muupfumi hwenyika.



318. Sedanho rekudzorera chimiromo chenyyika, Hurumende, kuburikidza nebazi rezveivhu, zvekurima, mvura, nekugariswa kumaruwa riri kugadzirisa hurongwa hwekuti vaimbove nemapurazi vakwanise kushandisa nzvimbo idzi pasina zvibatiso.
319. Hurumende irikudzorera uridzi hwemapurazi ari pasi pezvibvumirano zvenyyika mbiri maringe nekusimudzira nekuchengeta upfumi (*BIPPA*) uyewo vagari vemuno munyyika muno vane mapurazi akatorwa neve *Land Commission* kuburikidza nemitemo ye *SI 62 ya 2020*. Hurumende inoenderera mberi nekuwanisa vaimbove vana muzvinapurazi mari yekuripa kurerutsa kwekutorerwa mapurazi pasi pechirongwa chekugrisa vanhu patsva. Kutsvakwa kwemari yekuripa vaimbove vana muzvinapurazi kuchazadzikiswa pasi pechirongwa che *Global Compensation Deed* sezvo hurumende ichiri kutsvaka mari iyi.

Kuvandudza Kuwanikwa kweZvikafu kuMisika

320. Kwemakore apfuura, hurumende yange ichitenga mbesa dzezvikafu nechinangwa chekuderredza kukwira kwechikafu munyyika sezvo inotengesera vanhu nemutengo wakaderera. Izvi zvakaunzawo matambudziko azvo sezvo paive nekutengesera nekutengeserana.
321. Zvakamboitikakwo mudunhu zvinoratidza kuti kuve nechikafu chakakwana senyyika kunotsigisa kukwira kwemitengo, kunyanya panguva dzenjodzi dzinenge dzisina kutarisirwa.
322. Hurongwa hwe *NDSI* hucharovedzera nzira dzinotevera dzekuvandudza kuwanikwa kwechikafu munyyika:-
- Kuchengetedza matura ane zvikafu zvakasiyana-siyana uye achishandisa nzira dzinonyatsoshanda mukunotorwa nekuunza munyyika;
 - Kukoshesa dura reparutivi;
 - Kuvandudza matanho anoderredza kurasikirwa negoho kana richinge rakohwewa;
 - Kuongorora mitemo yekutengeserana uye hurongwa hwemitengo yeupfu kuvagayisi;



- Kuparura misika yekutengeserana kumaruwa yakanangana nekuti varimi vaunze zvirimwa zvavo pakutengesha;
- Hurongwa hwekuzivisa mitengo mwaka usati watanga;
- Ongororo nekuparura zvipimo zvinotarisirwa pazvirimwa maringe nemisika yemunyika, mudunhu nepasi rose.
- Kuvandudza mitemo inotsigira kutengeswa nemitengo yezvekurima kuburikidza nenzira yekuendesha zvirimwa kumatura, vopiwa matsamba anotsigira uwandu neukoshi hwegoho.
- Kufambiswa kwemashoko ane chekuita nezvekurima munharaunda, munyika nemudunhu senzira yekuvandudza goho.
- Kuvamba zvirongwa zvinosimudzira hukama pakati pevarimi nemapoka ezvekurima;
- Kugadzirisa mutemo unovhurira musika wekutengesha nekutengeserana kwete kuti *GMB* ive iyo yoga inotenga kuvanhu; ne
- Kuongorora zvakare hurongwa hwe *SGR* maringe nezvipimo.

Kuvandudza Mashandiro neMashandisirwo muneZvekurima

323. Hurongwa hwe *NDS1* hunotaririra kuronga patsva nekuvandudza mapoka kuburikidza neongororo yekugadzirisa zvekurima:-

324. Zvichienderana nezvataurwa pamusoro, *NDS 1* ichanangana nezvinotevera:-

- Kushandura mapazi ehurumende kuti aenderane nekufambisa hurongwa;
- Kushanda kune kuzvimirira mune zvemari nezvigadzirwa kunova kuri kuitwa nehurumende panguva ino;
- Kusimbisa kushanda pamwe kwemapazi ari pasi pehurumende nevakazvimirira mune zvekurima pakananganwa nekuumba hwaro hwenhaurirano dzinovandudza budiriro mune zvekurima; ne



- Kumisa mapandiko ane chekuita nekugadzirisa mamiriro nemashandiro emakomiti.

Hurongwa neMabasa Madiki akanangana neKuwanikwa kweZvokudya

325. Hurongwa hweNDSI hunotarisirwa kufambisa hurongwa hunotevera mukukwidziridzwa kwezve:-

- Dzidzo yezvekurima;
- Tsvakurudzo noumhizha hwakangana nezvezvipfuyo uye michina yechizvino zvino;
- Kuvandudza hurongwa hwekukudza dzoro renyika nezvibetsero
- Kusimudzirwa kwezvivakwa nezvibetsereso zvemumapurazi;
- Kuvandudza huwandu hwezvipfuyo pamwe nekudzipa hutano ;
- Zvekurima, zvemari nemisika; ne
- Ivhu, kugariswa patsva nezvibatiso zvepekurima.

Kuvandudza Madiridziro nekuKohwa Mvura

326. Nyika yakanangana nekupamhidzira budiriro yemadiridziro nekukohwa mvura yemudenga inotarisirwa kudiridzira mahekita 35 000 panguva yehurongwa hweNDSI: Mamwe emadhamu akanangana nezvemadiridziro ndeanoti:

- Tokwe –Mukosi
- Gwayi-Shangaan;
- Marovanyati;
- Osborne; ne



- Zhove
327. Homwe yemadiridziro ichamutsiridzwa yovandudza midziyo ine chekuita nekudiridza nepombi.
328. Zvibhorani 35 000 zvichacherwa zvakanangana nemazano ekusimudzira upfumi kumaruwa panguva yehurongwa hwe *NDS1*.

Kuwanikwa kweZvokudya Zvinovaka Muviri

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

329. Nyika iri kuratidza kuzvipira mukuedza kugadzirisa kuwanikwa kwezvokudya zvinovaka muviri sezvo ine hurongwa nemazano ekuvandudza budiriro. Zvizhinji zvafamba zvakanaka mune zveupfumi hwenyika zvisinei neuwandu hwevanhu vasina zvakakwana.
330. Zvisinei, nyika ingori nedambudziko rezvekudya kunovaka muviri nekuti mwana umwe muvatatu haasi kuwana kudya kunovaka muviri nekuda kwemikaha inowanikwa muhurongwa hwezvekudya munyika.
331. Ruzhinji rwevagari vemumaruwa nemudhorobha vanodya zvidyiwa zvinoti *condiments*, muriwo, mafuta, tsigiri izvo zvaita kuti zekudya kunovaka muviri hushomeke.
332. Nyika iri kunetseka nezvekudya zvinovaka muviri:
- Kusakura mhumhu kwevana kuri pa26%;
 - Kushaikwa kwekudya kune *iron*, *anaemia* nekwashi; ne
 - Kushaikwa kwe *Vitamin A*, ne *Iodine* pamwe nekusimbisa.
333. Ongororo yenyika kuburikidza nezvipimo zvinoratidza kugara kwevanhu mumadhorobha kunoratidza kuti vana vekumaruwa havanyatsokura zvichienzaniswa nevekudhorobha.



Zvinobuda mukuwanikwa kweZvokudya Zvinovaka Muviri

334. Zvinotevera ndezvinobuda mukuwanikwa kwezvokudya zvinovaka muviri:

- Kuderedza chipimo cheuwandu padanho renyika, chevana vari pasi pemakore mashanu vasinganyatsokuri kubva muzvikamu 23.5% kusvika 17%;ne
- Kuderedza chipimo cheuwandu hwevakadzi vanoshaya *iron neanaemia* muvakadzi vane mazera ekuzvara kubva pa27% kusvika pa13% dzamara gore ra2025.

Mazano Makuru eZvekudya kune Utano

335. Hurongwa hweNDS1 huchavavarira matanho ane chekuita neutano hweruzhinji uyewo kuchionekwa kuti zvinokanganisa kusagadzikana mune zvekudya zvine utano zvagadziriswa.

336. Panguva yeNDS1 Hurumende ichasimudzira kudya kunovaka muviri kusina zvinodhaka uye kuchienderana nezera, kuve mukadzi kana murume, zvinoitwa mukurarama uye zvinofanirwa.

337. Pamusoro pezvo, Hurumende ichasimbiradza ruzivo rwekuwanikwa kwechikafu nehutano zvichisanganisa siyano mumbesa dzechikafu, michero, zvirimwa zvakaita semakerotsi uyewo miriwo yese inoruvara rweshizha. Izvi zvichasanganisira kusimudzirwa kwekuyamwisa vana uyewo kurima pakuru zvikafu zvinopa hutano.

338. Kusimudzira kuwanikwa nekuuchikwa kwechikafu senzira yekuvandudza ukoshi hweutano muchikafu kana mbesa dzakasiyana siyana muhurongwa hweNDS1.

339. *Komiti* ine chekuita nezvekuwanikwa kwechikafu padanho renyika ichasimbiradzwa kuti ivandudze nekufambisa mabasa ekuwanisa zvekudya zvakanakira vakasiyanasiyana



Hurongwa hweKuwanikwa KweZvikafu Zvinovaka Muviri

340. *NDS1* ichasimudzira zvirongwa zvezvokudya nezvokudya kuvandudza chimiro chezvekudya zvinopa utano:-

- Kudya kunovaka muviri kunosanganisira kwepasichigare;
- Kuvandudza zvikafu zvinopa utano;
- Rubatsiro runonangana nezvekudya kune utano;
- Zviwedzerwa zvezvokudya nezvinwiwa zvinopa utano;
- Kuwedzeredza hwaro hunovandudza kudya kunovaka muviri kwevechidiki;
- Kufambisa hurongwa hune zviga zvinoratidza kudya kunovaka muviri; ne
- Kurima nekudya mbesa dzechikafu dzakauchikwa dzichipa ukoshi mune zveutano.



CHIKAMU 5

KUSHADUKA KWECHIMIRO NEKUKOSHA KWEZVIWANIKWA KURI PAMATANHO AKASIYANA-SIYANA

Nhanganyaya

341. Donzvo rekuvandudzwa kwehupfumi husingazoperi ra2030 rinotaridza kukosha kwekushandura chimiro chezwiwanikwa. *SDG 8* yakanangana nekusimudzira kusimukira kohupfumi husingazoperi kuvanhu vose, kushanda kwakazara kune pundutso nemabasa ane mutsigo kuvanhu vose yakanangana nekubudirira kwemhando yepamusoro munyaya dzezvibereko zvehupfumi kupfurikidza nokuita mabasa akawanda akasiyana-siyana, kusimudzirwa kwetekinorochi nehunyazvi hwekugadzira zvinhu, takatarisana nezvikamu zvinowedzera kukosha kwezvinhu nekushandisa vanhu vakawanda. *NDS 1* iripo kushandura hupfumi hwenyika kupfuurikidza nekusimudza kukosha kuri pamatanho akasiyana-siyana nekushandisa kukosha uku zvine betsero kwavari.

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

342. Gore ra2000 risati rasvika, nyika yakakwanisa kuunza shanduko yakakosha muchimiro chehupfumi nokubvisa zwiwanikwa kubva kuzvikamu zvine zvibereko zviri pasi zvichiiswa kune izvo zvine zvibereko zvikuru nokugadzira mabasa. Mabasa epamusoro ku*GDP* nekumabasa kwakakwira mugore ra1990 kusvika pa25% ne16.5% saizvozvo zvichifananidzwa nechikamu chapasi chine 22% ne 32.6%.
343. Takatarisa makore gumi apfuura, kubva mugore ra2000 kusvika 2008 (2000 -2008), kusagadzikana mune zvehupfumi neraramo diki yekudzikamisa hupfumi panguva yokushanda kwedhora, hupfumi hwakadzokera shure muchimiro chahwo, maindusitiri achifa, hupfumi huchienda kune vasina makambani. Nharaunda yeupfumi isina kugadzikana munyika ine mari isina simba, kuzengezeka kwemari pamusika nokudhura kwekuita mabhizimusi,




zvakananganisa kukosha kwezviganzirwa zvepasi, kwepakati nekwe kumusoro kwakambenge kwakasimba. Chimwe chakakonjera kuwondomoka uku kwaiva kutenga zvakananyanya zvinhu zvisina kunyatsopera nezvakapera kugadzirwa kubva kunze, kunyanya panguva yaishanda dhora remuno kubva mugore ra2009 kusvika 2017.

344. Nokuda kwaizvozvo, kubereka kwemabasa epadanho repasi nerapakati kwakadonha takatarisana neGDP kubva pa22% ne25%, kusvika 17% ne 10.6% saizvozvo. Zvibereko zvemabasa ebetsero muhupenyu akakwirira kubva pa48% kusvika 66%, kunyanya kufambiswa kwezvinhu zvinotengwa kunze kwenyika.

345. Mufananidzo 11 uri pazasi unoratidza chimiro chokushanduko kwehupfumi kubva pakuwaniwa kwekuzvitonga kuzere mugore ra1980 kusvika 2020.

Mufananidzo 11: Chimiro chohupfumi: 1980-2020




Jerero: Bazi rezvemari nokuvandudzwa kohupfumi, 2020

346. Pamusoro pezvo, mutsindo wekuperarira kwechirwere chinokonzerwa neKorona kunewo chokuita neshanduko yechimiro chemabasa ehupfumi, zvimwe zvikamu zvakaita sehutano neICT, zvaibatsirika kupfurikidza nekukura uye kuiswa kwemari, nekune rumwe rutivi mabasa ekushanyirana, dzidzo, kugadzirwa kwezvinhu, zvemigodhi nezvezvifambiso hazvina kunge zvichiita zvakanaka. Mufananidzo 12 uri pasi unoratidza nhamo dzakaunzwa



neCOVID-19.


Mufananidzo 12: Zvakaunzwa neCOVID-19



Jerero: Bazi rezveMari neKuvandudzwa kweHupfumi, 2020.

347. Kufanana neGDP pakushanduka kwechimiyo, pakava neshanduko yakakura pazvinhongeredzwa zvemari yaibva mukutengesa zvinhu kunze kwenyika. Kusvika pana Gumiguru wegore ra2020, zvigadzirwa zvepasi, kunyanya zvicherwa, zvakava chikamu chakosha chezvinhu zvaitengeswa kunze sekutaridzwa kwazvakaitwa nomufananidzo 13 uri pazasi. Kunyanya kuvimba nezvigadzirwa zvepasi kwakaisa hupfumi pamisika yezvinhu yepasi rino zvinova zvakaoma.

Mufananidzo 13: Chimiwo chakaita zvinhu zvinotengeswa kunze mugore ra2020



348. Kudzikira kwemamiriro ehupfumi hakuna kungoita chete pamabasa ano choukita nezvehupfumi asi nomumabasa emuma *indasitiri*. Kugozha kwenharaunda yamashandire kwakaita kuti mamwe makambani avhare kana kuchinjira kuguta guru renyika. Izvi zvakaita kuti makambani mazhinji ave muHarare parizvino. Kusvika mugore ra2019, zvikamu 46% zvemari inobva kumaKambani ezvigadzirwa zvinobva muHarare.
349. Nokudaro, kwakaita kudzikira kwehuwandu hwema *Indasitiri* nokudzikira mune zvehupfumi mune mamwe maguta nemaruwa kunyange zviwanikwa zvinofambisa budiriro mumai *indasitiri* anogadzira zvinhu zvirimo.

Kushandura Hupfumi

350. Hwaro hwokushandura mamiriro ehupfumi ndiwo mwongo wokugadzira chimiro chegwara rebudiriro chemunhu wese zvinoita kuti vanhu vakawanda vabatsirike kubva kupundutso yakavandudzika pamhando yepamusoro. Panguva ye *NDS* 1 chinangwa chikuru kuita kuti zvehupfumi zvigadzikane nokugadzurudza kudzikira kwechimiro chehupfumi. Donzvo ndorokuvandudzwa zvinounzwa ku *GDP* nechikamu chepakati nepakati chema *Indasitiri* kubva pa10.6% mugore ra2020 kusvika pa2025 nezvinobuda panotengeswa zvigadzirwa zvavandudzwa hukoshi kune



dzimwe nyika zvinobva pa madhora eAmerica anosvika mamiriyoni 727.47 kusvika 1337.00 mugore ra2025.

351. Napakuru, chinhu chikuru chinobata shanduko yechimiro chehupfumi kuwedzera kukosha kwezvinobva muzvirimwa nezvicherwa. Panguva yeNDS 1, chinopihwa mukana mukuru kusimbisa matanho ehukoshi ezvigadzirwa zviripo parizvino muzvicherwa mukusimudzira kudyidzana kwevemabhizimisi madiki nemakuru. Chirongwa ichi chinokoshesa kudzosera ma*indasitiri* kumadhoroba madiki nemaruwa takatarisana nehwaro hwekupa masimba kumatunhu. Ma*indasitiri* anowedzera hukoshi hwezigadzirwa achaiswa kumatunhu makuru nemadiki kunova kune zviwanikwa.
352. Kubudirira kwekuwedzera hukoshi kuzvigadzirwa kunobva pakugadzikana kwenharaunda yehupfumi hwenyika ine chipimo chokuchinjaniswa kwemari chakadzikama, kudzikira kwesimba remari, kuvapo kwezvinobetsera kuvepo kwebudirio zvakaita sezvifambiso, simba remoto nokufambisa michina, mvura uye nharaunda yehurongwa hwemaitirwo ezvinhu inonzwisika zvichatevera mairi, isingashanduki-shanduki uye yakadzikama. Pamusoro pezvo, kuvapo kwechikamu chapasi chehupfumi kwakakosha.

Kuwedzera kukosha kwezigadzirwa

353. Panguva yeNDS1, chimwe chezvinhu zvinobudamo kuvandudza mashandiro echikamu chema*indasitiri* anogadzira zvinhu. NDS1 ichakoshesa kufambiswa kwehurongwa hunochokuita nenhanho dzehukoshi kwezigadzirwa kuri mazvikamu zvakasiyana-siyana zvinokurumidza kuhunza budiriro zvinova zvinotevera:
- Nhanho dzehukoshi mune zvokurima;
 - Nhano dzehukoshi mune zvokugadzirwa kwemishonga nehurapi;
 - Nhanho dzehukoshi mune zvokugadzirwa kwezvifambiso;
 - Nhanho dzehukoshi mune zvesimbi nekugadzirwa kwadzo; ne
 - Nhanho dzehukoshi mune zvepurasitiki akaraswa.



Kuvandudza nekusimbisa nhanho dzehukoshi mune zvekurima

354. Pane hukama hukuru pakati pekurima nezvimwe zvikamu zvehupfumi, zvinovandudza budiriro yehupfumi iri pakati pe1.5% kusvika 2.7%. Chikamu chezve kurima chinopinza zvinodihwa muchikamu chezvekugadzira zvinhu zvinodarika 60%. Panguva imwe chete iyoyo, chikamu chekugadzira zvinhu chinopawo zvinodikwa muchikamu chezvekurima zvakaita semaferaza, mishonga, michina nezvimwewo zvinodihwa mukurima. Kudyidzana uku padano renyika kwakashaiswa simba nokuti zvizhinji zvinodihwa muchikamu chekugadzirwa kwezvinhu zvobva kunze kwenyika. Nguva zhinji, nyika ine zvikwanisiro zviriri munhanho dzehukoshi mune zvekurima zvinoshandiswa mukugadzirwa kwezvinhu asi hazvishandiswi.

355. Kuti tisimbise nhanho dzehukoshi kubva mune zvokurima, zano nderekusimbisa kuva nezvikwanisiro zvinobva muzvirimwa. Takatarisa nhanho dzehukoshi dzakasiyana-siyana, chakakosha panguva yeNDS 1 kuvandudza zvinotevera:-

- Nhanho dzohukoshi dzenyemba
- Nhanho dzohukoshi dzefeteraza;
- Nhanho dzohukoshi dzedonje;
- Nhanho dzohukoshi dzenzimbe nemafuta anobva munzimbe. Iyi chiwanikwa chine nhanho dzohukoshi dzinoshandisika muzvinhu zvakwanda zvinoita kuti ive nezvakawanda zvainoita kuhupfumi;
- Nhanho dzohukoshi dzemukaka; ne
- Nhanho dzohukoshi dzematovo emhuka.

Kusimudzira nhanho dzehukoshi hwenyemba dzesoya

356. Nyemba chirimwa chakakosha chinoshandiswa pakawanda sechikafu, mari, kushandiswa muzvigadzirwa nekuvandudza ivhu. Nyika ine mhodzi dzenyemba dzinogaiwa kuita mafuta anohuwandu hwe 610 000 mt pagore, zvinova zvakawana kugadzira mafuta anokwana muZimbabwe. Zvisinei nokuti nyika inokwanisa kuva nenyemba dzinokwanisa kuita mafuta



anokwana nyika, pane kunyanyotsamhira panyemba dzinobva kunyika dzekunze nokuda kwekushaikwa kwenyemba kubva mukurima kunoitwa muZimbabwe.

Kusimudzira mashandiro enhanho dzohukoshi hwenyemba

357. Kusimudzira nhanho dzohukoshi hwenyemba kwakakosha muhwaro hwechikafu nekuchengetedza kudya kune hutano munyika, zvinitora nzvimbo yezvinotengwa kunze kwenyika nekugadzira mabasa. Takatarisana neizvi, donzvo reNDS 1 kusimbisa nhanho dzohukoshi nezvinoratidza kushanda zvichatevererwa:

- Kuwedzera nyemba kubva pa60 000mt muna 2020 kusvika 300 000mt muna 2025; ne
- Kuwedzera nyemba kubva pa60 000mt muna 2020 kusvika 300 000mt muna 2025.

Mazano okuvandudza mashandiro enhanho dzohukoshi hwenyemba

358. Kuti nyemba dzinoshandiswa pakusvinwa kwemafuta nekugadzira chikafu chemombe dziwedzere muZimbabwe, hurumende ichasimudzira kurimwa kwenyemba kupfurikidza nezvibvumirano zvekushandiswa kwenzvimbo dzokurima nemakambani akazvimiririra ega.

Nhanho dzehukoshi dzefeteraza

359. Nhanho dzohukoshi hwefeteraza yaiva yakasimba ichibudisa chicherwa chinonzi fosifeti, kugadzirwa kwefeteraza inoshandiswa muchikamu chezvekurima. *Indasitiri* yezvema fetereza inogona kugadzira mamiriyoni 1,5 ematani efeteraza yapasi pagore nematani 90000 efeteraza yapasi. Fetereza inodihwa munyika ndeye mametiriki 600 000 ine mametiriki 350000 efeteraza yapasi ne250000 iri yapasi.

360. Zvisinei nokuti munyika mune fosifeti yakawanda inoshandiswa pakugadzira



fetereza zvinoratidza kuti zvinogoneka uye kudihwa kwakanyanya kwefetereza, nhanho dzohukoshi dzadzikira nokuda kwekuti fetereza iri kugadzirirwa haienderani nezvikwanisiro zviripo, kusaitengwa zvakanyanya kwefetereza, kutengwa kwakanyanya kwefetereza kubva kunze, kushaikwa kwemari yekune dzimwe nyika, kushomeka kwemari yokugadzira mafetereza, kushandiswa kweruzivo nemichina yakare, kushaikwa kwemagetsi nezvimwewo zvakadaro.

361. Kugadzirwa kwefetereza kuri pamametiriki 80 000 asi inogadzirwa chiyo iri pama metiriki 60,000 zvoreva kuti kuti ikwane panoda mamwe mametiriki 20 000. Nyika inogona kugadzira fetereza yapasi inoita mametiriki 90 000 asi inogadzirwa chaiyo mametiriki 30 000 saka mametiriki asingashandiswi i60 000. Pamakore manomwe akapfuura, Zimbabwe yakashandisa mari inosvika mamiriyoni \$662 emadhora okuAmerica.
362. Nokudaro pane faniro yokusimudzira kugadzirwa kwefetereza muno munyika nekushandisa nhanho dzohukoshi dzacho nenzira dzinoenderana nezvatinoda isu kuita kuti tideredze mari inoshandiswa kutenga mafetereza kunze kwenyika, kuva nezvokudya zvakakwana nekugadzira mabasa. Hurumende, panguva yeNDS 1 ichatsigira kugadzirwa kwemafetereza munyika kubatsiridza kumutsiridzwa kwechikamu chezvekurima, kuchengetedza mari yekunze nekugadzirwa kwemabasa.

Kuvandudzwa kwemashandiro enhanho dzohukoshi hwefetereza

363. Chingangwa chikuru panhanho dzohukoshi hwefetereza kuumba kudyidzana kwevanochera *fosifeti*, vanogadzira mafetereza nekushandiswa kwawo muchikamu chekurima. Zvakananganwa nazvo ndozvintevera:-
 - Kuwedzera kugadzirwa kwefosifeti kubva pama metiriki 60 000 kusvika 100 000 panopera gore ra2025;
 - Kuwedzera kugadzirwa kwefetereza yepamusoro, mametiriki 30 000 kusvika 240 000 kusvika gore ra2025;
 - Kuderedza huwandu hwefetereza inotengwa kunze kwenyika ne22% kubva mametiriki 180000 kusvika 140 000 panopera gore ra2025;



- Kuderedza kutenga fetereza yepamusoro kubva kune dzimwe nyika kubva pama metiriki 220000 kusvika 11000 panosvika 2025; ne
- Kuwedzera kushandiswa kwefetereza inogadzirwa munyika muno muchikamu chezve kurima kubva pa30% kusvika 70% kusvika mugore ra2025.

Mazano okuvandudza nhanho dzohukoshi hwefetereza

364. Chinhu chakakosha pakugadzirwa kwefetereza yapasi chinocherwa kumugodhi weDorowa, saka pane mukana mukuru wokugadzira fetereza kuti nyika isatenga kunze, kana nhanho dzehukoshi dzikavandudzwa. Nomuono uyu, *NDS 1* ichakoshesa mazano anotevera kusimbisa nhanho dzohukoshi hwefosifeti nefetereza;

- Kupa mari kumakambani anogadzira mafetereza;
- Kutengwa kwefetereza nenguva kuitira zvirongwa zvehurumende nekukurumidza kubudisa nokupa mari kune vanogadzira fetereza, kunyanya mumwedzi mina yokutanga kwegore kuitira kuti vawane nguva yakawanda yokurima;
- Kuisa mari muhunyanzvi hwezvete kinoroji mumakambani anogadzira fetereza; ne
- Kusimudzira kushandiswa kwemafetereza emuno munyika kupfurikidza nokutenga mumakambani emuno.

Nhanho dzohukoshi hwedonje

365. Nhanho dzehukoshi hwedonje hunopa hukama pakati pehupfumi neraramo mukureba nemukufara nemakambani anogadzira nhumbi, zvipfeko, shinda, micheka, kugadzirwa kwemafuta nechikafu chezvipfuyo nemamwewo *maindasitiri*.

366. Zvisinei, nhanho dzohukoshi dzakakanganiswa nokusaishandiswa kwedonje munhanho dzohukoshi nokuda kwekushaikwa kwemichina, kushandiswa



kwehunyawzi hwetekinotoji hwakare nezvimwewo zvinogona kushandiswa zvinogona kutora chinzvimbo pamwe nekukwikwidzana nedonje zvakaita *sesynthetic fibre*. Pane musiyano mukuru pakati pekushandiswa kwedonje nevanorida nedonje rakavandudzwa hukoshi hwaro. Kushandiswa kwedonje munhanho dzohukoshi munyika dziri pamametiriki 9000 tichienzanisa ne75000 yedonje rose riri munyika, nokudaro musiyano wacho unotengeswa kunze kwenyika.

Kuvandudzwa kwenhanho dzohukoshi hwedonje

367. Kuti mashandisire enhanho dzohukoshi hwedonje huvandudzike, *NDS 1* ichakoshesa zvinotevera:-

- Kuwedzera kushandiswa kwedonje kubva pamametiriki 9000 kusvika 15 000 panosvika gore ra 2025;
- Kuwedzera kugadzirwa kweshinda kubva pamametiriki 6 750 kusvika pa 11 250 panosvika gore ra2025;ne
- Kuwedzera kugadzirwa kwemicheka kubva pa 30% muna 2020 kusvika 50% mugore ra2025.

Mazano okuvandudza mashandiro enhanho dzoukoshi

368. Panguva ye*NDS 1*, mazano anotevera achashandiswa:-

- Kukwezva makambani matsva munhanho dzohukoshi;
- Kusimudzira kugadzirwa kwezvinopotika kubva mudonje rinonzi *lint* sechigadzirwa chinogadzira zvinhu zvakanwanda wanda;
- Kugadzira homwe ine chekuita nokudzoredzera kushanda kwenhanho dzukoshi dzedonje;
- Kusimudzira kushandiswa kwedonje rakazara (100%) mukugadzirwa kwemicheka;ne
- Kusimbisa matanho ekumiswa kwekutengeswa kwehembe sharu kuitira



kuderedza kutengeswa kwenhumbi dzakambopfekwa.

Nhanho dzohukoshi hwemukaka

369. Chikamu chidiki chezvemukaka chine vanhu vakawanda vanochiita, asi chinoda mari yakawanda inodihwa. Kukamwa kwemukaka nehuwandu hwawo huri pasi pezvinotarisirwa munyika huri pamarita anosvika mamiriyoni zana nemakumi matatu tichitarisana nemarita mamiriyoni 70 pagore roga roga.
370. Matambudziko anosanganiwa nawo anobva pakuderera kwehuwandu hwemukaka zvinoita kuti mabasa emukaka asava nepundutso. Kuvarimi, zvigozhero zvakanyanya zvinosanganisira kuwanikwa kwechikafu chemombe, kutadza kutenga chikafu chemombe nokuda kwekudhura, kushaikwa kwemisika yemukaka nezvivakwa zvinobetseredza zvemukaka uyewo kushaikwa kwevanopa zvikwereti zvokuvandudza bhizimusi remukaka. Panguva ye *NDS* 1, kushomeka kwemukaka unoiswa pamusika kuchaderedzwa, kuri kuderedza mari inoshandiswa kutenga mukaka kunze.

Kuvandudza mashandiro enhanho dzehukoshi hwemukaka

371. Zviratidzi zvinotevera ndizvo zvinotevererwa panguva yechirongwa:-
- Kuwedzera mombe dzemukaka kubva pahuwandu huripo ikozvino hwemombe 16 000 kusvika 30 000 mugore ra2025;
 - Kuwedzera huwandu hwemukaka unokamwa kubva pamarita mamiriyoni 70 kusvika 130 mugore ra2025;ne
 - Kuwedzera kutorwa kwemukaka mumbishi nemakambani ane zvigadzirwa zvinoda mukaka uri pamarita mamiriyoni 70 kusvika 130 panotanga gore ra2025.

Mazano okuvandudza mashandiro enhanho dzohukoshi hwemukaka

372. Mazano anotevera achashandiswa kuvandudza mashandiro enhanho dzohukoshi hwechikamu chomukaka:-



- Kuramba tichishandisa hurongwa hwokudzoredzera kukamwa kwemukaka wekuwedzera mombe dzemukaka dzinobva pamari inobatwa isingamanikidzwi kubva pakutengesas *cheese nebutter* kunze kwenyika.;
- Kuona nezvekutengeswa kwemukaka weupfu kubva kunze kwenyika kuzama kusimudzira kukamwa wemukaka munyika muno;ne
- Kutsigira kusimudzirwa nekushandisa maitiro echizvino zvino kumakambani emukaka aripo pari zvino.

Nhanho dzoukoshi hwematehwe

373. Nhanho dzoukoshi hwematehwe hwakapihwa chimiro chakanaka matambudziko ezvehupfumi asati avepo pamakore makumi maviri akapfuura. Nhanho dzoukoshi hwematehwe hunotanga pakupfuya mombe, kwadzinourayirwa, vanotengesas matehwe, vanopfavisa nokunatsurudza matehwe, vanogadzira zvigadzirwa. Kushandidzana pachimiro ichi kushoma zvakakonzera kuva nezvibereko zvisingafadzi pane vanoita mabhizimusi emukaka.
374. Chikamu ichi chine matovo mashoma anoshandiswa akadaro nevanogadzira zvinhu kubva mumatovo, vanoshanda vari pasi pe10% yemashandiro chaiwo avanogona kuita. Vanoshandisa matovo ndeve makambani madiki vanogadzira zvigadzirwa zvamatovo.
375. Panguva inenge ichifambiswa chirongwa ichi, chinenge chakosha kumutsidzira chikamu chevanoita nezvematehwe kuitira kuti:-
- Kusimudzira mukukura nemukusimba mukushanda pamwe kwenhanho dzoukoshi nokugadzira sangano rapamusoro rinoona nezvematehwe;
 - Kuwedzera zvikwaniso mukugadzira zvigadzirwa zvakavandudzwa hukoshi hwazvo kubva pa30% muna 2020 kusvika 50% panosvika gore ra2025;ne
 - Kuwedzera kutengesas zvigadzirwa zvinobva mumatovo mugore ra2020 kusvika pa25% panosvika2025.



Mazano anovandudza mashandiro enhanho dzohukoshi hwematovo

376. Mazano anotevera achashandiswa kumutsidzira nhanho dzohukoshi hwematovo:-

- Kugadzira sangano rapamusoro rinoona nezve nhanhodzohukoshi hwe matovo;
- Kuita kuti kushandiswa kwematekinoroji kusingaperi kuendeke;
- Kugadzira hwaro nemitemo inoita kuti chikamu chematovo chishanduke;
- Kuita kuti patengwe michina inoshandiswa nevamabhizimusi madiki mumaruwa; ne
- Kugadzira nzira dzokuwedzera kuwanda kwemombe munyika.

Nhanho dzohukoshi munezve zveSimbi nohumhizha hwokugadzira zvinhu

377. Indusitiri inogadzira simbi yemuZimbabwe yanga isingashandi kwemakore makumi maviri apfuura nokuda kokuvharwa kweKambani ye*Iron nesteel (ZISCO)*, mamwewo makambani anopfura simbi nematambudziko akasiyana-siyana. *ZISCO* yakagara iriyo inopa zvinoshandiswa kugadzira simbi kune mamwe makambani. Makambani makuru anogaya simbi akapedzisirawo avhara. Zimbabwe yakapedzisa yava kutengesa simbi dzakamboshanda, ukuwo nyika ichitenga simbi kubva kunyika dzekunze zvinova zvisingawirirani nemutemo wenyika wekuvandudza hukoshi hwezvigadzirwa.
378. Nekuda kwekuvhara kwe*ZISCO*, makambani mazhinji anopfura simbi akaderera pamabasa nokuda kwekushaya magetsi akakwana nezvinoshandiswa mukugadzirwa kwesimbi, zvinova zvakakosha mu*indasitiri* yesimbi.

Kuvandudza mashandiro eindasitiri yeIron neSteel neEngineering

379. Panguva yekushanda kwezano iri, hurumende ichaita zvainogona kutsigira *ZISCO* nemamwe makambani ane chokuita zveengineering kuti zvinotevera zvibudirire:-

- Kuwedzera kugadzirwa kwesimbi;ne
- Kuwedzera kuvandudza simbi dzakamboshanda.

Mazano

380. Mazano anotevera achashandiswa kuti kumutsiridzwe *ZISCO* nemamwe makambani anoita zveengineering:-

- Kuwana vanoisa mari mu*ZISCO*;
- Kumutsurudza makambani anogadzira simbi nekushandiswa kwetekinoroji muchikamu ichi;
- Kubika simbi dzakamboshanda kuti dzibudise midziyo yesimbi mitsva;
- Kuteverera zvinesimba kuitira kuti simbi dzakamboshanda dzisatengeswa zvakananyanya kunze kwenyika kuitira kuti maindasitiri emuno awanewo dzokupfura dzakakwana.;
- Kusimudzira kugadzirwa kwedzimwe simbi kubva pane sharu dzakasakara dzinonhongwa;
- Kuita kuti kuwedzerwe kuwanikwa kwemaratya nemagetsi kuindasitiri yeiron nesteel;
- Kubatsira kugadzirwa kwezvinopisa bhaira panobikwa simbi (*coke*).; ne
- Kumutsiridza chikamu chezvekugadzira michina nezvikwaniso zvayo.

Nhanho dzeHukoshi muneZvekugadzirwa kweMishonga yeUrapa

381. Panguva ino, Zimbabwe inorarama nokutenga mishonga kunze kwenyika, chikamu chiukuru chinotengwa nokupihwa novanobatsira kozotiwo anobva kune dzimwe nyika. Vanogadzira mishonga vari muno muZimbabwe



vanogadzira 10% yemishonga inodihwa imwe 50% inobva kune dzimwe nyika, 40% inopihwa nevanobatsira. Makambani ese anogadzira mishonga anowanikwa vachisanganisa zvinhongererwa zvinogadzira mishonga (APIs) kugadzira mishonga inozikanwa kubva paAPIs, vachigadzira mapiritsi akaita mvura.

382. Saizvozvo, maindasitiri emuno munyika anokwanisa kuwedzera mari kusvika pa60% yokutenga mishonga yakakosha panguva inoshandiswa zano iri.

Kuvandudza Nhanho dzoUkoshi dzeMakambani Anogadzira Mshonga

383. Kuveko kwemishonga inogadzirwa munyika muno chivimbo chehutano hwakanaka husingaperi. Nokudaro, NDS 1 ichaona kuti zvinotevera zvaitika:

- Kusimudzira huwandu hwemishonga inogadzirwa munyika muno kubva pa30% kusvika pa60% yemishonga inokosha kusvika mugore ra2025;
- Kuwedzera huwandu hwemishonga inoenderana nezviga zveWHO kubva pa25% muna 2020 kusvika pa50% panosvika gore ra2025; ne
- Kuderedza mari inoshandiswa kutenga mishonga kubva kune dzimwe kubva madhora eAmerica mamiriyoni \$220.4 mugore ra2020 kusvika \$100 panosvika gore ra2025.

Mazano oKuvandudza Nhanho dzoHukoshi hweMashandiro eMakambani Anogadzira Mishonga

384. Kuva nenhanho dzohukoshi dzakavandudzwa kunozovapo kana patetevedzerwa hwaro "hwokuvandudza chikamu chekugadzira mishonga muZimbabwe pakati pemakore anoti 2017 kusvika 2022". Zano iri kunze kwekugadzirisa zvipandi zvezano rechikamu, richaitawo zvinotevera:-

- Kusimudzira kutengwa kwemishonga inogadzirwa muno nehurumende;
- Kuteverera nokuona mafambisirwo emishonga inogadzirwa munyika



muno pachishandiswa makombuyuta (*e-LMIS*);

- Kupazve mari kuindasitiri yemishonga;
- Kuita kuti masangano akamiririra makambni anogadzira mishonga nenhengo dzacho dzikwikwidze mune zvemishonga;
- Kuita kuti indasitiri, dzidzo yepamusoro neruzivo rwomunharaunda zvidyidzane panogadzirwa hwaro hwekugadzira mishonga mitsva nekuvaka nzvimbo yotsvakurudzo nehumhizha hwemishonga (*BE*);
- Kumisikidza hurongwa hwekutevera kupera kwemazuva akatarwa pakodzero yokuva muridzi wechigadzirwa kana pfungwa, kwete pane zvemishonga chete asinezvigadzirwa zvese;
- Kuderedzwa kwenguva yokunyoresa kune vanogadzira mishonga kuchikamu chinoona nezvemishonga (*MCAZ*) nemafambisirwo ayo.
- Kubatanidza hurongwa hwezvehutano nehwekuvandudzwa kwemaIndasitiri;
- Kuwedzera hunyanzvi hwevashandi vemapazi ehurumende akakosha. Anosanganisira *MCAZ*, zvikoro zvinodzidzisa nezvekugadzirwa kwemishonga ne*AiBST*;
- Kuvandudzwa kwehupfumi kunounzwa nokutengesa zvinhu kunze zvakatsamhira pakushaikwa kwemishonga mudunhu, kubatanidza nzira dzokudzoreredza, pedo nepamusika nekutengeserana kwakasununguka kwenyika dze*SADC*; ne
- Ongororo yemishonga inoda rezinesi rokutenga mishonga kunze kuchitariswa huwandu hwemishonga inogadzirwa munyika

Nhanho dzoHukoshi hweMapurasitiki Akaraswa

385. Mapurasitiki akarashwa anogona kugadzurudzwa kuita zvigadzira zvine hukoshi zvichiratidza nhanho dzohukoshi, kugadzira mabasa matsva, kuchenesa nharaunda, kuwana mari nokubhadhara mutero nemari ichachengetedzwa kubva pakutenga zvinhu kubva kunze.



386. Zimbabwe haisati yasimuka muindasitiri yezve makemikari, inobva mukuvandudzwa kwemafuta negasi. Nokuda kwaizvozvo nyika inotenga zvinoshandiswa kugadzira mapurasitiki anoputira zvinhu, makemikari nemaresinesi anogadzira mapurasitiki akasiyanasiyana
387. Tichiri papfungwa iyoyo, Zimbabwe inorasa mapurasitiki akawanda ayo asingaori.
388. Panguva yechirongwa cheNDS 1, hurumende ichasumudzira mabasa anogadzurudza mapurasitiki kuti agadzire zvimwe zvigadzirwa zvinogona kushandiswa zvakare kuburikidza nehwezvo dzakatarwa. Pamusoro pezvo, mapurasitiki agadzurudzwa anogona kugadzira mamwe mapurasitiki akakosha akaita sezvinoputira mabharubhu emagetsi.
389. Matanho aya anoderedza kutengwa kwamapurasitiki kunze kwenyika anonyanya kushandiswa nemaindasitiri ari munyika, kugadzirwa kwemikana yamabasa nekumutsiridza mabasa ezvikamu zvidiki zvinogadzira zvinhu.

Indasitiri inogadzira *Motokari dzinotakura zvinhu nemasbhazi*

390. Chikamu chekutakurwa kovoruzhinji nezvigadzirwa chakashandurwa nechinangwa chokuvandudza kutakura vanhu nezvinhu zvichipinda mumaguta kubva mune rime kana kubva pazvimbo iri mudhorobha uchienda kune imwe muguta rimwe. Makambani anoita zvokutakura vanhu nezvigadzirwa ane zvikwaniso zvokugadzira mabhazi nemota dzokutakura zvinhu asi havasi kugadzira.
391. Kwamakore maviri apfuura, nyika yakatenga mabhazi ane mari inodarika mamiriyoni \$70 emadhora eAmerica kutenga mabhazi nemota dzinotakura zvinhu vachitora mukana wemari shoma inobhadharwa panotengwa zvinhu kunze kwenyika. Izvi zvakapedza mari yenyika yekunze yaifanirwa kuvandudza makambani ezvigadzirwa.
392. Izvi ndozvinoitika kunyange makambani emunyika aya achikwanisa kukwikwidza mukugadzira mabhazi 65 ne 100 mota dzokutakura zvinhu pamwedzi asi ine 50% yezvinhu zvinogadzirisa zvacho zvichiwanika munyika muno. Panguva inoshanda zano iri, donzvo guru rinenge riri rokutsigira maindasitiri omuno kuti awedzere kuwanikwa kwemabhazi nemota



dzinotakura zvinhu akagadzira munyika muno. Izvi zvichabatsira mamwe maindasitiri anopa zvinoshandiswa muzvigadzirwa zvakaite sama *bolts*, mabhatiri, marata esimbi, mavhiri emotikari zvemushongedza *upholstery*, pendi, vanogadzira makapeti nezvimwewo. Izvi zvinoenderana nezvinotarisirwa zvatingatenga kana kwana kubva munyika dzemu Africa.

393. Pamusoro pokugadzira mabhazi munyika muno, zano rokuti zvigoneke kuti mota diki dzigadzirwe munyika richamisikidzwa. Kana izvi zvaitwa zano rino richabudisa pundutso ichafadza maererano nokugadzirwa kwemabasa nokuderedza mari inoshandiswa kutenga mota kune dzimwe nyika, yataishandisa kutenga mota itsva nesharu dzaigadzurudzwa nezvinodiwa pakutsurudza mota.

Kuvapo kweMabhazi neMota Dzinotakura zvinhu Anogadzira Munyika

394. Panguva inoshanda zano iri, hurumende ichatora matanho kupa mukana wokuti mabhazi agadzirwe munyika muno. Zviratidzi zvakaikosa zvinotevererwa pakutaridza budiriro yeizvi ndezvinotevera;

- Kuwedzera huwandu hwemabhazi anogadzirwa muno kubva pa16% yemabhazi matsva mugore ra2020 kusvika 60% mugore ra2025.
- Kuwedzera huwandu hwemota dzinotakura zvinhu kubva pa4% muna 2020 kusvika pa40% muna2025;
- Kuderedza mari inoshandiswa kutenga mabhazi nemota dzinotakura zvinhu kunze kwenyika ne44% uye36% saizvozvo.
- Kuwedzera huwandu hwevanhu vanowaniswa mabasa mumakambani anogadzira mabhazi nemota dzinotakura zvinhu kubva pavanhu 50 muna 2020 kusvika vanodarika 4 500 muna 2025.

Mazano eKutsigira Kugadzirwa kweMabhazi neMota Dzinotakura Zvinhu

395. Panguva yechirongwa che *NDS* 1, matanho achatorwa kuti kushandiswe mukana uyu kugadzira mabhazi nemota dzokutakura zvinhu dzemhando yepamusoro, asingadhuri, anoita kuti mari ichengetedzeke, pachishandiswa



mazano anotevera:-

- Hurumende ichaita kuti kutengwe mabhazi nemota dzinotakura zvinhu zvinogadzirwa munyika;
- Husimbaradza hukama hune pundutso nevemapazi emari kuita kuti pave nemari maringe nehurongwa hwe*guaranteed orderbook*;
- Kukurudzira kutengwa kunze kwemidziyo inoshandiswa kubatanidza midziyo inenge yatengwa yakagurunurwa zvachose (*CKD*) neiyo yakagurunwa zvisvima; ne
- Kuongorora zvekutengwa kunze kwemabhazi.

Kuwedzera Hukoshi Kuzvicherwa

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

396. Zimbabwe inozikanwa pasi rose nekuva nezvicherwa zvakanakira. Zvisinei nokuti ine zvicherwa zvinodarika 40 zvine hukoshi hwakanakira pamakore akapfuura. Zimbabwe inotengesa zvakanakira zvicherwa zvisina kuwedzera hukoshi, zvinova zvisinganyanyi kubatsira nyika takatarisana nenyaya dzekuwanisa vanhu mabasa nekuwanikwa kwemari. Zvinoita kuti zvicherwa zvivandudzike hukoshi zvinogona kunge zvisingashandiswi kana kuti hazvisi kushandiswa zvakanakira zvinosanganisira ve*Fidelis, Alaska Copper Refinery*, Kambani ye*Nickel* yekuBindura nebhaira rinobika simbi rekuKwekwe.
397. Kunyange zvicherwa zvaiwanisa mari yokunze inodarika 60% yemari yose yenyika inobva kunze, zvizhinji zvinogona kubva mukushanda kwechikamu ichi takanangana nekuvandudzwa kwehupfumi nekugara zvakanakira kwevanhu zvinogona kuvapo kana kukavandudzwa hukoshi hwezvicherwa.
398. Mukudzirirana nenyaya yokuisa mari muchikamu chezvezvicherwa ongororo yekuona pundutso inobuda mazviri ichazoitwa kuti zvisakanganisa nharaunda nokuonawo kuti vanhu vomunharaunda vawanawo pundutso uyewo kuti vachararama mangwana vasatora zvikwereti zvichasiwa nevanorarama nhasi.



399. Pamusoro pezvo, chikamu chinoita nezvemari inoiswa muzvicherwa ine zvikwanisiro zvinosimudzira zvikwanisiro zvenyika zvinoita kuti chifambirane nezvinangwa zvekuvandudzwa kwehupfumi che *UN*.

400. Chirongwa che *NDS 1* chakanangana nekubetseredza kuvandudzwa kwehukoshi hwezvicherwa nokumisikidza nhanho dzehukoshi kubudikidza nekugadzira nhanho dzehukoshi kuti hutsigire hurongwa hwekumutsidzirwa kwemaindustry, Chikamu cheMubatanidzwa weNyika dzekuChamhembe kweAfrica ne *Africa Mining Vision*. Chikamu chinoita nezvezvicherwa muZimbabwe chichasimudzira zano racho rekusimudzira nhanho dzehukoshi kubudikidza nezvicherwa zvayo zvishanu zvinoti goridhe, *PGMs*, ngoda, marasha nekiromu.

401. Nhanho dzohukoshi dzezvicherwa dzichaita basa guru rokuona kuti maindasitiri amutsurudzwa kuti kuvakwe mubatanidzwa wehupfumi. Zvikuru zvatarisirwa kubva pachirongwa che *NDS 1* ndezvintotevera:-

- Huwandu hwenzvimbo dzinobatwa mabasa anobetsera zvinechokuita negoridhe amisikidzwe kubva kuimwe kusvika gumi nemashanu.
- Nhanho yokupedza kuvandudza zvicherwa zvine hukoshi hwepasi (*BMR*) kubva pazero kusvika pa 100%.
- Kuwedzera huwandu hwengoda dzakavandudzwa hukoshi kubva pa0.5% kusvika 5% yehuwandu hwese hwengoda.
- Kuwedzera huwandu hwezvivakwa zvinotsetsa marasha kubva kuzvishanu kusvika kugumi.
- Kuwedzera huwandu hwemichina inokwenenzvera kiromu kubva pazvitanhatu kusvika kugumi nechimwe.

402. Pakuzama nekuva nezvibereko kubva munhanho dzehukoshi munguva ye *NDS 1*, hurumende ichanangana nenhanho dzehukoshi hwezvirimwa zvinotevera:-

- Kukwenenzvera goridhe rakawanda;
- Kuporisha nekucheka ngoda;
- Zvicherwa zvine ukoshi hwepasi (nikeru , *iron*, *cobalt*) kubva ku *PGMs*,



- Zvinobva pakukwenenzverwa kwemarasha; ne
- Ferokiromu kubva kukiromu.

Kukwenenzvera goridhe kuva goridhe rakawanda kuvacheri vadiki

403. Vacheri vezvicherwa vadiki (*ASMs*) vakati wandei zvishoma vanoita zvokuchera goridhe. Goridhe rinohuwandu hunodarika 30% hwegoridhe rinotengeswa kunze kwenyika, kwenhoroondo yati rebei pari zvino ranga riri hwaro hwokuchera zvicherwa nekuvandudza hupfumi nemagariro munyika. Goridhe zvinji riri muvhu harina kucherwa nokuda kokushaya michina nezivo zvakakodzera. Izvi zvinosanganisira migodhi yakaita sana *Tiger Reef*, *Indaama* ne *Bell Riverlea*. Vakati wandei vanochera zvicherwa.

404. Vacheri vezvicherwa vadiki vane dambudziko rekushaya mari nehunyanzvi uye michina yokukwenenzvera goridhe. Nzvimbo dzokugaisa zvicherwa dzakazara munyika, vanoisa mitengo yakakwirira kuvacheri vadiki zvinovatadzisa kuita basa ravo.

405. Vanokwenenzvera zvicherwa vachaiswa pamwe chete munguva yechirongwa chokuvandudza hupfumi (*NDS1*) kuti vacheri vezvicherwa vakaitwa kuti vakwanise kugaisa zvicherwa zvavo kupfuurikidza nezvikwereti zvinopihwa vanochera zvicherwa (*MILF*) kuderedza kushandiswa kwemekuri kupfuurikidza nechirongwa chenyika chakamisikidzwa, zvichienderana nechibvumirano chekuMimata.

406. Panguva yechirongwa che *NDS1* goridhe rinoda kukwenenzverwa rakawanda rinoendeswa ku *FPR* nevacheri vezvicherwa vechidiki richawedzerwa kubva kuma tani 15 kusvika 24 panosvika gore ra2025.

Mazano okuvandudza goridhe revacheri vadiki

407. Mazano anotevera achashandiswa munguva yechirongwa che *NDS1*:-

- Kuwedzera nzvimbo dzinobatsiriridza mabasa okukwenenzverwa kwegoridhe kubva ku kuimwe kusvika makumi mashanu pamadistrict ese ari masere.



- Kukuya patsva makomo ezvakasara pakukwenenzverwa kwegoridhe makarekare kutora goridhe rose rakasaramo.
- Kumutsirudza *Kwekwe Roasting Plant* kuitira kuvhura migodhi yegoridhe ine ine goridhe shoma pasi;
- Kuwanisa zvikwanisiro kuvacheri vezvicherwa vadiki kubva ku *MILF*.
- Kukurumidza kupedza vanhu vakamirira kuwana rezinesi yetendero yokuchera zvicherwa nekuwedzera huwandu hwezvicherwa kuchishandiswa chiga “chekushandisa kana kuti kutorerwa”
- Kuongorora zvakare nekushandura donzvo kana zvikamu zvehwaro hunoona nezve kutengeserana goridhe (*GTA*);
- Kugadzira nokutevedzera hwaro hwekushandiswa kwe *mekuri* kuVacheri veGoridhe Vechidiki inopihwa mari ne *GEF*, ne
- Kugadzira nekutevedzera hwaro hwezviga zvokuchera zvicherwa nzvinotwa navacheri vadiki (*ASGM*) kuvandudza mabasa okuchera zvicherwa.

Kucheka nokukwenezvera ngoda

408. Zimbabwe yakatakura ngoda dziri pasi dzakawanda. Pari zvino, makabhani makumi maviri akawana marezinesi okucheka nokukwenezvera ngoda. Kunyange 10% yengoda dzose dzinocherwa nekuchekwa muno, 0.5% anochekwa nekukwenezverwa munyika.

409. Ngoda dzakachekwa nekukwenezverwa dzinotarisirwa kuwedzera hukoshi ne8% tichifananidza nerinotengwa kunze risina kukwenezverwa, saka *NDS1* inoda kusimudzira huwandu hwengoda dzinokwenezverwa munyika muno kubva pa0.5% kusvika 5% panosvika gore ra2025.

Mazano okusimudzira kuchekwa nekukwenezverwa kwengoda

410. Mazano anotevera achashandiswa panguva yechirongwa che *NDS 1*:-



- Kuongorora nekuvandudza zvinoitwa kana munhu achitora rezinesi;
- Kuongorora mari dzinobhadharwa kuti munhu awane rezinesi; mari inobhadharwa kuti munhu apihwe rezinesi kana mazuva aro apera, mazuva akatarwa okuti rezinesi rishande anofanirwa kuenderana nezvinoitwa kune dzimwe nyika; ne
- Kusimudza kucheka nekukwenenzverwa kwengoda kunoitwa muno munyika kupfuurikidza neMMCZ richizoenda kumisika yemuno neye kunze.

Kugadzira Hwaro Hwekukwenenzvera

411. Pari zvino Zimbabwe ine PGMs nhatu, dzinoti *Unki Mines (Pvt) Limited*, *Zimplats* ne *Mimosa*. Mamwe makabhani ari pakutsvaga zvicherwa mamwewo ava kutovaka pokushandira. Makabhani acho ndeanoti: *Great Dyke Investments*, *Karo Platinum* ne *Todal Mining Limited*. Makambani anoti *Unki Mines (Pvt) Limited* ne *Zimplats* ane michina inokwenenzvera ichibudisa *matte*, *Mimosa* inogadzira *concentrates*. Mufananidzo 14 uri pazasi unoratidza nhano dzinotorwa pakuwedzera hukoshi muchikamu che *PGMs*.

Mufananidzo 14: Nhanho dzohukoshi muchikamu che *PGMs*

Company	Level of Beneficiation		
Process	Level 1	Level 2	Level 3
	Flotation concentration	Smelting and Converting	Base Metal Refinery
Product	Flotation Concentrate	Converter Matte	Copper, Nickel, Cobalt, Ammonium Sulphate
Unki			X
Zimplats			X
Mimosa		X	X

Jerero: Bazi rinoona nezveZvicherwa neKusimudzirwa koKuchera Zvicherwa, 2020.



412. Pari zvino, *PGM* ndeimwe yezvirongwa zvinohunza mari yekunze, inosvika 40% yezvicherwa zvose zvinotengeswa kunze kwenyika. Panguva ye *NDS 1*,

413. chakakosha kusimudzira nhanho dzehukoshi hwe *PGM* kubva *concentrates nematte* kusvika pachinhano chekuva yakakwenenzverwa (*BMR*) panokwenenzverwa kwe *copper, nickel necobalt*.

413. Kusikudzira nhanho dzohukoshi kunoita kuti Zimbabwe ibatsirike kubva ku *PGMs* kupfurikidza nokugadzira mabasa nekuhunza mari yekunze. Kuvakwa kwechivakwa chinokwenenzvera zvicherwa zvinosimudzira mabasa anofambisa hupfumi kupfurikidza nemabasa avo, kusimudzira hunyanzvi, ***technology transfer*** nekuvandudzwa kwezvivakwa zvinobetsera mabasa anoita nozvokuchera zvicherwa kubatsira mabasa. Nhanho yekupedza kuvakwa kwechivakwa chinokwenenzvera zvicherwa yakafamba kubva pa 0% kusvika 100%, nhanho idzi dzinoongororwa panguva yechirongwa che *NDS 1*.

Mazano okuvakwa kweCivakwa Chinokwenenzvera Zvicherwa

414. Kuti chivakwa chokukwenenzvera zvicherwa chibudirire mazano anotevera anofanirwa kuitwa panguva yechirongwa che *NDS 1*:

- Kudzora mitero inobhadharwa panovandudzwa hukoshi hwezvicherwa kushandura matengeserwe ezvicherwa zvisina kukwenenzverwa; ne
- Kuona kuti nguva dzakatarwa dzokumisikidza chirongwa chokukwenezverwa zvicherwa inotevedzwa.

Kukwenenzverwa kweKiromu kuti ive ferokiromu

415. Nyika ine Kiromu yakawanda zvokuva yechipiri pahuwandu pasi rose. Chiyero chehukoshi hwekiromu chakakwirira chakakosha pakugadzirwa kwesimbi. Kunyange zvakadaro kiromu zhinji inotengeswa kunze kwenyika isati yakwenenzverwa saka nyika haizobatsiriki maringe nemabasa, kuvakwa kwemaindasitiri anoona nezvekucherwa, nokuvandudza hukokoshi hwekiromu.



416. Kuvakwa kwezvivakwa zvinokwenenzvera ferokiromu zvichabatsira nekuvepo kwemabasa, kuwanikwa kwemari yekunze, kubatsiridza kugadzirwa kwesimbi, rinova dano munhanho dzehukoshi hwekiromu.
417. Nokuda kokuti vanovandudza hukoshi hweKiromu vanoshandisa magetsi akawanda, vacheri vekiromu vadiki, vanova ndivo vakawanda havana mari yokubhadhara vanokwenenzvera kiromu yavanenge vachera. Panguva ichaitwa chirongwa cheNDSI, donzvo guru richava rekuwedzera nokuvandudza nzvimbo dzinokwenenzvera kiromu kubva panhanhatu kusvika pagumi neimwe panozosvikwa kugore ra2025.

Mazano okuvaka nzvimbo inokwenenzvera kiromu.

418. Matanho anotevera achashandiswa panguva yechikamu cheNDSI:-

- Kupa nzvimbo yokuvakira chivakwa chinovandudza hukoshi hwekiromu nokupawo mvumo yokuchera kiromu kumakambani anoda kuita zvokuchera kiromu nekukwenenzvera kuti ive ferokiromu.
- Kuona kuti dombo rekiromu riripo nguva dzose kune vanogaya kuwedzera hukoshi hwekiromu nokupa zvikwaniso kuvacheri vadiki vakiromu kuti vakwanise kuichera, kuderedza huwandu kwekiromu inotengeswa kunze kwenyika; ne
- Nekutsva musika weferokiromu wekunze kwenyika.

Kukwenenzvera Koro kuita Koku

419. Nyika ine koro yakawanda muvhu, zvinoipa mukana wokugona kuchera koro yakawanda. Zvivakwa zvinovandudza koro kuita koku zvishanu munyika muno. Nyika inonyanya kutengeswa koro isina kuvandudzwa hukoshi. Kutengeswa kwekoro nezvinobuda mairi zvine mukana wokuwedzera mari yenyika. Panguva ichaitwa chirongwa cheNDSI, zvimwe zvivakwa zvinokwenenzvera koro zvichavakwa kuwedzera mari yenyika nokuwaniswa kwemabasa.



Mazano okuvaka zvivakwa zvinokwenenzvera koro kuita koku

4.20 Mazano anotevera achashandiswa panguva yechirongwa cheNDS 1:-

- kuita kuti pave nedombo rekoro rakakwana munyika tisati tangesera vekunze;
- kumhanyisa nyaya yekuvaka mahovhoni ekiromu anofambisa namabhatiri, nokuvapa nzvimbo dzokuvakira nekukurumidza kugadzirisa nyaya yokupa vanhu marezinesi okuchera kiromu; ne
- kusimudzira kuvakwa kwemahovhoni anoshandisa mabhatiri nokutanga kupa marezinesi okuchera kiromu vane mahovhoni anoshandisa mabhatiri.
- *Nhanho dzoHukoshi hwe Gasi Rinowanikwa Pasi peKoro Muvhu*

421. Kubudirira mukushandisa gasi rinowanikwa pasi pekoro muvhu kunogona kushandura chimiro chehupfumi muZimbabwe, nyika ine shuviro yokuwana mafuta kana gasi zviru muvhu zvakanwanda uye zvakasiyana-siyana, yuriya, zvinogadzira mishonga, zvinzungudusa zvinhu, porima nezvimwewo zvinogona kuita mabasa okupa moto nokufambisa michina.

422. Kutsvagwa kunoitwa *menthane* inobva pasi pekoro, inova yakawanda chose mudunhu rechamhembe kweAfrica, kunoda kuti Hurumende, vamabhizimisi nevedzidzo yepamusoro vange vachibatsirawo. Asi, kutsvagwa kwezviwanikwa kune matambudziko ako.

423. Panguva ichaitwa chirongwa cheNDS1 , hwurongwa hwokufambisa kucherwa kwe*methane* nekusimudzira nyika uyewo zviga zvinosunga kurukwa kwenhanho dzohukoshi huchachagadzirwa.

Nhanho dzoHukoshi hweZvicherwa Zvisinganyanyi Kuwanikwa Kusvika Kuzviwanikwa Zvine Chimiro Chisinganyanyi Kunzwisisika

424. Zimbabwe ine zvicherwa zvakawanda zvisinganyanyi kuwanikwa, zvisinganyanyi kucherwa.

425. Zvicherwa zvisinganyanyi kuwanikwa zvinogona kuva nenhanho dzehukoshi



dzakapfekana-pfekana zvinopa mari yakawanda. Izvi zvinogona kuti munyika muuye makambani amabhizimusi akawanda netekinoroji, zvinozoita zvizereko kuhupfumi hwenyika.

426. Pamusoro pezvo, kutapuriranwa kwetekinoroji kunogona kuwedzera huwandu kwezvivakwa zvinovandudza ruzivo rwe *Sainzi* nehunyanzvi mumayunivhesiti nezvikoro zvedzidzo yepamusoro.
427. Mufananidzo 15, uri pazasi apo, une chitarwa chinotaridza kuvandudzwa kwehupfumi kunogona kubva mukugadzirwa kwezvinhu nemabasa ebetsero kubva kuzviwanikwa zvisinganyayi kuwanikwa zvakaite see *eodymium*, *lanthanum*, *cerium*, *praseodymium* *gadolinium* nemawewo.

Zviwanikwa zvisinganyayi kuwanikwal	zvazvinoshanda
<i>Neodymium</i>	Inoshanda kugadzirwa mamagnetini, madhiraivhi ekombuta, matebhaini anofambiswa nemhepo nemotokari
<i>Lanthanum</i>	Anoshandiswa kugadzira zvinopa chaedza nezvoshanda nechaedza zvakaite semakamera negirazi reteresikopu
<i>Cerium</i>	Inogadzira makonivheta epamota nemichina inovandudza mafuta edzimotokari
<i>Praseodymium</i>	Inoshandiswa kugadzira injini yendege nemagirazi akakosha
<i>Gadolinium</i>	Inoshanda nema X-ray nemishina inovheneka mukati mevanhu namafiriji, isinga tenderi ma <i>orchorofluorocarbons</i> kubuda.
<i>Yttrium, Terbium, Europium</i>	Anogadzira zvinoshandiswa mumakombuta, terevhizhoni nemimwe midziyo. <i>Europium</i> yakakoshawo muzvigadzirwa zvenuclear.

Chitarwa 15: nhanho dzohukoshi hwezviwanikwa zvisinganyayi kuwanikwa

428. Zvigadzirwa zvinobva muvhu zvichabatsira Zimbabwe kubuda nezvigadzirwa zvinosimudzira mari inowana munhu kubva kuhomwe yenyika. Takatarisana nemhando yehunyanzi hwe *Sainzi* nemichina



zvinodihwa, donzvo guru panguva yechirongwa che *NDS* 1 kugadzira hwaro hwakanangana nokugadzira Hwaro hune chokuita neZvicherwa Zvisinganyanyi Kuwanikwa

Zvirongwa zvinotsigira kuvandudzwa kwehukoshi hwezvicherwa

429. Zvirongwa zvinotevera zvichaitwa kuti zvitsigire kuvandudzwa kwehukoshi hwezvicherwa:-

- Kusimudzira mabasa anovandudza kuchera zvicherwa, kuvandudzwa kwehukoshi hwezvicherwa;
- Kusimudzira kuitwa kwetsvakurudzo nekushandiswa kwe *ICT*;
- Kusimudzira Kugadzirwa kweMitemo inoona nezve Mashandisirwo eZvicherwa;
- Kuronga Maderedzerwo Angaitwa Njodzi neKutevedzera Zviga Zvakatarwa;
- Kuvandudza Mawanirwo Nemachengeterwo eRezinesi Rokuva Muridzi weNzvimbo Inocherwa Zvicherwa;
- Mashandiro anoita Chikamu Chinoona neZvezvicherwa; ne
- Hutungamiriri Hwakanaka Hwematunhu mune Zvekuchera Zvicherwa.

Kuvandudza hukama pakati pe chikamu chinoona nezve mabasa ebetesero nevanogadzira zvinhu

Chikamu chinoona nezvekuwanikwa kwezvinhu, zvinosanganisa vanotengesera vatengesi nevanotengesera vatengi, vanomirira kutengeserana kunoitwa munyika kwakawanda, unova mukana wokuumba hukama pakati pevanogadzira nevanoshandisa zvinhu. Kungange zvazvo zvakadaro, Chikamu chidiki chenyika chinoona nezvekuti zvigadzirwa zvawanikwa nevanozvishandisa, chinozembera panyaya yokuwanisa vanhu zvinhu zvinobva kunze zvinova zvinoita kuti paonekwe kuti havana hukama hwakakosha nevanogadzira zvinhu vari muZimbabwe.

430. Kutu donzvo re *NDS* 1 ribudirire, iro rinokurudzira kubvisa zvinhu



zvinotengeswa kunze kwenyika, kuchishandiswa zvinogadzirwa muno nekushanda nenhanho dzohukoshi, pachava nekukurudzira kuti vanhu vatsigire chironywa kuti zvinhu zvinogadzirwa muno zviwane mukana nekusimudzira kutengeswa kwezvinhu muno munyika, takanangana nokuwedzera huwandu hwevanotengeswa kusvika pa80%.

Mazano okuvandudza kutengeswa kwezvinhu munyika

431. Panguva ichashandiswa zano iri, zvinotevera zvichaitwa kuvandudza kutengeswa kwezvinhu munyika:-

- Hurongwa hweKukurudzira Vanhu Kutenga Zvinhu Zvinogadzirwa Munyika;
- Kupa Zvikwanisiro Kukomishini Inoona nezveKuvandudzwa kwehukwikwidzi hwezvigadzirwa zveZimbabwe;
- Kushanda neZviga zveChironywa Chinoona nezvekuvandudzwa kweZvivakwa Zvinobatsira paKufambisa Mabasa eMabhizimusi Munyika;
- Kuona kuti Mutemo Unosungira VamaBhizimusi kuti Vagadzire Zvinhu Zvinokwikwidza nekuchengetedza vatengi; ne
- Mitemo yakakodzera nekutevera magadzirirwe ezviga zvezvimiro namagadzirirwe ezvinhu

Kusimudzira Hukwikwidzi

432. Donzvo reNDSI kusimudzira zvose Hukwikwidzi padanho repamusoro neMupanda Wokuita Mabasa Zviri Nyore, uri pasi pe100.

433. Tiri panhanho huru nekuongorora zvibereko zvechironywa chekuvandudza hufumi, donzvo guru nderekuongorora mitemo yemumabhizimusi nemafambisirwo anoitwa mabasa mumabhizimusi. Pamusoro pezvo, chakakosha kuongorora zivo nehunyazvi zviri muvanhu nokuvandudza panenge pachiratidza kusakawana. Komishini inoona nezve Hukwikwidzi Hwezvigadzirwa Munyika, ichabudisa zviga zveongororo yemaindasitiri inoitwa nguva nenguva kuteverera kushandiswa kwezviga zvehukwikwidzi



munyika.

Kuvandudzwa kwemaSMEs neKuvakwa kwemaIndustry muMaruwa

434. Chikamu chinoonanezve kugadzira zvinhu munyika chakadzikira makore makumi maviri apfuura, zvakaita kuti maindasitiri aite mashoma, zvinova zvakazoita kuti maSMEs achivapo muzvikamu zvese zvehupfumi, kusanganisira kugadzirwa kwezvinhu nekuchera zvicherwa.
435. Kunyange maSMEs akawandisa muchikamu chezvamabhizimusi, anosangana namatambudziko akawanda, anosanganisira kushaya mari, pokushandira panodhura uye pasingakwani, kushaya ruzivo, hunyanzvi nemichina zvakakwana nezvimwe zvikwanisiro, zvinoita kuti mabasa echikamu chokugadzira zvinhu adhure nekuitwa zvisiri pamutemo.
436. Kutsigira nokuvandudza maSMEs kuchange kwakakosha kuti donzvo rechikamu chionoona nezvekugadzirwa kwezvinhu ribudirire uye rinosimudzirawo chironzwa chokuvaka maindasitiri mumaruwa. Mukana wekukwikwidza weMatunhu huchakosha panguva ichashandiswa Zano iri, kuisa mabasa ezvehupfumi kumatunhu makuru enyika kubva kumaguta makuru nemadhorobha makuru enyika (*provinces*) kuchaitwa.
437. Panguva dzechironzwa cheNDS1, Hurumende ichatsigira maSMEs kusimudzira kugoneka kokugadzira zvinhu nedonzvo rekuderedza hurombo nekuvandudza mari inowana vanhu, kose kunzvimbo dzemaruwa nedzemadhorobha emuZimbabwe.

*Kuwedzera Mashandiro Mabhezimusi Madiki muKugadzira Zvinhu
Zvakawedzerwa Hukoshi*

438. Kuvandudza mashandiro emaSMEs kuti vagadzire zvinhu zvakanandudzwa hukoshi:-
- Kuwedzera huwandu hwezvikamu muzana zvezvibereko zvemaSMEs gore roga roga kubva mugore ra2021 kusvika 2025.
 - Kuwedzera huwandu hwema SMEs muchikamu chinogadzira zvinhu



ne15 000 kubva mugore ra2021 kusvika 2025;

- Kuwedzera huwandu hwema *SMEs* muchikamu chokugadzira zvinhu vari mumaruwa ne5000 kubva mugore ra2021 kusvika 2025.

Mazano okuvandudza mashandiro emaSMEs mukugadzira zvinhu zvakavandudzwa hukoshi

439. Panguva yechirongwa che *NDSI*, hurumende ichatsigira ma *SMEs* nekuvandudza kugona kwawo kugadzira zvinhu nechinangwa chokuderredza hurombo nekuwedzera mari inowana vanhu, kose kumadhorobha nemaruwa kupfurikidza ne:-

- Kupa ruzivo nehunyanzvi hunodikanwa kuna vane ma *SMEs* Mukuvandudzwa kwemaitirwo ezvinhu mumabhizimusi, kuvandudza zvigadzirwa, kugadzira zvinhu zvinoenderana nezviga zvehukoshi zvakatarwa nokupihwa zvitupa zvekutevedzera nehumbwewo hunyanzvi neruzivo runovandudza kugadzirwa kwezvinhu hungadiswa.
- Kuwaniswa kwemari yokutanga mabhizimusi neyekutenga michina nezvemichina zvinodiswa nechipimo chokubvuma kushandisa michina mukugadzira zvinhu;
- Kugadzirwa kwezvivakwa zvinoenderana nebasa rinodiswa uye inotengeka;
- Kushandidzana neshamwari mune zvemabhizimusi kubetesera vema *SMEs* nemichina;
- Kuvaka nzvimbo dzinoona nezvehunyanzvi hwe *Sainzi* nehumbhizha hwetekonoroji, kuno rukwa hwaro hwemabhizimusi nezvigadzirwa kumatunhu makuru emunyika kutsigira kuvakwa kwema indasitiri;
- Kumisikidza chirongwa chekugadzira chigadzirwa chimwe chete munzvimbo;
- Kupa vanhu zvinoita kuti vashande nechirongwa chekugadzira chinhu chimwe munzvimbo; ne
- Kuita kuti vema *SMEs* vapinde muhurongwa hwokutengwa kwezvinhu nehurumende kana kuti mabhizimusi eHurumende.



440. Kuti kusumudzirwe nhanho dzohukoshi; hurumende ichashanda nehurongwa hunotevera panguva ichashandiswa zano iri:-

- kuvakwa kwemaindasitiri;
- Zviga Zvekuchengetedza Vatengi neHurongwa hwoKuchengetedza Hukoshi;
- Kusimudzira Vanhu mune zveHupfumi;
- Kuvandudza Hukoshi hweZvicherwa;
- Hukwikwidzi;
- Bhidhauko reKuvandudza Hukoshi hweZvigadzirwa Pachishandiswa Zviwanikwa zveMunyika;
- Kuwana Mari yoKutanga Mabhezimusi chibva kuZvizvarwa zveZimbabwe Zvinogara Kunze kwenyika; ne
- kuvandudzwa kwema *SMEs*.



CHIKAMU 6

ZVIVAKWA, ZVINOSHANDISWA NEHUPFUMI HUNOUNGANIDZWA NEKUSHANDISA *TEKINOROJI*: ZVINOSIMUDZIRA KUVANDUDDZA UPFUMI HWENYIKA

Nhanganyaya

441. Ukoshi hwezvivakwa munyaya dzezveupfumi hunoratidza danho revagari vemunyika imomo. Pamusoro pezvo, uwandu hwezvivakwa hune chekuita nebudiriro yenyika mune zveupfumi husingagumi.

Zvivakwa neZvinoshandiswa

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

442.. Makore makumi maviri adarika nyika yeZimbabwe yasangana nematambudziko akati wandei anove akakonzero kusavandudzika kwezvivakwa nezvekushandiswa zvakakosha.

443. Zvivakwa muZimbabwe zvadzikira mumakore makumi maviri adarika. Izvi zvaita kuti Zimbabwe ive nyika yakaiswa *panhamba* 127 pakati penyika 138 pachipimo chenyika dzine zvivakwa zvadzikira mutsvakurudzo dze *Infrastructure Index under the 2017-2018 World Economic Forum Global Competitiveness Report*.

444. Kudzikira uku kwakakonzerwa nezvinhu zvizhinji zvinosanganisira zvinotevera:-

- Kusabhadhara nenguva, mari yakanangana nekudzoreredzwa nezvivakwa;
- Kushaikwa kwehurongwa hwakasimba hwekuisa budiriro muzvivakwa zveruzhinji uyewo kurasikirwa nevanhu vane hunyanzvi hwekuzvimutsiridza.



- Kushaikwa kwezvikanisiro uyewo mukufambiswa kwemabasa ane chekuita zvizibetsero zvakakosha;
 - Kudzikira kwekuiswa kwemari muzvikamu zvehurumende nezvakazvimirira zvinoita mabasa aya;
 - Kushaikwa kwemari yakakwana yekuramba ichifambisa zvirongwa zveuvakwa;
 - Kuderera kwebudiriro yemari inobva kumasangano akazvimirira nezvikonzero zvekusabhadhara nezvimwewo zvimhingamupinyi;
 - Kusafambiswa kwehurongwa hwemabasa madki ekuvaka uyewo kushaya zvikwanisiro;
 - Kuva nemitengo iri pamusorosoro inokonzera kuti hurongwa hwekuisa mari mubudiriro yekuvaka isanyatsofambira mberi;
 - Kuva nehurongwa hwekuongorora nekuteverera husina kunyatsosimba; ne
 - Kuve nerubatsiro rwekunze nemunyika rwakamanikana.
445. Kudzikira kwezvivakwa munyika kwakakanganisa zvikamu zvinounza budiriro munyika uyewo danho rekupa zvizibetsero kuruzhinji rakadzikira.
446. Muhurongwa hweNDSI kumisikidza zvivakwa kwakakosha sezvo kuchibetseredza vavairo yenyika yekuunza budiriro mune zveupfumi hwenyika.
447. Izvi zvichasanganisira kudzororerwa kwezvizibetsero zvakaita semigwagwa nezvimwewo zvikamu zvakakosha zvakaita sezvinounza simba rekufambisa michina, zvifambiso, mvura nehutsanana, Kufambiswa kweMashoko Pachishandiswa Michina yeChizvinozvino nePekugara.
448. Zviri kutarisirwa kubuda maringe nechikamu chezvivakwa zvichange zvichitarisirwa kuunza budiriro nekuvandudza upfumi.
449. Hurongwa hwekuvandudza budiriro muZvikamu Zvine chekuita neVeruzhinji hunotarisirwa kuunza zvizibereko muzvikamu zvakasiyana-siyana.



Mazano eKuvandudza Zvivakwa neZvirongwa Zvebetsero

Mazano

450. Zvinokosheswa muzvivakwa nezvinoshandiswa zvinosanganisira simba reKufambisa Michina, Mvura neUtano hweNharaunda uyewo muchikamu chezvifambiso.
451. Mazano anotevera achashandiswa kuedza kuvandudza zvivakwa uyewo kupiwa mikana kuzvibetsero:-
- Kugadzirisa zvivakwa nezvishandiso zviripo;
 - Kupedzisa mabasa ari kushandwa uye asati apera;
 - Kukwezva rubetsero rwezekunze hunozovandudza zvivakwa.
 - Kusimudzira Zvikamu Zvekunze kuti zviite mabasa mune zvivakwa zveveruzhinji;
 - Kusimudzira zvinoshandiswa nevanorarama neurema;
 - Kusimudzira tsvakurudzo pamwe chete nebudiriro ine chekuita nenyika;
 - Kupa zvikwanisiro kumapoka anofambisa hurongwa;
 - Kugadzira nekufambisa hurongwa hunotirira mamiriro ekunze uyewo zvivakwa zvakasimba; ne
 - Kukwidziridza kushandiswa kwezvivakwa pamwe chete.

Kuunza Simba reKufambisa Michina neKushandisa muDzimba

452. Kuwaniswa kwevanhu vose vanogara muZimbabwe simba rinofambisa michina nekushandisa mudzimba zvinhu zvinotarisirwa. Nekudaro, kuvandudza kuwanisa simba iri kwakakosha zvikuru kune zvibetsero zvema *indasitiri* nemudzimba.
453. Pahurongwa hwe *NDS1*, chichanyanyokosheswa kusimudzirwa kwekuwaniswa mafuta nguva dzese, anokwana uye akachipa. Izvi



zvichabatsiridza kutsigiswa kweupfumi hwenyika izvo zvinozobetseredzawo zvimwe zvikamu kuburikidza nekudyidzana.

454. Zvisinei nebatsiridzo yakamboitwa muzvikamu zvekuwanisa simba rezvekufambisa michina nekushandisa mudzimba, nyika ichiri kutarisana nedambudziko rezvekushaikwa kwemagetsi iro rakatanga kumakore a1950 zvichikonzerwa nekuregerera kugadzirisa nekuvandudzira gwenya rinopa nyika simba.
455. Kuwaniswa kwemagetsi munyika kuri pachipimo chiri ku41% uye huwanikwa uhu hausi kuenderana kumaruwa nekumadhorobha. Chikamu 80% chekumaruwa hachisi kuwana simba remagetsi.
456. Kunyanyovimba nesimba rinobva mumagetsi emvura ndiko kwaita kuti dambudziko iri rirambe richienderera sezvo kusanduka kwezvemamiriro ekunze riri dambudziko raramba richisimbirira munyika. Kuvimbawo nesimba remagetsi rinobva kune dzimwe nyika hakuchanyanyounza pundutso sezvo nyika dzemudunhu dzirikusanganawo nedambudziko iri.
457. Pasi pehurongwa hwe *NDS1*, chinangwa chikuru kuvandudza kuwaniswa kwesimba rezvemagetsi nechipimo chekubva pa2317 *Mgawatsi* kusvika pa 3467 *Megawatsi* mugore ra2025 uyewo kuwedzera kuvakwa kwemakiromita 280 enzira dzinounza magetsi.
458. Kubudirira kwechimiro ichi, takanangana negore ra2025, ichi kunoreva izvo kuti nyika inenge yava kukwanisa kuzviitira mabasa ayo isingakwereti magetsi kubva kune dzimwe nyika .

Mazano eKuvandudza Simba reKufambisa Michina neKushandisa muDzimba

- 459 Mazano makuru muchirongwa che *NDS 1*, akanangana nekuwedzera kuwanisa simba rekufambisa michina nekushandisa mudzimba rinosanganisira kupedziswa kwezviringwa zvisati zvapera uyewo kuvakwa nekusimudzirwa kwemagwenya emagetsi.
460. Mukuvavarira kuwedzera kuwanikwa kwemagetsi, Hurumende ichapa mukana wekugadzirwa kwemagetsi kune vezvikamu zvakazvimirira.
461. Mukuvandudza kuwanikwa kwesimba iri, Hurumende ichanyanyonangana



nekubatanidza zvibvumirano zvayo zvinobaitanidza nedzimwe nyika dziri muboka reSADC maringe nekuwaniswa simba.

462. Dzimwewo mhando dzekuwanisa simba dzakaita se *methane* dzichaparurwa nechinangwa chekuunza betsero. Izvi zvichange zvakatsigirwa nehurongwa hwekuteverera netsvakurudzo mukuvandudza simba rekufambisa michina nekushandisa mudzimba
463. Chirongwa che *Fuel Distribution Nodal System* chichasimudzirwa nechinangwa chekuona kuti kusvika kwemafuta ekufambisa kumatunhu ose kwabudirira.
464. kufambiswa kwehurongwa hwemabasa madiki zvichienderana ne *Energy Resource Master Plan*.

Kuunza Simba reKufambisa mMchina neKushandisa muDzimba reChizvino zvino.

465. Nyika iri pakati penyika dzose dziri mumubatanidzwa wenyika dzekuchamhembe nekudaro simba rekufambisa michina nekushandisa mudzimba rechizvino zvino rinodarika nemuzvivakwa zveZETDC.
- Kunyangwe zvakadaro, chimiro chiripo chekuwanisa nekufambisa magetsi munyika hachisi kufambirana nemashandisirwo emagetsi mumai *ndasitiri* nemudzimba.
467. Pamusoro pezvo, kufambiswa kwemagetsi kunoda kugadziridzwa kwakanyanya uye kuwaniswa kwemari dzezvikwereti nema *tiranzifoma* ayo ari kubiwa nekusvetwa mafuta nembavha.
468. Chinangwa chikuru che *NDSI* kuvandudza kuwanikwa kwesimba riri kushandisa mazuvano zvichibetseredza kutsigiswa kuwanikwa kwemagetsi. Kuwanikwa kwemagetsi kumadhorobha nekumaruwa kunotarisirwa kusimudzirwa kubva pa44% muna 2020 kusvika pa54% muna2025.



Mazano eKuvandudza Simba reKufambisa Mchina neKushandisa muDzimba reChizvino zvino.

469. Mazano anotevera achashandiswa muhurongwa hweNDS1 nechinangwa chekuwanisa simba reKufambisa nekushandisa mudzimba rechizvinozvino: -

- Kufambiswa kwehurongwa hunobudisa kushandiswa kwakanaka kwesimba nevatengi;
- Kufambisa hurongwa hwekushandura kambani inoona nezvekufambiswa kwemagetsi (*ZETDC*) kuti ikwanise kuita zvi bvumirano zvekutengeserana magetsi nezvikamu zvakazvimirira zvega;
- Kusimudzira zvikwanisiro zvekufambiswa kwemagetsi munyika yose;
- Kuvandudza hurongwa zwichibviswa kuburikidza netsvakurudzo;
- Kusimbiswa kwemichina yechizvinozvino
- Kusimbiswa kwezvikamu zvinoronga nezvekuwanisa kwesimba rinofambisa nyika
- kugadzira zvikwanisiro zvekumba kwaniso yakanagana nekugadzirwa kwemagetsi anoshandisa simba risingaperi;
- Kugara vachiongorora mitengo yesimba kuti kambani inounza magetsi isarasikirwe; ne
- Kuita Hurongwa hweKubetseredza neKugadzira Magetsi kuburikidza negwenya.

Zvirongwa neMabasa Madiki

470. Zvirongwa nemabasa madiki panguva yekufambiswa kwehurongwa hweNDS1 hunovavarira kuvandudza uye kuwanikwa kwesimba rinoenderana nechizvino zvino:

- Hurongwa hwezveKushandiswa kweSimba Risingaperi (*Renewable Energy Policy*);



- Kuwaniswa Simba reZvifambiso neMumba Zvisingakanganisi Mamiriro eKunze (*Clean Energy Access*);
- Kuenderera Mberi neChirongwa Chekuisa Magetsi Kumaruwa (*Rural Electrification Programme*) uyewo Kutsigira neChirongwa che*Expanded Rural Electrification and Electricity End-Use Infrastructure Development*;
- Kusimudzira Kushandiswa Kwemasaisai mune zveMagetsi;
- Kuva neHurongwa Hwekufambisa kweMafuta eParutivi;
- Kudzorera uye Kutsiva Mtiranzifoma neMamwe Akavandudzwa; ne
- Kusimudzira Mashandiro eVashandi uyewo eKambani.

471. Zvirongwa zvadomwa pamusoro zvichabudirira kuburikidza nehurongwa hwemabasa madiki anosanganisira:-

- Mapurojekiti ekufambisa magetsi akaita se*ZIZABONA, Alaska* Karoi;
- Kuvandudza kufambiswa kwemabasa ezvemagetsi;
- Gwenya remagetsi emvura reBatoka; ne
- Kutengwa kwematiranzifoma

Kushandiswa Kwakanaka kweSimba reZinofambisa Michina nereMudzimba

472. Hurongwa hwekuva nesimba rinoshandiswa mune zvemichina nemudzimba nemazvo rinoda kusakanganiswa mumagariro, muupfumi nenharaunda. Izvi zvinobetseredzeka kuburikidza nekushandisa simba rinobva muzvicherwa zvisingakanganisi mamiriro ekunze nenharaunda.

473. Simba rezvekufambisa michina nekushandisa munyika rawedzera nezvikonzero zvekuti kwava nemichina yechizvinozvino inobatsiridza uyewo kuwedzera kweuwandu hwevanhu munyika.



Zvinobuda paKushandisa Simba Rinofambisa Michina nezveMudzimba zvine Mwero.

474. Chinangwa chikuru muHurongwa hweNDS1 kuvandudza mashandisiro anoita kuti pashandiswe simba shoma asi pachivanika zvibereko zvikuru uyezve pachiiita njodzi shoma kuvanhu nenharaunda.

475. Matanho anotevera achashandiswa mukuedza kubudisa zvibereko zvinovandudza kushandiswa kwesimba munyika panguva yechirongwa che NDS1:-

- Kupedzisa nekufambisa hurongwa hune chekuita nekushandiswa kwesimba kune mwero;
- Kusimudzira matanho ekushandisa nekuchengetedza simba zvine mwero;
- Kusimudzira kushandisa simba risingaperi uye zviwanikwa zvitsva zvinounza simba;
- Kusimudzira tsvakurudzo nebudiriro mukushandiswa kwemichina yechizvinozvino;
- Kusimudzira kushandiswa kwemichina yechizvino muma *indasitiri*;
- Kuparura chirongwa chekuteverera nekuongorora mashandisirwo ane mwero esimba munyika; ne
- Hurongwa Hunoratidza Zera reZvifambiso neMidziyo.

476. Zvirongwa zvikuru zvichavandudza kushandiswa kwesimba zvine mwero ndezvinoti:-

- Kushandisa zvakare neKuchengetedza Simba Rinofambisa Michina neMudzimba (*Energy Conservation and Renewable Energy*);
- Kuvandudza Zvivakwa neKuzvidzoreredza (*Infrastructure Maintenance and Rehabilitation*);
- Kubvisa paMutemo Zvivakwa neZvibatiso Zvachembera (*Decommissioning of Old Inefficient Plant and Equipment*);



- Kufambisa Hurongwa hweZvinodiwa neMazvo (*Demand Side Management*); ne
- Kusimudzira Mashandisirwo Akanaka eSimba reMagetsi.

Mvura, Utsanana hweNharaunda neUtsanana hweMuviri

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

477. Mvura, utsanana hwenharaunda neutsanana hwemuviri zvinhu zvinobatsiridza kusundira mberi kana kusundira kumashure muzvikamu zveupfumi zvinoti zvekurima, zvesimba rinowanikwa munyika riri kufambisa michina nezvemudzimba, migodhi nezvicherwa. Kuwaniswa mvura utsanana hwenharaunda neutsanana hwemuviri zvinhu zvichiri kunetsa munyika.
478. Mabhezimusi anoshanda achinyanyoshandisa mvura nemisha dzemumadhorobha nekumaruwa zvakananganiswa zvikuru nekushaikwa kwemvura kuburikidza nematambudziko munyaya zveupfumi. Kuwaniswa kwemvura utsanana hwenharaunda neutsanana hwemuviri richiri dambudziko munyika sezvo zvikamu 29.7% zvirizvo zvega zvine betsero iyi.
479. Kusafambiswa zvakanaka kwetsvina yemudzimba nezvimbuji, kucheneswa kwemvura nekushaikwa kwemishonga inochenesa mvura zvaderera zvekusagadzirisika.
480. Zvichikonzerwawo nekushaikwa kwemagetsi, kuwaniswa kwemvura nekufambiswa kwetsvina yemudzimba nemuzvimbuji rave dambudziko mumadhorobha. Izvi zvakonzerwa kuti maindasitiri asanyanyoshanda zvakanaka uyewo kupararira kwezvirwere zvinokonzerwa nekusakwana kwemvura.
481. Kushaikwa kwemari yakakwana nekushaiwawo zvikamu zvakanzvimirira zvinovandudza budiro maringe nekuchenesa mvura kwaita kuti dambudziko rirambe rosimbirira.
482. Chimwe chezvinokonzerwa kusagadzirika uku kuva nemitero isingaendererane nemashandisirwo anoitwa zvivakwa zvevura nemarara kumakanzuru



anove iwo ane basa rekufambiswa kwezvadamwa.

Kuwaniswa kweMvura

483. Hurongwa hwe*NDS1* hwakanangana nekuvandudza mararamiro evanhu kuburikidza nekuwanisa mvura yakachengetedzeka uyewo ichimwika. Vavairo ndeyekusvitsa kufambiswa kwemvura padanho re90% kubva pa77.3% mugore ra2025. Kwanisiro yekuchengetedza mvura inotarisirwa kusimudzirwa kubva pa15.423X106 *mega litres* kusvika pa16.979X106 *mega litres* by 2025.

Mazano ekuvandudza kuwaniswa kwemvura

484. Pahurongwa hwe*NDS1* pane mazano ane chitsama achashandiswa kuvandudza kuwanikwa nekuchengetedzwa kwemvura pachitariswa kutirira kwemamiriro ezvekuze uyewo kuchengetedzwa kwemadhamu nezvese zvinochengeta nemvura inounza utsanana.

485. Mazano aya anosanganisira chirongwa che*National Dam Safety Plan*, kuvandudzwa nekubetseredza kuchengetedzwa kwemvura sechiwanikwa chinobatsira kushaikwa kwayo mune remangwana uyewo utera hwemamiriro ekunze.

486. *NDS1* ichanangana nekugadziriswa kwekuchengetwa kwemvura uye zvinoifambisa zvakaita semigero, mapaipe uyewo painocheneneserwa. Izvi zvichaendeka kuburikidza nekuita zvidzidzo zveongororo. Rutsigiro rwezvekubata bata uyewo kuwedzera zivo muvashandi pamwe nekuvandudza zvinoshandiswa.

487. Tsvakurudzo maringe nekuvandudzwa kwezvibhorani nenzvimbo dzine chekuita nemvura kuchakosheswa sezvo kuchipa mashoko akakosha anobudisa pachema chimiro chezvemvura munyika.

488. *NDS1* ichaona kuti madhamu asati apera kuvakwa achimbidzwa kupedzwa uyewo kutariswa kwawo kuti haasati akanganiswa negukuravhu here kana kuve nenjodzi muvanhu.



489. Boka reZIMWA richafambisa mabasa ekuwaniswa kwemvura yekunwa neyemadiridziro neyemumaindasitiri uye mumashandiro aro pachange pachikosheswa kubhadhariswa.

Utsanana hweNharaunda

490. Chinangwa chikuru ndechekuvandudza zvishandiso mukuwaniswa kwehutsanana kubva pa70.22% kusvika pa73.32% kumadhorobha nekumaruwa. Kumaruwa hurongwa uhwu hunenge hwakanyanyonangana nekuvandudza kuwanikwa kwezvimbuzi.

491. Pamusoro pezvo, zvimwe zvezvichakosheswa kuvandudzwa kwezvibetsero zvekucheneswa kwenharaunda, kutsvaka mari, hunyanzvi hwevanhu nemidziyo yekushandisa

Mazano Makuru eKuwedzera Kuwanikwa kweZvinobatsiridza Kusimudzira Hutsanana hweNharaunda

492. Mazano makuru achashandiswa mukuvandudza kusimudzira hutsanana hwenharaunda anokoshesa kupedzisa zvakwa zviru kumamisha nemadhorobha.

493. Kuunza shanduko inobatanidza kufambisa hurongwa hweutsanana hwenharaunda, hutsanana hwemuviri nezvirongwa zvekudzidzisa vagari vemumadhorobha nekumaruwa. Izvi zvichatsigirwawo nekuvandudza mashandiro nekuwaniswa kwezvibetsero zveutsanana kumadhorobha nekumaruwa.

494. Kugadziriswa kwezvaparara kuchasimudzirwa. Izvi zvichabetseredzwa nekupa zvidzidzo zveutsanana, kufambisa mabasa ane chekuita neutsanana kumaruwa nekumadhorobha.

Zvakwa Zvezvifambiso neBetsero yaZvinopa

495. Matambudziko mune zveupfumi pamakore makumi maviri adarika kwakakanganisa kuwaniswa zvibetsero nekugadziriswa kwezvine chekuita nezvivakwa zvekufambisa. Pamusoro pezvo kunyanyoshandiswa



kwezvifambiso zvemugwagwa kuri kunyanya kuparadza migwagwa izvo zvave kuita kuti kugadziridza migwagwa kuve kuchidhura.

Ongororo YeMamiriro eZvinhu

496. Kwemakore makumi maviri adarika zvifambiso nezvivakwa zvinoshandiswa zvakadzikira nechikonzero zvekusagadzirwa nekuvandudzirwa.

Migwagwa nemaZambuko

497. Migwagwa yakakosha mukuunza budiriro ine chekuita nekutenga nekutengeserana. Nekudaro migwagwa inotarirwa kuti igadziriswe. Makiromita anokwana iwo kuita zviuru 84 uyezve achive iwo 93% yemigwagwa yese iri munyika ari muchimiro chisina kunaka kana kuti hainyatoshandisika zvinofadza. Nekudaro migwagwa iyi inoda kugadziriswa nguva nenguva kana kuti patsva.

498. Zvichienderana nehurongwa hweNDS1 nyika inotarirwa kuwedzera zvipimo zvine chekuita nekomisheni yezvifambiso pamwe chete nemashoko (SATCC) makiromita emigwagwa ine tara kubva pa5% muna 2020 kusvika pa10% muna2025. Izvi zvinoreva kuti mugore ra2025, hurumende inotarirwa kunge yava nehurefu hwetara hunosvika makiromita 24 500 kubva pamakiromita 14 702.

Mazano Makuru eKuvandudza Zvivakwa neBetsero yeZvifambiso

499. Pahurongwa hweNDS1 Hurumende ichakoshesa kupedzisa nzira dzisati dzapera kugadzirwa nekuda kwekushaya rubetsero rwemari.

500. Kugadziriswa kwezvikanu zvisina kusanyatsonaka uyewo migwagwa isina kupera kugadzirwa ndiyo iri kuzotanga kugadzirwa.

501. Zvakaonekwa kuti kuva nenzira dzakanaka upfumi munyika, nekudaro hurongwa hweNDS1 huchabetseredza kugadziridzwa kwenzira dzinouya munzira dzinobatanidza migwagwa sedanho rekusimudzira nzvimbo



dzekumaruwa.

502. Pamusoro pezvo, mazano anotevera achaita kuti hurongwa hufambiswe mberi:-

- Kupedzisa mabasa ekugadzirisa nzira dzinonanga kumigwagwa mikuru;
- Kukwenenzvera migwagwaa mikuru uyewo kupedzisa mazambuko mumigwagwa inoshandisa mota zhinji;
- Kumisikidza hurongwa hwenguva refu hwakanangana nekuvandudza migwagwa yenyika pachibetserwawo nezvikamu zvakazvimirira mune zvebudiriro;
- Kuvandudza migwagwa kunzvimbo dzekumaruwa dzinounza zvizibetsero nebhizimusi;
- Kusimbisa nekupa zvikwanisiro kune vezvemari kuti vakwanise kuvandudza *indasitiri* yezvifambiso;
- Kushandiswa zviwanikwa zvemuno kusanganisira vanofambisa mabasa mukusimudzira kugadziridza nekuvakwa kwemigwagwa;
- Kufambiswa kwehurongwa hwekuvandudza mitemo yezvemumigwagwa
- Kusanganisira zvinotarisirwa ne *SADC Protocol on Transport, Communications and Meteorology*;
- Kuongorora kuunzwa kungangoitwa hupfumi nenzira dzakawandirwa nezvifambiso; ne
- Kuongorora mari dzinobviswa pakufamba dzichizoshandiswa kuisa mari mune zvebudiriro.

Zvirongwa

503. Zvirongwa zvinotevera zvichaparurwa:-

- Kugadziriswa kwezvivakwa zvemumigwagwa panguva yakatarwa;



- Kugadziriswa kwemigwagwa; ne
- Kugadziriswa kwemigwagwa zvichienderana nezvinotarisirwa neKomisheni yeSATCC.

504. Mabasa ekuvandudza migwagwa yakakosha yakaita seBeitbridge-Harare achafambiswa muhurongwa hweNDS1.

Zvibetsero zveZvifambiso zveMumigwagwa

505. Kuvandudza zvibetsero zvezvifambiso zvemumigwagwa mukufamba kwevanhu uyewo kutenga nekutengeserana mudunhu nedzimwewo nyika dzepasi rese.

506. Kusave nemigwagwa yakanaka munyika kune dambudziko renjodzi nemamwewo akawanda asiri pachena. Tsaona dzemigwagwa dzakawanda sekutsigirwa kwazvinoitwa neumbowo hunotaura kuti kubvira mugore ra2010 kusvika 2017 kwakaita tsaona dzinosvika 36 105 pagore rega rega uyewo uwandu hwevanhu vakafa i1836. Muna 2016, uwandu hwetsaona hwakavika 38 620 uyewo hwakawedzera kusvika ku42 430 muna2017. Uwandu hwenjodzi dzine ngozi hwakawedzera kubva pahwange huri hukavika 42 430 muna2017.

507. Hurongwa hweNDS1 hunovavarira kuunza zvifambiso zveveruzhinji zvinofamba kumadhorobha nekumaruwa. Chinangwa chikuru kudzikisa njodzi dzemumigwagwa nezvikamu makumi maviri kubva muzana.

Nzira dzeKuvandudza Zvibetsero zveMumigwagwa

508 Mukuparurwa kwehurongwa hweNDS1, mazano anotevera achakosheswa senzira yekuvandudza zvibetsero zvezvifambiso zvemumigwagwa:-

- Kuona kuti vanoona nezvemigwagwa vaisa zvikwangwani zvinoratidza mashoko akakosha mumigwagwa mitsva neyachembera;
- Kuiswa kwezviratidzi zvinonan'anura panotangira nepanoperera mugwagwa uyewo kushandisa zvikwangwani zvisingabiwi nematsotsi kana kupwanywa.



- Kuparura hurongwa hunoongorora zvichisanganisira kuiswa kwezvikingwani mumigwagwa uyezve nekuona kuti nzvimbo dzese dzinonyanyoita tsaona dzagadziriswa mounhizha hwe*sainzi*.
 - Kuparura zvipimo zvekuvandudza bvunzo dzinonyorwa nevanoda kuzotyaira;
 - Kuparura hurongwa hwematyairiro akanaka uyewo kugadzira migwagwa inochengetedza zvfambiso nevanhu; ne
 - Kufambisa hurongwa hwekufambisa mashoko anobetsera mukutyaira kwakanaka uyewo kuongorora zvezvfambiso.

Zvfambiso zveMunjanji

509. Njanji inoshanda zvakanaka yakakosha kubudiriro yenyika kuburikidza nekutenga nekutengeserana munyika, mudunhu nepasi rose. Njanji inotakura zvizhinji , zvinorema, zvisati zvapera kugadzirwa pamwe chete nevanhu. Inobetserawo zvakare kubvisa uwandu hwezvfambiso mumigwagwa pamwe nekuderedza mitengo yekutakurwa kwevanhu nezvinhu.
510. Njanji yenyika yeZimbabwe yakakosha sezvo Zimbabwe iri pakati pedzimwe nyika izvo zvinoita kuti zvine nyore kubatanidza *North-South Corridor*. Zvisinei, njanji dzemunyika dzachembera zvekuti hadzichashandisike nekuda kwekushaika kwemapatsi ekugadzirisa kuparara kwemichina yekutaurisa nezvimwewo.
511. Njanji yemunyika inofambika zvakanaka ingori zvikamu zvipfumbabwe kubva muzana, anova makiromita anokwana iwo kuita 229 kubva mu2,627. Kusagadzikana uku kwakonzera njodzi dzezvitima kana kubuda kwazvo munjanji.
512. Matiroko aparara nekusanyanyoshandiswa nekudaro pane kusadyidzana pamari yekuzvfambisa zvichienzaniswa neiri kupinda. Misoro yezvitima inosvika 166, asi zviru kushanda zvinosvika 60 chete.
513. Nekudaro zvinotakurwa nenjanji zvakadzikira kubva pama*miriyoni* 18 matani kusvika ma*miriyoni* matatu pagore.



Zvinowanikwa kubva muZvifambiso zveMunjanji

514. Chinangwa chezvifambiso zveMunjanji muhurongwa hwe *NDS1* kuvandudza zvigadzirwa zveMunjanji nekuwedzerawo kufambiswa kwezvinhu nevanhu. Zanho nderekuvandudzwa kwechipimo chezveupamhi hwenjanji (*Track Quality Index*) kubva pa57% muna2020 kusvika pa68% muna 2025 pamwechete nekuwedzera zvitakurwa zvisiri vanhu kubva pamamiriyoni 2,6 kusvika pamamiriyoni 6,7 muna2020.

Mazano eKuvandudza zveMunjanji

515. Kuvandudza zvinobuda muzvivakwa nemuzvibetsero zveMunjanji, Hurumende ichafambisa nekukurumidza kupatsanurwa kwekambani yenjanji, kuti ive pasi pehurumende mune zvekuwanikwa kwenjanji asi yozvimiririra yega pakufambisa kwainoita mabasa.

516. Pamusoro pezvo *NDS1* ichakoshesa zvinotevera:-

- Kuiswa kwemari mukambani yezvitima kwakanangana nekumudziridza kana kudzoreredza matiroko, kufambiswa kwemashoko, michina ine chekuita nekufambiswa kwemashoko nezvimwewo zvivakwa;
- Kuparura hurongwa hwebudiriro yakanangana nezvivakwa zveMunjanji;
- Kuparura hurongwa hunoshandisa mutengo unoenderana nebasaraitwa zvichienderana nezvipimo zvinoshandiswa mudunhu pamwe nekuona mamiriro ehomwe nekuzoshandisa mari iyi mukuvandudira mabasa emunjanji;
- Kudzoreredza chivimbo muvafambi kuburikidza nechibvumirano che *Service Level Agreements (SLA)* pakati pe *NRZ* ne vafambi vayo
- Kusimudzira hurongwa hune chekuita nekuunza shanduko yenguwarefu kuburikidza ne *Infrastructure Development Plan*; ne
- Kuvandudza mashandiro e *NRZ* nemashandisirwo ezvibetsero zvayo kuburikidzawo nekuwedzera matiroko



Hurongwa nemaPurojekiti

517. Hurongwa hweNDSI huchafambisa zvinotevera: -

- Kutengwa kwematiroko nezvimwe zvinoshanda mukufambiswa kwezvitima;
- Kumutsiridza nekusimudzira njanji;
- Kumutsiridza nekusimudzira michina ine chekuita nekufambiswa kwemashoko;
- Kumutsiridzwa nekusimudzirwa kwezvinechekuita nemagetsi;
- Kumutsiridzwa nekusimudzirwa kwezvishandiso ;
- Kusimudzira Michina Inofambisa Mashoko eChizvinozvino;
- Kuparura zvirongwa zvinosimudzira mashandiro; ne
- Zvidzidzo zvemibato yemaoko.

Zvivakwa neBetsero dzeZvifambiso zveMuchadenga

518. Zvifambiso zvemuchadenga nezvose zvinotsigira kufamba kwendege nezvimwe kwakakoshera kuunza budiriro neushanyi munyika. Kuisa mari ine chekuita nebudiriro munezvemuchadenga, kunowedzera mikana yekutenga nekutengeserana mudunhu.
519. Kwemakore apfuura, Hurumende yanga ichiedza kuvandudza zvivakwa zvine chekuita nekufamba kwemuchadenga. Zvisinei, kune zvakawanda zvinoda kuitwa mukudzoreredza, kusimudzira nekuvandudzwa kwezvikamu zvakakosha.
520. Michina inoongorora mafambiro endege, nekutauriranwa kunoitwa dzichisimuka neimwewo imwe michina inoshandiswa panhandare yendege inoda kutsiviwa sezvo yachembera.



Zvinowanikwa muZvivakwa Zvinobatsira neZvibetsero ZveZvifambiso zveMuchadenga

521. Pahurongwa hweNDS1, chinangwa chikuru kuve nechifambiso chemuchadenga nezvibetsero zvezvivakwa. Donzvo rimwe nderekuwedzeredzawo zvinotakurwa uyewo mabatirwo ezvitakurwa kubva pamatani 40.2 miriyoni kusvika pa43 miriyoni muna 2025 uyewo vashanyi vobva pachidimbu chiri pakati nepakati pemiriyoni kusvika mamiriyoni maviri muna 2025.

Mazano eKuvandudza Zvivakwa neZvibetsero zveZvifambiso ZveMuchadenga

522. Mazano anotevera achafambisa hurongwa hwekuvandudza zvivakwa nezvibetsero zvezvifambiso zvemuchadenga:-

- Kupedzisa, kudzoreredza nekusimudzira zvivakwa zvine chekuita nezvifambiso zvemuchadenga;
- Kuvandudza kushandiswa kwenzvimbo yemuchadenga uye kuchengetedza nekudzivirira kufambiswa kwendege;
- Kuenderera mberi nekupa zvimwe zvikamu mikana yekushandisa zvifambiso zvemuchadenga uyewo kupedzesa kumisikidzwa kweAir Zimbabwe;
- Kuvandudza hurongwa hwekukwezva zvikamu zvakazvimirira uye kugadzirisa nekusimudzira zvinotarisirwa mukufamba kwendege dzinotakura vanhu nezvinhu;
- Kushandisa nzira dzine kushanda pamwe chete kwezvikamu zvakazvimirira nezvehurumende mukusimudzira mabasa ebudiriro nema *purojekiti* ekuvaka nhandare nezvimwewo;
- Kugadzirisa zvibvumirano zvemushandirapamwe zvinopa mukana mukutengeserana;
- Kubhadhara zvikwereti kusangano rinoona nezvekufamba kwendege pasi rese;



- Kusimudzira kuiswa kwemari yebudiriro uye kushanda pamwe kwenguva refu kuburikidza nehurongwa hwe *National Air Infrastructure Development Plan*; ne
- Kusimudzira kufambidzana kwenyika kunovimbika.

Zvibetsero neZvivakwa Zvezvifambiso Zvemumvura

523. Zvisinei nehudiki hwechikamu chemugungwa, chikamu ichi chakakosha mukuvandudzwa kwebudiriro munyika kuburikidza nekukwezva vashanyi vanofarira mafaro muzvikepe.
524. Pasi pehurongwa hwe *NDS1*, zvifambiso zvemumvura zvichavandudzwa kuti zvikwanise kutakura vashanyi vazhinji. Chinangwa chikuru ndechekuvandudza huwandu hwezvikepe kuti zvibve pa 1300 pazviri muna 2020 zvisvike 1 400 muna 2025.

Mazano eKuvandudza Zvivakwa neZvibetsero zvemumvura

525. Mazano makuru achakosheswa pahurongwa hwe *NDS1* ndeanotevera:-
- Kusimudzira, kugadzirisa nekudzoreredza zvivakwa zvezvifambiso zvemumvura;
 - Kusimudzira hurongwa hwenguva refu hwe *National Marine Infrastructure Development Plan*;
 - Kufambisa hurongwa hwekushandiswa kwezvifambiso zvinoenderana nemwero wemashandisirwo ne;
 - Kufambiswa hurongwa hwekuisa mari mune zveupfumi uyewo kubatsirana nemamwe mapazi mukumisikidza zvivakwa.

Hurongwa

526. *NDS1* ichafambisa hurongwa hunotevera: -



- Kusimudzirwa kwezvivakwa zviri munyika ne;
- Kuvandudzwa kwezvipimo zvekudzivirira njodzi mune nzvimbo dzese dzine mvura munyika.

Upfumi Hunounzwa neTekinoroji

527. Kufambiswa kwemashoko kuburikidza nemichina yechizvinozvino kunovandudzwa budiriro yenyika. Izvi zvinoita kuti kufambiswa kwemashoko nemichina yechizvinozvino mumapazi eHurumende kuvepo sezvo mugore ra2030 ukoshi uhwu hunenge huchitarisirwa.
528. Zvine chekuita nezivo zvinozambira pamichina yechizvinozvino. Nyika ichakosheswa kusimudzirwa kwemichina inofambisa mashoko nenzira dzechizvinozvino, muhurongwa hwe*NDS1*. Izvi zvinotarisirwa kuti zvichasimudzira budiriro yekufambiswa kwemashoko nemichina yechizvino zvino. Zimbabwe inotarisirwa kuti ichasimukira kubva padanho re109 munyika 133 payainge iri mugore ra2018 pachipimo che*Zimbabwe's international ranking on Country and Product Complexity*.
529. Panguva yehurongwa hwe*NDS1* Hurumende ichaparura zvirongwa zvakanganana nebudiriro yenyika kuchishandiswa ruzivo rwemichina yechizvinozvino muzvikamu zvinoti zvekurima, utano, zvifambiso nemaguta.
530. Kushandiswa kwemakombiyuta muHurumende kuchakosheswa pakuvandudzwa zvakwana, mune zveutano, dzidzo, tsvakurudzo nebudiriro yemapoka e*Community Information Centres* munzvimbo dzisina zvikwanisiro zvakakwana zvemafambisirwo emashoko
531. Mumakore gumi apfuura, kune budiriro yekushandiswa kwemasaisai izvo zvaita kuti nharembozha dzive dzichisimukira kusvika ku94,2% kubva mu59,1% muchikamu chekutanga chegore ra2020. Chirwere chinokonzerwa nekorona chakaunzawo mikana mitsva kubandiko rekufambiswa kwemashoko kuburikidza nemichina. Iyi mikana inotarisirwa kunyatsoshandiswa muhurongwa hwe*NDS1*
532. Kunyangwe zvakadaro, bandiko rine chekuita nekufambiswa kwemashoko kuchishandiswa michina yechizvinozvino, rakatarisana nematambudziko



ekusanyatsoshandiswa kwezvivakwa uyewo kunonoka kushandiswa kwawo nehurumende.

533. Kuwedzera pane zvataurwa pamusoro, kusadyidzanisa kwenzvimbo dzakamisikidzirwa michina yechizvinozvino kwakonzera kuti mitengo yemasai sai idhure uyewo kunonotsa budiriro.
534. Chikamu ichi chakanganiswawo nekuwaniswa mari, kusatsigirwa mubudiriro ine chekuita nezvinobatika nezvisingabatiki mumapatsi emichina yechizvinozvino inofambisa mashoko, kushomeka kweunyanzi hwemakombiyuta uyewo kusaiswa kwemari inounza budiriro mutsvakurudzo nebudiriro. Kushaikwawo kwemagetsi ndiko kumwe kwakanganisa kufambiswa kwemabasa anoshandisa michina yechizvino zvino.
535. Kunyangwe zvazvo hwaro hwekushandisa michina yechizvinozvino hwavepo, kuchine mukaha pakati pevanounza masaisai neavo vanoashandisa vanove vatengi.
536. Kubva pane matambudziko ataurwa pamusoro, chipimo chenyika dzepasi rese che *ICT Development Index (IDI) of 2.92*. chinopima Zimbabwe panhamba 136 panyika dzinosvika idzo 176.

Kuwana neKushandisa *Tekinoroji* Inofambisa Mashoko

537. Zimbabwe inotarisira kuve nemasaisai *eindaneti* kusvika pamisha iri kumaruwa kuburikidza nekuona kuti masaisai asvika kumutegi. Pa *NDS1*, Hurumende inoda kuvandudza kuwanikwa kwemasaisai kubva pa59,1% mu2020 kusvika 75,42% muna2025. Kuwanikwa kwenharembosha kunotarisirwa kuti munhu wese muna 2025 anenge ave neyake.

*Mazano eKuwana neKushandisa *Tekinoroji* Inofambisa Mashoko*

538. Mukuedza kuwana betsero kuburikidza nehwaro hwemasaisai, Hurumende ichagadzirisa kuwaniswa kweruzivo rwema *kombiyuta* muzvikamu zvakazvimirira nekuwanisawo shanduko ine budiriro.
539. Hurumende ichachimbudzisa kuwanisa zvishandiso zvekuwanisa *tekinoroji*



inofambisa mashoko kuburikidza nekufambisa hurongwa hwe *National ICT Device Factory, upgrade Government Internet Services Provider (GISP)*.

540. Mukufambiswa kwehurongwa hwe *NDS1* zvichanyanyokosheswa kumisikidzwa kwehutungamiriri hune hwaro yechizvinozvino hwe *E-Government Enterprise Architecture and Interoperability Framework, National Data Centre*, kuvandudzwa kwe *PFMS* pamwe chete nekugadzira mashandiro nekudyidzana kwemashandiro emapazi eHurumende yose.
541. Kusimudzira kushandiswa kwemichina yechizvinozvino mukuderedza mhosva dzine chekuita nema *kombiyuta* nemasaisai.
542. Pamusoro pezvo, *NDS1* ichavandudza hurongwa kufambiswa kwemabasa eHurumende
543. Mabasa makuru achafambiswa mukuvandudzwa mashandiro eHurumende pachishandiswa masaisai anosanganisira zvinotevera:-
 - Kumisikidzwa kwezvirongwa zvekuchengetedza nekusvitsa mashoko;
 - Kugadzirisa zviero zvekufambiswa kwemashoko nenzira dzechizvinozvino ne;
 - Kumisikidza zvikamu zvekuwanisa mashoko nenzira dzakasiyana-siyana.

Mazano eKuwedzeredza Mashandisirwo e *Tekinoroji*

544. Mukuwedzera mashandisirwo etekinoroji, Hurumende ichamisikidza mapoka anowanisa michina yechizvinozvino nemasaisai munyika yese. Izvi zvichasimbiswa kuburikidza nekupa zvivakwa zvine chekuita nekufambisa mashoko uyewo kuwanisa masaisai nemichina ye *tekinoroji* kuzvikamu zvose nemitengo yakaderera.
545. Zvibereko zvekuvandudzwa kufambiswa kwemashoko nemichina yechizvino zvinobudirira kana hurongwa nema *purojekiti* ezvibetsero zvinovandudza upenyu hwevanhu zvinotevera zvaitwa:-
 - Chibetsero chekufambisa mashoko (*ICT Applications Services*) ;



- Chibetsero chekuunza zvakwa zvekufambisa mashoko nekugadziridza (*ICT Infrastructure Development and Maintenance*);
- Chibetsero chekuvanduzwa mashandiro (*ICT Capacity Building and Training*);
- Chibetsero chekumisikidza umhizha (*ICT innovation hubs*);
- Chibetsero chekuongorora rupawo chakabatana nehofisi yezvitupa (*ID verification linked to the Registrar General's Office*);
- Kuchengetwa kwemashoko (*Digital Deeds Database*);
- Kusimudzirwa kwechibetsero chinochengeta mashoko (*Digital database development*) ne;
- Kushandisa michina yechizvinozvino mukuwanisa mvura (*Automation of water supply system (Telemetry)*).

Kuvandudza Kuwaniswa kweMichina yeTekinoroji

546. Chinangwa chikuru kuve nemichina yekufambiswa kwemashoko nemichina yechizvinozvino inoshandisika nemunhu wese, yakachipa uye ichiwanikwa munyika yese kuti budiriro yeupfumi hwemhando yepamusoro ibudirire.
547. Kuvandudza michina yekufambisa kwemashoko uye zvakwa zvinoita kuti munhu wese awane masaisai.
548. Zvimwewo zvichakwaniswa kuvandudzwa kwemasaisai ezvemaredhiyo nezvivhiti vhiti. Izvi zvichatsigirwa nekudyidzana mukushandiswa kwezvivakwa zvemakambani anopa masaisai munyika.

Hurongwa hweKuvandudza Kuwanikwa kweMichina yeTekinoroji

549. Mukuvandudza hurongwa hune chekuita nekuwanikwa kwemichina ye*tekinoroji NDS1* ichafambisa zvirongwa zvinotevera:-
- Chibetsero cheKuunza Zvakwa zveKufambisa Mashoko



neKugadziridza(*ICT Infrastructure Development and Maintenance*) ne;

- Chibetsero cheKufambisa Mashoko (*ICT Applications Services*) ;

Kuwedzerwa Hurongwa hweBudiro mune Zvekufambisa kweMashoko

550. Kuisa mari yebudiro mumichina ine chekuita nezvekufambiswa kwemashoko kwechizvinozvino, uyewo kuvandudza kuwanikwa kwemichina iyi kuchakosheswa panguva yehurongwa hwe*NDSI* . Izvi zvichaendeka kuburikidza nekusimudzira vanoshanda vakazvimirira vega munyaya dzezvemichina inoona nekufambiswa kwemashoko ,uye kuva nehurongwa hunokwezva vanoita budiro yekufambisa mashoko yechizvinozvino.
551. Zvimwewo, kuchave kutsigira umhizha nekushandiswa kwemichina yechizvinozvino, kunova kuchabatsiridza kuiswa kwemari inounza upfumi mune zvekufambiswa kwemashoko.

Hurongwa hweKuvandudza Budiro mune zveMichina Inofambisa Mashoko

552. Kuwedzeredza budiro inounza upfumi yemichina yekufambisa kwemashoko nemichina yechizvinozvino inounza budiro mukufambiswa kwehurongwa nema*projekiti*:-
- Kubvisa zvimhingamupinyu mukuitwa kwemabhizimusi
 - Nzvimbo dzekutenga nekutengeserana munyika pachishandiswa michina inofambisa mashoko yechizvinozvino; ne
 - Chibetsero chekufambisa mashoko (*ICT Applications Services*)

Kuwedzera Kodzero uye Kugutsikana kwaVatengi neVashandisi veZvibetsero

553. Kufambirana kwezvirongwa zve*ICT* uye mitemo yakanangana nekuwedzeredza *ICT* kubva nu75% kusvika 85% uyewo kuwedzera miwe mitemo inotarisirwa kubva mu0% kusvika mu5%.



554. Mukuvanduza kuenderana kwemitemo nehurongwa, Hurumende icharovedzera kushandiswa kwemichina yechizvinozvino muhutungamiri hwenyika.

Hurongwa

555. Mukuvandudza kuenderana kwemitemo nehurongwa hwezvekufambiswa kwemashoko, zvinotevera zvichabatsiridza:-

- Mitemo ine chekuita nemichina ye*tekinoroji*, (*ICTs sector policies and regulations*);
- Hutungamiriri hweHurumende Hunoshandisa Michina ye*tekinoroji* (*ICT Governance*);
- Kugadziriswa kweZvibetsero zveKufambiswa kweMashoko (*ICT Applications Development and Management*);
- Kufambisa Budiro yeZvivakwa zveMichina ye*Tekinoroji* (*ICT Infrastructure Development and Management*); ne
- Kuongorora neKuteverera mune Chekuita neMichina ye*Tekinoroji* (*ICT Monitoring and Evaluation*).

Kuwedzera Kodzero uye Kugutsikana kweVatengi neVashandisi veZvibetsero

556. Kuchengedza kodzero dzevatengi nevashandisi vezvibetsero pamasaisai kuchakosheswa papudiro ye*NDS1* .

557. Kuchaitwawo zvekusimbisa nekudzivirirwa kwemashoko anokosha pamasaisai.

Hurongwa

558. Hurongwa hwe*NDS1* huchavandudza nekushambadza *Cyber Security Act* uyewo kuwedzeredza kuzadzikisa kodzero dzevatengi nevashandisi hwezvibetsero.



Kuwedzera Zivo yeKushandiswa kweMichina yeChizvinozvino

559. Mukuedza kuvandudza zivo ine chekuita nemichina yechizvinozvino, hurmumende ichawanisa dzidzo yezvemakombiyuta munyika uyewo kupa zivo inosimudzira zvirongwa zvebudiriro mu*tekinoroji*

Hurongwa

560. Kuwedzera ruzivo rwe*tekinoroji* zvirongwa zvinotevera zvichavandudzwa:

- Unyanzvi hwakakosha mune zve*Tekinoroji*;
- Kufambisa hurongwa hweunyanzvi, tsvakurudzo nebudiriro;
- Kuvandudza budiriro mune zve*Tekinoroji*; ne
- Zvibetsero zvekufambisa mashoko;
-



CHIKAMU 7

KUWANISA DZIMBA

Nhanganyaya

561. Dzimba dzakaringana, dzinochengetedza vanhu, runyararo nekuremekedzeka kwevanhu ikodzero yakakosha yezvizvarwa zvese. Bumbiro remutemo reZimbabwe, muChikamu 28 rinotaura nezvepokugara sechimwe chezvinangwa zvenyika. Nokudaro, *"Nyika nemapazi ayo nemapoka eHurumende ose, pamatanho ose, vanofanirwa kutora mutemo nemamwe matanho, kusvika panotendera zvikwaniso zvavanazvo, kuti munhu wese awane pokugara"*.

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

562. TSP inotora kuwanisa vanhu pokugara sechimwe chezvirongwa zvinofanirwa kuitwa pasi pechirongwa chezvivakwa zvakakosha zvinobetsera voruzhinji. Chakakosha kwanga kuri kuwanisa vanhu nzvimbo dzokuvakira dzimba nezvivakwa zvinobetsera mararamiro evanhu, kuti vape vanhu dzimba vakatora nguva refu vakamirira. Pamusoro pezvo, ose mabasa anoitwa nemapoka anoita nezvekuwanisa vanhu pokugara, anga amira nokuda kokusamira zvakanaka kohupfumi kwemakore gumi akapfuura, akaitirwa hurongwa hwokuti apedziswe.
563. Zvisinei neshuviro yataurwa iyo, nyika yeZimbabwe inoramba iri kure nokupedza kupa vanhu vese vakanyoresa kuti vawane dzimba kana pokuvaka dzimba, kunyanya mumadhorobha.
564. Pasina hurongwa hwakagarirwa pasi, kuitira kuwanda kuri kuita vanhu mumadhorobha, kugara kwevanhu kusiri pamutemo pane dzimwe dzenguva kunoitwa panzvimbo dzisingabvumidzwi mumadhorobha nemunharaunda. Pokugara apa panenge pasina mabasa anobetsera mararamiro evanhu voruzvinji. Dambudziko racho rinokudzwa nokushaikwa kwezvivakwa zvinoenderana nekuwanda kuri kuita vanhu.
565. Kupiwa kwevanhu dzimba dzinotengeka, dzakasimba, dzechizvinozvino, mabasa nezvivakwa zvebetsero kune voruzhinji zvinoshanda mumadhorobha nomumaruwa, zvinobva zvaenderana nemuono wa2030,



sekupirwa kwazvakaitwa neVanoremekedzwa, Mutungamiriri weNyika, mugore ra2018.

566. Kuwaniswa kwevanhu dzimba, dzinotengeka, nepokugara pakanaka mumadhorobha nemumaruwa, rinoramba riri dambudziko. Hurongwa hwe *TSP* huchitaridza kuti vanhu vasati vapihwa dzimba vanosvika mamiriyoni 1,25. Chikamu chinoona nezvekuwanisa vanhu pokugara chakaita zvinotevera: -

- chakagadzira nzvimbo dzokugara dzinosvika 164 195 munyika yose;
- chakavaka dzimba dzinosvika 49 870; ne
- kugadzurudza nekuvaka patsva nzvimbo dzinobetsera raramo yevanhu.

567. Kuwanisa vanhu pokugara pakanaka kusingadhuri kwakakanganiswa nezvibingamupini zvakawanda, zvinoti: -

- Kusagadzikana kwezve hupfumi munyika;
- Kukura nekukurumidza kwenzvimbo dzichiita madhorobha kunokonzera kuvakwa kwepokugara zvisiri pamutemo, zvisina tsamba dzeurevamwene nekushaya mabasa ebetsero nezvivakwa zvinobatsira raramo yevanhu;
- Kuiswa kwemari shoma muzvivakwa chebetsero chiri panovakwa, nechiri kure nepanovakwa zvakaita semigwagwa, mvura nezvinopa hutsanana munharaunda;
- Kuisa mari shoma muzvivakwa zvinovandudza raramo zvakaita sezvikoro, zvehutano nekokutandarira. Izvi zvinonyanya kuwanikwa munzvimbo itsva dzichangovakwa;
- Dzina vanhu vashoma vanowana dzimba nokuda kokushaikwa kwemari;
- Kudhura kunoita nzvimbo dzokuvakira dzimba, nedzimba dzakavakwa, zvichikonzerwa nekudhuriswa kwemabasa ekugadzira nzvimbo dzacho kuti pagovakika uye mutengo wokuvaka dzimba dzacho. Nokuda kwaizvozvo, vamwe vanotambira mari shoma vanosarudza kuvaka dzimba zvisiri pamutemo kugadzirisa dambudziko repokugara;



- Nzvimbo dzacho dzokuvakira dzimba ishoma uyewo kunetsa kwamatanhoanotevedzwa kuti munhu agopihwa tendero yokuvaka. Vanhu vanoda nzvimbo dzokugara vawanda uye vava kuita makwikwi kuwana nzvimbo idzi nevamwe vanoda kudzishandisa zvisiri zvepokugara zvava kupedza nzvimbo dzinofanirwa kuvakwa zvivakwa zvinobetsera vanhu kurarama zvakaita sezvikoro nezvivakwa zvinobetsera zvehutano;
- Kuparadzwa kwenharaunda;
- Kushaikwa kwezvinyorwa zvinoratidza chimiro chezvinhu chaizvo mune zvekuwanisa vanhu pokugara kuitira hurongwa hwanaka, zvinosanganisira zvepaka evanhu, zvinyorwa zvevakawana dzimba, nzvimbo dzokuvakira nekuwanda kuri kuita vanhu mumadhorobha;
- Kusava nehurongwa hwakanaka hwemadhorobha nenharaunda, kuronga kunoita vanhu vava kuzvitonga kwakanangana nokuvandudza maruwa vachisiya madhorobha, zvakaita kuti pave nepokugara pasiri pamutemo mumadhorobha;
- Hwaro nezviga zvevumadhorobha nezviga zvakatarwa zvinotevedzwa panovakwa mudhuri zvinokonzera kugara kwavanhu vakaungana, kusaikwana nokusaisimba kwedzimba;
- Kusasimba kwemitemo inoona nezvenzvimbo nenharaunda, inosanganisira mapoka anoona nezveruzhinji neanotungamirirwa navagari vemunzvimbo, kutadza kuronga nekutungamirira nekufambisa hurongwa hwekugarisa vanhu.

Kuwanisa Vanhu pokugara Pasingadhuri uye Pakanaka muMadhorobha neMumaruwa

568. Takatarisana nekukura kwehuwandu hwevanhu vakanyoresa vasati vawana dzimba nekushaikwa kwezvivakwa zviripo, kuzvipira kweHurumende, kupfurikidza nechirongwa cheNDSI, kukoshesa kuwanisa vanhu pokugara pasingadhuri uye pakanaka mumadhorobha nemumaruwa. Nokudaro, panguva ichaitwa chirongwa cheNDSI, Hurumende ichaita hurongwa



hwenyika yose kuronga kuwanisa vanhu pokugara, zvichanganisira kuronga kumisikidzwa kwezvinhu zvinobatsira mabasa okuwanisa vanhu dzimba, akaita sekuisa panzvimbo zvinobetsera vanhu zvakaita seICTs, pachishandiswa hunyanzvi hwemakombuta kumadhorobha nemaruwa.

Zvinobuda paKuwanisa Vanhu pokugara Pasingadhuri Pakanaka muMadhorobha neMumaruwa

569. Kuwanisa vanhu pokugara pasingadhuri uye pakanaka mumadhorobha nemaruwa harisi basa revanomirira vatengi kana vanotengesa dzimba muHurumende chete. Zvinoitwa navose vanobatsirana nevanhu vanotenga kana kutengesa dzimba, vari muchikamu cheHurumende nevasiri veHurumende uyewo nevanhu vari munharaunda nevanobva kune dzimwe nyika.

570. Kubudikidza nekubatana nevakakodzera, Chirongwa cheNDS 1 chinotarisa zvinotevera: -

- Kuwedzerwa kwepokugara pemhuri;
- Kuvandudza kuwanisa vanhu pokugara mumadhorobha nemaruwa;
- Kuwedzera kuwanikwa kwezvivakwa zvinobatsira raramo yevanhu mumaruwa nemumadhorobha;
- Kuwedzera kuwanisa vanhu mabasa ebetsero yeraramo. Izvi zvinosanganisira zvikoro, kwekutandarira, zvehutano kokutengesera zvinhu nekweve mabhizimusi madiki (MSMEs);
- Kuvandudza kuwanikwa kwemari yokuvaka dzimba; ne
- Kugadzirisa vakagara munzvimbo zvisiri pamutemo.

Pokugara peMhuri

571. Kuwanikwa kwepekugara pakachengeteka rinoramba riri dambudziko kumhuri dzakawanda.



572. Nokudaro, Hurumende iri kutarisira kuvaka dzimba dzino huwandu hunosvika 220 000 huchiwedzera nekufamba kwenguva uye dzichawanikwa nevanodzida panguva yechirongwa chedzimba.

Mazano oKuwedzera poKugara kuMhuri

573. Kuwanikwa kwepokugara zvinobva nokushandiswa kwemazano akawanda akaita sekuwanikwa kwemari kune vakazvimirira vega neHurumende . Kusvika pari zvino, Hurumende, kupfurikidza nekomiti inobatanidza zvikamu zvakawanda (*Inter-Sectoral*), ichakurudzira kushanda nechirongwa che*PPPs* uyewo kushandura maitirwo ehurongwa hokuwanisa vanhu pokugara nekupa vanhu zvikwereti zvokutenga pokugara.

574. Kuwana pokugara, kunoda kuti vanhu vachibhadhare mari kumuridzi, zvinobatsira vanhu vachangotanga mabasa atambiriswa mari, asi hazvina kuramba zvichivandudzwa muZimbabwe. Pachaitwa chirongwa che*NDSI*, matanho okuwedzera dzimba dzokugara panenge pachibhadharwa mari achakosheswa.

575. Pamusoro pezvo, Hurumende iri kumutsiridza chirongwa chayo chokuwanisa dzimba kuvashandi, vangava veHurumende kana kuti vasiri, pokugara (*HGF*), kuisa mari muchirongwa chokuwaniswa kwepokugara kuvanhu vanogara mumaruwa nechimwezve chirongwa chinowanisa vashandi veHurumende pokugara nekutaurirana neshamwari dzinoita nezvekuwanisa vanhu pokugara.

576. Zvimwe zvinhu zvakakosha pakugadzirisa matambudziko epokugara pasingakwani, pari zvino, panotoda kuderedzwa kwemari yokuvaka dzimba. Izvi zvinobudirira kana pakaitwa chirongwa chetsvakurudzo nekusimukira kwenyika, kuita kuti paonekwe tekinoroji ingadihwa, Mamiriro edzimba dzechu zvino zvino anoenderana nekushanduka kwezve mamiriro ekunze nekujairira kwacho uyewo kushandiswa kwezvekuvakisa zvinowanikwa munharaunda. Pamusoro pazvo, kushandisa vayavano vakirwa dzimba vacho pamabasa ose anoitwa pakuvaka, zvinoita kuti mari inodiwa kuvaka dzimba iderere.

577. Mitemo yakawanda inoshandiswa pakuvakwa kwedzimba idzodzi,



haichaenderani nemavakirwo edzimba dzanhasi, yava yekare. Kushandurwa kwemitemo inochokuita nezviga zvinotarisirwa pakuvakwa kwedzimba, yakaita semitemo inobata zviga zvechimiro cheimba, *zvemastandards*, necheuita nezvemitemo yemavakirwo edzimba. Munyaya imwe chete iyeyo tichitungamirirwa nenyaya yokuvandudza nzira dzokuita nadzo mabasa, nhevedzo dzokuti *plan* yemba igashirwe nekuongororwa kwese kwainoitwa nevehutano zvinoda kukurudzirwa kuita kuti pavakwe dzimba dzinogarika.

578. Kuwanisa vanhu pokugara kuchikamu chevashandi veHurumende, nemapaziwo akasiyana-siyana eHurumende, Dzimba dzeHurumende nedzimba dzinopihwa vanohora mari shoma neHurumende kana kuti mapoka eve kazvimiririra ega zvichakosheswa neHurumende kupfurikidza nemari inobva kuchirongwa che*NDS1*. Dzimba idzi dzinotengeserwa avo vanenge vachitogaramo kana semudyandigere.

579. Kukoshesa hurongwa hwokuti vanhu vazvivakire dzimba dzavo pachavo zvinonosa chirongwa chokuwanisa vanhu pokugara. Dzimba dzokugara vanhu vachibhadhara kuvaridzi vadzo, zvinoitwa kuvashandi vechidiki vachangotanga basa, hazvina kuramba zvichivandudzika muZimbabwe. Panguva yechirongwa che*NDS1*, matanho okuwedzera dzimba dzinogara vanhu vachibhadhara akaita sokuvaka dzimba dzomuturikidzwa zvichapihwa mukana pachingororwa mitemo inezvisungo zvacho, nokupa masimba kudare rezve kubhadharwa kwemari yopokugara kuti vatore mari dzinobhadharwa dzacho.

580. Pamusoro pezvo, chirongwa chokuti vanhu nemakambani vatenge zvinhu zvinogadzirwa neHurumende chichavandudzwa kuti chiwedzerewo zano rokuwanisa vanhu pokugara. Izvi zvichasimbiswa nekuzvipira kukuru kweHurumende kushanda nehuwandu hwavanhu nedzimba dzinodihwa munyika.

581. Matanho okudzivirira kupararira kwechirwere che*COVID-19* akawedzera dambudziko rokuva nemahofisi asina vanhu pakati pemadhorobha. Izvi zvinopa mukana wokuti vanhu vatore mahofisi aya kuita dzimba dzokugara zvinobva zvawedzera huwandu hwevanhu pakati pedhorobha. Tichifambirana nenyaya yokuwanda kwevanhu kudai, pachawedzerwa nzvimbo dzokuvakira vanhu dzimba dzomudurikidzwa, kusvika pa40.



Zvirongwa neMapurojekiti

582. Kuwedzera pokugara kumhuri kuchaitwa kupfurikidza nezvinotevera: -

- Kumutsurudzwa kweDzimba dzeHurumende; ne
- Kuongorora neKutwasanudza Mitemo.

Kuvandudza Chirongwa choKuwanisa Vanhu poKuvakira Dzimba dzomuma Dhorobha neMumaruwa.

583. Dzimba dzomumadhorobha nedzemumaruwa dzine hurongwa hwakanaka, dzakasimba, izvi zvinokonzerwa nekuva nehurongwa hwakanaka hwekuwanisa vanhu nzvimbo dzokugara. Huwandu hwavanhu vanoda dzimba hunofanirwa kiufananidzwa nenzvimbo dzokuvaka dzakavandudzwa kuti dzigarwe.

584. Kuti pave nechirongwa chokuwanisa vanhu dzimba chinobudirira panguva ichaitwa chirongwa *cheNDSI*, Hurumende ichatenga mahekita anokwana kuita 10 000 mumadhorobha, kuti kuvakwe dzimba. Izvi zvichaita kuti mapoka akasiyana anoita zvokuvandudza nzvimbo dzinovakirwa dzimba agadzire nzvimbo dzokuvakira dzimba zvinoenderana nezviga zvakatarwa. Kuzadzisa zviga zvakatarwa pakuvaka dzimba kunosanganisira zviga zvinechokuita nenharaunda, zvichaita kuti huwandu hwedzimba dzine zvitupa zvinoratidza kuzadzisa zviga zvokuvaka dziwande.

585. Mumaruwa, kuwaniswa kwenzvimbo kuchateverera nyaya yemaraini, kuti kusare dzimwe nzvimbo dzinoitwa mabasa epundutso nokuchetedzwa kwenzvimbo dzinogona kurasha hukoshi. Nzvimbo dzine maraini anosvika 124 dzichapihwa panguva yechirongwa *cheNDSI*.

Mazano okuVandudza Nzvimbo dzoKuvakira Dzimba muMadhorobha neMaruwa.

586. Mazano akati wandei achashandiswa kuti tiwane zvbereko zvinobatika. Nzira dzokuwanikwa kwenzvimbo dzokuvaka dzimba dzicha ongororwa nechinangwa chokukurumidza kupa vanhu nzvimbo dzokuvakira dzimba.



587. Mukuzama kumisa kukura kwemadhorobha achipinda munzvimbo dziri mumaruwa ari pedo nawo, zviga zveMutemo weMakanzuro oMumaruwa, zveMitemo yeHutongi hweMatunhu, zveMitemo yoKubatwa kweivhu Mumaruwa neZvokubatwa kweivhu zvichabatanidzwa zvoshandiswa. Pamusoro pezvo, zvikamu zvinoona nezvekusimudzirwa kwematunhu zvichamutsurudzwa kuti kuti pashandiwe nevagari vomunzvimbo..

588. Hurongwa hwokuti vanhu vapiwe mapepa ekuva varidzi venzvimbo dzavachavakira dzimba zvichakurumidza kuitwa. Tichiwedzera pane zvataurwa izvi, kuvaka dzimba kunotenderwa chete kana munhu abudisa zvitarwa zvemamiriro edzimba dzavo pabepa, vozopihwa tendero yokuvaka. Boka rinoona neZvemashandisirwo eNzvimbo Mumadhorobha nemaKanzuro kumaruwa vachapihwa masimba rokuderredza kupihwa nzvimbo dzokuvaka kwevanhu vashoma. Nyaya yokuwanisa vanhu nzvimbo dzokuvaka ichaitwa padanho repasi munzvimbo dzinopihwa dzimba.

Zvirongwa zveKuvandudza Kuwanisa Vanhu pokugara

589. Kuwanisa vanhu pokugara kunotsigirwa nezvirongwa zvinotevera, panguva yechirongwa:

- Kutenga nzvimbo dzokuvakira; ne
- Kuvandudza kwemashandiro; (vanhu vanoshanda mumapoka anochokuita nezve kuwaniswa kwenzvimbo dzokuvaka).

Kuvapo kweZvivakawa zveMabasa anoBetsera muHupenyu

590. Mabasa akakosha anobetsera kuti mhuri dziwane mvura yakachena, zvinobetsera kuchena kwenharaunda, simba rinopa moto nokufambisa michina, migwagwa inofambika tekinoroji inovandudza kufambiswa kwemashoko, zvinhu zvinotarirwa kuti zvinge zviru munzvimbo inovakirwa vanhu pokugara. Zvisinei, mabasa anobetsera zvhupenyu aya haawanikwi munzvimbo zhinji dzinovakirwa vanhu pokugara nokuda kokuti zvivakwa zvinovandudza mabasa ebetsero aya hazvina kunge zvavakwa. Nedzimwe dzenguva, zvivakwa zviripo hazvichakwanisi kushanda zvichibatsira vanhu



vese apo huwandu hwevanhu huchiramba huchikura, nokuda kokuti zvivakwa izvi hazvina anoramba achigadzurudza.

591. Chirongwa cheNDSI, chine muono wokuvandudza kuwanisa vanhu betsero yehupenyu. Huwandu hwevanhu vanonwa mvura yakachena yakanaka inotarisirwa kukwira kubva pa77.3% mugore ra2020 kusvika 90% panosvika gore ra2025.

Mazano anoVandudza Kuvakwa kweZvivakwa Zvinovandudza Mabasa eBetsero

592. Kuvandudzwa kwenzira dzekuwanisa vanhu mabasa ebetsero munharaunda, hurongwa hunoda mushandirapamwe, hunoita kana mazano akawanda eMDAs, neve zvikamu zvevemabhizimusi vakazvimirira vega, masangano akazvimiririra nevanoshandidzana nevekusimudzirwa kwematunhu. Mazano aya anoitwa kuchizikanwa kuti kune matambudziko ariko anowanikwa muzvimbo dzine mabasa ebetsero akakosha neidzo dzisina zvivakwa zvinotsigira mabasa ebetsero, zvakaita sezviborani, mumaruwa.
593. Munzvimbo dzine mabasa ebetsero, kushandidzana nekumirira vanhu vemunharaunda kubudikidza nekushandidzana navanhu vanoita zvekusimudzira matunhu, mukana mukuru uchava wokutarisa matambudziko aripo nekushandisa kwakanaka nekutora zvivakwa izvi sezvavo nokupindira panenge pachikodzera. Zvimiro izvi ndizvo zvakakosha pakugadzurudzwa kwezvivakwa, zvakaita sezvibhorani mumaruwa.
594. Zvirongwa izvi zvinotsigirwa nekusimba kwehurongwa hwekuteverera, ongororo, kuvakwa, nekugadzurudzwa kwezvivakwa. Kushaikwa kwenyanzvi kuti vashande nemabhindauko aya zvichaitwa muchirongwa chokuvandudza zivo nehunyanzvi hwavanhu.
595. Kugadzurudzwa kwezvivakwa kunoda mari, ndosaka kuchizoshandiswa pfungwa yokuti kana munhu ahandisa obhadhara pakakodzera asi tisingakanganwi kukosha kwekodzero dzevanhu kuzvivakwa izvi.
596. Mumaruwa ane zviwanikwa, vemakambani anochera zvicherwa vachataurwa navo kuti vatsigire hurongwa hwekupa vanhu betsero semabasa sechikamu



chemashandiro emakambani anopa betsero kuvanhu vari munharaunda mavanoita mabasa avo (*CSR*).

597. Kuvakwa kwezvivakwa zvinovandudza mabasa ebetsero munzvimbo (*on-site*) kana kure (*out*) nenzvimbo pachishandiswa tekinoroji kuchakosheswa kuti kutsigirwe mabasa ebetsero munzvimbo dzaanenge asiri. Mhuri zhinji dzakagara munzvimbo dzadzo pachadzo hadzina zvikwaniso zvokuzviwanisa zvivakwa zvinovandudza mabasa ebetsero, saka Hurumende inopindira. Kupihwa kwenzvimbo dzokuvaka kunobva pakuti nzvimbo dzacho dzakavandudzwa here, zvinoita kuti vanhu vagare vachiwana betsero dzinodiwa, kubvisa dambudziko rekushaya mabasa ebetsero kune vachazogara munzvimbo idzodzo.
598. Kuwanikwa kwemari kuchaita kuti kutangwe kana kupedzwa kwezvikwa izvi kuitike. Ma*PPPs*, kutaurirana zvakare nevekune dzimwe nyika vatinodyidzana navo mune zvekusimudzirwa kwematunhu kuti vabatsire nemari yekuvaka zvivakwa zvinovandudza mabasa ebetsero kunze kwenzvimbo dzinovakirwa dzimba, kuti vaise mari kuboka rinoona nezvekusimudzirwa kwematunhu (*DDF*) nekuwedzera mari yokushandisa kubva kuhomwe yehurumende, kose kuri kutsvaga mari yokubvisa matambudziko e*MDAs* kuitira kuti pave nemabasa ebetsero munharaunda.
599. Panovakwa pokugara patsva, chinangwa chikuru chinenge chiri chokuwedzera huwandu hwevanhu nekuita kuti vanhu vagarisane vachidyidzana mune zvose kuitira kuti kuvepo kezvivakwa zvinoita kuti vanoita mabasa ebetsero vabudirire. Dzimba dzakavakwa zvakafanana dzichavakwa dzichava chiero chemavakirwe edzimba itsva uye panotoda mazano kuti zvibudirire.
600. Kuderredza chiero chokusvibiswa kwenharaunda nekuwana mari inobhadhara kuvakwa kwezvivakwa zvinoita kuti nzvimbo iwane magetsi, kushandisa mamwe masimba emoto nekufambiswa kwemichina asingaperi, kure negwenya remagetsi, zvichatsigirawo kushandiswa kwesimba rakachena.
601. Kuvepo kwezvivakwa zvinotsigira kufambiswa kwemashoko kuchishandiswa michina yechizvino zvino (*ICT*), chinhu chakakosha pakushandiswa kweruzivo rwemakombiyuta pakufambisa hupfumi hwenyika, Zvirongwa nehurongwa hwakasiyanasiyana zvinoda zvivakwa zvinobatsira.



602. Kushandiswa kwezviwanikwa zviru munzvimbo kuchaitwa pamwe nekushandiswa kweruzivo rwepasichigare.

Zvirongwa

603. Kuvepo kwemabasa ebetsero akakosha kuchabva pazvirongwa zvinoita kuti pavakwe nekugadzurudzwa kwezvivakwa zvebetsero nemapoka akasiyana-siyana achaona nezvekugadzurudzwa kwemigwagwa, zvivakwa zvine chekuita nemvura, kuona nezvekuraswa kwemarara, *ICT*, zvezvifambiso nekuwanikwa kwesimba remoto nokufambisa michina zviru pasi pezvivakwa zvinovandudza zvifambiso nezvinhu zvinoshandiswa nevazhinji.

Kuvandudza kweKuwanikwa kweZvinhu Zvinoshandiswa neve Ruzhinji

604. Kuwaniswa zvinoshandiswa neveruzhinji kwemhuri kwakaita senzvimbo dzinodzidzisa vana padanho re*ECD*, zvikoro, zvivakwa zvine chokuita nehutano, kokutandarira, panotengesera ma*vhenda* zvinhu nepekushandira zve*MSME* zvakakosha pakuvandudza magariro evanhu. Kuwanikwa kweizvi zvose kunonetsa mumaruwa, makagariswa vanhu nekwakagara vanhu zvisiri pamutemo mumadhorobha nemunharaunda.

605. Panguva yechirongwa che*NDS1*, kuwanikwa kwezvinoshandiswa nevazhinji kunotarisirwa kuwedzera kubva pa6% mugore ra2020 kusvika 71% panosvika gore ra2025.

Mazano eKuvandudza Kuwanikwa kweZvinhu Zvinoshandiswa neve Ruzhinji

606. Kuti zvibudirire, mazano achashandiswa akazembera pakushandidzana nekushandwa nevanhu vemunharaunda uyewo kuti zive zvavo. Mamwe mazano achanangana nekugadzurudzwa kwezvinhu zvinoshandiswa neveruzhinji nekuvakwa kwezvivakwa zvitsva kwazvisiri pachishandidzanwa nemapoka akakosha kuchirongwa ichi.



607. Kugadzurudza zvivakwa nezvose zvine chekuita nokuvaka zvinoda pane zvikwaniso kuzvikamu zveMakanzuro anotungamirira zvivakwa izvi. Kushandiswa kwezviwanikwa kunoenderana netarisiro kupfuurikidza nehurongwa hwokusimbisa chirongwa chinoona nekuchengetedzwa kwezviwanikwa zvenzvimbo (*CAMPFIRE*) chichahunza mari ichashandiswa muzvivako. Pamusoro pezvo, kuisa mari kumatunhu makuru enyika zvakanangana nekutsigira vemaKanzuru kuti vavake zvivakwa zvinoshandiswa neveruzhinji.

608 Kuwanikwa kwepokuvakira uye zvivakwa zemabasa ebetsero kuvanhu, idambudziko mune dzimwe nzvimbo, saka nzvimbo dzokuvaka dzichawaniswa kuvanhu. Pamusoro pezvo, kupfurikidza nehwaro hwokusimudzirwa kwematunhu nemunhu wese nekusimbiswa nekutevedzera zviga zveitemo yeMakanzuro, nzvimbo dzokuvaka dzichaiswa padivi kana kuti dzichawaniswa kuti kuvakwe nzvimbo dzinoshandiswa neveruzhinji.

Zvirongwa

609 Pakutsigira chirongwa chekuvandudza kuvapo kwezvivakwa zvinoshandiswa nemunhu wese, Hurumende icharamba ichiita zvirongwa zvinotevera: -

- Kuvaka nekugadzurudza zvikoro; ne
- Kuvaka nekugadzurudza zvivakwa zvinobatsira mabasa ezvehutano.

Kuwaniswa kweMari yoKuvaka Dzimba

610. Kuwedzera kwemukana wekuwana mari kwakakosha panyaya dzekuwanisa vanhu dzimba panguva yekufambiswa kwechirongwa. Chirongwa che*ND\$1* chinotarisa kuwedzera, pahuwandu, kwemari yokuvaka dzimba.

Mazano eKuwedzera Mukana woKuwana Mari yoKuvaka Dzimba

611. Zvibereko zvechirongwa zvichabatika kupfurikidza nekufambiswa



kwemamwe mazano anowedzera aya zvinotsigira mazano emari. kutsigira chirongwa chekuwedzera kuwanisa mhuri pokugara: -

- Chirongwa chinobatsirwa nomushandirwi;
- Kusimudzira kuchengetedzwa kwemari nemishandirapamwe inopa zvikwereti;
- Kumiririra pfungwa yekubviswa kwekurambidzwa kwekukura kwehuwandu hwemari inobhadharwa pamusoro pechikwereti kana chodzosa.; ne
- Zvinoitwa nevemishandirapamwe kuvandudza homwe yemushandirapamwe yemari yekusimudzira matunhu.

612. Tichiwedzera izvi, nharaunda yehupfumi hwenyika yakadzikama inotarisirwa kuvapo panguva inoitwa chirongwa ichi, zvinoderedza kutadza kubhadharwa kwezvikwereti, zvinobatsira zvirongwa zvokuwanisa vanhu dzimba.

Kugadzurudza Kugara kweVanhu Zvisiri Pamutemo

613. Nzvimbo zhinji dzakagara vanhu zvisiri pamutemo hadzina mvumo kana mapepa etendero yokugara kwevanhu. Pamusoro pezvo, nzvimbo idzi hadzina mabasa ebetsero nezvivakwa zvinoshandiswa neveruzhinji zvinowanikwamo. Kugadzurudza magariire avanhu ava kuti vagare zvisiri pamutemo zvinowedzera mukana wokuwanisa vanhu mabasa ebetsero nezvivakwa zvinoshandiswa neveruzhinji, zvinoita kuti kuputswa kwedzimba dzambovakwa kuite kushoma.
614. Panguva ichaitwa chirongwa cheNDSI, zvokugara kwevanhu zvisiri pamutemo zvichagadziriswa nekutsigirwa kuburikidza nokuwaniwa kwezvivakwa zvinoshandiswa neveruzhinji.

Mazano oKugadzirisira Nzvimbo dzaKagarwa Zvisiri paMutemo

615. Tichiwedzera pamusoro pemazano asarudzwa, kuti atsigire kuwaniswa kwemabasa ebetsero nezvivakwa zvinoshandiswa neveruzhinji,



kugadzurudzwa kwazvo kuchatsigirwa nokugadzirwa nekushandiswa kwemitemo yakakodzera. Kuronga nokuwanisa vanhu pokugara panguva yokugadzurudzwa kwenzvimbo dzakagarwa zvisiri pamutemo kwakakosha pachirongwa chekugadzurudza magariro evanhu.

616. Kuwanikwa kwemari nezvikwaniso munharaunda kuti ifambise mabasa ezvirongwa zvekusimudzira nzvimbo akaiswa kumaruwa, zvichaderedza huwandu hwevanhu vanondogara mumadorobha.

617 Tichifambira mberi, kuvapo kwevanhu vakagara zvisiri pamutemo zvichagadziriswa kupfurikidza nokuteverera hurongwa hwokuvakwa kwedzimba.

Zvirongwa

618. Pfungwa yekugadzurudza magariro evakagara panzvimbo zvisiri pamutemo achatsigirwa neChirongwa Chekugarisa Zvakanaka Vakagara zvisiri paMutemo.



CHITSAUKO 8

KUVANDUDZWA KWEZIVO, UNYANZVI NEUMHIZHA

Nhanganyaya

619. Kuvandudzwa kweZivo, Hunyanzvi neUmhizha ndizvo zvichasunda *NDSI* uye budiriro yenyika yakananga muono wa2030. Izvi zvinobatsira kuunza mamiriro ezvinhu akanaka anoita kuti zveupfumi zvinosundirwe mberi neruzvivo rwune udzamu. Kuvandudzwa kweZivo, Unyanzvi neUmhizha zvakakosha pakuvandudza hupfumi, kugadzirwa kwezvinhu mumaindasitiri uye kuti nyika ifambirane nezveupenyu hwanhasi mune zvose.

Umhizha neHupfumi hune Hwaro muRuzivo

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

620. Budiriro mune zvedzidzo muZimbabwe yakabudirira zvikuru zvekuti kusvika pari nhasi inosanganisira makumi mapfumbabwe kubva muzana pachikamu chevana paboka revana (*GIR*) uye kushanduka zvisvikiro pa (*Net Enrolment Rate (NER)*), vanopedza zvidzidzo, and *Gross Enrolment Rate* kunyanya kuDanho reKutanga reDzidzo yekuPuraimari.
621. Zvisinei nehurongwa hwekuti mwana wese anoenda kugiredhi remberi zvisinei nezvakabuda mubvunzo, 17.8% yevana veDanho reChinomwe vanotadza kubhadhara mari dzekudzida.
622. Mumakore gumi adarika, hukoshi hwedzidzo uye hunyanzvi hunosanganisira kunyora nekuverenga manhamba kwadzikira zvinova zviri kushungurudza nyika yose kunyanya kuvana vari kumaruva ari kure nemadhorobha. Vana vakaremara vanowanzorovha chikoro uye havapedzi chikoro chacho.
623. Zvisinei nekuti pane zano riri kushandiswa rekuti vadzidzi vose vagamuchirwe muzvikoro nekusiyana kwavo uye kupiwa zvekushandisa izvi hazviko kumasekondari uko kunoshomeka zvekushandisa uye vadzidzisi



vanoda rutsigiro rwunoita kuti vagone kushanda zvakanaka.

624. Vana vakasiya chikoro vakawanda kusekondari kana zvichienzaniswa nekupuraimari. Zvikonzero zvekusiwa kwechikoro zvinosanganisa kuroora kana kuroorwa kwevana, kubata pamuviri nekuwedzerwa kwemari yezvikoro. Vana vanokwana zvikamu makumi matatu kubva muzana vakasiya chikoro mugwaro retatu kana rwechina kusekondari.
625. Kushaikwa kwezvivakwa zvinokwana idambudziko guru muBazi reDzidzo sezvo kuwana dzidzo kuri kuwedzera uye zvikoro zvinoda kusimudzirwa. Kubva 2013 kusvika 2019, huwandu hwevana vanotarisirwa kuva mukirasi veECD hwakawedzera kubva pa38.4 pakirasi kuenda pamakumi matanhata pakirasi ukuwo kupuraimari hwakawedzera kubva papakirasi kuenda pamakumi matanhata pakirasi ukuwo kuparaimari huwandu hwakawedzera kubva pa38.4 pakirasi kuenda pamakumi mana nevananhatu pakirasi.
626. Kushaikwa kwezvivakwa kwakakonzera kuti vana vadzidze vamwe mangwanani vamwe masikati (*hot-sitting*) mu7.6% yezvikoro zvepuraimari ne 4.1% yezvikoro zvesekondari hunova hurongwa hunokanganisa hukoshi hwedzidzo inowanikwa nenzira yekudzidza iyi nekuda kwenguva shoma yekudzidzisa nekudzidza.
627. Zwiwiravanhu zvakaita semadutumupengo zvakaparadza zvivakwa zvine chekuita nedzidzo; kutakurwa kwematenga edzimba, kuparadzwa kwepekegezera, kushomeka kwemvura kunova kwakakonzera kuti vana vasare vasina kuchengetedzeka zvakanaka.
628. Kushomeka kwegadziriro kune zwiwiravanhu kwakonzeresa kusamira zvakanaka kwezvinhu mubazi redzidzo.
629. Kuvimba nemari inobhadharwa nevabereki mukufambisa dzidzo muzvikoro zviru kuramba zvichiwedzera mukaha pakati pevapfumi, zvikoro zvemudhorobha nezvemumaruzevha.
630. Nechipimo che8.5% chevana vose vanopinda muzvikoro zvedzidzo yepamusoro, chipimo chekutora vana muzvikoro izvi hachisati chofambirana nezviri kuitika mudunhu rekuchamhembe kweAfrica. Huwandu uhwu hwakaramba huchiwedzera kubva 2010 kusvika 2015 (6% kusvika 8.5%) zvisinei nekuderera kwemari iri kuiswa mudzidzo.
631. Hurongwa hwakupima dzidzo yevanhu (*Zimbabwe National Qualifications*



Framework) hwakabudisa musiyano pamhando yedzidzo yepamusoro (*higher and tertiary education*) zvinova zvisiri munyika zhinji. Kushaikwa kwemutsauko uyu kunoita kuti kufamba kwevadzidzi kubva kune rimwe bazi kuenda kune rimwe kunetse.

632. Dzidzo yapamusoro yemuZimbabwe haina hurongwa hwekufambiswa kwemashoko. (*information management system*). Izvi zvinonetsa pakuongorora maitirwo ebaso.
633. Mawanisirwo emari kukanzuru ye*Zimbabwe Council for Higher Education* ndeekuti inopiwa mari kubva mumayunivhesiti saka dambudziko riripo nderekuti mayunivhesiti aya anogona kusataura chokwadi maringe nehuwandu hwevana vanenge vapinda chikoro.

Zvibereko zveHupfumi Hunofambiswa neUmhizha neZivo

634. Zvinobuda muhupfumi hunofambiswa nehumhizha nezivo zvinosanganisira zvinotevera:-
- Vashandi vane humhizha hwakanangana nemabasa aksaiyana-siyana;
 - Kuvandudzwa kweHumhizha kuitira kuvakwa kwemaindasitiri ; ne
 - Kuvandudzwa kwekuwana nekushandisa ruzivo uye tekinoroji.

Vashandi vane Humhizha hwakanangana nemabasa akasiyana-siyana

635. Chinangwa munguva yeZano re*NDSI* kuwedzera Vakadzidzira Mabasa Anokosha (*Critical Skilled Experts Available*) kubva pa38% muna 2020 kusvika 51% muna 2025.
636. Hurumende ichasandura dzidzo yepamusoro kubva mukusimbirira zveKudzidzisa, Tsvakurudzo, uye Kushandidzana neMatunhu chete kuti dzidzo iyi ibatewo zvehuMhizha uye zvemaIndasitiri.
637. Zvinokosha muDzidzo iyi (5.0) kuongorora nekusandura zvinhu maererano nezvinodzidziswa kuitira kuti zvive padanho rimwe uye kurega mamwe



madhigirii ane vadzidzi vasina mabasa.

638. Munguva iyi madhigirii ese achaitwa kuti afambirane nehurongwa *hweEducation 5.0*.
639. Takanangana nevashandi vane humhizha hwakanangana nemabasa avo madhigirii matsva achawaniswa uye zvivakwa zvinofambirana nedzidzo iyoyo zvichawaniswa. Munguva ye*NDS1*, Hurumende ichapa dzidzo ine shanduko, inobetsera pakuburitsa humhizha uye inofambirana neindasitiri.
640. Munguva iyi kuvandudzwa kwemabasa emaoko kuchakosheswa kubudikidza nemitemo.
641. Vanhu vane humhizha mune mabasa akasiyana-siyana vanodiwa munyika kubva kunze uyewo vari munyika vanogona kuendavo kunze. Munguva iyi hurumende ichazama kukwezva vari kunze kuti vauye munyika.
642. Nechinangwa chekuva nevashandi vakadzidzira mabasa akasiyana-siyana, Hurumende ichaparura Hurongwa hweKudzidziswa kweVanhu Mabasa vachinge vapedza kudzidza. Kuchava ne*National Civil Service Strategic Academy* uye kuti tsvakurudzo nehumbizha zvinangane nenhaka yenyika.
643. Munguva iyi kushandiswa kwemitauro yemunyika kuchavandudzwa zvichienderana nezvakatarwa muBumbiro Remutemo uye kuti kuwanikwe nzira dzekuti vashandi vade kushandira munyika.

Humhizha Hunofambisa zvemaIndasitiri

644. Munguva ye*NDS1*, muono weHurumende we*Education 5.0* uchange wakanangana nekuwanisa hunyanzvi hunoita kuti vabatsire pakuunza pundutso. Izvi zvichaita kuti pave nekudyidzana pakati pezvinodzidziswa mumakirasi, mumarabhoratori neindasitiri.
645. Chinangwa ndechekuti zvekushandisa zvakanangana neTsvakurudzo, Budiro uye Humhizha zviwaniswe kuitira kuti pekudzidzira zveumhizha (*innovation Hubs*) zvikwanise kushanda zvakanaka mumayunivhesiti.



Mazano eKuvandudza Humhizha Hunobatsira pane zvemaIndasitiri

646. Munguva yehurongwa hweNDSI mazano ekuvandudza humhizha hunosundira zvemaIndasitiri mberi zvinosanganisa:-

- Kuvandudza kuwanikwa kwezvinodiwa mumabasa anokosha mumapazi ese;
- Kuwaniswa kwenzvimbo dzekuitira tsvakurudzo;
- Kuwaniswa kwezvinodiwa mumasangano anokoshera nyika akaita se *Centres for Education Research, Innovation and Development (CERIDs), National Manpower Advisory Council (NAMACO), Zimbabwe National Geospatial and Space Agency (ZINGSA), Zimbabwe Centre for High Performance Computing (ZCHPC) neHeritage Technology Institute;*
- Kufambiswa mberi kwe *Venture Capital Fund*, dzidzo yepamusoro, Sainzi neTekinoraji zvinofambirana nenhaka yenyika; ne
- Kuvakwa nekushandiswa kwenzvimbo dzetsvakurudzo nekugadzirwa kwezvinhu mune zvedzidzo yepamusoro.

Mazano eKuwanisa nekushandisa Zivo ine Hudzamu neTekinoraji

647. Munguva yeNDSI, Hurumende ichaita zvinotevera maringe neKuvandudza Kuwanikwa nekushandiswa kweTekinoraji:-

- Kuenzanisa nekudyidzanisa dzidzo yapasi, nemumayunivhesiti nemakorichi kubudikidza ne *Zimbabwe National Qualifications Framework* nezvimwevo zvirongwa;
- Kuisa mari muzvivakwa zvitsva nezvisharu zvine chekuita netekinoraji;
- Kuwaniswa kwedzidzo nemari iri nani;
- Kuvepo kwematanho ehutungamiri hunovandudza kufambirana kwezvikorero nenguva yatiri;
- Kuwaniswa kwezvivakwa zvemhando yepamusoro mune zvedzidzo;



- Kuvandudza kuwaniswa kwetekinoroji yemhando yepamusoro muzvikoro zvedzidzo ;ne
- Kushandura nekuita kuti Dzidzo yePamusoro ikwanise kukwezva vadzidzi vanobva kunze.

Zvirongwa zveHupfumi Hunofambiswa neHumhizha neZivo ine Hudzamu

648. Munguva yeNDS1 kuvandudzwa kwezivo, unyanzi nehumhizha kuchamisikidzwa muzvikamu zvinotevera:-

- Dzidzo neZveunyanzvi;ne
- Humhizha, Sainzi neKuvandudzwa kweTekinoroji.

Chikamu Chinoona neZvedzidzo neHumhizha

649. Mukushanda kweNDS1, zveDzidzo neHumhizha zvichanangana nekuva nevanhu vanogona kugadzira zvinhu zvinobatika. Zvinotevera ndizvo zvinotarisirwa kubuda maringe neDzidzo neKudzidziswa kweHumhizha:-

- Kuvandudzwa kwekuwanikwa kwedzidzo yemhando yepamusoro, yakaenzana kumunhu wese;
- Kuvandudza kudzidzwa nekushandiswa kwezvidzidzo zviru muboka reSTEM/ STEAM; ne
- Kuvandudza unyanzvi hwakanagana nekufambisa zveindasitiri, zvemabhizimusi, uye zvikamu zveHurumende.

Kuwaniswa kweDzidzo Yakaenzana, yeMhando yepamusoro kuMunhu Wese

650. Kunyange zvazvo nekuti nyika ine zvayakaita maererano nedzidzo yekupuraimari, chimwe chichiri kunetsa hukoshi, kuenzana kwemikana uye kuwanikwa kwedzidzo nemunhu wese maererano ne*Net Enrolment Rates*



Munguva ye*NDSI* muchavandudzwa kuwaniswa nekupinda mudzidzo kwevanhu vasina mikana sevamwe kunyanya mumaruva.

Mazano eKuvandudza Kuwanikwa kweDzidzo Yakaenzana, yeMhando yePamusoro kuMunhu Wese

651. Munguva yehurongwa hwe*NDSI* mazano anotevera achafambisa kuwanikwa kwedzidzo yemhando yepamusoro, yakaenzana uye nemunhu wese:-

- Kuvandudza kuwanikwa kwezvikanisiro zvinobetsera pakuwanikwa kwedzidzo nemunhu wese muzvikoro, makorichi, munodzidziswa zvehumhizha nemumayunivhesiti;
- Kuvandudza dura remari muDzidzo yepamusoro, *Public Service Academy* neZvikoro;
- Kuona kuti dzidzo yemunyika yava padanho rimwe chete nedzidzo yekune dzimwe nyika uye kuti ikwezve vanhu vekunze;
- Kuwanisa sangano re*Higher Education Examinations Council (HEXCO)* ne*Zimbabwe Examinations Council (ZIMSEC)*'s zvikwanisiro zvekutungamira zvamazamanishoni;
- Kuvandudza kushandiswa kwemitauro yemunyika mubazi redzidzo;
- Kushandisa tekinoroji zvine unguwaru zvinotsigira kudzidzisa uye kushandura madzidzisirwo evana padanho re*ECD*;
- Kusimudzira nekusimbaradza kuwaniswa kwezvikereti kuvana vanotambudzika;
- Kuona kuti hurongwa hwedzidzo hwatevedzwa kuitira kuti mikana ienzane uye kuvandudza hukoshi hwedzidzo;
- Kuparura homwe ye*Zimbabwe Education Development Fund (ZEDF)*;
- Kuparura hurongwa hwekushandiswa kwemichina yechizvinozvino muzvikoro, makorichi uye mayunivhesiti nemunodzidziswa zveumhizha;
- Kusimbaradza nekuvandudza mibatandzwa pakati peHurumende



nemakambani asiri pasi peHurumende;

- Kuvandudza kuchengetedzeka kwebazi iri uye kusimbaradza hurongwa hwekuderedza njodzi (*DRR*);
 - Kuongorora nekusimbaradza ongororo dzemashandisirwo emari;
 - Kufambisa mberi hurongwa hwekuti kupurovhinzi imwe neimwe kuve nekorichi inodzidzisa vadzidzisi, korichi yezvemabasa emumaindasitiri neyunivhesiti imwe yehurumende
 - Kusimbaradza kucheneswa kwemvura uye kuwaniswva kwemagetsi muzvikoro.
652. Zvirongwa zvinotevera zvichaparurwa munguva ye*NDS1* kuitira kuwana dzidzo yepamusoro, yakaenzana kuanhu vose:-
- Kuwaniswa kwezvikanisiro kumapoka anokoshera nyika;
 - Kuwana dzidzo munyika; ne
 - Kuvandudzwa kwezvivakwa nekusimudzira zvikoro, maKorichi, maYunivhesiti nePanozidziswa Hunyanzvi.

Kudzidzwa neKushandiswa kweZvidzidzo zveSTEM /STEAM

653. Zvisinei nekusimbirira zvidzidzo zveSainzi, Tekinoroji, Injiniyarini neMasvomhu kubva 2012 senzira yekuvandudza zveumhizha, zvemaindasitiri nekutsvaka upfumi, vadzidzi vashomashoma kwazvo vanatora zvidzidzo izvo muzvikoro nedzidzo yepamusoro. Zimbabwe ichakurudzira kudzidzwa kweSainzi, Tekinoroji, Injiniyarini, Atsi neMasvomhu muzvikoro zvinova zvichapa hwaro hweSTEM.

Mazano eKuvandudza Kudzidzwa neKushandiswa kweZvidzidzo zveSTEM/STEAM

654. Munguva ye*NDS1*, Hurumende yakabatana nevamwe vane chekuita nedzidzo, icharamba ichivandudza dzidzo pamatanho ese kuitira kuti dzidzo ienderane nezveupenyu hwevanhu. Izvi zvichasanganisira sainzi, tekinoroji,



zvemabasa uye kudzidziswa nezvehutungamiri. Mazano anotevera ndiwo achabatsira kuti pave nekuwedzera kwevadzidzi vanotora zvidzidzo izvi:-

Kukwezva vanhu muzvidzidzo zveSTEM;

- Kusimudzira kutorwa kwezvidzidzo zveSTEM/STEAM ;pamatanho ese ekudzidza;
- Kuvaka nekuwanisa zvinodiwa mumarabhoratori nemumawekishopu; and
- Kuwedzera vadzidzisi vakanangana nekudzidzisa zvidzidzo zveSTEM.

655. Zvirongwa zvinotevera zvichafambiswa mberi munguva yeNDS1 kuitira kuti huwandu hwevana vanotora zvidzidzo zveSTEM huwedzere:-

- Kuwaniswa kwezvinodiwa kuvadzidzisi veSTEM/STEAM; ne
- Kuwaniswa kwezvinodiwa kuzvikoro nemakorichi anodzidzisa zveSTEM/STEAM

Hunyanzvi mune zveMabasa muIndasitiri, zveMabhizimusi neZvikamu zveHurumende

656. Ongororo yeHunyanzvi paMabasa yakaitwa muna2018 yakanangana nekuona kushomeka nekuwanda kwevashandi vane hunyanzvi mune zvakasiyana-siyana yakaburitsa kuti pane kushomeka kukuru kwevashandi. 68% mumapazi akaita seSainzi, Injiniyarin'i, zveHutano neZvekurima mabasa vachibva muzvikoro nemaIndasitiri muzvikamu zvinokosha.

Mazano eKuvandudza Kuvepo kweHunyanzvi muIndasitiri, Zvemabhizimusi uye Mapazi eHurumende

657. Munguva yeNDS1 kuchavandudzwa kuvepo kwehunyanzvi muzvikamu zvinoti Indasitiri, zveMabhizimusi uye mapazi eHurumende:-

- Kugadzira Hurongwa hweKuvandudza Ruzivo rweVashandi;



- Kuona kuti kusimudzirwa mumabasa kwaitwa zvichienderana nekugona basa kwevashandi;
- Kushandiswa kwefungidziro yezvingatevera mukuvandudza kudzidza kwevana;
- Kusimbaradza unyanzvi mune zvemafuta edzimota, kucheneswa kwemvura, tsika namagariro mudzidzo yekuzvikoro;
- kukwezva vanoda kudzidza zvine chekuita neunyanzvi mumabasa akasiyana-siyana;
- Kuvandudza kudyidzana maringe nemitemo mumayunivhesiti;
- Kufambisa mberi zvakaturwa ne *National Critical Skills Audit* ya2018;
- kusimbaradza hurongwa hwenyika hwekudzidzisa zveunyanzvi vanhu vachishanda (*apprenticeship*);
- kusimudzira zvedzidzo kuti zvikwezve vanobva kunze;
- Kuona kuti zvinodzidzwa zvafambiranana nekuvandudza unyanzvi mubhizimusi, indasitiri nemapazi ehurumende;
- kushandura mamiriro ekudzidziswa kwemabasa emaoko kuti zvifambirane ne *Education 5.0*;
- Kushanda kwe *Zimbabwe National Qualification Framework (ZNQF)*;
- kuwanisa vashandi vanoshanda vari pasi pehurumende zvikwanisiro zvinoita kuti vaite mabasa nemazvo;
- kufambisa mberi kusimudzirwa kwevanhu vadamwa uye kuva nechirongwa chekusimudzira matarenda;
- kusimbaradza hwaro hwekuteverera nekuongorora unyanzvi kunoitwa ne *ZIMCHE, HEXCO neZIMSEC*;
- Kuvandudza kuvepo kwenyanzvi munezveutano, injiniyarin'i, nezvekurima uye kuva nehurongwa hwekudzidzisa vanovabasira pamabasa aya



- kuona kuti paita hukama pakati peHurumende nevemakambani akazvimiririra (*PPPs*) zvinova zvakakosha mukudzidzisa vashandi vezveutano, injiniyarin'i, tekinoroji uye zvekurima;
- Kuwaniswa kwezinoshandiswa memarabhoratori;
- Kuona kuti paita kudyidzana kwenyika kunoita kuti nyanzvi dzipinde muchirongwa chekuenda kune dzimwe nyika vachidzidza maringe nezvebasa ravo; ne
- kushandura *Higher Education Examination Council (HEXCO)* kuti izvimirire iri pasi pe*MHTEISTD*.

658. Hurongwa hunotevera huchafambiswa mberi kuitira kuti pavandudzwe kuvepo kwehunyanzvi mumaindasitiri, zvemabhizimusi nemuHurumende:-

- Kuvandudza kudzidziswa kwevashandi nezvemabasa ehunyanzvi;
- Kuvandudza hunyanzvi mune zvetsika, mitambo nekutandara;
- Kukwanisa kugara nevashandi;
- Kudzidziswa kwevashandi vanoona nezvekufambiswa kwezvemari mumabasa evazhinji, vanoongorora mashandisirwo emari, vanotenga zvinhu vachishandira pasi peHurumende;
- Kudzidziswa kwevanhu mumakambani mavanenge vachishanda munyika; ne
- Kushanda kwevanenge vawana zvitupa vemadhigirii mumaindasitiri.

Humhizha, Sainzi neKusimudzirwa kweTekinoroji

659. Chinangwa chikuru muKuvandudza Humhizha neZvemaindasitiri ndechekuwedzera kodzero kumidziyo kubva pa23 muna 2020 kuenda pa60 panosvika 2025.

Zvinodiwa paTsvakurudzo, Budiriro neHumhizha

660. Hurumende ichaita zvinotevera maringe nekuvandudzazve tsvakurudzo



nehumhizha:-

- Kuwaniswa kwezvinodiwa pakudzidziswa kwavanhu uye pekudzidzira pane chekuita netsvakurudzo nebudiriro;
- Kutaurirana nevemasangano akazvimirira kuitira kuti pave nezvibvumirano zvakanangana nekuvakwa kwezvivakwa zvemhando yepamusoro zvinosanganisira *Public, Private, Partnerships (PPPs), Built Operate and Transfer (BOT), Built Own Operate and Transfer (BOOT)* ne*Repair Own Operate and Transfers (ROOT)* kuitira kuti zvizvatsire mune zveutano, injiniyarin'i, tekinoroji nezvekurima;
- Kusimbaradza nzvimbo dzekudzidzira zvetsvakurudzo, humhizha nebudiriro;
- Kuvaka zvivakwa zvine chekuita nekugadzira mishonga yehurapi;ne
- Kuparura hurongwa hwezvinokwezva vashandi, mari dzinobhadarwa vashandi uye zvine chekuita nekuvandudza hurongwa hune chekuita nemashandiro.

Zvirongwa

Zvirongwa zvinotevera zvichaparurwa:-

- Kushandiswa kwemichina yechizvinozvino mukudzidziswa kwevana;
- Kuvandudzwa kweZimbabwe *Centre for High Performance Computing (ZCHPC)*;
- *Emerging Technology diplomacy and transfer*;
- Kuvandudzwa kwemaruva kubudikidza nehumhizha, Sainzi netekinozvi;
- Tsvakurudzo mune zvekurima nebudiriro kuitira kuwedzera hukoshi ;ne
- Kuparurwa kwe*National Science Technology and Innovation System*.



Kudyidzana mune zveSainzi neTekinoroji

661. Zimbabwe ine vanhu vakadzidzira mabasa akasiyana-siyana asi haisati yanyatsosvika painofanira kuva. Muurongwa hwayo hurumende ichakoshesa zve-maindasitiri kuitira kuti mayunivhesiti nemakorichi agadzire zvinhu zvinozotsiva zvinobva kunze uye kufambirana nenguva panosvika 2030.

Nzira dzeKuvandudza nadzo Kudyidzana kweSainzi, Tekinoroji neHumhizha

662. Hurumende ichaita zvinotevera maringe nekuvandudza zveumhizha:-

- Kuwaniswa kwezvekushandisa kumapoka akaita se *Zimbabwe National Geospatial and Space Agency (ZINGSA)* ne *Zimbabwe Centre of High Performance Computing (ZCHPC)*;
- Kuvaka nekusimbaradza nzvimbo dzekuitira tsvakurudzo dzakanangana neumhizha;
- Kuona kuti paitwa hurongwa hwekugadzira zvinhu mumaindasitiri kuitira kutengesa;
- Kuparurwa kwehurongwa hwekupanana zivo pakati penyika;
- Kuparurwa kwe *Heritage Technology Institute*;
- kufambiswa kwehurongwa hwe *National Science and Technology Innovation*
- Kutangwa kwemunodzidzirwa zveSainzi, zvikoro zvinodzidzisa zvesainzi neTekinoroji, *Biotechnology, Robotics*; ne
- kuparura nekufambiswa kwehurongwa hwekutora nekushandisa hurongwa hwakaita se *Big Data Analytics, Artificial Intelligence (AI)* and *Virtual Augmented Reality (VAR)*; ne
- Kuvandudza kodzero dzezvikoro zvedzidzo yepamusoro pamidziyo.

Zvirongwa



663. Hurumende ichakoshesa kufambiswa mberi kwekudyidzana mune zveSainzi neTekinoroji kubudikidza nezvinotevera:-

- Tsvakurudzo yakanangana nesimba rinofambisa michina nezvemudzimba netsvakurudzo yakanangana nezvicherwa;
- Kupinda muhurongwa hwekugadzira nekushandisa ruzivo rweunyanzvi nekudyidzana kwazvo nmharaunda;
- Mapazi ekuvandudza navo dzidzo muvashandi;
- Zvirongwa zvakanangana nekutanga mabhizimusi, pekugadzirira zvinhu muzvikoro, uye;
- Tekinoroji inobatsira vanhu kuti vave pamwe asi vari kure nakure (*Virtual Collaboration Nodes (VCN)*);
- Zvine chekuita nenzvimbo nezvinowanikwa pairi, kugadzirwa nekubhururutsa kwemichina yemuchadenga, nekushandisa Sainzi mune zveupenyu;
- Mashoko akawanda anowedzera nekufamba kwenguva *Block-Chain and Big Data Analytics Technologies*; ne
- Kuitwa kwemabhizimusi pachishandiswa tekinoroji (*Smart Zimbabwe Programme*).



CHIKAMU 9

HUTANO NEHWARO HWAKANAKA

Nhanganyaya

664. Utano hwakanaka hunounza mufaro mukurarama kwevanhu. Hunounzawo budiriro muzvikamu zveupfumi sezvo vanhu vane hutano vanorarama kwenguva refu uyewo vanoshanda vachichengetedza mari yavo muupfumi hwenyika.

Hutano neHwaro Hwakanaka

Ongororo Yemamiriro eZvinhu


665. Boka rezveutano hwenyika yeZimbabwe rine umwe unyanzvi huri muvashandi vehwaro hwekutanga nehweperi. Izvi zvavandudza uhwandu hwana amai vanofa pakuzvara panguva yakatarwa. Mugore ra2010 kusvika 2011 uhwandu uhwu hwakasimuka kubva pa960 pavanhu 100 000 huchienda pa462 / 100 000 mugore ra2019.
666. Chipimo chevanhu vane hutachiwana hunokonzera mukondombera hwakadzikira ne28% uyewo vane urwere rwerurindi vakadzikira kusvika ku60% mumakore gumi apfura. Chirwere che*marariya*, icho chinokonzerwa neutunga hwakadzikira zvine mutsindo kubva pavanhu 136 pavanhu churu mugore ra2000 kusvika pavanhu 19 pavanhu churu mugore ra2018. Kufa kwevanhu kwakadzikira nezvikamu 58,4% kubva pavanhu vakafa vanosvika 462 vakanyorwa pasi muna 2015, uyewo 192 muna 2018.
667. Zvibereko zvose izvi zvave panjodzi nekuda kwekusagadzikana kweupfumi hwenyika, uyewo kushanduka kwemamiriro ekunze nekupararira kwezvirwere zvakaita se*Korera* nechirwere chinokonzerwa nehutachiwana hwekorona chinova chirwere chavhiringidza mafambiro ezveurapi munyika nekuzvarwa kwevana, utano hwemajaya nemhandara. Kufa kwana amai vakazvitakura kwawedzera kubva pa29 kusvika pa 32 muvakadzi vanosvika



churu pakuzvara.

668. Kunyangwe zvazvo chikamu chinoona nezveutano chakawaniswa mari yakati wandei kubva panguva ya2014 - 2019, zvichikonzerwa nekuwanikwa kwemari yemuno, zvirongwa zvehutano zvichiri kufambiswa nemamwe mapato akazvimirira. Kuwaniswa kwerubatsiro rwakanangana neutano kunoratidza kuti 55% iri kubva munyika uyewo 45% kumabazi anobatsira akazvimirira sekuratidzwa kwazvakaitwa muchitarwa chiripasi.

Mufananidzo 16: Kuwaniswa kweMari yKananangana neHutano muZimbabwe, 2014-2019



Jerero : Resource Mapping Report 2019

669. Chikamu cheZveutano chakatarisana nematambudziko mazhinji anosanganisira kushaikwa kwavanamukoti vemhando yepamusoro, vashandi vanogununa vanogara vachiratidzira, kudzikira kwezvivakwa nezvishandiswa zvezvipatara, kushaikwa kemishonga nezvishandiso, kushaikwa kwebatsiro yechimbichimbi uye betseredzo yakanangana nevanhu vakazvitakura.

670. Zvisinei nekushaikwa kwebudiriro mune Zvekubereka, Kuzvarwa kwevana, Zvibetsero zveUtano neKugara Kwakanaka Kwevechidiki (RMNCA&N) uwandu hwanamai vanofa vakazvitakura (MMR) uyewo uwandu hwekufa



kwevana vadiki (*IMR*) vari pasi pemakore mashanu hauna kuvandudzwa. Zvizhinji zvakavandudzika asi hazvina kuunza shanduko ine ukoshi mukuwaniswa zvibetsero.

671. Kuwanikwa kwezvirwere zvisingatapuriranwi zvakaita *sebipi*, chirwere chemoyo, *shuga* negomarara hwawedzera asi kuwaniswa kwemari kuchakangorerekera kuzvirwere zvinotapuriranwa. Kuva parumananzombe zvichikonzerwa nekuparira kwezvirwere nekufa kwevanhu kunoratidza kuti panoda shanduko muhurongwa hwezveutano.
672. Matambudziko aya ari kukonzerwa nekushaikwa kwefukidziro inorerutsira utano uyewo kusafambiswa kwemapurojekiti zvakanaka muchikamu chehutano.
673. Izvi zvakonzerwa kuti vanhu vabudise mari yemuhomwe pavanenge vachirapwa. Vanopa batsiro yezveutano muZimbabwe vakawanda uyewo havashandi vari pamwe. Nekudaro, hazvinyatsozikanwa kuti vari kuumba hukama here ukama nevarwere vanoshandisa zvibetsero zvavo.
674. Kuwaniswa kwemishonga richiri dzambudziko nekuti mari haisi kunyatsowanikwa yakakwana uyewo kune zvinoda kugadziriswa mukutengeserana nekuunza zvibetsero. Kune kusawanikwa kwemishonga yezvirwere zvisingatapuriranwi uyewo yevarewere vepfungwa. Mishonga yezvirwere zvinoda betseredzo nekuvhiyiwa kwemiviri haisi kunyanyowanikwa.
675. Vanhu vane hutano vakakosha mubudiriro yenyika uye mukubata vavariro yekuvaka nyika ine vanhu vakasimudzirwa mune zveupfumi kusvika pakati nepakati panosvika gore ra2030. Kushandurwa kwezvechikamu chehutano kunokosheswa muhurongwa hwe*NDS1*.

Kuvanduza Raramo

676. Kuwaniswa utano ikodzero yevanhu sekutaurwa kwazvo muBumbiro renyika, nekudaro donzvo guru muchikamu chezveutano pahurongwa hwe*NDS1* kuvandudza upenyu kuti vanhu vararame kusvika pazera re65 kubva pa61.

Kuwedzera mari ine chekuita nehutano pamhuri



677. Chinangwa che*NDS1* kuvandudza mari ine chekuita nehutano pamunhu kubva pa \$30.39 muna2020 kusvika pa\$86 yekuAmerica muna2025.

Mazano ekuvandudza homwe yezveutano munyika

678. Hurumende ichafambisa hurongwa nechinangwa chekuvandudza homwe yeveutano panguva ye*NDS1*:-

- Kugadzira nekufambisa hwaro hwehurongwa hwekushanda pamwe mune zveutano;
- Kubatanidza mapandi anobhadharisa munyaya dzezveutano; ne
- Kufambisa hurongwa hwekubhadharira vagari vemuZimbabwe chimwe chikamu chemari yekurapiswa.

Hurongwa

679. Kusimudzira mari yezveutano munyika, hurongwa hwe*NDS1* huchafambisa zvirongwa zvinotevera

- Masikimu ekuvandudza kuwaniswa kwemari dzekurapiswa; ne
- Kutsvaka mari munyika yakanagana nehutano;

Kuwedzera mashandiro evashandi vari mubazi rehurumende

Mazano

680. Mukusimudzira mashandiro evashandi Hurumende ichaparura mazano anotevera:

- Kushandisa chirongwa *chesingle spine remuneration scheme* kuvashandi veHurumende;
- Kuwanisa zvekushandisa zvakanakwana;
- Kuwanisa vashandi nzira yekuvakurudzira kuburikidza nekuvapa zvimwewo pamusoro pemari;



- Kushandura rupawo rwebazi rezveutano;
- Kusimbisa kupiwa ruzivo rwemhando yepamusorosoro kwevashandi veHurumende; ne
- Kugadziridza patsva bazi rezveUtano neKuchengetwa Kwakanaka KweVana nechimbichimbi.

Zvirongwa

681. Mukuvandudza mashandiro ane pundutso evashandi vehutano, *NDSI* ichafambisa zvirongwa zvinotevera:-

- Kuvandudza unyanzvi hwevashandi hunounza budiro munyika ;
- Kubhadharwa mari yebasa nezvimwewo zvinopiwa vashandi; ne
- Kuvandudzwa kwebazi rezveutano.

Kuvandudza kuwanikwa kweMishonga Yakakosha

Mazano

682. Mazano anotevera achashandiswa neHurumende kuvandudza kuwaniswa kwezvibetsero zvemishonga:-

- Kutsigira kugadzira kwemishonga munyika;
- Kusimbaradza kutengwa nekushandiswa kwemishonga zvine mwero;
- Kupa zvikwanisiro kambani ye*NATPHARM*;
- Kusimbaradza dzimwewo nzira dzekurapisa kusanganisira dzepasichigare;
- Kuderedza kurasikirwa;
- Kusimbisa kushandiswa nemazvo kwemishonga; ne
- Kuongorora hurongwa hunopedza kushaikwa kwemishonga.



Zvirongwa

683. Zvirongwa zvinotevera zvichavandudzwa nedonzvo rekuwanisa mishonga pasi pe*NDS1*:-

- Kugadzirwa kwemishonga yekurapa (*Biomedical Engineering, Biomedical Science and Bio Pharmaceutical Production*);
- Hutano hune chekuita neruzhinji; ne
- Zvibetsero zvakanangana nezvirwere zvinorapika.

Kuvandudza Mikana yeKuongorora nekurapwa uye nharaunda Yakanaka Yebestero yeZveutano

Mazano

684. Mukuvandudza kuwaniswa kwehutano hwedanho repasi nerepiri, *NDS1* ichafambisa mazano anotevera:

- Ongororo yebazi rehutano hwenyika;
- Kusimbiswa kwemashandisirwo emapazi ehurumende nemabhodhi anoona kufambiswa kwakanaka kwezvipatara,
- Kudyidzanisa mabasa emafambisirwo ebazi;
- Kupedzisa nekufambisa hurongwa hwezveutano hune hwaro mumaruwa nemadhorobha (*Community Health Strategy*) ;
- Kupedzisa nekufambisa hurongwa hwemashoko ezveutano [*Health Management Information System (HMIS) policy/strategy*];
- Kubatsira varwere vanoenderana nezvivakwa zvinopa rubatsiro uye vashandi veutano padanho rega rega ;
- Kusimbaradza hurongwa hwekubatsirwa urwere nekurapwa pachishandiswa zvibetsero zvekutaura nazvo zvechizvinozvino;
- Kupa zvikwanisiro kumakomiti ezveutano;



- Kuva nenzvimbo dzehurapwa dzakakosha uye dzinobatsira;
- Kupa zvibetseredzo zvemhando yepamusororo, ne
- Kusimudzira kushandisa humwewo hurapi, kusanganisira hwepasichigare, mukuvandudza marapiro.

Kutapudza Mukana weKurarama nekufa nekuda kweZvirwere Zvinotapuriraranwa

Mazano

685. Mukuvandudza kutapudza mukana wekurarama nekufa nekuda kwezvirwere zvinotapuriraranwa pahurongwa hweNDSI hurumende ichafambisa zvirongwa zvinotevera: -

- Kusimbisa hurongwa hwekupedza marariya;
- Kusimbisa kufambiswa kwehurongwa hwekutora zvikamu zvevanhu 90% pakuongororwa kweropa; ne
- Kusimbiswa kufambiswa kwehurongwa hwekupedza rurindi.

Zvirongwa

686. Zvirongwa zvinotevera zvichashandiswa mukutapudza mukana wekurarama nekufa nekuda kwezvirwere zvinotapuriraranwa pachirongwa cheNDSI:-

- Kupedza marariya ;
- Utachiona hunokonzera mukondombera nechirwere chemukondombera;
- Chirongwa cherurindi;
- Kuderedza chirwere chinokanganisa mwana ari mudumbu chichinyanyobata uropi [*Neural Tube Defects (NTD)*];
- Kuderedza kupararira kwezvirwere zvinotapurirwana (*Epidemic Prone*



Diseases control);

- Mvura nehutsanana hwenharaunda (*Water and Sanitation*);
- Hutano hwezvibereko, kuzvitakura, kuzvara, ucheche, kuyaruka, utano nekudya kunovaka muviri (*Reproductive, Maternal, New-born, Child and Adolescent Health and Nutrition*);
- Kuwedzera kudya kune utano, ne
- Kudzivirira zvirwere zvisingatapuriranwi.

Kurarama kune Utano nemitambo inopa Utano

Mazano

687. Kusimudzirwa kwemitambo inopa utano kuchavandudza hurongwa hweNDS1 hutano nehwaro hwakanaka:-

- Kuisa makirabhu munharaunda anozovandudza kurarama kune hutano
- Kutaurirana nevamwe vakakosha muhurongwa hwekutenga nekutengesera zvekushandisa pazvirongwa zvinopa hwaro hwakanaka; ne
- Kutangidza zvirongwa zvekurima zvidyiwa zvinopa utano mumapindu.

Zvirongwa

688. Hurongwa hweVechidiki munzvimbo, mitambo, zvetsika nepekutandarira (*Community Youth, Sports, Art and Recreation Club System*) nebudiriro yanharaunda (*Community Development*)

Mukana woKuwana Mvura, Nharaunda Yakachena neNharaunda ine Utano

Mazano



689. Kuwaniswa kwemvura, nharaunda yakachena nenharaunda ine hutano kuchafambiswa muhurongwa hweNDSI :-

- Kufambisa hurongwa hwekushambadza mashoko ane chekuita nekupedza kuitira tsvina pese pese nekudzivirira manyoka;
- Kusimbisa mitemo iripo nekuvandudza hurongwa hwekuraswa kwemarara ;
- Kudyidzanisa mitemo uyewo kumirira nyaya dzine chekuita nezvirwere zvemvura nehutsanana;
- Kuita chirongwa chekuvandudza muunganidzwa wemari kubva kumasangano akasiyana - siyana unobetsera kupedzwa kwezvirwere zvemvura neutsanana.
- Kupedzisa nekufambisa hurongwa hwe*Zimbabwe National Water Resources Master Plan 2020 - 2040*.



CHIKAMU 10

KUUMBA MAONERWE, KUTAUURIRANA ZVOKUGADZIRA NOKUGADZURUDZA HUKAMA NENYIKA DZOKUNZE

Nyanganyaya

690. Ripabhuriki yechipri yakaruka mukana wokuvandudza maonerwe enyika nehukama nedzimwe nyika, zvinotendera Zimbabwe kuva panzvimbo yayo chaiyo pane dzimwe nyika. Hukama hwakavandudzwa nenyika dzokunze zvichaita kuti nyika ionekwe zviru nane nedzimwe nyika maererano neshuviro yokukwezva kuti dzimwe nyika dzizoisira mari yadzo mune zvehupfumi, kusimudzirwa nekugadzirwa kwehupfumi munharaunda yezvehupfumi pasi rose.
691. Zvinobatsira kuziva kuti, nyika dzinonyanya kubuda nemaonero adzinoita imwe nyika kupfuuridza nechimiro chenyika yacho, kuisa kunoita dzimwe nyika mari munyika iyoyo, vashanyi vanopinda munyika, hukama hwakanaka nedzimwe nyika mune zvehupfumi, kutengeserana nevamwe pasirose kwakana nekuwedzera zvitengeswa kunze kwenyika, kutsigira kuwanikwa kwemabasa nekurarama kwakanaka kwezvizvarwa zvenyika sekurongedzwa kwazvakaitwa muchirongwa chemuono wa2030.

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

692. Chimiro cheZimbabwe chakakanganiswa zvichitevera kuitwa kwechirongwa chekugovera ivhu kuvanhu, nokudaro shamhu yatarohwa nayo kubva kunyika dzapasi yakauya ipapo-ipapo kupfurikidza nezvirango zvohupfumi pamwe nokusvibiswa nevatori venhau vekune dzimwe nyika.
693. Kusvibiswa kwenyika kwakaramba kuriko, kwakawedzera kushatisa maonerwo enyika zvakananyanya kusvika pakuderredza maonerwo nechivimbo chevanoda kuisa mari dzavo munyika kuti vaite mabhizimusi, nekune rumwe rutivi, nyika yakaramba ine vanhu vane maorero akasiyana mune



zvematongerwo enyika.

694. Mamiriro ezvinhu akawedzera kushata nokuda kwekushaya hanya kwenyika mukubhadhara zvikwereti zvekunze, chinova chinhu chakakosha chinononosa nhaurirano dzokugadzirisana nemapoka ekunze kwenyika anoita zvemari nenyika dzatinogona kudyidzana nadzo.
695. Nyaya yokuiswa kwema *Visa*, anotadzisa kufambidzana, tichifananidza nedzimwe nyika dziri mudunhu rimwe nesu, zvakapa kurudziro huru kuvashanyi nevanoisa mari dzavo mune zvehupfumi kusarudza kuenda kundotanga mabhizimusi kune dzimwe nyika.
696. Nokuda kwaizvozvo, matorerwo eZimbabwe, anoiswa mumipanda yepasi rose anoona chimiro chenyika chichidzikira pamakore makumaviri apfuura. Somuenzaniso, mugore ra2014, Zimbabwe yakaiswa pachidano 120 pazvinhanho 125 zvechimiro chemaonerwo.
697. Zvisinei, shanduko yemaitirwe ezvinhu iri kuitwa munyika, kusanganisira chironywa chokuita mabhizimusi zviru nyore, kwakaona nyika ichisumuka pazvinhanho kusvika pa102 pazvinhanho 153 mugore ra2019. Pamusoro pezvo, Zimbabwe yakaiswa pachinhanho 19 panyika 48 dzomuAfrica maringe nechimiro chenyika mugore ra2019.
698. Kusvika pari nhasi, kufambiswa kwemashoko kwakasimba kunoratidza kunaka kweZimbabwe senzvimbo yakanaka yokuitira mabhizimusi nekuvaka nyika inokwikwidza, zvakanosha pachironywa chekutaaurirana nedzimwe nyika kuti pagadzurudzwe hukama nekumisikidza chimiro chenyika chakanaka.
699. Kubva muhukama hwenyika nedzimwe nyika mune zvakanwanda wanda zvinosanganisira matongerwo enyika kuenda mune zvehukama nedzimwe nyika munyaya dzhupfumi nezvama bhizimusi zvine mukana mukuru wokugadzirisana maonerwo enyika, kusimbaradza hushamwari nedzimwe nyika, zvinobatsira kuvandudza rumutsiridzo rwehupfumi.

Kuumba Chimiro cheNyika

700. Chinangwa chikuru pakumbiridza maonerwe enyika ndecheku:-



- kuvandudza maonerwo enyika nechimiro chakanaka kubva pachinhanho 100 panyika 153 kusvika panhanho 90 panyika 153 panosvika gore ra2025;
- Kuvandudza chinhanho chechimiro chehinyika (*brand*) kubva pa120/189 mugore ra2020 kusvika pa100/189 panozosvika gore ra2025; ne
- Kuvandudzika kuva nyika ine zvizvarwa zvinofara kubva pachinhanho 146 panyika 191 kusvika pa100 panosvika gore ra2025.

Kuva neZivo yeNyika kweVanhu vari Nyika yacho neveKunze

Mazano

701. Zivo yezvinoitika munyika nezvizvarwa zvenyika iyoyo zvakakosha pakuva nemuono mumwe chete nemanzwisire mamwe chete ezvinoitika munyika mavo. Kuti vanhu vomunyika vave nemaonero nemanzwisire mamwe chete pamusoro penyika yavo, chironzwa chekuvandudza maonero mamwe munyika, chichaita zvinotevera:-

- Kumisikidza chironzwa chemafambisirwo emashoko, chinobudiswa chokwadi chemamiriro enyika kuti vanhu vemunyika nevekunze vazive;
- Kugadzira hurongwa hwokufambiswa kwemashoko nemaitirwe ezvinhu chakasimba nechinangwa chekuvhura mukana wokutaurirana pakati pehurumende nevanhu veruzhinji;
- Kushandura maonero nemafungiro evanhu munyika kuburikidza nekumisikidza zvinoita kuti maonero avo nemafungiro avo ahanduke, kugadzirwa nekufambiswa kwemashoko kugadzurudza maonerwo enyika;
- Kugadzira hwaro hwezvimisikidzo zvenyika zvinopa panhaka (*heritage symbols*) zvinozoshandiswa kuiswa pose pane zvine chokuita nenyika;
- kuita kuti mitemo iripo ikozvino ifambirane nezviri mubumbiro renyika zvichibatsirwa nekufambiswa zvakanaka kwezvinhu;



- Kuvandudza zvekufambiswa kwemashoko kubudikidza nehurongwa hwekushandiswa kwemichina yechizvino zvino;
- Kuvandudza zvigadzirwa nezvivakwa zvinotsigira kufambiswa kwemashoko, muchizvino zvino, kunyanya michina yechizvino zvino;
- Kuchengetedza zvigadzirwa nezvivakwa zvinovandudza kufambiswa kwemashoko nekupa zvikwaniso kune vanofambisa masai sai epa dandemutande muHurmende (*GISP*);
- Kukurudzira kuti zvivakwa zvehurumende zvigadziriswe kusakara kwazvakaita zvozonatsurudzwa pachiswa zvimisikidzo zvinoratidza nhaka nemucherechedzo weZimbabwe yakabatana pazvivakwa, nenzvimbo dzose dzinogara nokushandira vamiriri venyika kune dzimwe nyika; ne
- kuvandudza kushanda zvakanaka neveruzhinji panopinda navanhu munyika kubudikidza nekudzidzisa vashandi, kuvandudza panosvikira vashanyi nekuisa zvimisikidzo zviri mutsika nenhaka yenyika.

Zvirongwa

702. Chirongwa cheNDS 1, chichaita zvinotevera kupa vanhu vomuno nevekunze zivo maringe nezviri munyika:

- Kushandiswa nekufambiswa nehurongwa hwemashoko uye kuisa zvimisikidzo zvetsika nenhaka yenyika pazvigadzirwa zvemunyika nekunze; ne
- kugadzurudza nekushandiswa kwemichina yechizvino zvino muzvivakwa nezvigadzirwa zvinobetsera kufambiswa kwemashoko.

Kumisikidza Zvinhu Zvinovandurudza Chimiro cheNyika

Mazano

703. Kutivandudze chimiro chenyika, mazano anotevera achashandiswa:-



- Umbiridza nevandudzo inoita kuti chimiro chenyika chikwikwidze, kushanda nematunhu makuru emunyika;
- Kumisikidza komiti inoona nezvekuvandudzwa kwechimiro chenyika kusimbisa mafambisirwo ebasa nekubatanidza zvinobva kumatunhu akasiyana-siyana;
- kugadzira vandudzo yechimiro chenyika yakasimba nekutengesa zvenhaka yenyika, dzidziso inoenda kune dzimwe nyika, zvehutano nezvekufamba, kuita mhosva shoma, runyararo nekugadzikana kwenyika;
- kupa zvikwanisiro kuchirongwa chemafambisirwo ezvinhu munyika, kuvashandi vehurumende vane chokuita nekushandidzana neveruzhinji nevanoshanda neveruzhinji; ne
- kuruka zano rinoita kuti vanhu vemunyika vapinde muzvirongwa zvenyika.

Zvirongwa

704. Chirongwa cheNDS 1, chichaita zvokuvandudzwa kwechimiro chenyika kuumba chimiro chinokwikwidza.

Kutaurirana neVari muNyika neKunze

705. Takanangana nezvishuviro zvemuono wa2030, Hurumende kupfurikidza nechirongwa cheNDS 1, ichaita chimbichimbi kutaurirana nevanhu vemuno munyika nevekunze chinangwa chiri chokuda kudzoredzera nyika muhukama nedzimwe nyika hwakanaka.

Hukama nedzimwe nyika

Mazano

706. Hurumende kupfurikidza nechirongwa cheNDS 1, ichashandisa mazano



anotevera kuvandudza kudyidzana nedzimwe nyika:

- Kusimbisa nekubatanidza hukama huripo nedzimwe nyika dziri mumubatanidzwa wekuchamhembe kweAfrica, mubatanidzwa wenyika dzemuAfrica, neshamwari dzenyika dzagara dziripo;
- Kuramba kuchiitwa nhaurirano nedzimwe nyika kuzama kudzoredzera hukama;
- Kukoshesa kudzokera muchikwata chemubatanidzwa wenyika dze*Commonwealth*;
- Kuriritira nekumhanyisa zvakakosha zvekutaurirana nedzimwe nyika zvakatoitwa kupfurikidza kudzokera kunyaya yokutaurirana nemubatanidzwa wenyika dzekumavirira;
- Kugadzira chirongwa chinoteverera vashandi nemichina (*SMP*) nechirongwa chekushandura hupfumi kuita kuti nyika idzorererwe kuva muhubatanidzwa hwenyika dzinodyidzana panezve mari;
- Kumhanyisa kuzadzikiswa kwechibvumirano chokuripa vakatorerwa minda yavo kuitira kuwana mukana wekuwana mari nekugadzirisa zviga zvechibvumirano nenguva yakatarwa;
- Kumhanyisa kuitwa kwezvibvumirano nekugadzirisa zvakawiriranwa kuzvi bvumirano zvekusimudzira nekuchengetedza mabhizimusi (*BIPPAs*);
- Kukanda mujenya kuti nyika iite magungano anopihwa tendero kana mvumo nedzimwe nyika;
- Kuita zvirongwa munezve kutengeserana, nezva mabhizimusi pamisika yezvinhu;
- Kumhanyisa kushandiswa kwemitemo yekutengeserana uye zvehupfumi, yakatenderanwa nekugadzirisa nyaya dzokuzvipira pamitemo yekutenga zvinhu kunze kwenyika;
- Kuvaka chikamu chevanhu vanomiririra nyika kunze chakasimba chine zvikwaniso zvokumirira nyika kune dzimwe nyika;



- Kumhanyisa nyaya dzekuda nekumirira zvido zvenyika nekuita kuti vanomirira nyika kunze vaite zvido zvenyika;
- Kushandisa nzira dzechivanhu kuumba hukama nedzimwe nyika;
- Kushandisa hwaro hunoratidza kusamira zvakanaka kwehukana muhupfumi nedzimwe nyika (*Development Cooperation Architecture*);
- Kuita kuti mapoka avanoshanda muzvikamu zvehupfumi ahandiswe kuitira kuvandudzwa kwekushandidzana neshamwari dzinoita nezve kusimudzirwa kwehupfumi;
- Kuzvipira kubhadhara zvinotarirwa kumasangano anobatanidza nyika dzapasi rose kana chikamu chadzo, mari dzezvisungo zvakadai;
- Kushandisa chironzwa chekuita mabasa eHurumende kuchishandirmasai sai epakombuta.

Zvirongwa

707. Panguva ichaitwa chironzwa che*NDS1*, Hurumende ichaitazve chimwe chironzwa chekushandidzana nedzimwe nyika kuvandudza kudyidzana nedzimwe nyika.

Kusimudzira Kushandidzana neZvizvarwa zveNyika zviru Kunze Munyaya dzeKuvandudzwa kweHupfumi

Mazano

708. Mazano anotevera achashandiswa:-

- Kuongorora hwaro hwezvizvarwa zvenyika zviru kune dzimwe nyika kuti zvibatsire mune zvehupfumi;
- Kusimudzira hurongwa hwokuti vanhu vari kunze kwenyika vaise mari yavo munyika, munyaya dzezvehupfumi;
- Kugadzira mapoka anofambisa mabasa ekuti zvizvarwa zveZimbabwe



zviise mari yazvo munyika; ne

- Kugadzira kutenga nekutengesera kupfuuridza nezvizvarwa zvenyika zviri kunze, kuti hurumende idyidzane nevamabhizimusi vakazvimirira vega.

Zvirongwa

709. Kutaurirana nezvizvarwa zvenyika zviri kunze kuchaitwa panguva ichaitwa chirongwa ichi.



CHIKAMU 11

KUENDESA MASIMBA NEMISHANDO YEBETSERO KUMATUNHU

Nhanganyaya

710. Kuendesa masimba kumatunhu ndochimwe chinhu chinosimbirirwa nemuono wa2030 zvinova zvinofambirana nebumbiro remutemo iro rinotaura zvekuendesa masimba nebasa rekutonga matunhu kumakanzuru.
711. Kuendesa masimba kumatunhu kwakanangana nekuona kuti hurongwa hwekutongwa kwematunhu hunobva muvanhu venharaunda iyoyo huchivandudza kupindira kwevanhu mune nyaya dzedunhu ravo uye vachiita izvi vakabatana.
712. Izvi zvinotaridza maitiro matsva muRipabhuriki yeChipiri umo kuendeswa kwemasimba kuvanhu iri nzira yekudzivirira rusarura nekuunza kutonga kwakanaka uye budiriro inobata munhu wese.

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

- 713 Muna 1984 hurumende yakataura zvekukosha kwehurongwa hwehutongi hunotendera kuti vanhu vapinde muzvirongwa zvebudiriro.
- 714 Pane zvakamboitwa asi zvisina kusvika padanho raidiwa. Nokudaro, budiriro yepasi yakaumbwa kubva pabhuku (*village*) kusvika kupurovhinzi uye mitemo yakaiswa kuitira kuti hurongwa hwehutongamiri hwepasi uhwu hushande.
- 715 Kusimudzirwa kwematanho ehutongi mumatanho epasi kwakanangana nekuendesa masimba kuvanhu asi hutongi hwepasi uhwu hwakaramba huri pasi pehutongi hwenyika hwedanho rekumusorosoro.
- 716 Zvimwe zvehutongi zvakaendeswa pasi pemakanzuru ayo aiva nemakanzura akanga asarudzwa pasi pemutemo wekutongwa kwamadhorobha namaruva.



717 Makanzuru aya ane kakuzvimirira uye ane basa rekuwanisa vanhu zvinokosha muupenyu. Zvekushandura chimiro chezvematomgero uku kwakaitwa munguva apo kwaiva nezvaishanduka muhurongwa hwekutongwa kwamatunhu semuenzaniso kushaikwa kwemutsauko wakajeka pakati pevatungamiri vehurumende nevatongi vematunhu izvo zvinoita kuti hutongi hwevanotonga padanho redunhu vasagona kunyatsoita basa ravo.

718 Kuendeswa kwesimba namabasa kumatunhu kunoda kuti makanzuru aya ataridze kugona kwavo basa.

719 Pari zvino, pane mikaha pane kukwanisa kungaitwa nehutongi hwehurumende mumatanho epasi. Mikaha iyi iri mune zvinotevera:-

- Kuronga mafimbisirwo ezvinhu;
- Kushaikwa kwemitemo nezvirongwa zvekubatsira pakushandwa kwebasa;
- Kushandisa mutemo mukuvandudza budiro, kutara migano nehurongwa hwekuverenga nekuongorora nzvimbo yakapiwa (*GIS*);
- Injiniyarin'i nekuongorora hukoshi mune zvinowaniswa nemakanzuru;
- Kugadzira hurongwa hunoita kuti mari yakashandiswa pakupa zvibetsero igone kudzoka;
- Kuita ongororo yemamiriro ezvinhu;
- Kuvepo kwenzira dzakawanda dzinounza uye dzekuunganidza nadzo mari;
- Kuona kuti kuiswa kwemari muzvirongwa kunofambirana nehurongwa hwehurumende hwebudiro;
- Kuva nezvirongwa zvinounza mari padanho remakanzuru;
- Kushaikwa kwehumhizha hwekutungamira mune zvemari; ne
- Kuva nehurongwa hwemari hunenge hwakanyorwa nemazvo hwekufungidzira hunoturwa kubazi zvemari padanho rekumusororo,



kupa zvinyorwa zvemashandisirwo emari uye kuti makanzuru aongororwe sezvinotaurwa nebumbiro remutemo.

720. Matambudziko aya akakanganisa kufambiswa zvakanaka kwezvirongwa.

Hurongwa hweKuendeswa kweMasimba neMishando yeBetsero kuVanhu

721. Hurumende yakabvuma hurongwa hwekufambisa mberi hurongwa hwekuendeswa masimba nemishando yebetsero kumatunhu uhwo hwaiva nechinangwa chekuendeswa simba rehutongi kumatanho epasi ezvematongerwo enyika kuitira kuti pave nekuvandudzika kwekuwaniswa kwezvibetsero, budiriro, hutongi hwakanaka uye runyarararo.
722. Hurongwa uhwo hausi kungoguma pakuendeswa simba kumatunhu asi kuti makanzuru achapiwa simba rekuita hurongwa hwavo hwemari
723. Hurumende yakatotanga kuendeswa zvikamu zvishanu kubva muzana zvemari inobhadharwa nevanhu kumatanho ehutongii epasi zvinova zvinofambirana nebumbiro remutemo. Izvi zvinotevera kushomeka kwezvikwanisiro zvaienda kumakanzuru.
724. Kupiwa kwemakanzuru mari kwaita kuti akwanise kufambisa zvirongwa zvinokoshera vanhu. Zvirongwa izvi zvakauya kubidikidza nekuita tsvakurudzo pane zvinodiwa navanhu zvinoti:- mvura, kucheneswa kweharaunda uye hutano.
725. Munguva yeNDS1 muchasimbaradzwa kuita mabasa zvakanaka.

Hutongi Hunobata Munhu Wese neBudiriro

- 726 Kuitira kuvandudza hutongi hunobata munhu wese nebudiriro, hurongwa hwekuendeswa hutongi nezvibetsero kumberi huchasimbirira zvinotevera:-
- Kuona kuti vanhu vapinda muzvirongwa zvine chekuita nekutora matanho anokoshera hupenyu;



- Hutongi hwakanaka nekuwaniswa kwezvibetsero;
- Kuchengetedza Zimbabwe senyika imwe yakabatana;
- Kushandisa zvinowanikwa muZimbabwe pakuunza pundutso;
- kusimudzira budiriro yezveupfumi;
- Kuwaniswa kwezvekushandisa kumatanho ehurumende epasi;
- Kuva nehurongwa nemitemo hunobatanidza vanhu;
- Kuparura chimiro chezvekutongwa kwamatunhu, ne
- Kuunza maitiro zvinhu matsva mukushanda nezveveruzhinji.

727 Munguva yeNDSI hurumende ichafambisa zvinotevera:-

- Kupa zvikamu zvishanu kubva muzana zvemari kuti igopiwa kuhutongi hwemakanzuru;
- Kuvandudza zvehutongi mumatanho epasi ehurumende

Mazano eKuvandudza Hutongi Hunobata Mapoka ese neBudiriro

728. Munguva yeNDSI mazano anotevera achashandiswa:-

- Kudzika mitemo inofambisa hurongwa hwekuendeswa kwemasimba kumatunhu;
 - Kufambisa mberi hurongwa hunokurudzira kuendeswa kwemasimba kumatunhu;
 - Kushandura mitemo painofanira kushandurwa;
 - Kushandura mitemo yagara iripo kuti ifambirane nezviri muBumbiro remutemo.
- Kuwaniswa kwezvinodiwa zvakanangana nevashandi, zvemari uye zvine chekuita nemichina yekafambisa mashoko:-

Nzira dzakanaka dzekuwanisa nadzo vanhu zvinokosha



mukurarama;

Kuona kuti nzira dzinounza mari dzavandudzwa;

Kuwaniswa kwehunyanzvi neruzivo kwevashandi ;

Kusimbiswa kwehurongwa hwevanoshanda mumatanho epasi ehurumende; ne

Kuvandudza kushandiswa kwemishina yechizvinozvino yekufambisa mashoko mumatanho epasi.

Kuvandudza kuitwa kwemabasa zviru nyore mumapurovhinzi:-

Kusimudzira kuitwa kwemabasa zviru nyore mumapurovhinzi; ne

Kushandiswa kwemichina yekufambisa mashoko yechizvino.

- Kuparura hurongwa hwebudiriro mumatanhu mu *NDSI* kubudikidza ne:-
 - Kuita kuti hurongwa hwemapurovhinzi hufambirane nehurongwa hweupfumi hwenyika;
 - Kuva nezvirongwa zvinounza mari kuvanhu;ne
 - Kuita kuti hurongwa hwekuendeswa masimba kumatanhu hubate mapazi ese ehurumende.
- Kushanda kunoenderana nezvakatarwa mumutemo weZvemari yeveruzhinji (*Public Finance Management Act*) kubudikidza ne:-
 - Kuwaniswa kwezvikwanisiro zvine chekuita nezvemitemo uye mabafirwo ebasa;
 - Ongororo ine chekuita nemashandisirwo emari;
 - Kuteverera nekuongorora zvemari; ne
 - Kutevedzera zvakatarwa pakushandisa mari munyaya dzekuendeswa kwemasimba kumatanhu.
- Kuvandudzwa kwerutsigiro mune zvebudiriro yehupfumi:-



-Kuunganidzwa kwemashoko maringe nematunhu, dura rezvinhu riri padandemutande nedandemutande remakombiyuta;

-Kusimudzira kuiswa kwemari mumabhizimusi nemumapurovhinzi;

-Kusimbaradza nekuparura misika yezvekutenga nekutengeserana umo mitemo yekuita mabhizimusi yakasiyana neimwe yemunyika;

-Kusimudzira, kudzoreredza nekugadzirisa zvivakwa zvagara zviripo.

;

-Kuvaka zvivakwa zvitsva munyika yose;

-Kuvandudza simba rezviwanikwa; uye

-Kuva nehurongwa hwakanaka hunosimudzira kuendeswa kwesimba kumatunhu.

Hurongwa hweKusimudzira Hutongi Hunosanganisira Mapoka ose emuNharaunda

729 Zvirongwa zvinotevera zvichafambiswa mberi kuitira kuti kuve nebudiro yehutongi hunosanganisira mapoka ese munyika:-

- Kusimudzira matunhu kuti aite zvinodiwa uye tsvakurudzo dzakanangana nekumasimudzira;
- Kusimudzira, kudzoreredza nekugadzirisa zvivakwa zvagara zviripo;
- Kuvakwa kwezvivakwa zvitsva mumapazi ese;
- Kuvandudzwa kwehukoshi hwezvicherwa;
- Kusimbaradza nekuparura misika yezvekutenga nekutengeserana (*Special Economic Zones*);
- Kusimudzira humhizha;ne
- Kushandiswa kwemichina mumabhizimusi.



CHIKAMU 12

ZVINHU ZVINOKOSHESWA MUZVIRONGWA ZVESE ZVEHURUMENDE

Vechidiki, Zvemitambo, Tsika neMagariro akanaka nekupa mikana Yakaenzana kuVarume neVakadzi

Nhanganyaya

730. Vechidiki vakakosha zvikuru kana vakapiwa simudziro nekuumbwa kuti vave vanhu vakakosha munyika.
731. Kuenzaniswa kwemikana pakati pevakadzi nevarume, kunoita kuti nyika ive nevanhu vanonzwanana nekushanda pamwe chete.
732. Mitambo, tsika nemagariro kunounza kubatana, rupawo rwerudzi nekutaurirana. Tsika nemagariro zvakakosha pakuvaka nyika, kusimudzira kweukoshi hwemhuri uyezve kuregererana nerunyararo. Izvi zvinosimudzirawo mararamiro uye kuvandudza raramo nekufara kwemhuri nevanogara munzvimbo.

Vechidiki

Ongororo yeMamiriro eZvinhu


733. Zimbabwe ine mukana wekuunza chikamu mune zveupfumi, kubva kune nyika dziri kubudirira. Uwandu hwevanhu munyika huri pamamiriyoni 14.8 uye hurikusimukira nechikamu 1.4% pagore uyewo hurefu hwenguva inoraramwa huri pamakore 61.
734. Zvikamu 53,6% zveuwandu hwevanhu vari munyika huri pasi pemakore makumi maviri uyewo 62,9% yevanhu vari munyika vane makore ari pasi pe24. Pane vane makore ari pasi pe24, 31.7% vakadzi, uye 31,2% varume.
735. Zvakaonekwa kuti vechidiki vazhinji muZimbabwe havasi kuziviswa tsika



yekushanda nesimba uyewo kuti kushanda nesimba kune pundutso. Panguva yehurongwa hweNDSI kuchavandudza hurongwa hunobatsira vechidiki nekuvazivisa kukosha kwekushanda nesimba mubudiriro yenyika sezvo vari ivo vane simba rakawanda munharaunda.

736. Mufananidzo 17 uripasi unoratidza chimiro chemakore neraramo yevanhu muZimbabwe

Mufananidzo 17: Mipanda yeVanhu



737. Kune zvizetsero zvinokwaniswa kushandiswa nevechidiki uye nevakadzi nevarume

Kuvandudza Kupa Mikana Kune VeChidiki

738. Kutangidza zvirongwa kunoda kutungamidza vechidiki pamatanho ese, uyewo nharaunda dzinosanganisira , zvikoro, mayunivhesiti padanho repurovinzi nenyika. Izvi zvinotarisirwa kuburikidza nekushanda nevechidiki uyewo:

- Kuwedzera mikana yevechidiki muhurongwa nebudiriro kubva pa3.3% kusvika pa25% muna2025; ne.



- Kuwedzera uwandu hwevechidiki vakawaniswa mikana yebudiriro kubva pa16 000 muna 2020 kusvika pa200 000 muna2025

Mazano

739. Mazano ekuvandudza kuwaniswa mikana kwevechidiki pachirongwa che*NDS1* anosanganisira zvinotevera:-

- Kutsigira kuwanisa vechidiki mikana mukuumba nekugadziriswa kwemitemo.
- Kupa dzidziso yehutungamiri;
- Kupa mukana kune vechidiki mukutora matanho padanho renyika;
- Kudyidzanisa hurongwa hwevechidiki nezvikamu zvese zvebudiriro yenyika;
- Kuvandudza kwemakoreji anechekuita nezvemibato yeyamaoko;
- Kusimudzira nekufambidzanisa nenguva zvivakwa, michina nezvishandiso zvevakoreji ezvemibato yemaoko;
- Kusimudzira kuumbwa kwewirirano pakati pevechidiki nevemasangano anotsigira budiro yevechidiki;
- Kugadzira hwaro hwemitemo hunotendedza nekuunza pundutso; ne
- Kumisikidza hurongwa hunosimudzira umhizha hwevechidiki.

Zvirongwa

740. Zvirongwa zvinotevera zvichatangidzwa nechinangwa chekuwedzera kuwaniswa mikana mubudiriro yenyika uyewo kutora matanho akakosha:-

- Kukwaniswa kuwanisa hutungamiriri kune vechidiki;
- Kumisikidzwa kwemakanzuru evechidiki muparamende;
- Hurongwa hwekupa zvizetsero kune vechidiki (*National Youth Service Programme*);



- Mapurojekiti ekusimudzira nyika nevechidiki akaita se *Youth Build Zimbabwe*;

Kupa Mukana Wakaenzana pakati Pevarume neVanhukadzi

741. Hurumende yakaita matanho ekupa mikana yakaenzana pakati pevanhurume nevanhukadzi. Chimiro chiripo panguva ino, chinobudisa kuyanyosiyiwa kwevechidiki munyaya dzebudiriro. Vakadzi vachirikusangana nezvimhingamupinyi zvakawanda zvakanganana nekukwidziridzwa pamatanho epamusoro munezveupfumi kusanganisira:

- i. Kusawaniswa kwakakwana kwemari;
- ii. Kusawaniswa kwakakwana kweivhu nemidziyo;
- iii. Kuwaniswa mikana mishoma mukufambiswa kwehurongwa; ne
- iv. Zvimhingamupinyi mumitemo, tsika nehutungamiri hwakanaka.

742. Mukufambiswa kwehurongwa hwe *NDSI*, kukoshesa kuenzanisa mikana pakati pevarume nevakadzi kuchafambiswa kuburikidza nezviitwa zvinorerekera kuwanisa kuenzana pakati pevakadzi nevarume.

743. Hurumende inonyanyokoshesa kuenzanisa varume nevakadzi nechinangwa chekuvandudza jechetere zvichienderana neBumbaro renyika, chisungo che *SADC* chezvemikana yakaenzana kuvakadzi nevarume nekuwaniswa kwebudiriro, nekuwaniswa kwebudiriro yamadzimai muzvirongwa zve *UN*. Vakadzi vanosvika 52% yeuwandu hwevanhu munyika uye kuwaniswa mikana kwavo mune zvevatongerwo enyika, upfumi nekugarisana kwakakosha mukuzadzikiswa kwechirongwa chemuono wa2030.

744. Mamwe ematanho akatorwa nehurumende mukuenzanisa vakadzi nevarume ndeanosanganisira:-

- Kumisikidza kufambiswa kwezvirongwa zvechinangwa chekuenzanisa vakadzi nevarume kuburikidza nekomisheni ye *Zimbabwe Gender Commission*.
- Kuiswa kwemutemo hwemirizhongwa dzemudzimba uye kushambadzwa kwawo.



- Kukosheswa kwekupwiwa zvishandiso nemari dzakanangana nevanhukadzi.
- Kuiswa kwemari mubhanga rakanangana nevakadzi re *Women's Microfinance Bank*.
- kufambiswa kwehurongwa hwekuwanisa vanamai vakazvitakura zvizbetsero zvekuchipatara.

745. Kuenzaniswa nekuwaniswa masimba kwevakadzi hakuna kupera mu *TSP* asi hurongwa hwe *NDS1* hunosimudzira dzonzvo iri pasi pedingindira rekuti *'hapana arikuzosara kumashure uyewo hakuna nzvimbo isiri kuzosvikwa'*

Mazano eKupa Mukana Wakaenzana pakati peVarume neVanhukadzi

746. Mukufambiswa kwehurongwa hwe *NDS1*, kubatanidzwa kwezvinhu zvine chekuita nevakadzi muzvikamu zvese kuchavandudzwa, nechikonzero chekuti kuenzaniswa uku kwakakosha mubudiro yekugadzirisa upfumi hwenyika. Izvi zvinowana hwaro kubva kubumbiro renyika uyewo *Gender Responsive Budgeting Strategy, National Gender Policy neGender Equality and Women Empowerment Framework*

747. Mazano makuru achange akatsamhira ku:-

- Dyidzanisa hurongwa nemitemo ine chekuita nevanhukadzi;
- Kubatanidza nyaya dzevakadzi nevanhurume muhurongwa hwenyika nezvimwewo zvikamu zveupfumi nehurongwa hwemari;
- Kufambisa hurongwa hwekuenzaniswa kwevakadzi nevarume, hurongwa hwemari nekushanda kwakananga kunovandudzwa zvizbereko;
- Kukosheswa kwekuwaniswa zvizbetsero, kuwaniswa mari nekufambisa hurongwa hwechikamu chezvekuenzaniswa kwevakadzi nevarume.
- Kufambiswa kwehurongwa nemapurojekiti akanagana nevakadzi; ne
- Kuteverera nekuongorora kunobudisa mashandiro, kudzoswa kwemashoko maererano nemashandiro ehurongwa.



748 Pahurongwa hwebudiriro hweNDS1, mapato akazvimirira anounza budiriro, paramende nevanoronga zvemari zvinodyidzanisa nekuenzaniswa kwevakadzi nevarume vachaita mabasa anoita kuti zvirongwa zviendeke.

Zvinobuda mukuenzaniswa kweVakadzi neVarume

749. Zvinobuda mune vechidiki, zvevanhukadzi nemukana weenzaniso pakati pevarume nevakadzi:

- Kusimudzira kuwaniswa kwemikana kwevanhukadzi muzvikamu zvese zveupfumi;
- Kuwedzera vakadzi muzvinzvimbo zvine masimba mumabasa;
- Kuwedzera mari inounzwa nevanhukadzi; ne
- Mikana yakaenzana yakanangana nevanhukadzi.

Mazano eKuwanisa Mikana yakaenzana pakati peVanhurume neVanhukadzi

750. Mazano anotevera achafambisa hurongwa hweNDS1:

- Mazano akarerekera kuvakadzi nevechidiki;
- Mikana yakaenzana muzvirongwa zvese;
- Kusimudzira vakadzi kusvika pazvinzvimbo zvakakosha;
- Kusimudzira kuenzaniswa pamatanho ese munyika;
- Kubatsiridza kumiririrwa kwevanhukadzi mune zvevatongerwo enyika;
- Zvirongwa zveruzhinji zvine chekuita nevechidiki nevanhukadzi; ne
- Kuwaniswa kwemikana yemari yakanangana nevakadzi mune zvevabhizimusi.



Mitambo, Zviitwa Zvinoratidza Unyanzvi hweZvipo neTsika neMagariro

Mitambo

751. Budiriro mune zvemitambo inosanganisira, mitambo inozivikamwa uye ine hwaro nekumwe kushangazhika kwemuviri. Chinonzi mutambo zvinoreva hunyanzvi hwekushandisa muviri kuchitungamirirwa nemitemo nezvinotarirwa uye chinoitwa kuburikidzwa nekukwikwidza. Kubudirira kwemitambo kunoita kuti zviwanikwa nemikana yemitambo inounza kufara zvibetseredze mubudiriro, magarisirano uye nemafungiro evanhu. Budiriro iyi ikanyatsoshandiswa inovandudza budiriro yevanhu vanoita zvemitambo kuti vakwikwidze mumakwikwi emunyika, mudunhu, muAfrica uyewo pasi rese.
752. Nzvimbo dzekufarira dzinobetsera kuunza mafaro. Dzinobetsera kuvaka nyika ine vanhu vane hutano, ine vanhu vanowirirana uye vanodzyidzana, budiriro nekuvandudza nzvimbo dzinogarika.
753. Zvemitambo nekuunza mafaro zvinovandudza mari uyewo hutano hwemuviri, kukwanisa kutaurawo munhu asinganyari pavanhu nebudiriro yemunharaunda. Mitambo nemafaro zvinopa mikana yekuti upenyu huraramike kwenguva refu izvo zvinopawo kudzikira kwekushandiswa kwemari yekurapwa.
754. Mumakore apfuura, mitambo nezvemafaro munyika zvadzikira zvichikonzerwa nekusafamba zvakanaka kwehupfumi kuburikidza nekupararira kwechirwere cheKorona.
755. Nyika ine zvekushandisa zvemafaro nemitambo zvisina kuwanda uye zvimwe zvadzikira nekuti hazvina kugadziriswa.

Kuwedzera Mikana mune zveMitambo neKuzvivaraidza

756. Pahurongwa hweNDS1, zvinotarirwa kuti zvikamu zvekuwaniswa mikana mumitambo nemafaro zvisimukire kubva pa15% in 2020 kusvika pa27% muna2025.



Mazano

757. Pahurongwa hwe*NDSI*, matanho ekuwaniswa mikana mumitambo nemafaro huchawedzerwa kuburikidza nekufambiswa kwemazano anotevera: -

- Kumisikidzwa kwezvishandiswa zvevitambo zvemhando yepamusoro;
- Kusimudzirwa kwezvemitambo nekuwaniswa kwemenduru dzekugona mumakwikwi;
- Kugadzira mubatanidzwa hwehurongwa hwezekufambiswa kwezvemitambo;
- Kuwanisa mukana wekushanyirwa pane zvekuita nemakwikwi edunhu, Africa yose kana pasi rese.
- Kuita kuti zvevitambo nezvemafaro zvipinze mari mukufambiswa kwazvo ;
- Kugadzira hwaro hune kushanda kwakanaka kwezvemitambo nemafaro hwakatsigirwa nemitemo;
- Kumisikidza chiyero chakanaka chekuunza mari inoshandiswa mune zvevitambo nemafaro, ne
- Kumisikidza sikimu inowanisa mbasera mukuisa mari yebudiriro mune zvevitambo nemafaro.

Zvirongwa

758. Pasi pehurongwa hwe*NDSI*, zvirongwa zvinotevera zvichavandudza;

- Kusimudzirwa kwehurongwa hwakabatanidzwa (*school sport, NSAs, Tertiary sport, uniformed sport*);
- Kusimudzira kwekuvandudzwa kwehurongwa hwezvemitambo;
- Kusimudzirwa kwekufambiswa kwemitambo yeligi nemakwikwi senzira yekuvandudza kuitwa kwemitambo nenzira yakanaka;
- Kusimudzirwa kwebandiko rinoshanda zvemhando yepamusoro soro;
- Kumisikidzwa kwehomwe yemitambo nezvemafaro;



- Kumisikidzwa kwemapoka ehunyanzvi kubva pamatunhu madiki
- Kuvandudzwa kwebumbiro redzidzo rine chekuita nekuita nemitambo inosimbisa muviri muzvikoro;
- Kuwaniswa mikana yekushanyirwa pamakwikwi anoitwa padunhu, muAfrica nepasi rese;
- Kusimudzirwa kwehurongwa hwekushanyirwa panoitika zviitiko zvikuru mune zvemitambo;
- Kusimudzirwa nekuongorora mitemo nezvisungo;
- Kukwidziridzwa nekusimudzirwa mune zvemitambo seindasitiri; ne
- Kugadzirisa nekuvaka zvinoshandiswa mumitambo nezvemafaro zvinoenderana nedanho repamusoro soro mumatunhu anenge asarudzwa.

Tsika neMagariro

- 759 Tsika nemagariro zvine simba rekushandura nyika nematunhu kuti zvibudirire uyewo kupa rupawo rwekuva munhu wemunyika kuvanhu vemazera ose. Tsika dzine basa rekusimudzira budiro kumazera ose neachazouya.
760. Kunyange zvazvo rudzi ruchipa kuti munhu agutsikane nekuva chizvarwa chenyika yake, nyika inomiririrwa nevanhu vakasiyana-siyana vane tsika nemitauro yakasiyanawo zvekare.
761. Sechinhu chinobatanidza vanhu vese, rudzi senyika runosimukira kuburikidza nezvinhu zvinosanganisa vanhu mumazuva ose ekurarama. Izvi zvinosanganisira zvifananidzo zvinomirira nyika, mimhanzi, mutauro, nhoroondo yenyika, kunzwisisa nezvenyika nezvivezwa zvetsika.
762. Kuratidzirwa kwerupawo hwenyika kunoratidza kuti munhu anoda nyika yake, chinovazve chiratidzi chekuti munhu anodada nenyika yake. Ichi ndechimwe chezvinhu zvinowanikwa muzvikamu zvese muhurongwa hweNDS1. Zvirongwa zvevechidiki, mitambo netsika zvinounzawo



kudyidzana uyewo kuwirirana pamwe nerupawo hunopa kudada nyenika.

763. Zvinangwa zveNDSI kuwedzera danho rezvekushandiswa kwezviwanikwa zvine chekuita netsika nemagariro, mitambo nezviwanikwa nezvibetsero kubva mu15% muna2020 kusvika 40% muna2025

Mazano

764. Mukuvandudza nekudzivirira midziyo ine chekuita netsika nemagariro, nyika inoda hunyanzvi nehwaro rwekunzwisisa, kuchengetedza nekusimudzira nhaka yepasichigare kuti ishandiswe kana kukosheswa nevari kurarama nhasi uyewo vachararama mune remangwana.

765. Mazano anotevera achashandiswa:

- Kusimudzira kuiswa kemari mubudiriro yakanangana nezviwanikwa zvetsika kusanganisira zvinobatika nezvisingabatiki seruzivo neunyanzvi hwepasichigare, mimhanzi, kutamba nemitambo;
- Kusimudzira hupfumi hwenguva refu;
- Kusimudzira hunyanzvi uye kushandisa kukwanisa hudobi huri muvanhu;
- Kumisikidza tsvakurudzo nezvinyorwa zvakanangana netsika nemagariro evanhu;
- Kumisikidza nekupa zvikwanisiro zvetsika nemagariro evanhu uyewo kuita mizinda yenhaka yepasichigare uyewo kugadziridza zvimisikidzwa zviripo;
- Kusimudzira, kubatanidza nekufambisa kwezvitengeswa zvine chekuita nezvivezwa kana zvibetsero zvetsika nemagariro;
- Kuvandudza zvetsika nemagariro kuti zviunze mari munyika uyewo kupa hunyanzvi;
- Kuva nedura pazvimbo rine zivo yese ine chekuita nezviwanikwa zvetsika nemagariro;



- Kudyidzanisa mitemo uyewo kuvamba mitsva ine chekuita nevashandi vane chekuita netsika nemagariro (*Cultural and Creative Industries*);
- Kumisikidza kwanisiro yekuona nekusimudzira hunyanzvi hwevanoshanda mumabasa etsika nemagariro;
- Kushongedza zvivakwa zvehurumende nedzimba dzevamiririri veZimbabwe kune dzimwe nyika, mukuvandudza mavakirwo ezvivakwa zvichibudisa tsika dzevanhu venyika yeZimbabwe;
- Kusimudzira, kuchengetedza zviwanikwa nezvibetsero zvetsika nemagariro;
- Kusimudzira kuwaniswa kwezvibetsero mune vemitambo nema *firimu* zvakanagana nekubetsera kusimudzirwa kwemitambo netsika; ne
- Kumisikidza mizinda inosimudzira unyazvi hwekufunga nekuvamba zvitsva maringe netsika nemagariro.

Zvirongwa

766. Pahurongwa hwe *NDS1* hurumende ichatsigira vanoita zvetsika nemagariro kuburikidza nekufambisa zvirongwa zvinotevera: -

- Kusimudzira zvivakwa zvakadengezera tsika nemagariro;
- Kufambisa mmemberero dzine chekuita netsika nemagariro padanho redhisitirikiti, purovhinzi, nyika, dunhu, nepasi rese;
- Kuumba homwe ine chekuita nebudiriro yetsika nemagariro;
- Kumisikidza mizinda ine chekuita netsika nemagariro evanhu; ne
- Kuongorora nekudyidzanisa mitemo.



Kuwanisa Mari

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

767 Kuwaniswa mari kuburikidza nevanopa mari, zvikwereti nemainishuwareenzi kwakakosha pakusimudzira budiriro. Zimbabwe yakafambisa hurongwa hwe*National Financial Inclusion Strategy (2016-2020)*, kuburikidza nezvirongwa zvakasiyana-siyana zvakananga zvikamu zvenyika zvakasaririra. Kuuyawo kwechirwere cheKovhidhi kwakakonzera kupera kwemari muhomwe iyi.

Zvinobuda Mukuwaniswa kweMari

768 Kuwaniswa mari kwakakosha sezvo kuchibetseredza kupedza nhamo uyewo kuunza shanduko nebudiriro munyika. Kuvandudza kuwaniswa uku kuchawedzerwa kubva pa77% mugore ra2020 kusvika pa90% mugore ra2025.

Mazano eKuwaniswa kwemari

769. Zvibetsero zvakaite se*FinTech* ne*Techfin* zvakaunza kuwaniswa kwemari uyewo kupa hudzamu munyaya dzekuwaniswa kwemari. Kushandiswa kwemichina yechizvino zvino ndiko kwaita kuti kuwaniswa kwemari kuwedzere munyika.

770. Kuona kuti vanogara kunzvimbo dziri kumapeto enyika vawana rubatsiro uyewo varikuwaniswa mikana munyaya dzezveupfumi, hurumende yakasimudzira kushandiswa kwemichina yechizvino zvino nounyanzvi muzvikamu zvese zvine chekuita neupfumi hwenyika.

771. Kudzidzaniwa kwemabhangi neavo vanopa mari kwapa mikana wekuwaniswa zvikwereti kuburikidza nehukama uhu. Mishandirapamwe yakaita se*Savings and credit cooperatives (SACCOS)* yashandisa mikana iyi.

772. Zvikamu zvakakosha mukuwaniswa kwemari zvinosanganisira : -

- Kuwaniswa masimba kwemadzimai nevechidiki;



- Kuwaniswa mari;ne
- Hurongwa hwekuwaniswa mari nemabhanga.

Kuchengetedzwa munharaunda, Kuderedza Urombo neKudzivirira Kutambura

Nhanganyaya

773. Hurongwa hwekuchengetedzwa munharaunda, kuderedza urombo nekudzivirira kutambura, hunechekuita nedonzvo re*SDG1* ne3 pasi pesangano re*UN* sezvo huchidzikisa kutambura uyewo kuyanikwa pachena kwevanhu vanowana mari shoma, kusaenzaniswa uyewo kuunza budiriro munyika
774. Zimbabwe inokurudzira kuchengetedzeka kwezvizvarwa zvayo sekutaura kwazvinoitwa muchikamu 30 chebumbiro remitemo chinoti, “ **...nyika inotora matanho ose ainokwanisa kuwanisa zvizvarwa zvayo pekugara pakakwana, zvichienderana nekuwanikwa kwezvishandiso zviripo.**”
775. Bumbiro renyika rinotaurawo kuwaniswa kwedziviro nekuchengetedzwa munharaunda. Kuwaniswa kwemikana yakaenzana nekusasarudzwa pamwechete nekuwaniswa masimba nemabasa, kunokosheswa nemitemo yebumbiro uyewo kodzero dzevarwi vehondo yerusununguko, vakwegura, vechidiki nevanorarama nehurema.
776. Ichitungamirirwa nehwaro hunoona nezvekuchengetedzwa kwevanhu kwakakwana (*National Social Protection Policy Framework (NSPPF)*), hurongwa hwe*NDS1* huchafambisa nzira dzekuwanisa zvizbetsero zveraramo nezvemumabasa.

Ongororo yemamiriro ezvinhu

777. Hurombo nekuva vanhu vanorarama vachida kumiririrwa zviri kuenda zvichiwedzera nechikonzero chekuzara, mapopoma nemadutu emvura zvinova zviri kuunza nzara. Huwandu hwevanhu vari pazvirongwa zvinopa rubatsiro hwezvokudya huri kutarisirwa kukwira kubva pamamiriyoni 7.6 kusvika pamamiriyoni masere muna 2020.



778. Vagari vemumadhorobha vavewo nedambudziko rekusangana nezvimhingamupinyi zvenzara. Dambudziko iri rakawedzerwa nekuuya kwechirwere chekovhidhi nekudaro kushaikwa kwezvikanisiro nezvibetsero zveruzhinj kwaramba kwasimbirira.

779. Hurongwa hwekuchengetedzwa kwevanoshaya hwanga huchizikanwa huri padanho repamusoro asi nekuda kwematambudziko ari kusanganikwa nawo munyika, budiro iyi yadzikira. Zvikamu makumi mashanu kubva muzana hazviwaniswi betsero kubva kubetsero yevanochengetedzwa. Zvimhingamupinyi zvinosanganisira :-

- Kushaikwa kwemari inobetsera zvirongwa zvevanoshaya;
- Kusanyatsofambiswa kwemabasa ekuwaniswa betsero nehuori pakuvandudza raramo yevanoshaya;
- Kusanyatsoteverera nekuongorora kuwaniswa kwezvikanisiro nezvimwewo kune vanoshaya;
- Kushaikwa kwekushanda pamwe chete nevemapoka anopa rubatsiro izvo zvinozoita kuti vamwe vadye kwese kunzungu nekunyimo;
- Kushaya zvikwanisiro nehwaro hwemitemo hunodzivirira vanhu noda kumiririrwa;
- kupedza umbimbindoga kumasangano anopa batsiro yenguva pfupi;
- Kusasimba mukuwanisa nekudyidzanisa hurongwa hwekuchengetedza mashoko; ne
- Kushaikwa kwehurongwa hunodzivirira vana kuti vasasiyira chikoro panzira, kushandiswa mumabasa, kunwa zvinodhaka uyewo kukurumidza kuroorwa.

780. Kuitira kugadzirisa matambudziko ari pamusoro *NDSI* ichaona kuti kuchengetedzeka kwevanhu kuchavandudzwa uye mazano nehurongwa hwekuizvo hwavepo.



Kuchengetedzeka Kwevanhu Kusingadhuri uye Kwemhando Yepamusoro

781. Munguva ye*NDS1* hurumende ichaona kuti vanhu vachengetedzeka. Zvirongwa zvehurumende zvinosanganisira zvinotevera:-

Kuderedza Hurombo uye Kuvandudza Kuwanikwa Kwezvibetsero

782. Kuderera kwesimba remari, kuderera mune zvinounza mari munyika nechirwere chinokonzerwa neutachiona hweKorona zvakasiya vanhu vasina kuchengetedzeka. Hurombo hwakanyanya kuwedzera mumadhorobha asi hurombo hwakanyanya hunowanikwa mumaruva.

783. Chinangwa che*NDS1* kuderedza hurombo uye kuvandudza kuwanikwa kwezvinokosha nemhando dzazvo zvose kusanganisira kudzora mukaha wekusaenzana. Zvichakadaro, *NDS1* icha:-

- deredza huwandu hwevanhu vari pasi pepakatarwa maringe nemari yekutenga zvekudya;
- wedzera huwandu hwevanhu (varume, vakadzi, zviroma nevana) kuti vawane rubatsiro kubva pa65% muna 2020 kuenda pa85% muna2025;
- kuwedzera chikamu chevanhu vanowana rubatsiro kubva pa15% muna 2020 kuenda pa75% muna 2025;
- kuwedzera kupindira kwehurumende mukuchengetedza mapoka kusvika pa67% muna 2025; ne
- kuwedzera rutsigiro rweraramo kubva pa 3% kusvika pa17% panosvika 2025.

Mazano Ekuwanisa Zvinokosha Pararamo

784. *NDS1* ichabatanidza nekusimbaradza zvirongwa zvekubatsira vanhu kuitira kuderedza hurombo nekuwaniswa kwezvinokosha pakurarama



785. Kunanga mapoka chaiwo kuchakosheswa kuitira kuti mapoka iwayo awane rubatsiro
786. *NDSI* ichasimudzira kuwaniswa kwerubetsero kubudikidza nekuongorora nekusarudza avo vangapiwa rubatsiro
787. kuvandudzwa kwezvirongwa zvagara zviripo mumadhorobha kuchaitwa kuitira kugadzirisa dambudziko rehurombo riri kukura mumadhorobha
788. Hurongwa uhwu huchavandudza nekusimbaradza kuchengetedzeka kwevanhu kunyanya hurongwa hwekubhadhara uye hurongwa hwemashandiro emasangano anopa rubatsiro (*MIS*).
789. Matanho ekuvandudza nzira dzekugadzirisa zvinyunyuto zvevanhu anosanganisira kuita zviri maringe nekugadzirisa matambudziko anosanganikwa nawo, kuteverera nekuongorora uye kufambiswa kwemashoko.
790. Hurumende ichasimbaradza nzira dzayo dzekutungamirira kubudikidza nekuumba komiti inoona nezvekuwaniswa kwezvikanisiro (*NSPSC*).

Zvirongwa

791. Munguva ye*NDSI* zvirongwa zvakati kuti zvakafambiswa kuitira kuderedza hurombo nekuvandudza kuwanikwa kwezvinodikamwa pakurarama kwevari mumapoka asingagoni kuzvimiririra:-
- Kuwaniswa kwezekudya, mari, hutano, dzidzo, kupiwa kwezekudya muzvikoro, kuwaniswa kwezvinopfekwa zvichipfekerwa zveutano kuvadzidzi;
 - Kupiwa kwerubatsiro mundufu nemari yekufambisa;
 - Rubetsero rwune chekuita nehurongwa hwegadziriro yakanangana nekutirira kwekunze; ne
 - Kusimbaradza kuchengetedzwa kwehurongwa hwekupa vanoda rubatsiro zvavanoda



Kuvandudza Kuchengetedzwa neKudzivirirwa Kwevasingagoni Kuzvimiririra

792. Vasingagoni kuzvimiririra vanoda kuchengetedzwa uye ava vanosanganisira vakaremara, vana nevakwegura. Ava vanhu vanoda kubatsirwa saka *NDS1* ichaona kuti vanhu ava vachengetedzeka kubudukidza nezvirongwa zvitsva uye kuvandudza zvirongwa zvagara zviripo.

793. Zvinangwa chekuchengetedza vasingagoni kuzvichengeta ku:-

- Kuwedzera huwandu hwevanopiwa rubatsiro kubva pa15% kuenda pa75%;
- Kuderedza vanhu vanoshungurudzwa kubva pa35% kuenda pa10%; ne
- Kuwedzera huwandu hwevanhu vanomhan'ara kubva pa5% kuenda pa30%

Mazano eKuvandudza Navo Kubatsirwa neKuchengetedza Vasingagoni Kuzvimiririra

794. *NDS1* ichasimbaradza nekufambisa mberi nekuchengetedzwa kwevasingagoni kuzvimiririra kuitira kuti vanhu ava vawane rubatsiro ruzere. *NDS1* ichabatsira pakusimbisa hurongwa hwekubatsira vanhu nekuvandudza hukama mubasa iri kuitira kuumba yanano. Pachavazve nehurongwa hwekuwanisa mikana kuvarombo nevasingagoni kuzvimiririra kuitira kuti vagone kuzvishandira pavanogona.

795. Kusimbaradza hurongwa nemitemo ine chekuita nevakaremara ndechimwe chichaitwa ukuwo hurongwa huchashandiswa hunenge huchibata vanhu vakawanda.

796. Munguva ye*NDS1* hurumende ichawanisa mukana kumasangano akazvimiririra (*CSOs*) kuti aongorore kufambiswa kwebasa iri munyika.

Zvirongwa

797. Kuitira kuti *NDS1* ikwanise kuwanisa kuchengetedzeka nekuchengetwa



kwakanaka kwevasingagoni kuzvimiririra rutsigiro ruchapuwa nezvinotevera:

- Kutangwa kwehurongwa hwekupa mari kuvakwegura nevana vadiki;
- Zvirongwa zvekusimudzira madzimai nevechidiki; ne
- kufambisa zvirongwa zvinofambirana nemisika kuitira kuwedzera masimba

798. Hurumende ichasimudzira zvinotevera:

- Hurongwa hweNational *Case Management for the care and protection of children*;
- kuvandudza kuchengetedzwa kwevana;
- Kusimudzirwa kwekuchengetwa kwevana kana vanhu vakurunemunhu asiri hama uye kuchengetwa kwevana vakawanda nemunhu ane mvumo yehurumende yekuita izvozvo;
- Kunyoreswa kwemasangano akazvimiririra oga anoona nezvekuchengetwa kwevana ;
- Kunyoresa, nekusanganisa vana nehama dzavo;
- Kudzidzisa vana mabasa emaoko; ne
- Kuwanisa madzimai nzvimbo dzekusunungukira nezvekudya.

Kuvandudza Kuwaniswa Kwezvapakoshera Varombo neVasingagoni Kuzvimiririra

799. Munguva yeNDSI Hurumende ichaita zvinotevera kuitira kuwanisa zvapakosha kuvarombo nevasingagoni kuzvimiririra:-

- Kuwedzera huwandu hwevanhu vanenge vachishingaira kushandura hupenyu hwavo kubva pa2 kuenda pa10%;
- Kuwedzera huwandu hwemhuri dzinobatsirikana nezvirongwa zvekuvandudza mararamiro avo nehurongwa kwezvemumagariro avo



kubva pa5% kuenda pa25%; ne

- Kuwedzera huwandu hwemisha yakawandudzika maringe nezvaingada mukurarama kwavo kubva pa2% kuenda pa15%.

Mazano eKuvandudza Navo Zvinodiwa Pakurarama kweVarombo neVasingagoni Kuzvimiririra

800. *NDS1* ichavavarira kusimbaradza kuwanikwa kwemikana kune varombo nevasingagoni kuzvimiririra pasina rusarura uye kwenguva refu.

801 Munguva ye*NDS1* matanho ane chekuita nekuwana mashoko kubva kunharaunda pakuteverera kushanda kwezvirongwa zvinenge zvaitwa kuchaitwa.

Zvirongwa

802. Kuitira kuti pave nemikana inogara kwenguva refu uye ichibata vazhinji pane rutsigiro rwunenge rwakanangana nekutsigira mabasa akarerekera kune kuzviraramisa:

- Kuvandudza kuwaniswa kwemikana kunharaunda;
- Kukura kwemabhizimusi madiki nekuunza matanho ehukoshi;
- Kuona kuti vanogadzira nekurima zvinhu vashandidzana nevavanogona kutengesera;
- Kuwaniswa kwezvekurimisa kuvarimi vasina zvekurimisa kuitira kuti pave nezvekudya zvakakwana;
- Kusimudzira kuwedzerwa masimba kwevechidiki nekuona kuti vaita mabasa ekuzvibatsira; ne
- Kuwaniswa kwezvinodiwa munzvimbo dzinodzoreredza vana vanenge vaine mhosva dzavapara.

Kusimbaradza Kuchengetedzeka Kwemabasa neMihoro



803. Vashandi vazhinji vari pasi pasi kana takatarisa matanho ehupfumi nezvemagariro avanhu uye nzvimbo dzavanoshandira dzakaomarara. Mabasa avo haasisina mutsigo nekuti vashandi havana kuchengetedzeka, havawanikwi mune zvimwe zvirongwa, havana mapoka avanopida ekurwira kodzero uye havana vanovamiririra. *NDSI* inovavarira kuti pave nekuchengetedzeka kwemabasa nemihoro mumakore mashanu anotevera.
804. Kuitira kuti mabasa nemari yavo ichengetedzeke, hurumende ichawedzera kuchengetedzeka kwevashandi vari muhurumende nevakazvimiririra

Mazano

805. Mazano achashandiswa kuchengetedza mari dzemihoro mu*NDSI* anosanganisira kufambisa mberi kwekuwana rubatsiro kwevanhu vasingashandi kuitira kuti vachengetedzeke.
806. Zvisinei nekuti vashandi vemuZimbabwe vazhinji vanoshanda vakazvimiririra uye havana kunyoresa mabasa avo, sangano reNational Social Security Authority (*NSSA*) rakanangana nevashandi vari mumabasa ari pamutemo chete. Munguva ye*NDSI* kuchengetedzwa kwevashandi vakazvimirira voga kuchakosheswa.
807. Kusagadzikana mune zveupfumi zvakanganisa kuunganidzwa kwemari yepenjeni zvinova zvakonzeresa kuti vashandi vapinde muhurumende. Munguva ye*NDSI* pachava nekushanduka mumabatirwo epenjeni kuitira kuti ive nehuremu uye kuve nehurongwa hwekuti vanhu vakwanise kushandisa mari dzavo dzepenjeni pavanoenda kunoshandira mamwe makambani uye kubatanidzwa kwemari dzepenjeni.
808. Hurumende ichagadzira nekufambisa chirongwa chenyika chinoita nezvekubetseredza munyaya dzehutano kuitira kubatsira zvizvarwa zveZimbabwe zvichireva kubva pane hurongwa huripo hwekubatsirwa pakurapwa (*AMTO*).

Zvirongwa

- 809 Kuitira kuvandudza kuchengetedzeka pabasa, hurongwa hunotevera



huchafambiswa mberi:-

- Kuvandudza kudziviririka nekuchegetedzeka kwevanhu vanoita mabasa vakazvimirira
- Kufambirana kwemitemo yakanangana nevashandi nevashandirwi nebumbiro;ne
- Kuwanisa zvikwanisiro kunzvimbo dzinobatsira vanenge vakuvara pabasa.

Kuchengetedzwa kweNharaunda, Kutirira kweZvirimwa Kumamiriro eKunze Asina Kunakira Zvirimwa neKuchengetedzwa kweZviwanikwa

Nhanganyaya

810. Kuchengetedzwa kwenharaunda nekutirira kwezvirimwa kumamiriro ekunze zvinobatsira zvikuru pakubudirira kwezvinangwa zvemuono wa2030 nezvinangwa zvebudiriro sekutarwa kwazvo nesangano renyika dzepasi rose re *United Nations* zvinoti 11, 12, 13, 14 ne15 izvo zvinotaura nezvekuchengetedzwa kwenharaunda, kugadzirwa kwezvinhu nekushandiswa zvakanaka kwazvo, zvinogara mumvura, kudzivirira kuparara kwevhu uye kuita mabasa akananga nekugadzirisa kurasikirwa nezvinokosha zvemunharaunda.

811. Izvi zvinofambirana nekodzero dzevanhu kuNharaunda sezvakatarwa muChikamu 73 cheBumbiro remutemo. Nekudaro, tikatarisa kukosha kwebazi iri mukuwanikwa kwebudiriro nekuwaniswa simba kwevanhu, zvinokosha kuti zviripo nhasi zvichengetedzwe kuitira vanhu varipo nhasi nevachatevera.

Kuchengetedzwa kweNharaunda neKuchengetedza zveMamiriro ekunze

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

812. Zvisinei nekuti Zimbabwe ine mitemo, hurongwa, nezviwanikwa zvakananda, nyika iri kusangana nematambudziko anosanganisira mvura,



kukanganiswa kwenharaunda, marara, panorasirwa marara pasiri pamutemo, kuzadzwa kwenzizi nejecha, kuvhima zvisiri pamutemo, kushanduka kwezvemamiriro ekunze nezvimwe

813. Kushanduka kwemamiriro ekunze kwakawedzera zviitiko zvemamiriro ekunze zvinosanganisira kushomeka kwemvura, mafashamu, mvura ine mhopo nekupisa kwakanyanya. Mafashamu kuTugwi-Murkosi muna2013 kuenda 2014 zvakakonjera kubviswa kwevanhu panzvimbo dzavakanga vagere, dutumupengo reIdai remuna2019 ndeimwe mienzaniso.

814. Nerimwe divi, mapani omunyika ava kuvakirwa dzimba nekuda kwekuedzera kwevanhu vari kuda pekugara. Senyika iri muchibvumirano che*Ramsar Convention* chematoro cha1971, nyika ine basa rekuchengetedza mapani aya.

815. Mapazi akaita serekucherwa kwezvicherwa, zvekurima, simba rezvifambiso nemudzimba, zvekushanyirwa nekugadzirwa kwezvinhu anoshanda nenharaunda. Kudiwa kwezvinobva munharaunda kwakakonjera matambudziko akawanda. Kushanduka kwemamiriro ekunze kunowedzera kushandiswa kwezviwanikwa, kurimwa kwezvirimwa nezvimwevo.

816. Madhorobha ndidzo nzvimbo dzinonyanya kusvibisa nharaunda nekusvibisa kwaanoita nzizi, madhamu, mvura yepasi, tsvina inobva mumaindasitiri, nezvimwevo. Munyika mese, munowanikwa mvura nemakanzuru ndimo makanyanya kusviba uye nzvimbo idzi dzinosanganisira; Lake Chivero, Khami, Umuza, nzizi dzinoti Odzi neDora kwaMutare, madhamu anoti Darwendale neBiri.

817. Zvisinei nekuti mamiriro ezvinhu anotaridza kuderera kwehukoshi nehuwandu hwezviwanikwa, pane mazano akati kuti ekuvandudza bazi iri. Pundutso inowanikwa mune zvinotevera:-

Chirongwa chekuchenesa nharaunda chakaparurwa nemutungamiri wenyika senzira yekukurudzira vanhu kuti vaite hutsanana;

- i) Kurambidzwa kwakaitwa kutsvakwa kwezvicherwa munzizi nemunzvimbo dzakachengetedzwa; ne
- ii) Kuremekedza mazuva akaita sezuva rekudyara miti.



Nharaunda Dzakachengetedzeka

818. Kushomeka kuri kuita zviwanikwa nekukanganisika kwemamiriro ekunze kuri kukanganisa kumira zvakanaka kwenharaunda uko kunokonzerawo kutambudzika kuvanhu vanoda rubatsiro. Kana kushanduka kwekunze kukaramba kuripo marimiro epasichigare achange asingachaiti nekudaro munguva yeNDS1 kuchengetedzwa kwenharaunda kuchakosheswa.

819. Zvinangwa zvenyika panyaya yenzvimbo dzakachengetedzeka zvinosanganisira:-

- i) Kuwedzera kukura kwemapani kubva pamahekita 701 100 muna2020 kuenda pa1051 650 muna2025;
- ii) Kuderedza nzvimbo dzakatsva kubva pa1100 000 muna2020 kuenda pa6 000 panosvika 2025; ne
- iii) Kuwedzera kunhadzurudzwa kwenzvimbo dzakacherwa zvicherwa kubva pamahekita 2 500 muna2020 kuenda pa10 000 hectares panosvika 2025.

Zvinobuda Mubazi iri

820. Panofanira kuva nehurongwa hwekuvandudza mamiriro enharaunda nekushandura hunhu maringe nemamiriro ekunze kuitira kuti nyaya yenharaunda yakachengetedzeka ibude. Pasi peNDS1 zvinotevera ndizvo zvinobuda kuitira kuchengetedzwa nharaunda:

- (iv) Kuvandudza chimiro chenharaunda Improved; and
- (v) Kuvandudzwa kwezviitiko zvakanangana nekutora m atanho ekudzivirira kushanduka kwemamiriro ekunze.

Kuvandudzwa kweChimiro cheNharaunda



Mazano

821. Munguva ye *NDSI* zvinotevera zvichaitwa:-

- Kuongorora nekusandura hurongwa hwekuchengetedzeka kwenharaunda;
- Kugadzira mamepu, kutsikisa nekushambadza, kushandiswa nekuchengetedzwa kwedandemutande rine chekuita nezvinowanikwa munharaunda;
- Kuwanisa zvikwanisiro kumapoka anoita nezvekuchengetedzwa kwenharaunda kuitira kuchengetedzwa kwenharaunda kuitira kugadzirisa nharaunda dzakapatradzwa;
- Kuita nhaurirano nevagari vemunharaunda munyaya dzekucherwa kwezvicherwa, kutorwa kwejecha, kuforomwa kwezvidhina uye kurima munzizi, kuparadzwa nekusvibiswa kwenharaunda ;
- Kusimbaradza nekuona kuti mitemo yateedzerwa;
- Kuvandudza tsvakurudzo;
- Kusimudzira kushandiswa kwepurasitiki dzakamboshanda;
- Kusimbaradza makomiti ekudzima moto munharaunda;
- Kushandisa mutemo mukugadzirisa nzvimbo dzakambocherwa zvicherwa;
- Kusimbaradza kuteverera nekuongorora nharaunda;
- Kuwanisa makanzuru zvikwanisiro zvekuchengetedza nazvo nharaunda;
- Kusimudzira zvivakwa zvinoshandiswa pakuraswa kwemarara netsvina;
- Kusimudzira kushandiswa nekugadzirwa kwezvinhu zvine mwero;
- Kufambisa mberi zvirongwa zvepasi rese zvine mari inobatsira vanhu:-
ne
- Kutevedzera, kushandisa zvinoenderana nezvido zvenyu nekufambisa



mberi zvibvumirano.

Zvirongwa

822. Munguva ye *NDS1* hurumende ichasimudzira kufambiswa mberi kwezvirongwa zvinotevera kuitira kuvandudza chimiro chenharanda:-

- Kufambiswa kwehurongwa nekuchengetedzwa kweminda nenharanda;
- Kuchengetedzwa kwenzizi nemvura; ne
- Kucheneswa kwenharanda.

Kuvandudzwa kweZviri Maringe neMamiriro eKunze

823. Kushanduka kwemamiriro ekunze kwakanganisa kukwanisika kwekurimwa kwezvirimwa zvakaita sechibage chinova chirimwa chinonyanyodyiwa munyika munzvimbo dzinonaya mvura shoma. Kufambiswa kwemashoko ane chekuita nemamiriro ekunze kwakoshera mapazi ese ezvemari nekudaro zvemamiriro ekunze zvichakosheswa.

Mazano eKuvandudza nawo Zvakanangana neMamiriro eKunze

824. Zvinotevera ndizvo zvichaitwa:-

- Kuvandudza zvekushanduka kwemamiriro ekunze kuti zvipinde muzvirongwa zvehurumende;
- Kusimbaradza zvine chekuita nekupiwa kweyambiro maringe nemamiriro ekunze;
- Kusimudzira humhizha mune zvigadzirwa zvine chekuita nemamiriro ekunze uye kufambiswa kwemashoko maringe naizvozvo;
- Kusimbaradza kuwaniswa kwezvikwanisiro neruzivo maringe nekushanduka kwemamiriro ekunze nekudzivirira zviwiravanhu zvakaita sekushomeka kwemvura;



- Kusimudzira zviru maringe nemichina yekuongorora zvine chekuita nekundengendeka kwenyika nemichina inoongorora mamiriro ekunze;
- Kufambiswa mberi kwehurongwa hwekugadzirisa panenge pawirwa nedambudziko;
- Chirongwa chekunaisa mvura;
- Kuderedza kusvibiswa kwenharaunda neutsi hunobuda mudzimotokari; ne
- Kusimudzira kuderedzwa kwemweya unobva mudzimba dzekurimira.

Zvirongwa

825. Zvirongwa zvinotevera zvichafambiswa mberi kuitira kuvandudza zvakanangana nekugadzirisa kushanduka kwemamiriro ekunze: -

- Mamiriro ekunze nezvine chekuita nekundengendeka kwepasi;
- kufambira mberi nekushanduka kwemamiriro ekunze; ne
- kuita zvinobatsira pakudzivirira kushanduka kwemamiriro ekunze .

Kushandiswa Zvakanaka kweZviwanikwa

Ongororo yeMamiriro eZivhu

826. Zimbabwe ndeimwe yenyika dzinokoshesa kuchengetedzwa kwenharaunda nezviwanikwa. 12.3% yenyika inzvimbo dzakachengetedzwa dzinochengeterwa mhuka uye 2.6% masango ari pasi pehurumende. Kune dzimwe nzvimbo dzematunhu kana dzine varidzi vakazvimirira voga dzinowedzera kukura kwenzvimbo dzakachengetedzwa .

827. Zvisinei, pane kuderera kwehuwandu nechimiro chezviwanikwa nekuda kwekusviba kwenharaunda, kuparadzwa kwepasi, kuparadzwa kwemiti, kushandisa zviwanikwa kudarika mwero, kushanduka kwezvinoitwa pavhu, kuzara jecha kwemadhamu nenzizi uye kushanduka kwemamiriro ekunze.



Izvi zvinokanganisa budiriro nekuti nyika inobatsirikana nezvinhu izvi.

828. Zvemasango nemhuka dzemusango (zvinosanganisa kuchengetwa kwehove, mhuka dzemusango) zvakakanganiswavo nekuderera kwehuwandu nehukoshi hwezviwanikwa. Minda yemiti yemapuranga ndeimwe yenzvimbo dzakanganiswa nezviitiko zvisiri pamutemo zvakaita sekutora zvicherwa kudarika mwero, kutsva kwemasango uye kuvhima kusiri pamutemo.
829. Zvakaitwa kuzama kugadzirisa matambudziko aya zvakakanganisika nekushaikwa kwezvikwanisiro. Nyika haisi kuwana mari kubva mune dzimwe nzira dzainofanira kuwana mari nadzo nekuda kwekurambidzwa kana kudzviswa mune zveupfumi. Kudzviswa kwenyika kutengesa zvinhu zvakaita sezvinobva pamhuka dzesango zvakanganisa kuchengetedzwa kwemhuka idzi.
830. Nerimwe divi, maruva anosangana nezvimhingamipinyi zvakawanda uye nharaunda idzi hadzinyanyisi kutirira. Zvirongwa zvakaita se *CAMPFIRE* zvakauya kubudikidza nekutaurirana nenharaunda. Kushomeka kwezvibetsero kwakonzeresa kuurawa kwevanhu nemhuka, kushanduka kwekushandiswa kwevhu uye kutarisirwa pasi.

Zvinobuda mukushandiswa kwezviwanikwa kwakanaka

- 831 Masango anokosha mukuchengetedzwa kwezviwanikwa zvemumasango kunyanya zvinova zvinobatsira kuchikamu chekushanya nekushanyirwa.
832. Chinangwa chechirongwa chekuvandudza zvinorarama zvakawanda wanda-wanda ku:-
- Kuwedzera nzvimbo yakasimwa miti kubva pa 11 500 kusvika 45 000 panosvika gore ra2025;
 - Kuwedzera hutindi hwemasango kubva pa44.5% kusvika 47% panosvika gore ra2025.



Zvinobuda muchikamu

833. Zvinobuda muchikamu ichi zvichaitwa pasi pechirongwa cheNDSI:

- a. Kurimwa kwemiti nekukwenezverwa kwayo; ne
- b. Nekuvandudzwa kwechimiro chenzvimbo dzakachengetedzwa.

Kuwedzera Kurimwa kweMiti neKuikwenezvera*Mazano oKuwedzera Kurimwa Kwemiti neKuikwenezvera*

834. Mazano anotevera achashandiswa panguva yechirongwa cheNDSI nechinangwa chokuwedzera kusimwa kwemiti nekuikwenezvera:-

- Kuongorora nekushandisa hurongwa hunoona nezvemiti nemitemo ine chokuita nemiti;
- Kuwedzera kushanda nechirongwa cheChekusima miti yemagamu kuti ishandise kugadzira fodya;
- Kugadzira zvirongwa nemazano zvinoona nezvemashandisirwo emasango;
- Kuchengeta zvinyorwa zvemiti;
- Kusimudzira nekurimwa kwemiti kuzoitengesa;
- Kusimudzira kuvandudzwa kohukoshi hwemiti;
- Kuona mashandisirwe nekusima miti;
- Kuwedzera nzvimbo dzinosimwa miti nekusimwa kwemiti muminda inorimwa miti kuzoitengesa;
- Kusimbaradzwa kwekushandiswa kwemashoko anochokuita nemasango;
- Kusimbaradza tsvakurudzo nekuvandudzwa kwetekinoroji;
- Kugadzirisa kushandiswa kwenzvimbo zvisiri pamutemo; ne



- Kushandisa zano rokupa masango hukoshi huri mumari nechipimo chehupfumi hunobuda mumasango.

Zvirongwa

835. Kuwedzera kusimwa kwemiti nekukwenenzverwa kwayo, chironywa chokudzoredzera masango chichaitwa pachaitwa chironywa che *NDS* 1.

Kuvandudzwa kweChimiro cheNzvimbo dzakaChengetedzwa

836. Nzvimbo dzakachengetedzwa ndidzo dzinoratidza chimiro chenyika munyaya dzekuchengetwa kwezvinhu. Kuvandudzwa kwechimiro chemangeterwe adzo hakubatsiri mukubudirira kwemuono wa2030, asi zvichabatsira muzvikamu zvakaita sezvekushanyirana nekuredza hove.

Mazano okuti Chironywa choKuvandudza Chimiro cheNzvimbo dzaka Chengetedzwa

837. Kuvandudza chimiro chenzvimbo dzkachengetedzwa, mazano anotevera achashandiswa panguva ichaitwa chironywa che *NDS* 1:-

- Kushandidzana nevanhu vari mudunhu renyika dziri kuchamhembe kweAfrica nekune dzimwe nyika kunungura hukoshi huri mumhuka dzemusango;
- Kuvandudza mafambisire ehurongwa hwokuchengeta hove nekudzishandisa;
- Hukoshi hwenzvimbo dzakachengetedzwa mune zvehupfumi;
- kuvandudza kudyidzana panyika mbiri dziri pamugano nemugano nekubatsirana kuti mutemo utevedzerwe;
- Kugadzira nzvimbo dzinochengetwa mhuka neve kushandidzana navo mumaruwa;
- Kupedza nokuita chironywa chinotora mhuka sezviwanikwa zvinochengetedzwa nevanhu vomuma ruwa (*CAMPFIRE*);
- Kuita kuti mitemo inochouita nokuchengetedzwa kwemhuka kuti



ienderane nezviri mubmbiro remutemo;

- Kugadzira nekushandisa hurongwa mhando yemhuka dzakakosha nemabasa anoitwa munzvimbo dzakachengetedzwa;
- Kuita hurongwa hwekutsvaga huwandu hwezviwanikwa zviri munyika;
- Kusimbisa tsvakurudzo nekusimudzirwa kwehupfumi;
- Kuita kuti panogara mhuka pachengetedzwe nehurongwa hwemashandisirwe enzvimbo;
- Kuwedzera kukura kwenzvimbo yakachengetedzwa; ne
- Kuchengetedza chimiro chenzvimbo dzakachengetedzwa nekuwedzera zvikwaniso nezvivakwa zvinobetsera.

Zvirongwa

838. Kuvandudza chimiro chenzvimbo dzakachengetedzwa, zvirongwa zvinotevera zvichaitwa:

- a. Kufambisa mabasa munzvimbo dzakachengetedzwa; ne
- b. Mabasa ekuchengetedza zviwanikwa anoitwa nevanhu vomuzvimbo (CBNRM).

Hutongi

Nhanganyaya

839. Hutongi hwakanaka hunowanikwa apo mapoka anoshanda nevanhu vakawanda ainoita mabasa awo everuzhinji, kuita mabasa okuchengeta zviwanikwa nekuona kuti kuti kodzero dzevanhu dzatevedzerwa nenzira inoratidza kusambunyikidza vanhu uye isina huwori, inotevedzera mitemo. Kutevedzera mitemo kurambidza kushandiswa kwemasimba kupfuurikidza nokuisa mutemo unorambidza.



840. Chinangwa chikuru pane zvakakosha panyaya yehutongi munyika panguva inoshanda zano iri inyaya yekuvandudza kuitwa kwemabasa muhurumende, kuita mabasa mune zvematare nekusimudzira kubatana munyika, runyararo nekuregererana uye kuvandudzwa kwehupfumi husingaperi kwakaenzana.

Kuitwa kweMabasa muHurumende

Ongororo yeMamiriro eKunze

841. Kuitwa kwemabasa muhukumende muZimbabwe zvinoitwa kupfurikidza nemapoka ane simba rematongerwo enyika, makanzuro, mapoka emabhizimusi, anofambisa zvehupfumi muhurumende nemapazi akazviimirira asi ari pasi pehurumende. Mapazi ehurumende aya abatanidzwa anoburitsa 50% yeGDP.
842. Mapazi aya akabatanidzwa anopa mabasa kuvanhu vakawanda vanoshanda vakabairwa zvitupa. Zvisinei, asi huwandu uhu hauratidzi kushanda kwakavandudzwa, kushanda kune zvizereko kana kuti kuvandudzwa kwemashandiro.
843. Kuitwa kwemabasa muhurumende kunokanganiswa nezvinhu zvakawanda zvakaita sekufa kwevanhu kana kusiya mabasa, kusaita mabasa nomazvo kweMakanzuro neSEPs uyewo kudhura kokuita mabasa.
844. Zimbabwe ine 32 maKanzuro omudhorobha ne60 omumaruwa, anoita mabasa akakosha mukuita mabasa everuzhinji. Zvisinei, kuwaniswa betsero dzakakodzera nenguva kunokanganiswa nezvinhu zvinotevera:
- Huori, kunyanya kutengeswa kweivhu;
 - Kugara kwavanhu mudhorobha kwakanyanya, zvinoita kuti zvizakwa zvebetsero zvisakwana;
 - Kusaiwana kwemari nekusaivepo kwezvikaniso kunoita kuti pasava nemari yakakwana yokufambisa mabasa;
 - Kupera kwemari yakagadzirirwa zvirongwa nokuda kokushaya simba kwemari;



- Zvikwereti zvakura zvokusabhadharika zviri mumakanzuro, zvinoita kuti vasawana zvikwaniso zvokuita mabasa, vasapihwa zvimwe zvikwereti: ne
- Kusaishanda zvakanaka kwechimiro chemabasa ose anoita vashandi anobuda pane ravanonzi vanoita.

845. *SEP* inoita mabasa makuru pakuita mabasa ebetsero, sezvigneseso zvinoita kuti mabasa ahandike. Mugore ra2017, *SEPs* yakaita 14% ye*GDP* yenyika, ma*SEP* yezvekutengeserana ikaita 7.5% zvichifananidza nekukwanisa kwayo kuri pa40%.

846. Zvisinei nebasa re*SEP* rakakosha, huwori, kusaishandiswa kwemari nekusaitwa kwemabasa zvakanaka, kusateverera mabasa neongororo kuvashandi zvakanaka, uye mafambisirwo emabasa zvakaita kuti kuita kwavo kwemabasa kusasvika pamakwanisiro avo chaipo. Izvi zvakakonzera kuti vazhinji vavo vashaye pundutso kubva mazviri, kuvapo kwezvikwereti nekusabhadhara, zvinozopedzisira nekurasikirwa nemari.

847. Mapoka aya anopedzisira arasikirwa nevashandi vakawanda nokuda komuhoro uri pasi nekushaiwa samba kwemari, izvi zvinokanganisa kuitwa kwemabasa kune veruzhiji.

848. Hurumende, panguva yechirongwa che*NDS1*, ichakoshesa kuwedzera kusimuka kwezviratidzi zvekugutsikana kubva pa60% mugore ra2020 kusvika kuma 70% panosvika gore ra2025.

Mazano akaKosha anoVandudza Mabasa emuHurumende

849. Kuti mabasa emuhumende aiiwe zvakanaka, panguva yechirongwa, hurumende ichaita zvinotevera:-

- Kushandura mashandiro evashandi vehurumende;
- kuongorora mabasa ose *eMDAs* kuti afambirane nebasa rakatarwa;
- Kuisa simba kumapoka ari zasi emuhurumende;
- Kusimudzira mashandire matsva anoburitsa vashandi vanoremekedza,



vanotevedza zvinotarisirwa pamabasa avo, vane hunhu, vanoshanda maringe nezvinotarisirwa nehurumende;

- Kusimbisa kushandiswa kwemutemo wokutenga zvinhu muhumende kupfurikidza nemutemo unoona nezviga zvokutengwa kwezvinhu muhurumende (*PRAZ*);
- Kumhanyisa chironywa chekushandura mashandiro e*SEPs*, kunosanganisira kushanda sebazi rakazvimirira uye kubatanidzwa kwezvikuva zvemashandire;
- Kusimbisa kushandiswa kwehwaro hwemutemo unoona nezvehwaro hwemashandiro e*PCGA*; ne
- Kushandwa kwemabasa e*SEPs* nekuisa mahofisi avo panzvimbo imwe uye kuva nechikamu mavari pasi pechikamu chitsva chinogona.

Zvirongwa zvinobatsira Kushandwa kweMabasa muHurumende

850. Kuti pave nekubudirira kwekushandwa kwemabasa muhurumende, hurumende ichaita zvirongwa zvinotevera:-

- Kufambiswa kwehurongwa hwemashandiro evanhu nekuvandudzwa kwehunyanzvi hwavo;
- Kuvandudza mihoro nezvimwe zvinowanikwa pabasa; ne
- Kushandura kwemandirwe emabasa muhurumende, anosanganisira *SEPs*. Zvinogutsa munhu wese.

Jekerere neKuzvimirira

Mazano

851. Kuti kuvandudzwe kuitwa kwezvinhu pajekerere uye kuti vashandi vazvimirire pane zvavanenge vaita, Hurumende ichaita zvinotevera

- kusimbisa kushanda kwemapazi ehurumende maringe nezviga



zvemashandirwo (*Auditor General, Zimbabwe Anti-Corruption Commission, National Prosecuting Authority and Judicial Service Commission*) vachiratidza kusava nerusarura,

- Kusimbisa zvinowanikwa pakushanda nekugadzira nzira dzekudzivirira nokumisikidza nzira dzinobvisa huwori (*prevention, reporting and prosecution mechanisms*) pamapoka ose,
- Kumhanyiswa kwekushandiswa kwemakombuta muzvirongwa zvehurumende, kusanganisira kufananidza *PFM* nebumbiro nemitemo renyika,
- Kusimbisa mafambisirwe emari nekuita hurongwa hwemafambisirwo emari nekushandura zviga zvemafambisirwo emari,
- Kushandura basa reParamende nehofisi yemuongorori mukuru wezvemari,
- Kusimbisa kuitwa kwemabasa uye kutevedza zviga zvemashandirwo maringe nemafambisirwo ebasa akatarwa muma Kanzura ne*SEPs*; uye
- Kusimbisa mabasa emari eMakanzura ne*SEPs*.

Zvirongwa

852. Kuita zvinhu pajekerere uye kuzviita maringe nezviga zvakatarwa, Hurumende ichakoshesa kuita zvinotevera:-

- Kuzvipira kune zvanenge vaita, kutevedzera zviga zvakatarwa nekuvandudza kupira mafambisirwe ebasa; ne
- Zvemitemo nekuvandudza maitire emabasa.

Kufambiswa kweMabasa eNjodzi

Mazano

853. Kuti pave nebudiriro yekuvandudzwa yemafambisirwo emabasa panguva



dzenjodzi, mazano anotevera achaitwa:

- Kuisa mari muchikamu chekuchengetedzwa kwevanhu;
- Kusimudzira kwekudyidzana pakati pechikamu chinoona nezvemamiro ekunze neYunivhesiti yeZimbabwe pakushandiswa kwemakombuta zvemhando yepamusoro;
- Kumisikidza nekushandisa nzira dzokupira veruzhinji mafambire ezvinhu; ne
- Kusimbisa kuwaniswa rutsigiro rwekuvhiringidzika kwevanhu panoperera kuwirwa nenjodzi nekuderredza kuvhiringidzika uku panopera njodzi.

Zvirongwa

854. Zvirongwa zvinotevera zvichaitwa panoperera njodzi kuitira kuvandudza nzira dzokuderredza kuvhiringidzika kwevanhu:-

- Mafambisirwe ezvinhu panguva yenjodzi;
- Rubetsero runopihwa kune zvehutano hweruzhinji;
- Kudzivirira nekuchengetedza nyika; ne
- Zvemamirire ekunze nebetsero inoita nezvemabasa ekudengenyeka kwepasi.

Kufadza Mutengi

Mazano

855. Kuti mutengi awedzere chiero chokugutsikana, hurumende ichashandisa mazano anotevera:

- Kusimbisa kushandiswa kwehwaro nemitemo yakakodzera; ne
- Kusimbisa hurongwa hwekumiririra nekuzivisa vanhu kodzero



nechengetedzo dzavo savatengi.

Zvirongwa

856. Hurumende ichaita zvirongwa zvinotevera:

- Kuchengetedza vatengi; ne
- Kuchengetedza hukoshi.

Kuita Mabasa Zviri Nyore

857. Chimiro chenharanda yemaitirwe emabasa munyika, kwenguva refu yanga isina kunakira nyika nokuda kwekudzikira kwehukwikwidzi hwenyika, kusagadzikana kwezvemari nehupfumi, zvichingodaro, Zvisinei, nharaunda yepanoitwa basa yakaramba ichivandudzika zvishoma nezvishoma, sezvinoratidzwa nemufananidzo uri pazasi.

Mufananidzo 18: Chiyero Chekuita Mabasa zviri Nyore muZimbabwe

Jerero: Bhanga reMari raPasi Rose

Mazano

858. Kuti nharaunda yemabhizimusi ivandudzike panguva ichaitwa chirongwa ichi, mazano anotevera achashandiswa:

- Kumhanisa kufambiswa kweshanduko yokuita mabasa zviri nyore; ne
- Kufananidza nekushandisakwehwaro ne mitemo yakakodzera.

Zvirongwa zvino Batsira Kuita Mabasa zviri Nyore

859. Kubuda nezvibereko zvemaitiro akasimbaradzwa okuita mabasa zviri nyore panguva ichaitwa chirongwa, hurumende ichasimbisa kuitwa kwezvirongwa zvinotevera:

- Kuita kuti kutengeserana nedzimwe nyika kuitwe; ne



- Shanduko yokuita mabasa zviri nyore.

Kutongwa kweMhosva

Ongororo yeMamiriro eKunze

860. Pakapera makore mashanu apfuura, nyika yakatora matanho kufananidza mitemo nezviri mubumbiro remitemo nezvisungo zvinobva kune dzimwe nyika uyewo nedziri mudunhu rimwe nesu kuti zvizvarwa zvizvatsirike kubva kuzvikamu zvakagadziriswa kuti zvienderane nebumbiro remitemo. Kusvika pari zvino, mitemo 350 kubva mu390 yakafananidzwa kubumbiro remitemo.
861. Nyika yakabudirira kupira ku *UN* chikamu chezve kodzero dzavanhu, panguva yehurongwa hwokutanga nohwepiri, panguva yeongororo (*UPR*), kubvuma kwayo kuzadzisa zvakanzi zvigadziriswe zvinosvika 300, zvinosanganisira zveruzhinji rwevanhu, zvevatongerwo enyika, tsika nemagariro nezve kodzero dzenharaunda.
862. Komishini inoona nezvekufambiswa kwemabasa muchikamu chematare edzimhosva (*JSC*) yakabudirira kupedza kupatsanura matare edzimhosva nedare repamusoro rekutongwa kwemhosva zvichienderana nebumbiro rezvemitemo kuitira kuti zvizvimirire zvega uye kuvandudza mashandiro pakupa mitongo inokodzera vanhu.
863. Huwori idambudziko pakushandira veruzhinji. Nokudaro, nyika yakaiswa padanho repazasi, rinova 158 panyika 180, zvichienderana nehuwori hwa2020.
864. Basa rinotevera rinovandudza kutongwa kwemhosva, kunyange risati rapera:
- Kufananidza kwemitemo 46 kubumbiro remitemo;
 - Kudzisa simba nemabasa eboka rinopa betsero yezvemitemo kumatunhu madiki;
 - Kumisikidza dare repamusoro redzimhosva nematare akamirira mhando dzemashandiro ematare mumatunhu makuru ose emunyika;
 - Kuvaka mamwe matare emhosva mumaguta madiki nenzvimbo



dzakadzikira mubudiro uyewo kugadzurudzwa kwematara emhosva kuti vakaremara vakwanise kuashandisawo;

- Kushandisa hwaro hwemutemo hunoona nezvezvinhu zvenjere nezano racho;
- Kuramba kuchideredzwa huwandu hwevanhu mumajere; ne
- Kugadzurudza zvitokisi zviripamapurisa nekumajere kuti aenderane nezvinotarisiwa.

865. Matambudziko uyewo zvikozero, nekudaro, zvinoramba zviripo, zvinosanganisira kushaikwa kwemari yokutsigira mapoka akakosha anoona nezvehutongi hwakanaka, kutevedzerwa kwemitemo nekuchengetedzwa nekusimudzirwa kwekodzero dzavanhu nekuchengetedza nekusimudzira kodzero dzevanhu. Vanhu vemunyika havasi kuwanikwa vachipandawo muhurongwa hwezve matongerwo enyika ejechete uye munyika mune huwori hwakakura.

866. Chirongwa cheNDSI chakanangana nekuvandudza kushanda kwematara edzimhosva. Chinangwa chikuru chekuvandudza mashandiro ematare edzi mhosva kuitira kuti kusimudzirwe chinhanho cheniyika panyaya dzekutevedza mitemo kubva panhanho 116 mugore ra2019 kuenda pa100 panosvika gore ra2025.

Mazano

867. Panguva ichaitwa chirongwa cheNDSI, hurumende ichakoshesa kuvandudzwa kwekutevedzera mutemo munyika, kupfurikidza nekutevedzera zvisungo zvejudhishari, nekutevedzera hutongi hunotungamirirwa nemitemo.

868. Kuti pakusimudzirwe kutongwa kwemhosva, panguva yechirongwa cheNDSI hurumende ichaita zvinotevera:

- ◆ Kudzisa kumatunhu makuru mapoka anechokuita nezvekutongwa kwemhosva (*Legal Aid Directorate and courts*);
 - Kushandisa zvevakombuta kufambisa mabasa ekutongwa kwemhosva:



- Kuongorora mari inobhadharwa nekudziita kuti isanyanya kudhura;
- Kuvandudza mafambairo ekuenda kumatare emhosva kuitira kuti vaya vanorarama nehurema vakwanisewo kubatsirika;
- Kuvandudza kuwanikwa kwemikana yokubatsira nematare emhosva kune vanhu vasingagoni kuzvimiririra ;
- Kuramba vamatare vachiwaniswa zvikwaniso zvekutongwa kwemhosva;
- Hurumende ichaongorora nhanho dzinotorwa pakuendeswa nyaya kumatare;
- Kuita kuti vanochengetedza vanhu vashande vachitevedzera zviga zvebasa ravo; ne
- Kuita kuti mitemo yenyika ifambirane nebumbiro remitemo yenyika.

869. Zvirongwa zvinotevera zvichaitwa kuitira kuvandudza kwekutongwa kwedzimhosva:-

- Mukana wokuenda nenyaya kumatare emhosva;
- Kuwaniswa kwezvikwaniso;
- Kutevedza mitemo wenyika;
- Kusimudzira nekuchengetedza kodzero dzavanhu; ne
- Kusimudzira kodzero dzevanhu nekufambiswa kwematare.

Kodzero dzeVanhu neSununguko

Mazano

870. Mazano anotevera achaitwa panguva ichaitwa chirongwa:

- chekusimbisa kukwanisa kushanda kwemaKomishini akazvimiririra kuita mabasa awo;



- Kuita zvinoenderana nezvakatarwa uye kufambirana nemarekemedzerwo ekodzero dzavanhu mudunhu renyika kana kuti pasi rose,
- Kumisikidza komishini inotambira zvichemo zvevanhu (*ICRC*) kuita kuti zvichemo zvevanhu nekushandidzana nemapurisa, masoja nevanochengetedza nyika kuongororwe zvakasununguka nekukurumidza.

Zvirongwa

871. Zvinotevera zvirongwa zvinovandudza kodzero dzevanhu nekusununguka:

- Kusimudzirwa nekuchengetedzwa kwekodzero dzevanhu;ne
- Kusimudzira kodzero dzevanhu nemafambisirwe mabasa ekutungwa kwemhosva.

Kumisa Huwori

872. Panguva ichaitwa chirongwa che*NDSI*, hurumende ichaderedza huwori nokukurumidza kusunga nokupa mutongo wenyaya dzose dzehuwori.

873. Pamusoro pezvo, hurumende ichapa zvikwanisiro kumapoka anoona nezvekuitwa kwezvinhu pajekerere uye kuti vanhu vazvimiririre pane zvavanoita, akaita sana *ZACC*, Chikamu chinoona nezvekuchuchusa, nemapurisa eZimbabwe uyewo vematare nekutungwa kwedzimhosva kuitira kuti pave nekutungwa kwemhosva kwakanaka.

874. Panguva ichaitwa chirongwa che*NDSI*, pane hwaro huchamisikidzwa kuchengetedza vanoziyisa huwori vasiri vashandi vekumatare emhosva kana vaferefeti, vanoturira nyaya dzehuwori kumapurisa, kupfurikidza nokuisa mutemo unomisikidzwa neparamende, kuti vanopira nyaya dzehuwori vachengetedzwe.

875. Hurumende ichamisikidza zano rokumisa huwori nekubatwa kwemidziyo inounganidzwa kupfurikidza nehuwori.



Zvirongwa zvinotevera zvichapihwa mukana kumisa huwori:

- Kusungwa nekubatirwa midziyo; ne
- kumiswa kwehuwori.

Kuwaniswa Kodzero kuMidziyo

876. Kuremekedza kwekodzero yemidziyo kwakakosha sezvo kuchiita kuti vanoda kuisa mari dzavo nokutanga mabhizimusi vade kuuya munyika. Takangana neizvi, hurumende ichamhanyisa kushandiswa kwemakombuta pakunyoreshwa kwemidziyo, kuhofisi inoona nezvekuwanisa vanhu papepa okuva varidzi vemidziyo yavo, zvinozosimbisa nharaunda yemitemo nekuchengetedzwa kwekodzero dzemidziyo

Kuchengtedzwa kovoruzhinji nerunyararo

877. Kuvandudza kuchengetedzwa kweveruzhinji nerunyararo munyika, Hurumende ichawedzera zvishandiso kune vemitemo nemamwe mapoka
- 879: Pakuita zvirongwa zvekuchengetedza runyararo munyika, mapurisa achashandisa nzira dzechizvino zvino dzakaita sekushandisa michina yema *drones*, zvivhiti vhiti, nemakamera

Kubatana muNyika, Runyararo neKuregererana

Ongororo yeMamiriro eZvinhu

880. Zimbabwe yakaita nguva yange ine makakatanwa mune zve matambudziko isu tiriko, nedzimwe nguva vaitosvika pakurwisana tisati tawana kuzvitonga. Izvi zvakanganisa kugarisana zvakana munyika.
881. Kuti tigadzirise kugara vanhu vane makakatanwa, Hurumende yakamisikidza komisheni inoona nezverunyararo nekuregererana (*NPRC*).
882. Pane nhanho dzakati kuti dzinovimbisa runyararo nekuregererana. Zvisinei, nyika yakaramba ine matambudziko munyaya dzenhorondo dzisina kugadziriswa nekupokana kunita kuti vanhu vave nemapoka Mapoka.



883. Takatarisana nemakore gumi echirongwa che *NPRC*, Zvikwniso zvakaringana zvichaitwa kuti zvivepo kuitira kugadzirisa nyaya dzekupokana dzisati dzagadziriswa.
884. Chinangwa chikuru pasi pechirongwa chekuvandudza runyararo nekuregererana kuwedzera nyaya dzinogadziriswa, pane dzakapirwa kukomisheni kubva pa530 mugore ra2020 kusvika 1000 panosvika gore ra2025.

Kugarisana Zvakanaka

885. Panguva yechirongwa ichichinobuda pankuvandudzwa kwekugarisana zvakanaka, zvinoburikidza nezvinotevera:-
- Kusimudzira nyaya dzekutaurirana nekunzwisasana zvisinei nekusiyana kwevanhu vose munyika;
 - Kusimudzira kuva nerunyararo munzvimbo;
 - Kusimbisa kutaurirana kwevanhu kupfurikidza nemakomiti erunyararo; ne
 - Kusimbisa kutaurirana kupfurikidza nemakomiti erunyararo munzvimbo; ne
 - Kutevedzera bumbiro remitemo munyika sehwaro hwesungano
886. Kuti kuvandudzwe zvinobuda mukugarisana zvakanaka, Hurumende ichashanda nechirongwa cherunyararo nekuregererana.



CHIKAMU 13

KUWANISWA KWEMARI YEHURONGWA HWE *NDS1*

887. Kufambiswa zvakanaka kwechirongwa che *NDS1* uyewo kubudirira kwezvitarisiro kunogoneswa nekutsvakurudza mari yekuti zano iri rifambiswe.

888. Nekudaro, mikana mizhinji nemazano ichashandisa zvakanyanya pachionekwa kuti mari yawanikwa nenguva. Mari ichabetseredza kuti urongwa hwe *NDS1* huendeke ndeinobva mukutsvakwa nehurumende, zvikwereti, betsero yemari kubva kune mamwewo masangano ekunze, kushandidzana pamwe kwevehurumende nevakazvimirira, nemari yevekunze.

889. Mazanho ekuvandudza chimiro chenyika, kutaurirana nenyika dzepasi rose nechinangwa chekuyanana uyewo kubhadhara zvikwereti, kwakakosha pakuwaniwa kwebatsiro kubva kune zvikamu zvekunze uyewo masangano akazvimirira.

890. Pamusoro peizvi, hurongwa hwakasiyana-siyana hwekuisa mari inounza upfumi munyika huchafambiswa kuburikidza neboka re *ZIDA*. Mari inounza upfumi munyika ichafambisa hurongwa hwekuita mabasa pasina zvimhingamupinyi uyewo zvichienderana nemitengo inoenderana nezvinenge zvichiitwa.

891. Pahurongwa hwe *NDS1* mapoka anofambisa hurongwa anokurudzirwa kuita mapurojekiti anovandudza kuiswa kwemari iyo inova inozokwezva nekuunza mabasa anomisikidza zvivakwa munyika.



892.Kufambiswa kwechirongwa chekutsigisa hurongwa hweupfumi hwenyika sekutaurwa kwazvinoitwa muzano re*NDSI* kunopa hwaro hwekutsvaga mari yekufambisa mabasa nemapurojekiti. Pamusoro pazvo, chikamu chine chekuita nemari munyika chichabatsiridzwa zvichaita kuti chikwanise kuwanisa mari nechipimo chakaderera.

893.Mubatanidzwa hwezvirongwa zvakakosha zvinoda kufambiswa pachirongwa che*NDSI* uchatsikiswa riri bhuku rinenge richitaura nezve *NDSI Programmes and Projects Investment Plan*



CHIKAMU 14

KUTEVERERA NEKUONGORORA KUITWA KWEZVIRONGWA ZVE *NDS1*

Nhanganyaya

894. Vavairo yekusvika padanho rekuva nyika ine vanhu vane raramo iri pakati nepakati zvichienderana nemuono we2030, yakatsigirwa nehurongwa hwekuteverera nekuongorora, hwakavandudzwa nehurumende mugore ra2020.
895. Hwaro hwekuteverera nekuongorora hwakazambira pachirongwa chemaitiro anobudisa zvinobatika zvakabatanidzwa (*IRBM*), sekutaura kwazvinoita muhwaro hwenyika *National Development Results Frameworks* (NDRFs) nezvibereko zve zvikamu zvebudiriro zvakasiyana-siyana *Sectoral Development Results Frameworks* (SDRFs).
896. Kukosheswa kwakanyanya kuchange kuri pakufambisa mabasa nemhando yepamusoro uyewo kuwanisa zvibetsero kuvanhu vemuZimbabwe kuburikidza nezvirongwa zve *NMEP*, *MDAs* ne *RBM&E* mu *NDS1*.

Kufambiswa, kuteverera neKuongorora Hurongwa hwe *NDS1*

897. Chirongwa che *NDS1* chinoita hurongwa hwekuteverera (M&E framework) uyewo hwaro hwe *National and Sectoral Development Results Frameworks* hunobudisa vavairo dzenyika, zvibereko nezviratidzi zvine



chekuita nebudiro. Hurongwa hwekushanda nyika yakanangana nekuvandudza zvbereko huchashandiswa nechinangwa chekuunza shanduko nemagariro akanaka evanhu.

898. Pahurongwa hweNDS1, hwaro hwekushanda pakananganwa nezvinobatika huchavavarira kuti zvinobata kwese (*cross cutting issues*) zvamisikidzwa muzvikamu zvakakodzera.

899. Hwaro uhwu huchaona kuti zvirongwa zvebudiro zvemudunhu zvakaita seSDGs, Africa Agenda 2063, neSADC Regional Indicative Strategic Development Plan (RISDP) zvadyidzana neburiro yenyika.

900. Hurongwa hwekushanda pakatarisanwa nekubudisa zvinobatika huchazambira pakuona kuti mari dzichashandiswa dzashanda nemazvo asi zvichienderana nezvinotarirwa mukutungamirira kwakanaka. Zvirongwa zvekuongorora budiro nenhano dzatorwa dzichaitwa kaviri pagore, nepakati pegore uyewo zvichibetseredzwa nehurongwa hwekuongorora chirongwa chinenge chapera kushandwa.

Kudyidzanisa Kufambiswa, Kuongorora neKutevera Hurongwa hweNDS1

901. Kufambiswa kwehurongwa nemashandiro achaitwa akazambira pane mapoka akasiyana-siyana uyewo mapoka aya achange achiturira zvinenge zvakabuda. Hurongwa uhwu huri kuzvinamatidzwa mubhuku rino.

Chidanho cheChisungo

902 Mukutora matanho ekufambisa hurongwa hwakanangana nemazano, makurukota ehurumende achaziviswa nenguva mashandiro ehurongwa hwehurumende uyewo shanduko nedanho rezvirongwa zvinenge zvafambiswa nehurumende.

903 Makurukota ehurumende, vezvemari nevanofambisa zvirongwa ndivo



vachange vachiturira nhanho dzinenge dzafambwa mukufambiswa kwemabasa aya mumaminisitiri akasiyana-siyana.

904 Kuturira mashoko nguva nenguva, kupa zvinyorwa zvinoratidza matanho afambwa kukomiti yemaminisita nguva nenguva kuchabatsiridza kufambiswa kwehurongwa hweNDS1. Izvi zvichatsigirwa nechirongwa chinoona mashandiro ehurumende yese icho chichange chichibudisa mashoko neumbowo hwematanho asvikwa zvinova zvinobetseredza pakuronga zvichaitwa munguva dzinenge dzichitevera.

Chidanho cheKufambiswa kweHurongwa

905. Zvinotarisirwa kuunzwa nekurovedzera hwaro hweNDS1 hune matanho anosanganisira zvichashandiswa (*inputs*), zviitwa (*activities*), nezvibereko (*outputs*). Hurongwa hweMDAs huchashandiswa pakuunza zvibereko zvichavandudza budiriro yenyika.

906. Kubatanidzwa kwemashandiro ehurongwa hwerumende kwakakosha mukuronda, mukuteverera, kuongorora nekumhan'ara zvirongwa zvemashandiro ehurumende.

907. Chikamu chehurongwa hwekuongorora nekuteverera mumahofisi emutungamiri wenyika nemakurukota ndicho chichange chine basa rekuona kuti NDS1 yafambiswa nemazvo. Chikamu ichi chichaona kuti:

- (a) Ruzivo rwekufambisa zvirongwa nezviga zvechirongwa cheRBM&E hwawaniswa;
- (b) Kugadzirisa kusadyidzana kuriko pahurongwa hwekufambiswa kwemabasa kuburikidza neRBM&E
- (c) Kuongororra zviga, hurongwa hwemapazi, ongororo dzinenge dzaitwa nevekunze, kunyora mhan'aro, kupa unyanzvi uye kuzivisa kufamba kwakanaka kwechirongwa.



(d) Kutungamirira kufambiswa kwehurongwa hwehurumende.

908. Mukuongorora danho rinenge rasvikwa pakuona zvbereko, hwaro hwe*RBM&E* ndihwo huchashandiswa. Izvi zvichabudisa budiro ichabetseredzwawo nezvinhu zvinobata kwese zvakaita sedzekusimukira kwenyika uyewo nyaya dzemadzimai nevanhurume.

909. Izvi zvichaitwa kuburikidza nekusaina zvbvumirano pakati pevamiririri vemapazi, nevakuru vemapoka:-

- Hofisi yemutungamiriri wenyika nemakurukota ichange iripo pakufambisa zvirongwa zvese zvine chekuita ne*NDS1*;
- Komisheni yevashandi vehurumende ichaona kuti vashandi vane hunyanzvi vafambisa mabasa ari muhurongwa hwe*NDS1*;
- Bazi rezvemari richaona kuti mapazi akasiyana-siyana awaniswa mari inofambisa hurongwa uhwu.


Kuendesha Masimba neMishando yeBetsero kuMatunhu

910. Mukufambiswa kwehurongwa hwekuendesha masimba nemishando kumatunhu, mapoka ehwaro hwepasi muhurumende achatungamirirwa nehurongwa hwekutevera nekuongorora mabasa ari muzano re*NDS1*. Izvi zvichaita kuti kushanda kwemawadhi, madhisitiriki nemapurovhinzi hubetsere mubudiro yenyika.

911. Dare remadzishe nevekumapurovhinzi vachakosheswa mukuongororwa kwehurongwa hwe*NDS1* padanho repasi. Kugadzirira, kuisa mari nekuunza zvikwanisiro zvekufambisa hurongwa pa*purovhinzi* nepa*dhisitiriki* huchasimbisa betsero yematunhu.



Chitarwa 19: Chimiro cheKufambiswa kweHurongwa hweNDS1, Kutevera neKuongorora



jerero: Hofisi Yemutungamiri Wenyika neMakurukota, 2020



Makurukota eHurumende

912. Dare remakurukota ehurumende ndiro gurusa munyaya dzekupa hurongwa hunobetsera kurarama kweruzhinji munyika. Nekudaro mhan'aro dzine chekuita nekuteverera nekuongorora zvekomiti yepamusoro ine chekuita nehurongwa hweNDS1 ichange ichiendeswa kumakurukota ehurumende kuti iongororwe nekupiwa masimba ekushanda. Zviri pasi, hurongwa hwemashandiro emakomiti eNDS1:

A. Mashandiro emaKomiti anofambisa basa

1. Kupa hurongwa hwemashandiro eNDS1.
2. Kutsvaka mari yekufambiswa kwehurongwa hweNDS1.
3. Kuita misangano inoona kufambiswa kweNDS1
4. Kuongorora nekutevererwa kwekufambiswa kwemabasa eNDS1.

B. Mashandiro eMakomiti eMubatanidzwa anoongorora Mashandiro

1. Kufambiswa kwemapazi ane madingindira mamwe, achishanda pamwe, muhurongwa hweNDS1.
2. Kushanda pamwe chete nemapoka ane chiono chimwe mukufambiswa kwehurongwa hweNDS1.
3. Kudyidzanisa hurongwa hweNDS1 nezvinopatsanurwa nekomiti inofambisa mabasa.
4. Kupa mhan'aro kukomiti inofambisa mabasa munguva dzakapiwa.
5. Kuita mamwe mabasawo, sekutungamirirwa kana kurairwa kunenge kwaitwa nekomiti inoona kufambiswa kwemabasa eNDS1 (*National Steering Committee*)

C. Mashandiro eVafambisi veMashandiro eNDS1

1. Kubetseredza mukumisikidza zvikamu zvikuru mukufambiswa kweNDS1.
2. Kushanda zvakanyanya nanaSachigaro vemapoka anemadingindira



anodyidzana.

3. Kuita mamwe mabasawo sekutungamirirwa kana kurairwa kunenge kwaitwa ne*komiti* inoona nezvekufambiswa nekuongoorwa kwemabasa.



NHAMATIDZWA

ECONOMIC GROWTH AND STABILITY NATIONAL DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025									
National Key Results Area (KRA)	National Outcome	Key Performance Indicator	Baseline 2020	NDS1 Yearly Targets				Lead Player	
				2021	2022	2023	2024		2025
Macro-economic Stability	Declining General Price Level	Annual Average Inflation (%)	654	134.8	23.7	10.5	7.5	5.8	RBZ
	Maintaining Sustainable Fiscal Deficit	Ratio of Fiscal Deficit to GDP (%)	-0.47	-1.29	-1.55	-1.71	-0.93	-0.72	MOFED
	Declining Debt levels	Ratio of Public Debt to GDP	78.7	64.7	65.0	64.7	63.8	61.6	MOFED
	Improving Balance of Payments	Ratio of Current Account Balance to GDP (%)	6.3	3.1	1.4	0.4	-0.7	-1.0	RBZ
Sustainable Economic Growth		Months of Import cover	1.0	2.0	3.5	4.5	5.0	6.0	RBZ
	Increased GDP	Real GDP growth (%)	(4.5)	7.4	5.5	5.2	5.2	5.0	MOFED
	Increased per capita Incomes	Per capita Income (US\$)	1,155	1,835	2,128	2,704	2,951	3,199	MOFED
Inclusive Economic Growth	Improved ease of doing business ranking	Ease of Doing Business Ranking	140	120	100	90	80	80	ZIDA
	Increased Decent Jobs	Percentage of people in Formal employment	24%	25%	26%	27%	29%	30%	MP/SLSW
	Improved financial inclusion	Percentage of financially included persons	77%	80%	83%	87%	90%	90%	MP/SLSW



ECONOMIC GROWTH AND STABILITY SECTOR DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025

National Key Result Areas (KRAs)	CONTRIBUTING PARTNERS															
	Sector	Sector Outcome	Sector Performance Indicator	Baseline	NDSI Yearly Sectoral Targets					Public Sector			Other	INGOs/LNGOs	Community	Dev. Part.
					2020	2021	2022	2023	2024	2025	Line Ministry/Central Agency (Lead)	Prov. Gov't				
Macro-economic Stability	Economic (Fiscal)	Improved revenue collection	Total Revenue to GDP Ratio	16.3%	16.4%	16.9%	17.8%	18.6%	19.3%	MoFED	All Provincial Governments	All Local Authorities	All Statutory bodies ZIMRA MMCZ	Private Sector CZI, ZINCC Zimbabwe Chamber of SMEs Chamber of Mines Federation of Small Scale Miners Confederation of Zimbabwe Retailers	All communities	IMF, World Bank, AfDB UN Agencies
				40.6	44.2	43.0	40.3	40.2	40.1	MoFED	All Provincial Governments	Local Councils	Parliament	Private Sector	NGO, AFROD AD	IMF, World Bank, AfDB
Economic Monetary and Financial Stability	Economic (Monetary and Financial)	Improved public expenditure management	Wage bill as a % of Revenue	78.7	64.7	65.0	64.7	63.8	61.6	MoFED	All Provincial Governments	Local Councils	All Statutory bodies	Banks	All communities	IMF, World Bank, AfDB, MEFMI
				0.5 billion	0.6 billion	0.7 billion	0.75 billion	0.8 billion	1 billion	MoFED	All Provincial Governments	Local Councils	All Statutory bodies	Private Sector	All communities	Donor Community
				49/100	51/100	55/100	58/100	56/100	60/100	MoFED	All Provincial Governments	Local Councils	All Statutory bodies	Private Sector	All NGOs	All communities
Economic Monetary and Financial Stability	Economic (Monetary and Financial)	Improved Budget transparency	Budget Transparency Index	654	134.8	23.7	10.5	7.5	5.8	RBZ	All Provincial Governments	All Local Councils	All	Banks	All Communities	IMF, World Bank, AfDB
				Annual Average Inflation rate												

ECONOMIC GROWTH AND STABILITY SECTOR DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025

National Key Result Areas (KRAs)	CONTRIBUTING PARTNERS															
	Sector	Sector Outcome	Sector Performance Indicator	NDSI Yearly Sectoral Targets					Public Sector				Other			
				2020	2021	2022	2023	2024	2025	Line Ministry/Central Agency (Lead)	Prov. Govts	Local Auth.	Stat. Body/Para	Private Sector	INGOs/LNGOs	Community
Financial Sector)	Improved Levels of Financial Inclusion	proportion of banked adults	69%	80%	83%	87%	90%	90%	RBZ	All Provincial Governments	All Local Councils	All	Banks	All NGOs	All Communities	IMF, World Bank, AfDB
			12.7%	10%	9%	7.5%	6%	5%	RBZ	All Provincial Governments	All Local Councils	All	Banks	All NGOs	All Communities	IMF, World Bank, AfDB
	Improved Financial stability	Ratio of Non-performing loans to Total loans	1.03%	< 5%	< 5%	< 5%	< 5%	< 5%	RBZ			Banks				IMF/WB
	Improved BOP Account	Current Account Balance	6.3	3.1	1.4	0.4	-0.7	-1.0	RBZ	All Provincial Governments	All Local Councils	All	Banks	All NGOs	All Communities	IMF, World Bank, AfDB
Productive and Services Sector	Increased growth in the Agricultural sector	Agriculture Growth Rate (%)	-0.2%	11.3%	8.9%	7.6%	9.5%	10.4%	MLA WRR MoFED MoIC MoLGPWD MoTID MoFAIT MoEPD MoECTHI MoYSAR MoWASME MoJLPA MoFSLSW	All Provinces	All Local Authorities	ARDA, ZESA, ZINWA, AGRIBAN K, GMB, AMA, TIMB, TRB, COTCO, CSC, PIB, ARC, NBA, ZIMTRADE	Millers, banks, inputs providers, Seed producers, Chemical Producers, Fertilizer producers	NGOs in the Food and Nutrition Sector, Christian Care, Plan International, Care International, GOAL, World Vision, ICRISAT, ADRA	Farmers Organizations, Farmers	FAO, UNDP, IFAD, CG Centre, UNICEF, WFP, EU, CIGAR, COLEACP UN women World Bank
			8.8%	7.4%	8.8%	9.2%	8.0%	MoMMD MoLAWRR MoFED	All Provincial Governments	Urban and Rural	RBZ ZIDA MMCZ	Chamber of Mines	Transparency	Community Share	UNIDO, World Bank, IMF	
	Increased growth in the	Mining growth Rate (%)	-4.7%	11.0%	7.4%	8.8%	9.2%	8.0%	MoMMD MoLAWRR MoFED	All Provincial Governments	Urban and Rural	RBZ ZIDA MMCZ	Chamber of Mines	Transparency	Community Share	UNIDO, World Bank, IMF



FOOD AND NUTRITION SECURITY NATIONAL DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025										
National Priority Area	National Results Area (KRA)	National Outcome	Key Performance Indicator	Baseline	NDS1 Yearly Targets			Lead Player		
				2020	2021	2022	2023		2024	2025
Food and Nutrition Security	Food Security	Improved food security	Proportion of food insecure people	59%	30%	25%	14%	9%	5%	MLAWRR
			Improved Self sufficiency	Percentage of maize production over total requirements	45%	60%	63%	89%	93%	
		Increased farm incomes	Percentage of milk production over total requirements	67%	68%	75%	83%	92%	100%	
			Percentage of beef production over total requirements	40%	50%	58%	75%	91%	100%	
			Per capita farm income	US\$1 440	US\$2 000	US\$2 626	US\$3 200	US\$3 740	US\$4 000	
	Nutrition Security	Improved Nutrition status	Proportion of households accessing safe water	77.1	77%	77%	77%	77%	78%	MoHCC
			Proportion of households accessing safe sanitation	68.8	70%	72%	73%	75%	77%	
		Prevalence of childhood obesity	Proportion of children Stunted	23.50%	21%	20%	19%	18%	17%	
			Prevalence of iron deficiency anaemia in women of child bearing age	2.5%	2.5%	2.5%	2.5%	2.5%	2.5%	
			Value of Horticultural products	US\$3.3 billion	US\$3.4 billion	US\$3.5 billion	US\$3.6 billion	US\$3.7 billion	3.9 billion	



FOOD AND NUTRITION SECURITY SECTOR DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025

National Key Result Areas (KRAs)	Sector	Sector Outcome	Sector Performance Indicator	Baseline	NDS1 Yearly Sectoral Targets					CONTRIBUTING PARTNERS					Dev/Part.		
					2020	2021	2022	2023	2024	2025	Public Sector			Other			
											Line Ministry/Central Agency (Lead)	Prov. Govt	Local Auth.	Stat. Body/Paras		Private Sector	INGOs/LNGOs
Food Security	Economic (Agriculture)	Improved maize production	Quantity of maize produced (Mt)	907 629	1 000 000	2 400 000	2 400 000	2 600 000	3 000 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	FAO UNDP IFAD CG Centre UNICEF WFP World Bank EU DFID SDC USAID
				94 685	120 000	200 000	250 000	350 000	450 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
				152 515	300 000	500 000	700 000	800 000	1 000 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
				154 926	175 000	200 000	250 000	300 000	300 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
		Improved seed cotton production	Quantity of seed cotton produced (Mt)	101 000	120 000	150 000	200 000	250 000	265 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
		Improved soya beans production	Quantity of soya beans produced (Mt)	47 088	100 000	250 000	300 000	400 000	600 000	MLAWRR MoDWW	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
		Improved sugar beans production	Quantity of sugar beans produced (Mt)	12 650	30 000	50 000	80 000	120 000	150 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
		Improved groundnuts production	Quantity of groundnuts produced (Mt)	87 480	100 000	120 000	140 000	180 000	200 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	

FOOD AND NUTRITION SECURITY SECTOR DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025

National Key Result Areas (KRAs)	Sector	Sector Outcome	Sector Performance Indicator	Baseline	NDS1 Yearly Sectoral Targets					CONTRIBUTING PARTNERS						
					2021	2022	2023	2024	2025	Public Sector			Other			
										Line Ministry/Central Agency (Lead)	Prov. Gov't	Local Auth.	Stat. Body/Paras	Private Sector	INGOs/LNGOs	Community
		Improved cowpeas production	Quantity of cowpeas produced (Mt)	18 430	20 000	25 000	30 000	35 000	40 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
	Economic (Agriculture)	Improved oranges production	Quantity of oranges produced (Mt)	151 772	170 000	200 000	230 000	250 000	259 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
		Improved lemons production	Quantity of lemons produced (Mt)	18 438	20 000	22 000	23 000	24 000	25 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
		Improved bananas production	Quantity of bananas produced (Mt)	271 404	280 000	285 000	300 000	310 000	319 200	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
		Improved apples production	Quantity of apples produced (Mt)	4 347	5 000	5 200	5 500	6 000	6 600	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
	Economic (Agriculture)	Improved peaches and nectarines production	Quantity of peaches and nectarines produced (Mt)	8 040	8 200	8 500	9 000	9 600	9 975	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
		Improved avocado production	Quantity of avocado produced (Mt)	84 091	86 000	87 000	88 000	89 000	90 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers
		Improved mango production	Quantity of mango produced (Mt)	96 120	100 000	105 000	120 000	128 000	132 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers



FOOD AND NUTRITION SECURITY SECTOR DEVELOPMENT RESULTS FRAMEWORK 2021-2025

National Key Result Areas (KRAs)	Sector	Sector Outcome	Sector Performance Indicator	Baseline	NDS1 Yearly Sectoral Targets					CONTRIBUTING PARTNERS							
					2020	2021	2022	2023	2024	2025	Public Sector			Other			
											Line Ministry/Central Agency (Lead)	Prov. Gov't	Local Auth.	Stat. Body/Paras	Private Sector	INGOs/LNGOs	Community
		Improved cowpeas production	Quantity of cowpeas produced (Mt)	18 430	20 000	25 000	30 000	35 000	40 000	MLAWRR	Mash Central, East, West, Midlands, Manicaland	Local Councils	All Ministry Paras	Millers Banks Input suppliers	All NGOs in the sector	Farmers Organizations Farmers	
